# МАХ ДУГ



## ДЖЫККАЙТЫ МУРАТ: НЫВÆФТЫД ФÆНДАГЫЛ БАЛЦ

6
2022



Джыккайты Мурат. Транскам аразæг В. Фокины сурæт



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА

Владикавказ,
2022

# МАХ ДУГ

**6**

2022

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ

Дзæуджыхъæу,
2022

# НОМЫРЫ ИС:

**ПРОЗÆ**
ДАУЫРАТЫ ДАМИР. Радзырдтæ – æцæг хабæрттæ. .......................... 5
ДЖИМИТЫ КЛАРÆ. Залиханы фырт. *Уацау* ....................................... 25

**ПОЭЗИ**
КЪИБИРТЫ Амырхан. *Æмдзæвгæтæ* ............................................. 58

**АИВАД, КУЛЬТУРÆ**
Ахорæнты минмырон хуызтæ.
*Интервью Джыккайты Муратимæ* ........................................................ 64

**АЛАНИЙЫЛ САРГЪУЫДЫ 1100 АЗЫ БОНМÆ**
ХЪАНТЕМЫРАТЫ Римæ. Адæймаджы фæд. *Уац* .............................. 72
МАМЫТТЫ Стефан. Косе. *Радзырд* ..................................................... 78

**ПУБЛИЦИСТИКÆ**
ХЕСТАНТЫ Победæ. Дзулласæг. *Очерк* ............................................... 95
ГУСАЛТЫ Барис. Уыгæрдтæ. *Этюдтæ* .................................................... 100

**АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН**
ПЛИТЫ Гацыр. Литературон фæлгонцтæ æмæ сæ нысаниуæг. *Уац* .... 116

**БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН**
ГАГЛОЙТЫ Анатоли. Хур йæ тынтæ уары. *Æмдзæвгæтæ* ............ 127

**ХЪÆЛДЗÆГ ХАБÆРТТÆ**
Хæларзæрдæ, цыргъзонд Дзибис ............................................................ 131

**ТÆФÆРФÆС** ХЪОДАЛАТЫ Герсан .................................................... 142

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ...................................................... 143

*ДАУЫРАТЫ Дамир*

# РАДЗЫРДТÆ – ÆЦÆГ ХАБÆРТТÆ

## БАЛТÆ НÆ АХУЫРГÆНÆГÆН

Æз дыууæ хатты райстон мæ маст, куы цæрын, уæдæй нырмæ. Дыууæ хатты дæр, саби ма куы уыдтæн, уæд. Дыууадæсаздзыдæй...

Ныр дæр ма йæ арæх æрымысынц Хуымæллæджы: хæсты фæстæ фыццаг уалдзæг бал бæлæстæ æнахуыр дидинæг акалдтой, иунæг къалиу дæр нæ фæмæнг, зæу-зæу кодтой, хуры тынтæм урс зынджы стъæлфæнтау æрттывтой сæ хаутæ, боны рухсыл рухс æфтыдтой, æхсæвы тар фæйнæрдæм сырдтой.

– Уым диссагæй ницы ис, – мæ хъæуккæгтæ-иу сæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл куы ныццавтой, уæд сæ-иу сабыртæ кодта нæ сыхы хистæр Дзиби, – бæлæстæ дæр бамбæрстой зæххы æмæ адæмы цин. Бамбæрстой!.. Нæ зæрдæрухс нын æрдз уыдоны хуызы равдыста. Диссаг æндæр у: цинкыл ма цин кæнын базондзыстæм, уый æнхъæл та ма чи уыди?! Кæс-ма, чындздзон чызджытæ не сты, зæгъут, æнæ куырдæй ма баззайат...

Дыууæ фырты хæцыд хæсты Дзибийæ. Дыууæ «сау гæххæтты» йæм ссыд уыцы иу бон. Постхæссæг, дæлæмæдзыд Æндрийæн, дам, сæ дуармæ фыр адæргæй йæ зæнгтæ фæтасыдысты, кауы рæбын дзуццæджы сбадт æмæ кæуыс ма нал, цалынмæ йæ Дзиби нæ раййæфта, уæдмæ.

Уалдзæджы фæстаг бонты утæппæт дидинæг зæххы хай баци, уынджы чысыл цæугæдæттæ сæ ластой æмæ ластой. Дæ бæгъæвввад къæхтæ малы фæцæв, гуппаргай сæ дæ хъарм армытъæпæны сис, стæй та сæ фæстæмæ уылæнтæм æрдар – уадз æмæ ленк кæной, дæлдæр сæм иннæ сабитæ дæр æнхъæлмæ кæсынц. Бæлæсты бын æхсæвæй-бонæй урс-урсид дардта, хатгай-иу рог дымгæ искуыцæй куы фæзынд, уæд-иу семæ хъазыныл схæцыд, æддæг-мидæг сæ-иу ауайын кодта, стæй-иу, кæл-кæл худт кæнгæ, алыгъд. Йæ фæстæ-иу цы обæуттæ ныууагъта, уыдоны-иу мах нæ къухтæ фæцавтам æмæ та сæ-иу хæрдмæ сцагътам. Стъалытæ хаугæ бон-сихорафон искуы федтай? Æз та федтон уæд! Нæ сыхы чындзытæ-иу уынгты бæлæсты бын барæй нал марзтой,

цалынмæ-иу цинхæссæг дидинджыты сонт къæвда цъыфимæ нæ сызмæста, уæдмæ.

Уыцы бонтæй нын иуы, сæумæрайсом, чидæр нæ рудзынг ныххоста. Йе 'нæфаст сæрыхъуынтæй базыдтон мæ хæлар Биттийы.

– Дысон нын нæ ахуыргæнæджы рынчындонмæ аластой. Артем Сергеевичы. Йæ цæфтæ та, дам, хæф кæнын райдыдтой. Тæрсгæ йын кæнынц дохтыртæ. Абæрæг æй хъæуы. Æцæг, дам, уæ дæлæрмттæ афтидæй ма ахæссут...

Артем Сергеевич, йæ мыггаг Франчук, мах ныв кæнынып ахуыр кодта. Йæ хæстон дарæсы-иу куы фæзынд скъолайы кæрты, уæд-иу иууылдæр уымæ кастысты, фыццæгæм къласы ахуыргæнæг та нымайын йе скъоладзаутæн Артем Сергеевичы риуыл амыдта:

– Цу-ма фенут, цал хæрзиуæджы ис йæ риуыл? Раздæр сæ галиуырдыгæй рахизырдæм банымайут, стæй та – рахизырдыгæй галиуырдæм. Фыццаг сæ чи фæуа нымад, уый амбылдта...

Куы йыл-иу амбырд сты, уæд сæ астæу бадт, худти сæм æмæ куыдта. Урокмæ нæм æрбацæуы, уый-иу йæ хæрзиуджыты дзæгъ-дзæгъæй базыдтам. Фыццагдæр нын къласы фæйнæгыл тырыса сныв кодта.

– Уый, Берлины сæрмæ кæй æрсагътам, уыцы тырысайы халдих у. Алчидæр æй хъуамæ ныв кæнын зона...

Мах нæ удæй бацыдыстæм. Дзæнгæрæг ныццæгъдынмæ бирæ нал баззад, афтæ Артем Сергеевич мæ сæрты фæстаг партæмæ ацамыдта:

– Ды та æнцад цæмæн бадыс, лæппу? Истæуыл тæргай дæ?

Уый Битти уыдис. Не 'ппæты сæртæ дæр фæстæрдæм азылдысты. Битти уырдыг слæууыд, ныфсæрмытæ, ныссырх ис, æрæджиау сфæрæзта:

– Берлины сæрмæ кæй æрсагътой, уыцы тырыса сырх-сырхид у... Æз æй сау къæрандасæй нæ ныв кæнын!..

Уый æнхъæл ничи уыд, ныссабыр ис къæлас, ныр та нæ сæртæ размæ разылдысты, ахуыргæнæгмæ. Артем Сергеевич Биттийы йеддæмæ никæйуал уыдта, ныдджих æм, стæй сыстад, йæ цурмæ бацыд æмæ йæ йæ хъæбысы æрбакодта...

– Æмæ йын цы ахæссæм?

Нæ рæбыны ницы ис райсинаг, уый зыдтон, мæ мад та быдыры уыд рувынмæ. Биттийы мад дæр.

– Дзиби афтæ зæгъы, дæлæ, дам, Ладейы балтæ æппæты разæй

батагъд кæнынц рæгъæд кæнынмæ, ныууайут æм æмæ дзы мæ номæй иу-дыууæ армыдзаджы ракурут, рынчындонмæ нæ, зæгъ, хъæуы...

Уайтагъд дæлбылы сыхы балæууыдыстæм. Раздæр нæм сæ рæйаг куыдз ракаст дуары бынæй, стæй та – Ладе йæхæдæг, Дзибийы карæн зæронд лæг, мидбылты нæм бахудт. Нæ курдиат ын куы загътам, уæд ын цыма уазал дон бакалдтам йæ артыл:

– Дзиби зоны Дзиби куы нæу, нæ йæ зоны, фыццаг тыллæгæй мæхи бинонтæ нæма фæхъæстæ сты, уый, уæд ын дзы куыд раттон? Æнæ балæй нал фæразы?

– Рынчындонмæ хъæуынц. Нæ ахуыргæнæг...

– Рынчындонмæ-иу базары фелхæнынц. Мах балтæ уырдæм хæссыны аккаг нæма сты.

Тигъыл цæхгæрмæ уынджы куы фæзылдыстæм, уæд мын Битти мæ цонг ацахста.

– Мæ фæдыл-ма рацу!

Битти кауы сæрты басæррæтт кодта, йæ фæдыл та – æз. Дыууæ цæхæрадоны фæсте аззадысты, дæлæ ис чъынды Ладейы раджы цæттæгæнаг бæлас, ныллæг, фæлæ пæлæхсар, бирæкъабузджын. Сырх-сырхидæй æрттивынц, алы балыл дæр дзы дысоны къæвдайы æртах æрцауындзæг æрхауынæввонг. Мæ цæстытыл ауад, Артем Сергеевич сыл куыд бацин кодтаид, уый.

Тигъмæ та куы рахызтыстæм, уæд ма Битти фæстæмæ иу каст фæкодта:

– Афтæ ма-иу кæсæд...

Цыдæр сфæнд кодта мæ хæлар, æцæг æй мæнæн нæ хъæр кæны.

Дыккаг бон райсомæй мæ хъомтыл куы ахъæр кодтон хизынмæ, уæд тигъыл Дзиби мæ размæ фæцис.

– Æмæ Биттийы хабар нæма фехъуыстай?

Æз æм мæ сæр батылдтон:

– Цавæр хабар?

– Дысон Ладейы балтæм бахызт æмæ йыл дæлæ уыцы зæрондæй æвзæр талынджы йæ дыууæхстон суагъта. Йе ‘рбадæнтæ йын цæххæй байдзаг кодта. Уæ ахуыргæнæджы фарсмæ дын æрæвæрдтой дæ хæлары...

Дыууæ боны йеддæмæ нæ фæцис Битти рынчындоны. Æртыккаг бон мæм нæ кауын дуары хуынчъытæй æрбадзырдта:

– Де ‘ххуыс мæ хъæуы...

Мæ цæстытæм мын афтæ зæрдиагæй никуыма каст.

– Цы у?

– Ладейæ мæ маст райсон...

Дæ фыд хæстæй ссæуы, зæгъгæ мæм исчи хæрзæггурæггаг куы фæуыдаид, уæддæр мæ цин нырæй фылдæр нæ уыдаид. Дысон мæ мад куы ныккатай кодта, Биттийæн хæрзаг тынг дудынц йе ‘рбадæнтæ, зæгъгæ, уæд мæ цæссыгтæ базмæ æркалдысты. Ладейæ та ме ‘сæфт федтон.

Æз фыр цинæй мæ худын нал баурæдтон, ме ‘уæхскæй Биттийы сцавтон. Дуры сæрæй атылд, цалынмæ стгæ кодта, уæдмæ æз тигъыл балæууыдтæн. Ныртæккæ нæ фæнд скæрддзыстæм!

Хурныгуылды размæ фос хизæнтæй куы сыздæхтысты, скъæт сыл куы бахгæдтон, уæд хъомскъæрæн лæдзæг райстон, дæлбылы сыхмæ ныццыдтæн æмæ Ладейы дуар ныххостон. Раздæр мæм йæ рæйаг куыдз ракаст, стæй та Ладе йæхæдæг, мидбылты худгæйæ.

– Дзибитæ сæ мæрдтæн цыдæртæ скодтой æмæ, дам, суай, ныххæлар сæ кæнæм. Демæ, дам æй ракæндзынæ...

Ладе мæм ныдджих, стæй ныуулæфыд:

– Æнхъæлдæн æмæ мæ уыцы Дзиби нал ныууадздзæн. Ацу, фæндаг амонын мын нæ хъæуы. Дзидзидай нæ дæн, мыййаг...

Мæйрухсы Ладе Дзибийы дуарыл куы бахæцыд, уæд мах та дæлбылы сыхмæ – згъоргæ, кауы сæрты – сæррæт æмæ бал бæласы лыстæг зæнгыл фæрæтæй ралæууыдыстæм, фæйнæ зад къабузы æркъуырдтам, нæ фæд-фæд та рацыдыстæм, куыдз срæйæг дæр ныл нæ фæцис. Хъæугæрон къуыбырыл сбадтыстæм, балы бырынцъаг апп дарддæр кæмæн ахауид, зæгъгæ, сбыцæу стæм.

Дыккаг бон фæссихор хъæуы æдде уæлмæрды чъылдыммæ пысыраты астæуæй систам Биттийы æмбæхст нымæтхуд, балæй йæ тæккæ дзаг, къахвæндагыл Дудураты станцæмæ бацыдыстæм, дыздызгæнаг рельсыты астæу, хъарм спъалытæ нымайгæ, Беслæныхъæумæ рахæцыдыстæм.

Артем Сергеевичæн не ссыд тынг æхсызгон уыд. Битти йын нымæтхуд йæ дæлфæдтæм æрæвæрдта, фæлæ куы здæхтыстæм, уæд ын уый йæ хъустыл фæхæцыд, фæстæмæ йæм æй радта:

– Дохтыртæ мын дыргътæ хæрын нæ уадзынц. Уæхæдæг сæ-иу фæндагыл...

Мах, дызæрдыггæнгæ, рацыдыстæм: кæд æм, мыййаг, Ладейы бæласы хабар сыхъуыст?.. Фыццагдæр цы цæугæдонмæ бахæццæ стæм, уым Битти йæ нымæтхуд фæкъул кодта. Дæле хæрис бæласы бын хъазтæ æмæ бабызтæ сæ хъæлæба фæуагътой, уылæнты сæр сырх-сырхид тыппыр балтыл сæ хуылыдз бырынчъытæй ралæууыдысты...

Къуырийы бæрц Хуымæллæджы мах кой йеддæмæ æндæр кой нал уыд. Иутæ Ладейы фарс хæцыдысты, иннæтæ загътой, уыцы дыууæ лæппуйы, дам, тынг раст бакодтой уыцы чъындыйæн, афтæ йын хъуыди. Иу райсом ныл Дзиби дæр Зенайы тигъыл хæрхæмбæлд фæцис, фæлæ йæ дзыхæй ныхасы æрдæг дæр не схаудта, нæ нæм æрлæууыд, æрмæст йæ урс сæр дыууæрдæм батылдта, мидбылты нæм бахудт...

# ДЫВДЫВ НЕМЫЦИМÆ АЛЫГЪД

Кæцыдæр аз мæ фæззæджы хъарм бонтæй иуы мæ рухсыбадинаг хæлар Æгъуызарты Саукуыдз йемæ Дур-Дурмæ акодта, дæ хæлар дунейы рухс кæм федта, уыцы хæдзар, дам, фен, мæ кæстæр æфсымæр Таймураз та, дам, цуанон у, æмæ дын уый та, иу æхстæн дыууæ хъæддаг хуыйы куыд афæлдахы, уый равдисдзæн, зæгъгæ. Физонæджы тæф ма хъуыды кæныс?..

Хъæуы астæу автобусæй куыддæр рахызтыстæм, афтæ махæй чысыл фалдæр иу урс «Жигули» дзыхълæуд æркодта, бæрзонд фæтæнуæхск лæппу дзы рахызт, морæ нымæтхуд йæ сæрыл. Саукуыдзимæ кæрæдзиуыл ныттыхстысты, цæуылдæрты аныхас кодтой, нæ мæм хъуыст, стæй уыцы мæнæн æнæзонгæ мæнмæ дæр æрбацыд, йæ ном мын загъта – Тазрет, – йæ машинæйы раззаг дуар, мидбылты худгæйæ, ныттыгъта:

– Мæнæ-ма мæ фарсмæ æрбабад!..

Иуцасдæр куы ауадыстæм, уæд æй бамбæрстон, хъæуæй ахызтыстæм, уый. Хæдзæрттæ дзы нал уыд, быдыр райдыдта, æцæг дзургæ ницы скодтон. Саукуыдз фæразæй:

– Дамир, мæнæ мæ хæлар Тазрет ныцъцъæх ис, дæ уазæджы, дам дын раздæр æз хъуамæ бабуц кæнон. Разы йын кæнæм?.. Искуы Къорайы уыдтæ?

Ахæм уавæры ды мæ бынаты цы бакодтаис, мæ кæсæг? Цы гæнæн мын уыдис, зæгъын, сымах куыддæриддæр фæнды, афтæ.

Хъæуы астæу иу бæрзонд агуыридурæй амад хæдзары цур егъау, фæтæнкъабузджын бæласы бын аууоны æрлæууыдис нæ машинæ. Æз, мæ къах зæххыл куы æрывæрдтон, уæд фыццаг фæкомкоммæ

дæн уымæн йæ цалдæр уидаджы зæххы цъар куыд стыдтой, уымæ, уыдысты æнахуыр ставд, иуыл дзы чидæр фæтæн фæйнæджы гæбаз зæгæлтæй дæр ма ныххоста бадынæн.

Тазрет мын кæнæ мæ цымыдисдзинад бамбæрста, кæнæ та, чи зоны, алы уазæгæн дæр афтæ кæны, фæлæ мын радзырдта, ацы бæлас, дам, мæ фыды фыдыфыды сагъд у. Немыц иу советон афицеры уацары райстой, тæхæджы, æмæ йæ ацы тулдзыл æрцауыгътой, цалдæр боны йыл дзедзыкка фæкодта. Хæсты фæстæ чидæр нæ хъæуыхицауы сардыдта, уыцы тулдз бæлас, дам, йæ бындзарæй афæлдахын хъæуы, не знæгтæн, дам, сæ сау ми бакæнынмæ фæахъаз... Ноджы цыдæртæ ма. Фæлæ æгас хъæубæстæ дæр ууыл не сразы сты, уый, сæрыстыр кæмæй стæм, нæ ахæм фидауц куы у, зæгъгæ. Æцæг уынаффæ рахастой, нæ тæхæг цы къалиуыл ауыгъд уыдис, уый, дам, ахауын кæнут...

– Тазрет, Дамир фыссæг у, уый нæ зоныс?.. Уæртæ ма йын уæ куыдзы хабар дæр ракæн...

Уый нæ йæ фæдыл цъылинаджы хуымты уæрæх астæуты цæхæрадоны кæронмæ акодта, дыууæ æхсæр бæласы бын егъау дуры цур æрлæууыд, æргуыбыр кодта, йæ нымæтхудæй йæ асæрфта æмæ дзы мæнмæ разынд сырх ахорæнтæй фыст «Ам ныгæд ис Дывдыв».

– Ацы Дывдыв мæ фыдæн йæ кæсгон хæлар цуанон Хизиры лæвар уыд, – Тазретæй нæ ферох Саукуыдзы курдиат. – Уыцы æнахуыр фæлмæн ном та йыл ам нæхимæ сбадт, мæнæ иуæй-иу хъуырхъуыргæнаг зæронд лæгæй уæлдай нæ уыд, æдзух хъæуа-нæ хъæуа рæйгæ кодта, æхсæв та – ниугæ, æвæццæгæн, ам махмæ йæ зæрдæмæ нæ цыд. Мæ фыд æй уæддæр бирæ уарзта, хæстмæ куы цыд, уæд мæ мадæн фæдзæхсгæ бакодта, ме ссыдмæ, дам мын æй мацы фæкæнут.

Немыц нæ хъæуы дæр куы æрбынатон сты, уæд Дывдыв бынтон æндæр хуызæн фестад, нæ – рæйгæ, нæ – ниугæ. Иу бурсæр офицер Шульц мæнæ ам махмæ нæ уаты цардис, æмæ-иу уый бын атылд. Уымæ уый хорз касти, алыхуызон хæринæгтæ йын лæвæрдта, суанг æй печенитæ хæрын дæр ма сахуыр кодта. Æз æмæ мæ хо уæд гыццылтæ уыдыстæм, нæ цуры-иу ын сæ тыргъты акалдта, цыма мах мæстæй мардта, уыйау. Чысыл уырыссагау дзырдта уыцы Шульц æмæ иухатт мæ мадæн бамбарын кодта, ацы хъæуы, дам, махыл уæ куыдзæй тынгдæр ничи бацин кодта. Куыд æм хæлæг кæнæм, уый нæ мад уыдта, фæлæ цы йæ бон уыд, æлгъыста йæ...

Иу зымæгон райсом немыц лидзынмæ фесты. Мах нæ рудзынгæй кастыстæм, æмæ нæхи цæстытæй федтам, Шульц цæугæ-цæуыны йæ сау рог машинæйы дуар куыд ныттыгъта æмæ, сæ фæдыл чи ныййарц, уыцы Дывдыв кабинæмæ куыд багæпп кодта, уый. Мæ мад ныхъхъæрзыд, уынгмæ разгъордта, суанг Бесолты тигъы онг ныххæццæ, сæ фæдыл ма бирæ фæкаст. Кæддæр-уæддæр нæхимæ куы раздæхт, кæрты дуар йæ фæдыл куы сæхгæдта, уæд уынгæг хъæлæсæй цы загъта, уыцы ныхæстæ мæ никуы рох кæнынц:

– Фыдвæндаг фæу!.. Уæ фыд куы раздæха, уæд ын цы зæгъдзыстæм?..

Уыцы бон  æгас хъæу дæр базыдтой Дывдывы хабар. Не 'мгар лæппутæ æмæ чызджытæ нæ тулдз бæласы бын кæрæдзиуыл миты къуыбæрттæ æхсынтæй хъазыдысты, кæрæдзийæн, махмæ амонгæйæ, дзырдтой:

– Сæ куыдз немыцы фарс фæцис. Ныууагъта сæ...

Хъуыды ма кæнын, æз уый ницæмæ æрдардтон, фæлæ мæ хо скуыдта æмæ мидæмæ балыгъд. Уыдон дæр фæйнæрдæм фæпырх сты, зыдтой йæ, ыртæккæ сæм нæ мад ралæбурдзæнис, уый.

Æртыккаг æви цыппæрæм бон нын сæумæрайсом нæ сыхæгты ус Ламикка нæ рудзынг ныххоста æмæ, æгас хъæу дæр куыд хъусой, афтæ хъæрæй æрбадзырдта:

– Мæнæ уæ бæлццон раздæхти, Хестантæ. Ракæсут æм!..

Мæ мад æй чи банхъæлдта, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ йæ хъæццул иуварс фехста, йæ ныхæй рудзынгыл баныхæст, æрæджиау мæнырдæм æнæбары разылд æмæ æнкъард хъæлæсæй загъта:

– Цу-ма, уыцы æвзæрæн кæрты дуар бакæн. Æз дæр дæ феййафын...

Æз æнхъæлдтон, зæгъын, уый мыл йæхи æрбаппардзæн, фæлæ мæ цыма уынгæ дæр нæ фæкодта, уыйау мæ сагæхты æхсæнты ауад, дыккаг уæладзыджы тыргътæм асинтыл сызгъордта. Фæстаг къæпхæнмæ нæма схæццæ, афтæ гæрах райхъуыст æмæ Дывдыв дæлæмæ расхъиудта, уайтагъд йæ туджы пырхæнтæ ногуард миты ахъардтой. Æз хабар бамбæрстон, мæ фæсонтæ каумæ сарæзтон æмæ кæуыс ма – нал. Ладикка мæ æрбахъæбыс кодта:

– Ма фæтæрс, ма фæтæрс!..

Гæрахы хъæрмæ нæ сыхæгтæ цалдæрæй нæ кæртмæ æрбакалдысты. Абоны хуызæн ма мæ цæстытыл уайы: иуы дзыхæй дæр дзы ныхасы

ærдæг не схаудта. Мæ мад æд топп тыргътæм бахизæны куы æрбадт, йе уæхсчытыл зырзырæг куы бахæцыд, уæд уыдон сæргуыбырæй иугай уынгмæ ахызтысты, нæхи бар нæ ныууагътой...

Æрæджиау федтон, мæ мад йæ хæцæнгарз фæйнæджытыл æрæвæрдта, уый. Дывдывы цурмæ æрцыд, йæ фæстаг къахыл ын схæцыд, стæй мæнæн загъта:

– Мæ фæдыл-ма белимæ рацу...

Мæнæ йæ ацы тæккæ цур баныгæдтам, дуры бын байбын ракъахтам, уæд ацы æхсæр бæлæстæ нæма уыдысты. Йæ сау сыджыт цæмæй бæрæг ма дара, уый тыххæй йæм мит æрбакалдтам. Фæстæмæ хæдзармæ куы здæхтыстæм, уæд та мæ мад йæ катайæн нæ бафæрæзта:

– Цы зæгъдзыстæм ныр дæ фыдæн?..

Æз уæд нырма ныфсæвæрæн ныхас зæгъынхъом нæма уыдтæн. Уæвгæ йын зæгъын дæр ницыуал бахъуыд: нал нæм раздæхт...

Фæссихор нæ Тазрет Дур-Дуры, Саукуыдз дунейы рухс кæм федта, уыцы хæдзары цур раргъæвта.

Дыккаг бон нын сæумæцъæхтыл Таймураз нæ уаты дуар ныттыгъта, бæстæ йæ сæрыл систа:

– Цас хуыссут, горæтæгтæ, цас!.. Афонмæ хъæддаг хуытæ кæрдохæрдæй ныддæнгæлтæ сты. Цæуын хъæуы...

Æз ын не сразы дæн, æфсон ын ссардтон, зæгъын, мæхи æвзæр æнкъарын, æвæццæгæн мын, æппынæдзух кæмæй æппæлут, Дыгургомы уыцы климæт нæ фæбæззыд. Мæхи та фæндыд ногæй Къорайы фестын, уыцы фыдæлтыккон тулдз бæласы бын æнæдзургæйæ алæууын, Дывдыв цы стыр дуры бын ныгæд ис, ууыл банцой кæнын...

## БЕРЛИНÆЙ КУЫДЗ СЛАСТА...

Хуымæллæг, 1949 аз. Уæлæсыхаг Цæра, нæ хъæуæй тохы быдырмæ чи фæраст, уыдоны фыццæгтæй иу уыдис, здæхгæ та æппæты фæстæ скодта, йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй йæ дæлæ Берлины баурæдтой. Æз уæд нырма гыццыл лæппу уыдтæн, фæлæ цæмæндæр мæ зæрдыл бадардтон, уыцы бонты нæ хъæуккæгтæ куыд сусу-бусу кодтой, куыд æй фаудтой, уый:

– Иутæ Германы зæххæй сызгъæрины голджытимæ сыздæхтысты, Цæра та дзы немыцаг бур куыдз сласта...

Скъолайы дæр æндæр кой нал уыдис, æмæ иу бон фæсурокты æртæ цымыдис хæлары – æз, Гугкаты Ермак æмæ Кцойты Феликс – уæлæсыхмæ араст стæм, кауы хуынчъытæй йæм бирæ фæкастыстæм. Абоны хуызæн ма уайы мæ цæстытыл: уыд æнахуыр стыр, æз ахæм куыдз фыццаг хатт федтон. Туацъæйы хус фæсалы хуызæн йæ хъуынтæ – бур, йæ хъустæ залмы сыфтау дæлæмæ фæлдæхт йæ цæстыты онг, йæ зæнгтæ – хъуынджын, уыд хæдзармæ бацæуæны къаххафæнмæ баст. Уырдыгæй нæ фæндаг Кцойты куыройыл ракодтам, былæй-иу нæхи малмæ сæрбынмæ фехстам. Феликс нын йæхицæй раппæлыд, æз, дам, уыцы немыцаг куыдзы сымахæй раздæр федтон, Цæра йæ мæнæ ардæм æркæны найынмæ...

Ууыл иу мæйы бæрц, чи зоны, чысыл фылдæр рауади, афтæ та Хуымæллæджы æндæр кой нал уыд: чидæр дзидзайы фæлмæны æрцындз батъыста, кауы сæрты йæ Цæрайы кæртмæ баппæрста, куыдз æй аныхъуырдта æмæ амарди. Æфсæйнаг къаххафæн, дам ма йæ катайæ кæрты дуары онг рахæр-хæр кодта...

Уыцы фыдгæнæг чи уыдис, уый уæд афтæ дæр не сбæрæг, фæлæ мæнæ цы радзырдта мæнæн, районы газеты æрыгон уацхæссæгæн, нæ хъæусоветы уæды азты сæрдар Æгкацаты Федыр, Цæрайы кой дæр нæм куы рауадис, уæд:

– Йæ дардæй ласт куыдзæн ын чидæр афтæ куы бакодта, уæд мæм дыккаг æви æртыккаг бон Цæра хъæстмæ æрхæццæ, кæмæн, дам, цы кодта мæ куыдз, мæ сæрæн куы ницы æмбарын, уæд, никæуыл, дам, гуырысхо кæныс, ацы хъæуы чи цы гæнæг у, уый дæуæй хуыздæр чи зоны... Ды йын, Дамир, мæ бынаты цы загътаис?.. Бауырнæд дæ, мæ дзыхæй дæр никуы ссыди, фæлæ мæм уымæй размæ уыд хæсты ветеран, Цæрайы дæллагварс цæрæг Темыр. Се ‘хсæн фыдæлтыккон ныллæг кау быд йеддæмæ ницы ис. Æмæ мын афтæ зæгъы, дæ хорзæхæй, мæнæ дам-ма дæ кабинеты дуар мидæджырдыгæй дæгъæлæй сæхгæн, æз дæм цыдæр равдисон... Мæ цуры йæ хæлаф фадхъулты онг æрæппæрста, йæ хæдоныл хæрдмæ схæцыд. Зоныс æй, Дамир, æз мæхæдæг дæр хæсты быдыры уыдтæн, бирæ цыдæртæ федтон, фæлæ йын йæ фæтæн фæсонтæ æмæ йе ‘рбадæнтæм куы бакастæн, уæд мæ скæуынмæ бирæ нал хъуыд.

Куыд мын радзырдта, афтæмæй хæсты фыццаг бонтæй иуы Житомиры бынмæ уацары бахауд. Къуырийы фæстæ дыууæ æмбалæй

ралыгъдысты, фæлæ сыл немыцæгтæ сæ куыйты сардыдтой, уыдон сæ баййæфтой, хъæды цъымарайы, дам, размæ бахаудтæн æмæ мæ дыууæйæ сæ быны скодтой, гæбазгай мæ фæтыдтой...

Æз æм хъуыстон æмæ йæ уайтагъддæр бамбæрстон, мæнмæ йе ʻрцыды сæр цæй тыххæй у, уый. Дзургæ ницыма скодтон, йæхæдæг фæразæй:

– Мæ сыхаг не знаджы зæххæй хуыздæрæн цы сласта, уый куыннæ зондзынæ?.. Ды мæ бынаты уым фæцæрис? Куыд дæ фæнды, æз хъуамæ алы бон дæр, уымæ кæсгæйæ, мæ кæддæры хъизæмары бонтæ мысон? Æмæ йын кæдмæ фæраздзынæн? Исты хос нын æрхъуыды кæн. Æмбарыс мæ?..

Æз æй æмбæрстон, фæлæ цалынмæ абон райсомы фæхъхъау кодтон, уæдмæ уыцы хабар æрцыди...

Дарддæр цы уыд, уый æз мæхæдæг зыдтон: Цæра фæтæргай, хъæубæстæмæ фæхæрам, горæтмæ алыгъд цæрынмæ. Иуцасдæр та хъæу фæсусу-бусу кодтой:

– Цæра Берлинæй сызгъæринтæ дæр сласта, æндæра Дзæуджыхъæуы Терчы был цъæхсæр хæдзæрттæ цæмæй балхæдта?.. Йæ сыстытæй?..

## РАХИЗ КЪАХ

Æрæджы сыхаг хъæуы мæ хæлар Хасыгаты кæхцы бон фынгыл мæ бакомкоммæ бадт фæцис зындгонд дзабырхуыйæг Нугзар. Æз чысыл æрæджы бакодтон, уым æй ныййæфтон. Сидтæй сидты æхсæн исты дзурын хъуыд, æмæ мын афтæ зæгъы, знон, дам дæ рынчындоны кæрты ауыдтон. Зæгъын, æз уым уыдтæн, фæлæ дзы ды та цы куыстай, æнæниз, цардхуыз лæджы каст куы кæныс, уæд. Уый æвиппайды хъуыдыты аныгъуылд, чысыл фенкъардхуыз, æрæджиау загъта:

– Мæ рахиз къах дзы бабæрæг кодтон…

Æз ын раздæр хынджылæг кæнын æнхъæл уыдтæн. Нæ йыл æууæндын, уый, æвæццæгæн, бамбæрста æмæ мын афтæ зæгъы, мæнæ, дамма стъолы бынты мæнырдæм æрбакæс. Цалынмæ æз гуыбыр кодтон, уæдмæ уый йæ хæлафы фæтæн фадыгыл хæрдмæ схæцыд, æмæ дзы мæнмæ разынд... хъæдын протез. Уый мæнæн æнæнхъæлæджы уыд, цалдæр хатты йæм йæ кусæн уаты дæр уыдтæн æмæ ууыл никуы фæгуырысхо дæн, æцæг-иу æй æдзухдæр баййæфтон бадгæйæ. Лæугæйæ нæ, фæлæ йæ цæугæйæ дæр никуы федтон.

Æмæ ныр куы ныддис кодтон, уæд мын мæнæ цы радзырдта:

– Иу-фынддæс азы размæ нæ кæрты тæккæ астæу ихы сæр Хуыцауы ницæйы аххосæй фæбырыдтæн æмæ мын мæнæ ацы къах дыууæ дихы фæцис. Дохтыртæ мын æй ахауын кодтой, уым æй уазалгæнæны арф сæвæрдтой. Федтай йæ, протез мыл ис, уый. Интернеты руаджы йæ ссардтон, фæсарæйнаг у, цыдæр æнахуыр æрмæгæй. Рог у, ныхас дæр ыл нæй, æхсæв æй раппарын. Æмбалæн æй мæ сынтæджы фарсмæ бандоныл æрæвæрын. Фæлæ цыфæнды куы фæуа, уæддæр дзы мæхи къахæн аргъ нæй. Тынг цæрдæг уыдтæн, ме 'мгæрттæй мæ дугъы никуы ничи æййæфта.

Кæддæр мын мæ мад афтæ бафиппайдта:

– Ацы зæххыл фыццаг дæ рахиз къах андзæвыд...

Уый мæ рох нæ уыд, æмæ-иу мæ нæ хæдзарæй искуыдæм цæуын хъуыд, зæгъгæ, уæд-иу раздæр нæ къæсæрыл уый æрæвæрдтон, искуы уæладзыгæй дæлæмæ хизгæйæ дæр – афтæ. Нæ царæй асинтыл бынмæ быргæйæ дæр – афтæ. Цæмæндæр ацы къах фылдæр уарзтон, тынгдæр ыл-иу æуууæндыдтæн, исты тæссаг уавæры бахаугæйæ, фылдæр ныфс мæ-иу дзы уыдис. Уыдæттæй цалдæр хатты кæйдæрты цур раппæлæгау кодтон, æмæ мæ æдзæстуарзæттæй чидæр ралгъыста. Уæдæ æндæр цы уа?..

Зæгъæм, Хуыцау бахизæд, фæлæ мыл исты куы æрцæуа, уæд мын æй рынчындоны куысты фæткмæ гæсгæ фæстæмæ ратдзысты. Мæ бинонтæн ныффæдзæхстон, исты, уæд-иу æй æнæмæнг æрласут, мæ фарсмæ мын-иу æй баныгæнут...

– Уый нырма кæд уыдзæн?!

Мæ хъазæн ныхасæй йæ баурæдтон, зæгъын, йе 'нкъард хъуыдытæ йын асурон, фæлæ мын æй уый ницæмæ æрдардта.

– Нæ дæ бауырндзæн, фæлæ йæм мæ алы гуырæн бон дæр хъуамæ ссæуон. Стæй мæ æнæуи бонты дæр цыдæр æнахуыр тых бæласау банкъуысы, уырдæм мæ ахоны. Уазалгæнæн мæ къахимæ цы агъуысты ис, уырдæм алкæмæн бацæуыны бар нæй, фæлæ мæныл амы дохтыртæ сахуыр сты, мæ цæстытæм мын куы бакæсынц, уæд мын фæтæригъæд кæнынц. Йæ цуры авджын стенды фарсмæ алæууын, цыма мæ бинонтæй исчи у, уыйау йемæ, æнæ исты сдзургæйæ, фæныхæстæ кæнын, кæддæры æвзонг амондджын азтæ æрымысын, хатгай æнæ уынæрæй кæугæ дæр акæнын. Диссаг мæм цы кæсы, уый дын зæгъон? Рынчындонæй куы

ӕрцӕуын, уӕд уыцы ӕхсӕв ӕнӕмӕнг фенын ме 'рыгон мады, мӕхи та – гыццыл лӕппуйӕ. Цыма мӕ уый Къуыдаргомы хохы уӕлвӕзы, цины хъӕртӕ кӕнгӕ, фӕсте суры, ӕрцахсынмӕ мӕ фӕхъавы, фӕлӕ мӕ никуы баййафы, мӕнӕн иу къах йеддӕмӕ нӕ вӕййы, уӕддӕр. Ахӕм фынтӕ, цымӕ, цӕмӕ рацӕуынц, ницы йын зоныс?..

Ӕз ӕм, ӕнӕ исты сдзургӕйӕ, мӕ сӕр батылдтон, зӕгъын, нӕ зонын, тынг тӕригъӕд мӕм фӕкаст, уый дӕр ын не схъӕр кодтон...

## УӔЛМӔРДТЫ КОЙ БӔЛАСЫ БЫН

Фӕззӕджы фӕстаг хур бонтӕй иу. Нӕ горӕтаг хӕдзары кӕрты мӕ сыхаг хистӕр кары сылгоймӕгтӕ каштан бӕласы бын аууоны сӕхи бандоныл ӕруагътой. Иугай хус сыфтӕртӕ сыл уӕлейӕ згъӕлынц, кӕмӕн йӕ хъӕбысмӕ ӕрхауынц, кӕмӕн йе уӕхсчытӕм. Ныхас ныхасы къахы. Венерӕ знон хъӕуы йӕ цӕгаты уыд ӕмӕ сӕ куыд буцӕй раздӕхт, уымӕй раппӕлыд. Фӕстӕмӕ цӕугӕйӕ йын такси баххуырстой, йӕ уӕрӕх гуыффӕ йын алыхуызон халсартӕй байдзаг кодтой, сӕхи цӕхӕрадоны ӕрзадысты, экологон ӕгъдауӕй – сыгъдӕг, фаджыс сӕм бирӕ ис, химийы мур сӕм нӕ бахӕццӕ, Хуыцау бахизӕд. Дуни та иннӕ хӕттытау нал фӕлӕууыд, йӕ пенси гыццыл кӕй у, уыцы капеччытӕ йын цӕрынваг кӕй не 'сты, ӕндӕр искуыцӕй йӕм кӕй ницы хауы, уый тыххӕй йӕ катай нӕ бамбӕхста. Дуса ивгъуыд къуырийы райдиан Дзӕуджыхъӕуы кӕйдӕр зианы сӕмбӕлд. Марды ахӕм рӕсугъд чырын фыццаг хатт федта, уым цы сылгоймаг ӕвӕрд уыдис, уымӕ, дам, хуымӕтӕджы хӕлӕг бакодтон. Джызӕлы сӕрмӕ уӕлмӕрды йын ӕппӕты хуыздӕр бынат балхӕдта йӕ хъӕздыг лӕппу, алкӕмӕ дӕр, дам, стӕй алырдӕм дӕр зындзӕн йӕ ингӕн...

Цыдӕр зӕгъинаг ма уыдис Дуса, фӕлӕ йӕ Кати йе 'нахуыр фарстайӕ баурӕдта – се 'ппӕтмӕ дӕр ын хаудта:

– Ӕмӕ ницы фехъуыстат?.. Уӕртӕ, дам, аэропорты цур чидӕр зӕхх райста уӕлмӕрдӕн. «Частное кладбище» – афтӕ хуыйндзӕн уырыссагау. Цытӕ кӕнынц ныртӕккӕйы хъӕздгуытӕ, уымӕ нӕ кӕсут?! Цытӕ ма фехъусдзыстӕм?..

Иууылдӕр хъустӕ ӕмӕ цӕстытӕ фестадысты. Лубӕ йӕхи нал баурӕдта, дзурӕджы разӕй фӕцис:

– Йæхи-иу ын ахæссæнт уырдæм фыццаг!

Уый фæндон уыдис æви æлгъыст, нæ йæ бамбæрстой, ничиуал та ницы дзырдта, хъуыдыты аныгъуылдысты. Æрæджиау кæддæр Шуринкъа нал фæлæууыд:

– Сымах цыфæнды дæр дзурут, фæлæ кæд уыцы хабар æцæг у, уæд дзы фыццаг кæй баныгæной, уымæн йæ хъуыддаг цæуы: газеты, радиойы, уæлдайдæр телеуынынады æндæр кой нал уыдзæн. Стæй, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ ингæн тæккæ бацæуæны уыдзæн, уæлдай тынгдæр æм зилдзысты, æрбацæуджытæ йæм уæлдай цымыдисдæрæй кæсдзысты, æмæ йын йæ номæн уæлæуыл ферох кæнынæй тас нæу. Гъер уал абон ды цыфæнды сызгъæрин дæр у...

– Уæртæ рæбыны хъæутæй кæцыдæры иу чидæр цы бакуыста, уый нæ зонут? – йæ ныхас сæм баппæрста Вали, – хæрзтимæ нымад нæ уыд уыцы лæг йæ мыггаджы дæр, хъæуы дæр, æцæг сæ йæ зондæй амбылдта. Йæ царды фæстаг бон мæнæ-мæнæ æрлæудзæн, зæгъгæ, уый куы бамбæрста, уæд йæ фыртмæ бадзырдта æмæ йын ныффæдзæхста:

– Уæртæ-иу мын хъæугæрон обауы сæр дурын цырт сæвæр!

– Æмæ уæд уæлмæрды та? – ныддис кодта лæппу.

– Уым мæ баныгæндзыстут. Нæ акъаци бæлас мын цыртæн акалдзынæ, уадз æмæ æмбийа, обауы сæр та, цавæр дын загътон, ахæм...

Лæппу, мæгуыр, йæ мадæн уыдæттæ радзырдта, фæлæ йын уый дæр загъта:

– Чи амæлы, уый фæдзæхст æнæ æххæстгæнгæ нæ вæййы, уæд йæ тæригъæды цæуыс, æмæ дын æй нæ ныббардзæни...

Цыбыр ныхæсæй, абон дæр ма лæууы хъæугæрон обауы сæр уыцы цырт, адæм йæ рæзты кæдæмдæрты цæуынц, хуымты кусынц, чи дзы фæзæгъы, æвзæр лæг уыди, чи та йæм уæддæр исты хорздзинад ссары. Æмæ йæ ном цæры. Мæнæ Шуринкъайы загъдау, ды та уал абон цæхæркалгæ сызгъæрин дæр фест...

Вали йæ ныхасæй фæлæууыд, лæмбынæг æм чи хъусы, йæ уыцы сыхæгтыл йæ цæст ахаста, цæмæндæр фарста раттынмæ Шуринкъайы равзæрста:

– Шуринкъа, æнæгæды ма мын зæгъ: дæу кæцыйы бынаты фæндид уæвын? Фыццаг дзы кæй баныгæной, уый, æви уæлмæрд саразæджы?

– Мæнæ диссаг, мæнмæ уыйас æхца кæцæй æрцыд? – йæ къухтæ стылдта Шуринкъа. – Цы хъуамæ саразон? Фæлæ... Иннæйы бынаты мæ фæндид, æцæг бирæ-бирæ азты фæстæ.

Æмæ хъæрæй ныххудти, иннæтæ дæр æй бафæзмыдтой, сæ кæлкæлæй сыфтæрты сыбар-сыбур нал хъуысти. Иуцасдæр та ничиуал ницы дзырдта, æвæццæгæн, сæ мидхъуыдыты сæ алчидæр дызæрдыггаг кодта, чи ма сæ цы зæгъдзæн, ууыл, науæд та сæ сæ алкæй дæр фæндыд уыцы æнкъард темæйæ фæхицæн уæвын, сæхи æндæр ныхасмæ цæттæ кодтой. Уыцы сабырдзинад цас ахастаид, уый иунæг Хуыцау йеддæмæ ничи зыдта, фæлæ йæ Лидæ фехæлдта. Æрæджиау кæддæр, абонсарæй хъусæй чи лæууыд, уый йæ мидбынаты базмæлыд, арф ныуулæфыд, æмæ, иннæтæн дæр æнæнхъæлæджы чи уыд, ахæм ныхæстæ схауд йæ дзыхæй:

– Мæнæн мæ чырыны бæрзондзæвæтджын сау туфлитæ æвæрдзысты...

Иууылдæр Лидæмæ нымдзаст сты, цы цы, фæлæ йын уый зæгъын æнхъæл нæ уыдысты.

– Уæууа, дæ карæн ма бæрзондзæвæтджын туфлитæ фæдары? Уый кæцырдæм фидауы? Исты ма мын кæддæры къленц чызг дæ? – ныддис кодта се 'ппæты бæсты дæр Венерæ.

– Чызг рагæй нал дæн, – йæ рæстдзинадыл йæхæдæг тынг чи æууæнды, ахæм адæймаджы хъæддых хъæлæсæй хъавгæ дзуры Лидæ, – фæлæ сылгоймаг дæн. Сылгоймаг! Мæ сæрыхицау Æмзор мæ-иу ахæм къахыдарæсы уæлдай фылдæр уарзта. Цы нæ вæййы, мыййаг, уым нæ лæгыл куы сæмбæлон. Рагацау мын уыцы бонмæ æлхæд сты, уый мæхиуæттæн загъдгонд у...

Ничиуал та ницы дзуры, ныхъхъус та сты, алчидæр та йæхи хъуыдыты аныгъуылд. Сыфтæртæ уыцы æнæуынæрæй хауынц, дымгæйы цъыртт никуыцæй кæлы, хур тынгæй-тынгдæр тавы, бæласы ауон къаддæрæй-къаддæр кæны...

## ДЗЫХАРÆХСТ ХÆЧЪА

Мæ сыхаг лæппулæг Хæчъа дзыхарæхст æмæ цыргъзонд у, зæгъгæ, хатгай адæмы æхсæн куы радзурын æмæ уыдон уыдæттыл дызæрдыг куы фæкæнынц, куынæ мыл феууæндынц, уæд сын æз мæнæ ахæм дыууæ дæнцæджы æрхæссын.

Хæчъа-иу машинæйæ агуыридур ласта арæзтæдтæм. Иухатт горæты кæройнагдæр уынгтæй иуы дзагæй фæцæуы. Кæсы, æмæ иу æрдæгарæзт

хæдзары цур иу бæрзонд рæсугъд лæг лæууы, фæлурс цæсгом ын. Æз, дам, загътон, йæ уындмæ гæсгæ кæнæ скъолайы директор уыдзæн, кæнæ та фыссæг, йæ хæмпус къухтимæ.

Хæчъа йæ цуры æрлæууыд. Уый йæ фæрсы:

– Уæй кæныс дæ дуртæ?

– Уæй. Иуæндæс мины.

– Мæнæ кæртмæ фæстæты батæр.

Хæчъа, уый йын куыд загъта, афтæ бакодта, лæг дæр, йæ ус дæр, сæ лæппу дæр къухæй калынц, Хæчъа дæр сын æххуыс кæны. Æрдæгкалд уыдисты, афтæ лæг гуыффæйæ зæхмæ æргæпп кодта æмæ загъта:

– Мæн кусынмæ цæуын хъæуы, мæнæ дын уый де ‘хца ратдзæни.

Æмæ усмæ ацамыдта. Йæхæдæг мидæмæ бацыд, иу цалдæр минуты фæстæ къæсæрыл алæууыд... прокуроры дарæсы. Дæхи ма Хæчъайы бынаты авæр, мæ кæсæг. Фæцудыдта дурты сæр, рацæйхаудта зæхмæ, рацæйсхъиудта, фæстæдæр зæгъдзæн, уæды хуызæн, дам, мæ цæргæбонты никуыма фæтарстæн. Цы æрхъуыды чындæуа ацы уавæры?

Дуртæ калд фесты, Хæчъа йæ хæлафы фадыджы рыгтæ сæрфынмæ куыд æргуыбыр кодта, афтæ йæм прокуроры ус йæ къух æрттиваг æхцатимæ æрбадардта.

Хæчъа йæм хæрдмæ скаст æмæ ныддис кодта:

– Цавæр æхца?! Нæ хицау мын сæ æрбарвыста, уым æмæ, дам, уым мæ хæлар хæдзар аразы, хæдзарыразæг тæригъæд у, фæкæсæм æм...

Нæ йæ ныууагъта ус. Хæчъа сæ куынæ куымдта, уæд ын сæ кабинæйы гом рудзынгæй мидæмæ баппæрста. Не схъæр кодта уый Хæчъа йæ хицауæн, ус та – йæ прокурор лæгæн.

– Нæ прокурор мын тынг фæарфæтæ кодта, – загъта цалдæр боны фæстæ хицау Хæчъайæн. – Æз та дæуæн арфæ кæнын, афтæ кæй сарæхстæ, цæсгом мын кæй скодтай, уый тыххæй. Иу ласт ма сын бакæ.

Хæчъа йæм мидбылты худти, æцæг йæхимидæг цы хъуыды кодта, Хуыцау йæ зонæг. Дыккаг хатт та уырдæм агуыридуртæ куы фæцæйласта, уæд æй иу хъуыды цух нæ уагъта: «Ус та мæм йæ рæсугъд къух куы æрбадаргъ кæна æхцаимæ, уæд сæ райсон æви ма райсон?»

Ды Хæчъайы бынаты цы бакодтаис, мæ кæсæг?

* * *

Дауыраты ног арæзт сарайы хъæдын къулыл – зындгонд Нефертитийы ныв, нырма йæ æрæджы бакодтой, æмæ йæ Хæчъа фыццаг хатт федта. Бирæ йæм фæкаст, ныдджих æм, стæй фæстæрдæм йе ʻмбæлттæм разылд æмæ сæ фæрсы:

– Зæгъут ма мын, зæххы цъарыл æппæтæй рæсугъддæр сылгоймаг чи уыдис кæнæ чи у?

Сыхы лæгты Хæчъа уыцы æнæнхъæлæджы фарстæй хъуыдытыл бафтыдта, иуцасдæр ничи ницы дзырдта, стæй Гусалты Валодя фæразæй:

– Ленины ус Надюшæ...

Æмæ йæхæдæг фыццаг хъæрæй ныххудти. Нæ сыхы чингуытыл æппæтæй æнувыддæр чи у, уыцы бирæзонæг Зæйттаты Казик та загъта:

– Нæхи хъæукқаг Æлдаттаты Еленæйы рæсугъды æгас Европæ дæр зоны, йæ рæстæджы дæлæ Францы паддзахы ус уыди. Дардмæ цæмæ цæуæм?.. Æццæй нæ, Хæчъа?..

Хæчъа йын, æвæццæгæн, дзуапп раттынмæ цæттæ нæ уыди, касти сæм, хъусæй лæууыд, æмæ уæд Дауыраты Серго фæразæй:

– Цæуыл быцæу кæнут? Æппæтæй рæсугъддæр сылгоймаг у, райсомæй хуыссæны дæ фарсмæ чи райхъал вæййы, уый.

Нæдæр сæ йæ фарс исчи рахæцыд, нæдæр йæ ныхмæ сдзырдта, æвæццæгæн дзы кæмæн йæ рæсугъд ус ауад йæ цæстытыл, кæмæн та йæ фыдуынд. Хæчъа бамбæрста, ничиуал сæ ницы зæгъдзæни, уый æмæ ахæм хатдзæг скодта:

– Уе ʻппæтæй растдæр у мæнæ Серго: æцæгдæр, æппæтæй рæсугъддæр сылгоймаг у, хуыссæны дæ фарсмæ чи райхъал вæййы, уый. Æцæг иу фиппаинагимæ: уыцы сылгоймаг æндæр искæй ус куы уа, уæд...

Хæдзары æфсин Бидугка сæ кæл-кæл худтмæ къæбицæй рацыд, фæлæ Хæчъа йæ амонæн æнгуылдз йæ былтыл авæрдта, ома, дам, уæ дзыхтыл хæцут...

## ПУЦЫР ЙÆ РАДИКУЛИТÆЙ КУЫД ФЕРВÆЗТ

Иу зымæгон фæссихор мæ машинæйы горæтæй хъæумæ æрцыдтæн. Кæсын, æмæ мæ фыд гыццыл бандоныл бады æмæ йæ цырыхъхъытæ

кæны. Æз ууыл бадис кодтон, уымæн æмæ йæм æнæхайыры радикулит уыдис, иунæгæй сæ-иу никуы кодта, мæ кæстæр æфсымæр Толичы цот уыдысты йе 'ххуысгæнджытæ. Ныр та сæ йæхæдæг уæртæ æнæ искæй æххуысæй кæны.

– Хъыгдарæг мæ нал ис, – йæ мидбылты мæм бахудт мæ фыд, – уæртæ мыл фалæсыхаг ус дур куы ныццавта, уæдæй фæстæмæ мæ низ цыдæр фæци...

Уый афтæ уыд. Махæй чысыл дарддæр цæхгæрмæ уынджы цард иу зæронд ус Цæлойты Лизæ. Ничи йын уыд, иунæг уыд, фæлæ цард йæ фосы цинæй. Хуымæллæджы уæды азты æндæр дис ницæуыл кодтой, Лизæ йе стурты куыд уарзта, куыд сæм зылд, фосы æхсæн ын-иу бæрæг дардтой сæ сыгъдæгдзинадæй, мæнæ, дам, цыма удгоймæгтæ сты, уыйау, дам-иу, семæ ныхас кодта.

Иуизæр йæ хъулон род Салфетка хизæнæй не 'рбаздæхт, дыккаг изæр дæр. Хъомгæс ын загъта, æз, дам æй федтон, хъæумæ иннæтимæ куыд æрбацыд, уый. Æмæ йыл уæд Лизæ йæ къух ауыгъта, загъта, æвæццæгæн, дам мын æй чидæр бамбæхста, афонмæ йæ ныргæвста.

Фæлæ афтæ рауад, æмæ иу хуыцаубон Лизæ уæртæ фаллаг сыхы не 'рвадæлтæ Кокайты Къоритæм куывдмæ хуын фæцæйхаста. Гагуыдзы тигъыл цалдæр сылгоймаджы лæууыд, уыдон дæр куывддзаутæ, æмæ семæ ныхасмæ Лизæ дæр æрлæууыд. Æвæццæгæн, хъæрæй дзырдтой, æмæ дын уалынмæ, цы хæдзары цур лæууыдысты, уый кæрты род куы ныууасид. Лизæ йæ йæ хъæлæсæй базыдта:

– Уый Салфетка у!

Салфетка та йæ хицауы йæ хъæлæсæй базыдта æмæ уымæн ныууасыд.

Лизæ устыты дзургæ фæуагъта, йæ хуын дуры сæр авæрдта æмæ хæдзары кæрты фæйнæг дуарыл йæ армытъæпæнтæй ралæууыд. Æрæджиау æм фæйнæджыты зыхъхъырæй иу чызг ракаст, æвæццæгæн æй базыдта æмæ йын дуар гом кæнын нæ бакуымдта.

Цы гæнгæ уыд Лизæйæн? Ссыд Къоритæм, йæ хуын ныффыссын кодта, иуцасдæр дзы абадт, стæй йемæ дыууæ усы ракодта æмæ та æрдæбоны дуар ныххоста. Бакодтой йын æй. Кæсы, æмæ йæ род уæрдоны цалхыл баст, гуыффæйы кæрдæг хæры. Хæдзары та уыцы къæйных чызг йеддæмæ ничи разынд, нæ йын бауагъта Салфеткæйы баст райхалын.

– Райсом-иу æй хизынмæ рауадзут, – тызмæгæй йын ныффæдзæхста Лизæ.

Дыккаг райсом мæ фыд нæхи фосы хизынмæ раскъæрдта, кæсы, æмæ Гагуыдзы тигъыл Лизæ æмæ уыцы хæдзары æфсин Дунекка (йæ ном ивд у. – Д.) загъд кæнынц, кæрæдзи сæрыхъуынтæм лæбурынц. Мæ фыд сæм бацыд, иргъæвы сæ, уайдзæфы ныхæстæ сын загъта. Æфсин ын сæ ницæмæ æрдардта, Лизæйыл та цæргæсау йæхи куы æрбауагъта, уæд æй мæ фыд йæхицæн дæр æнæнхъæлæджы æгæр ассыдта, æмæ уый зæххыл фæуæлгоммæ. Лизæйы къухыл рахæцыд æмæ уæртæ фæцæуынц.

Уæдмæ ус фестади, зæххæй дур фелвæста, фехста йæ æмæ уый мæ фыдæн йæ фæсонтыл, радикулит кæм уыди, уырыссагау «ущемление», уыцы тæккæ ран ауади. Уыцы минутæй фæстæмæ йæ низ цыдæр фæцис, хъазгæйæ-иу уыцы усæн нæ, фæлæ уыцы дурæн арфæтæ кодта...

Не 'рвадæлты лæппу Сергей хъазæн ныхас уарзаг уыд. Ам-иу ын Дзæуджыхъæуы исчи куы хъаст кодта йе 'ндыснæгæй, уæд сын-иу зæрдиагæй загъта:

– Дæлæ Хуымæллæгмæ ныццу, Кокайты Пуцыры ссар, æмæ дын уый бацамондзæн, уыцы низæй цы хуызы фервæзæн ис, уый...

Чидæртæ-иу ыл баууæндыдысты, мæнæ ацы зæххардыстæн, æрцыдысты-иу. Мæ фыд сын-иу хабар куы ракодта, уæд-иу хорз фæхудтысты, фæйнæ арахъхъы дæр-иу банызтой, уæдæ æнæ уымæй куыд, хæлæрттæ-иу баисты...

Радзырдта мын æй Кокайты Таймураз.

## НÆ ЙЫН БАХАТЫР КОДТА

Мæхæдæг зæрдиагæй цæуылты фæхудтæн, уый тыххæй дæр бакæсут. Ме 'стыр æрдхорд, Ирыстоны адæмон нывгæнæг Дзбойты Мишæ мын сæ радзырдта:

– Иу фæссихор мæм ме 'рмадзмæ æрбацыд Нывгæнджыты цæдисы хицæуттæй иу æмæ мын афтæ зæгъы, дæлæ, дам нæм Культурæйы министрадæй сдзырдтой, ардæм, дам, рацæут, мæскуыйаг зындгонд лектор нæм ссыд.

Ныццыдыстæм, уæдæ цы уыдаид, фæлæ дзы мæ машинæйæн йæ цуры бынат нал уыд. Цы гæнгæ мын уыд, æмæ йæ, æввæрын кæм не 'мбæлд,

ахæм ранмæ батардтон. Зыдтон æй, милицæйæ йæ исчи бафиппайдзæн, уый, æмæ уæд иу гæххæтты гæбазыл афыстон: «Ацы хатт мын бахатыр кæнут». Æмæ йæ раззаг авджы щеткæйыл бафидар кодтон.

Нæ мын бахатыр кодта милицæйы уæды æнæзонгæ кусæг.

Лекци дæр ницæйаг рауад, тæвд бон дæр уыд, залы – æнуд, бирæтæ дзы фынæй дæр ма баисты. Кæддæр-уæддæр фæци. Мæ машинæйы цурмæ куы бацыдтæн, уæд кæсын, æмæ дын раззаг авгыл æндæр æнцъылдтæ стырдæр гæххæтты гæбаз ныхæст æмæ дзы уырыссагау фыст, дæ номыртæ, дам, сты паддзахадон автоинспекцийы хæдзары ахæм æмæ ахæм кабинеты капитан Абайы-фыртмæ. Æркастæн разæй, ацыдтæн фæстæрдæм дæр, æцæгæйдæр мæ номыртæ – æппæрст.

Цы гæнæн ма мын уыд: ме ʻнæзонгæ æфхæрæджы агурæг ацыдтæн. Гæххæтты гæбазыл мын цы кабинетæй загъта, уый æхгæд разынд æмæ уæд сыхаг кабинеттæй цалдæры дуæрттæ бахостон, æмæ иу ран дæр нæ разынд. Æрæджиау мын иу æрыгон лæппу мæ катай бамбæрста, рудзынгæй кæртмæ акаст æмæ мын афтæ зæгъы, дæлæ, дам, йæ машинæ кæрты лæууы, йæхæдæг дæр æнæмæнг ам искуы уыдзæн, хуыздæр æй рацагур. Æз уæллаг уæладзыгæй райдыдтон æмæ суанг бинаг уæладзыджы дæр се ʻппæт дуæрттыл рахæцыдтæн, фæлæ никуы æмæ ницы. Уæдæ кæм хъуамæ уа, зæххы бынмæ куыд ныххаудтаид?

Æмæ уæд фæкомкоммæ дæн, уæрæх гом чи уыд, пъадвалы уыцы дуармæ. Мæхинымæр, цы нæ вæййы, кæд уым ис, æмæ мæ сæр уым фæцавтон. Асины фæстаг къæпхæныл мæ къах æрæвæрдтон, уæд мæм рæбынæй кæцæйдæр кæйдæр фæдисы хъæр æрбайхъуыст, чидæр дзы æддæмæ дуар тынг хойы. Мæ цыдыл бафтыдтон, кæсын, æмæ уыцы дуарæй æддæмæ фæздæг кæлы. Бахæцыдтæн ыл æмæ – æхгæд. Мидæгæй чи уыд, уымæ мæ уынæр фехъуыст æмæ лæгъстæйæгау дзуры:

– Дуар мыл сæхгæдта, исты хуызы йæ бакæн, кæннод ам фæздæг улæфынæй мæ бон нал у, хуыдуг кæндзынæн...

Æз айтæ-уыйтæ нал фæкодтон, фæлæ мæ машинæмæ разгъордтон, фæрæтмæ фæлæбурдтон. Иу дзырдæй, дуар басастон. Фæздæджы уацары чи бахауд, уый дын капитаны цины куы разынид. Мæ зæрдæ цæуылдæр фæкъæпп кодта, æмæ, зæгъын, уыцы машинæйы хицау дæн. Æмæ уæд цыма рагацау ныхасгонд уыдыстæм, уыйау æмхудт ныккодтам.

Ныр уый нал кусы, фæлæ мыл куы амбæлы, уæд мæм дардæй худгæ

ӕрбацӕуы. Ӕз, ӕфхӕрд лӕг, мӕ бафхӕрӕджы куы фервӕзын кодтон, уыцы бон нӕ дыууӕ дӕр ӕхсызгонӕй ӕрымысӕм...

Иу ахӕм ӕнахуыр фембӕлд ма мын уыдис милицӕйы кусджытимӕ... Дӕлӕ Черкесскы горӕты астӕу ӕвӕрд ис, не 'мзӕххон Дзантиаты Инал кӕй скодта, Къостайы уыцы цыртдзӕвӕн. Мах ӕм мӕ хӕлар архитектор Гуыбаты Зауыримӕ кӕцыдӕр аз уынӕг ацыдыстӕм. Мӕхицӕн дӕр ӕнӕнхъӕлӕджы уым мӕхи машинӕйы фӕндагыл цӕуыны ӕгъдау фехӕлдтон, баурӕдтой мӕ.

Посты агъуыстмӕ мӕ сӕ хицау, иу бӕрзонд лӕппулӕгмӕ бакодтой, ӕмӕ загътон, ныртӕккӕ мӕ, зӕгъын, уайдзӕфты бын фӕкӕндзӕн. Фӕлӕ уый куы базыдта, кӕцӕй дӕн, мӕ цыды сӕр ардӕм цӕй тыххӕй у, уый, уӕд йӕ цӕсгом фӕрухс ӕмӕ загъта:

– Ӕмӕ уӕ Къоста мӕ уарзон поэт куы у!.. Цӕй ӕмӕ афтӕ бакӕнӕм: кӕд ын йе 'мдзӕвгӕтӕй наизусть мӕнӕй фылдӕр радзурай, уӕд дӕ ӕнӕ 'фхӕрдӕй ауадздзынӕн, кӕд нӕ, уӕд дӕхӕдӕг зоныс, нӕ бон цас у, уый... Разы дӕ?

Уый цыппар ӕмдзӕвгӕйы радзырдта, ӕз – фондз. Рауагъта нӕ, немӕ нын суанг горӕты кӕронмӕ йӕ хӕдивӕджы дӕр ма рарвыста, мачи, дам уал сӕ бауромӕд.

Къостайы хорздзинӕдтӕ, цымӕ, кӕд бафиддзыстӕм?..

*ДЖИМИТЫ Кларæ*

# ЗАЛИХАНЫ ФЫРТ *

*Уацау*

* * *

Хур кæд бæрзонд ссыд, уæддæр уазал хæххон дымгæ барджын фысымау æнтæф хæстæг нæ уагъта. Уый урссæр хæхтæй коймаг цъитидоны сæрты бырста æмæ уыгъта йæ фæндагыл къудзитæ, бырста дидинджыты, февнæлдта-иу фыййæутты худтæм дæр.

Дзантемыр йæ лæдзæджы æнцой рагъыл лæууыд, каст, сæ дзуг кæрдæгыл куыд хизынц, уымæ, æмæ йæ хъуыдытæ уыдысты дард: æрæджы фехъуыста йæ дохтыр фырт Зауырбегæй, Залихан адзалы рынчын кæй у, уый. Лæгæн йæ цард бынтон сæнад ис, фæлæ ма куывта сыгъдæг арвмæ, иу дзырд ма гуырысхойагæн кæй фехъуыста, уый хъуыдыты мидæг æмбæхсгæйæ. «Æвæццæгæн?!» Ома бæлвырд нæма у.

*Гъæй джиди, чи ис дæ разы*
*Ацы сæрдыгон изæр...*

Уый иннæ рагъыл зарыд æрыгон фыййау, æмæ дзы дымгæ мæстæймарæгау Дзантемырмæ æрбахæццæ кодта æрмæст уыцы скъуыддзаг. Зæронд лæг йæ мидбылты æнкъард худт бакодта. Цал æмæ цал хатты фехъуыстой ацы рæгътæ бирæ азты размæ уыцы зарæг Дзантемыраен йæхицæй. «Булæмæргъау зарынæй не 'фсæстæн, бæргæ, цалынмæ мын мæ зæрдæ мæ риуæй не 'стындæуыд уæдмæ! Хъарæг кæнын та, иуæй, зонгæ нæ кæнын, иннæмæй, ме 'гады кой хъуамæ æнаккаг хъæндилтæ дæр ма фехъусой! »…

– Дзантемыр! – хъæр æм кодта дæлвæзæй, йæ худ тилгæйæ, хистæр фыййау. – Сæрдар нæм æрбацæуы!

Андрейы машинæ æрбахызт хидыл…

Уайтагъд къæдзæхы ауонæй ратылд кæттагæй æмбæрзт машинæ. «Йæ мад мацы кæнæд!» – ахъуыды кодта Дзантемыр æмæ дæлвæзмæ батагъд кодта.

– Ахæм рæстæг сæрдары махмæ куыд равдæлд? – афарста Дзантемыры фыййæуттæй иу.

---

* Кæрон. Райдайæн журналы 5 номыры

– Чи йын цы зоны, – ӕнӕрлӕугӕйӕ йын дзуапп радта Дзантемыр.

– Дӕ бон хорз, дада! – райста фыды къух Андрей. Фӕуагъта йӕ машинӕйы цур лӕугӕ, азылд иннӕ фыййӕуттыл, анымхӕстӕ кодтой, стӕй фӕстӕмӕ фыдмӕ ӕрбаздӕхт. Фыд ӕмӕ фырт фемдзаст сты. Ӕрыгон нӕлгоймаджы цӕстӕнгас уыд ӕнкъард ӕмӕ мӕтӕйдзаг. Дзантемыры цӕстытӕ кодтой хъуыды, куыд у уӕ мад, зӕгъгӕ. Фӕрсгӕ та бакодта:

– Сабитӕ куыд сты?

– Уыдонӕн ницы у.

– Цытӕ фыссы хистӕр лӕппу ӕфсадӕй? Чысыл раздӕр ын дӕс боны куы радтой, уӕд ын ӕз бауынаффӕ кодтон, цӕмӕй Мӕскуыйы бабӕрӕг кӕна йе ‘фсымӕры. Ӕрыгон лӕппуйӕн зондамонӕг хъӕуы, ахуырыл хӕст хъуамӕ уа. Уый та ма кафджыты къордимӕ дӕр горӕттыл зилы.

– Дада, куыд бауынаффӕ кодтат, афтӕ бакодта лӕппу, – загъта Андрей ӕмӕ бахудт йӕ фыдмӕ: «Ау, дада зона, хистӕр лӕппуйӕн йӕ уарзон дӕр Мӕскуыйы кӕй ахуыр кӕны, уый? Зоны, ӕвӕццӕгӕн, уый йеддӕмӕ йын ахӕм уынаффӕ нӕ бакодтаид. Уыцы къулбадӕг йӕ дадайӕн цы хабар нӕ дзырдта, иу ахӕм нӕ уыд», – ахъуыды кодта Андрей, ӕмӕ ныррухс йӕ цӕсгом.

«Нӕ, йӕ мадыл исты куы ӕрцыдаид, уӕд мӕм хъӕргӕнӕг ӕндӕр искӕй сӕрвыстаид. – Дзантемыр та бакаст Андреймӕ.

– Хъуыддаджы фӕдыл ссыдтӕн...

– Амондджын хабар ӕрбахӕсс.

– Дзыцца мӕ сӕрмагондӕй дӕумӕ рарвыста.

– Мӕнмӕ?

– О.

– Цӕмӕн ӕй бахъуыдтӕн?!

– Уый мын нӕ загъта.

Дзантемыры фӕтӕн ӕрфгуытӕ алхынцъ сты. Сӕр фӕгуыбыр кодта. Лӕг арӕх нал цыд хъӕумӕ. Бинонты сӕргъы ӕрвылбон лӕууыд Андрей, уыдис, мӕнӕ сӕ дарӕг, сӕ уромӕг кӕмӕй фӕзӕгъынц, ахӕм хистӕр ӕфсымӕртӕн. Дзантемырӕн йе ‘ртӕ фырты устытӕ ӕрхастой, уӕдӕй фӕстӕмӕ ма лӕппуйы куывдмӕ кӕнӕ стыр бӕрӕгбӕтты ныууайы сӕхимӕ, ӕндӕр ӕй нал хастой йӕ къӕхтӕ – азтӕ ӕмӕ йӕ зӕрдӕйы низ сӕ куыст кодтой. Цӕмӕндӕр ын адджын нӕ фӕцис, дыккаг ус кӕдӕм ӕрхаста, уыцы цӕрӕнуат. Ныр дзы Солтанбег йӕ бинонтимӕ ӕрцард. Зауырбег та кусгӕ дӕр ӕмӕ цӕргӕ дӕр кодта горӕты, ӕмӕ дзы тынг

сæрыстыр уыд, фæлæ йæхæдæг æхсæвиуат кодта Андреймæ. Æхсæвиуат?! Иу уаты-иу æнæхуыссæг фæцис Залихан, иннæйы та Дзантемыр. Сæ иумæйаг царды фæндæгтыл-иу ног æмæ ног ивылдысты сæ хъуыдытæ, æмæ дыууæйæ дæр мынæг кодтой сæ фæстаг бонты уазал уылæнтæ зæрдæнизæй… Æрмæст сæ дыууæйæн дæр иу уыд, æнæкæрон бирæ кæй уарзтой, уыцы цоты сомбон, уый уыд сæ царды цин.

Дзантемыры уæнгты тых цас къаддæрмæ цыд, уыйбæрц æй йæ быны тынгдæр кодта йæ судзаггаг маст. «Куыд ын ныххатыр кæнон, куыд?» – фарста лæг йæхи фæстаг рæстæджы. Искуы-иу хатт æм-иу æндæр хъуыды дæр фæзынд: «Сылгоймагау хатыр ракурыны фæнд макуы скæн! Куыд тынг ын сæнæуынон дæн?! Куыд иузæрдион у, æмæ йæм мæнæн нал разынд хатыр ракурыны зонд дæр».

Хатыр? Нæ, Дзантемыр нæ зыдта барын ахæм гадзрахат митæн! Йæхæдæг барын куыд нæ зыдта, афтæ нæ зыдта хин митæ æмæ сайын дæр. Цард йæхи домæнтæ æххæст кæны, æмæ хæсты фæстæ азты царды ‘мбалæн равзæрста йе ‘мхæстон фелшыр Таняйы, фæлæ цалдæр азы фæстæ уый ацыд йæхи бæстæмæ: «Кæрæдзийæн стыр аргъ кæнæм, Дзантемыр, фæлæ мæ нæ бауарзтай, нæ, нæ бауарзтай. Зæронды бонтæ арвитон мæхи хæстæджытимæ», – загъта æмæ ацыд. Дзантемыр æй нæдæр хъæумæ нылласта, нæ йæ хæстæджытимæ базонгæ кодта. Уый æрмæст мæ къæбæргæнæг у, зæгъгæ-иу, дзырдта æппæтæн дæр. Залихан ын нæ уайдзæф бакодта, нæ йын йæ усы кой искуы скодта…

Иуахæмы Андрей бафарста мады:

– Дзыцца, Ислам мын бабар кодта, цæмæй, дадамæ куы ацæуæм нæ каникулты, уæд ын сæхимæ атæрын кæнæм Таняйы. Мах фыдуæгтæ куы фæкæнæм, уæддæр нæм нæ кæны мæсты, рахæцы нæ фарс, рæвдауы нæ. Æрмæст, мах цы хæринæгтæ уарзæм, уыдæттæ сфыцы. Мæнмæ уый раст уынаффæ нæ кæсы, æмæ дзы нæ уæндын дадайы бафæрсын.

– Мæ хъæбул, мæнæн тынг æхсызгон у, æмбаргæ адæймагæй кæй рæзыс, уый. Дæ цардвæллад фыдæн ныртæккæ уæлдай зын уаид иунæгæй цæрын. Таня та йæ хæстон æмбал куы у.

– Ислам æмæ Варка та дæуæн тæригъæд кæнынц. Таня, дам æй нæ уадзы махмæ… дæуимæ бацæрын.

– Андрей, уый афтæ нæу. Сымах æртæйæ хъуамæ ахуыр кæнат скъолайы, æмæ уæ иунæгæй хæдзары ныууадзон? Уæдæ уæ фыд дæр йæ куысты тынг зæрдиагæй фæллой кæны æмæ иунæг бон дæр хъæуы

нæ фæразы. Таняйæн ды хъуамæ арфæ ракæнай, сæрды мæйты уæ кæй барæвдауы, уырыссагау уый фæрцы сыгъдæг кæй дзурут.

Мады уынаффæ Андрейы зæрдæмæ фæцыдис…

– Цы зонд дæм ис, дада? – фескъуыдта йын йæ хъуыдытæ Андрей.

– Кæмæн ис ныртæккæ уæгъд рæстæг? – кæддæр æрæджиау, йæ къæхты бынмæ кæсгæйæ, тарæрфыгæй дзуапп радта Дзантемыр. «Хъуамæ куыд бауарзта æндæры, уый мын радзура?! Æндæрæй сывæллон куыд ныййардта æмæ мæ куыд сайдта, уыдæттæ дзы хъуамæ фехъусон?» – ахъуыды кодта æмæ загъта: – Сауджыны йæм æрбахон! Мæн мæ мæгуырыл ныууадзæд! Мæ цард мын ныффæскъæуттæ кодта, æмæ æгъгъæд фæуæд! Æз уæ мадæн стыр аргъ кæнын, Андрей, фæлæ йын хатыр та!..

Дзантемыр уайтагъд фæфæсмойнаг, афтæ тызмæг ныхас кæй кодта, уый тыххæй. Никуыма суагъта йæ маст афтæ æргом, никуы загъта лæппуты цур æнæхъуаджы ныхас. Залихан се ‘ппæтæн дæр уыдис тынг кадджын адæймаг, æмæ йæ никуы ницæмæй рафаудта. Раст ма уый йæ сусæг иунæг удгоймагæн дæр кæй не схъæр кодта, ууыл дæр гуырысхо нал кодта æмæ дзы фæбузныг.

Андрей уыцы бон бамбæрста, йæ фыды масты суадон мады аххосæй кæй фæзынд, уый. Исдуг æнæдзургæйæ алæууыд, стæй бафарста:

– Куыд дын ныффæскъæуттæ кодта дæ цард мæ мад? Мæн уый никуы бауырндзæн! Сывæллон ма мæ цæмæн хоныс, дада?

– Андрей, бауырнæд дæ, æхсызгон мын нæу уæ мады низ, фæлæ йæм нæ цæуын! – нæ радта фыд комкоммæ дзуапп фырты фарстæн.

– Дада, никуы мын ницæмæй загътай «нæ», уæд ныр…

– Дæхи кæд мæ зæронд уд хъæуы, уæддæр дæ фæхъхъау…

– Дада, мæ мады курдиат мæхицæй уæлдæр æвæрын. Нæ зонын, уæ маст уæ дыууæ дæр никæмæн хъæр кæнут уæ цотæй. Фæлæ, ахæм бон йæ сæрты ахизæн кæмæн нæй, уый цы стыр бæллæх уыд? Æз дæ цотæн сæ хистæр дæн, æмæ мæ бон у дæу бафæрсын: цы ‘рцыд уе ‘хсæн, дада? Уæ кæрæдзи фенынмæ бæлгæйæ, цæргæ-цæрæнбон хицæн цæмæн стут? Бакæс ма-иу ацы хатт Зауырбегмæ. Уæ дыууæйы тæригъæдæй нæ сæртæ куы сурс сты. Махыл та цæуылнæ бауæндут уæ хылы сæр?!

– Андрей, чи уын загъта, мах хыл стæм, зæгъгæ? Уæ мад?!

Дзантемыр тарстхуызæй каст Андрейы цæсгоммæ: «Цы зоны, цымæ, куыд æмбары нæ хылы сæр? Кæд ын йæ мад исты радзырдта?»

– Уый дæр скæуы, фæлæ ницы хъæр кæны! Мæ сывæллоны бонтæй

абонмæ мын æмбарыс мæ гыццыл маст дæр, дæ зонд æмæ дæ кадæй тыхджын æмæ зæрдæрухсæй слæг дæн. Фæлæ мæ мад æхсæвæй-бонæй лæууыд мæ фарсмæ, æмæ мын уый дæр тынг зынаргъ у! Ныр мæлы мæ мад! Мæлы, дада, æмæ йæм ис æрмæст иунæг курдиат: дæу фенын! Ды ныртæккæ мæ курдиат куынæ сæххæст кæнай, уæд…

Андрей йæхæдæг дæр нæ зыдта, «уæд» цы уынаффæ рахæсдзæнис, уый æмæ бынтон нырхæндæг.

– Хорз! Æххæст дын кæнын дæ курдиат цыфæнды зынæй дæр! – загъта Дзантемыр æмæ сæргуыбырæй араст машинæмæ. – Æрмæст дæ курдиат!

Хохæй быдырмæ фыд æмæ фырты дзыхæй иу уддзæф не ссыд. Дзантемыры цæсгом уыд бынтон хъуынтъыз. Йæ хъуыдыты цыма зилгæ дымгæ фæкуысси, уыйау сæмхæццæ сты, æмæ сæ иуыл дæр фæхæст бирæ рæстæг йæ бон нæ бацис…

Залихан – йе ‘ппæт рацарды цин æмæ судзаггаг маст. Æрмæст ацы сылгоймаджы бон бацис Дзантемыры зæрдæйы амонды стъалы ссудзын, æмæ аст азы дæргъы цæхæртæ калдта йæ сæрмæ. Ницы аипп ардта йæ бинойнагмæ Дзантемыр, никуы йын æфхæрæн ныхæс зæгъын бахъуыд, коммæгæс æмæ куыстуарзаг сылгоймагæй лæджы зæрдæ рухс кодта. Дзантемыр æй зæдтимæ барста, уый та… «О Хуыцау! Куыд мæ афæлывта, куыд?!» – ныккæрзыдта зæронд лæг уыцы бон дæр та.

* * *

Чи зоны, цы бæллæхтæ бакодтаид уыцы бонты Дзантемыр, нæ бауыдаид йæ хъару йæ зæрдæнизыл фæуæлахиз уæвын, фæлæ фæзынд йæ хæдзары чысыл сывæллон – Андрей. Сывæллон сын-иу нæ цардис авд азы дæргъы – мардысты ноггуырдтæй кæнæ гуырдысты мардæй…

Дзантемыры зæрдыл æрбалæууыд, йæ кæртмæ ма зæрдæрухсæй фæстаг хатт куы бацыд, уыцы сæрдыгон изæр. Андрейыл цыдис æртыккаг аз. Фыдмæ афтæ каст, цыма уый хъæбулæй рæсугъддæр æмæ зонддæр зæххыл нæй. Йæхи схуыдта æппæты амондджындæр лæг. Æмбисæхсæв дæр-иу хохæй йæ уарзон бинонты уынынмæ æрхæццæ. Лæг æрмæст уыцы азты бамбæрста, фыййауы куыст куыд уæззау у, уый, афтæ мысыд йæ гыццыл лæппуйы.

Уыцы сæрдыгон изæр дæр Дзантемыр æрхæццæ хъæумæ, бæх кæрты абаста æмæ хæдзармæ бауад.

– Дада! – сывæллон йæ хæрд фæуагъта, цингæнгæ йæ размæ разгъордта æмæ фыды хъæбысы балæууыд.

– Куыд мæм кæсы, афтæмæй дæ дада тагъд йæ куыст ныууадздзæн æмæ дæуимæ хæдзары баддзæн, – бахудт сæм Залихан.

– Мæ куыст хъуамæ ма ныууадзон, Зали, фæлæ гыццыл фæстæдæр лæппу йæхæдæг мемæ цæудзæн хæхбæстæм. Фыййауы фырт хъуамæ зынтæн фæразонæй рæза.

– Мæнæн дæ салам раттын дæр ферох вæййы, – загъта, æмæ худтысты йæ цæстытæ усæн фыр цинæй. – Сыхы лæгтæ мæ мæстæй марынц, Дзантемыр, дам, йæ сывæллоны уынынмæ къуыри æртæ хатты æргæпп кæны, дæумæ та йæ мæй иу хатт дæр не ‘вдæлы.

Залихан уыцы ныхæстæй лæджы æфхæргæ нæ кодта, мыййаг. Нæ, стыр амонд зæлланг кодта йæ сабыр хъæлæсы, йæ мидбылты худты, ивылд йæ рæсугъд цæсгомыл.

– Хæдзархалтæ! – бахудт Дзантемыр сыхæгты коймæ æмæ загъта сывæллонæн: – Суæззау дæ ныридæгæн дæр, бынтон фæлæг кæныс.

– Æз лæг дæн, дада! – худтис Андрей æмæ атыхта фыды бæрзæйыл йæ хъæддых цæнгтæ.

– Лæг! Ахъаззаг лæг! Уæнгджын æмæ цъæхдзæст лæг! – дзырдта фыд æмæ ма дæ зæрдæ-мæ зæрдæйæ бафтыдта йæ ныхæстæм: – Дыууæ зæронд арсæн райгуырд саджы лæппын! Нæма мæ уырны, Зали, Андрей мæхи фырт у, уый!

– О, Хуыцау! – зæгъгæ, сусæг хъæлæсæй сдзырдта Залихан, афæлурс йæ цæсгом, фæцудæгау кодта, æмæ йæ къухæй кард пъолмæ æрхауд.

– Зали! – Дзантемыр ын фæтарст, сывæллоны пъолыл авæрдта æмæ бауад йæ бинойнагмæ. – Цы кодтай? Дæ цæсгомы туджы æртах нал ис. Цы дæ риссы?

– Цытæ дзурыс, Дзанте? – схъæрзыд Залихан æмæ, цуттытæгæнгæ, йæхи кæртмæ айста.

«Цы загътон? Цæмæй фæтарст Зали?» – афарста йæхи лæг æмæ æнæхъуаджы уаты къуымты æрзылд. – «Цы загътон? Цæмæй йæ бафхæрдтон?»

– Дада, сис мæ дæ хъæбысмæ! – ивæзта фыдмæ йæ цæнгтæ сывæллон.

Уымæ куыд æргуыбыр кодта, æфтæ йæ зæрдæйы фатау ахызтысты æрдæбоны цалдæр дзырды: «Нæ мæ уырны, Андрей мæхи фырт у, уый!» Фыр буцæй куы цин кодта сывæллоныл!

Лæгæн йæ цæстытæ атар сты, бауад рудзынгмæ, уырдыгæй – дуармæ.

Катай фестад. «Зали?! Нæ, уый ахæм чъизи ми никуы бакæндзæн, фæлæ цæмæн фæтарст?» – уыдысты лæджы фыццаг хъуыдытæ. Фæзындис гуырысхойаг хъуыды, æмæ ма дзы æнцонтæй чи схицæн вæййы? Кæй нæ акæны уый йæ талынг æбæрæг уынгты, иугæр йæ сау дзæмбытæй адæймаджы удыл куы фæхæст вæййы, уæд?

– Æнаххос сылгоймаг афтæ тынг нæ фæтæрсдзæн хуымæтæджы хъазæн ныхæстæй! Нæ афæлурс уыдзæн сыгъдæг цæсгом! – загъта йæхицæн, æмæ гуырысхойы уазал къух алхъывта Дзантемыры улæфæнтæ. «Ахæм цъæхдзаст æмæ бурхил кæмæй уа?» – ахъуыды кодта лæг æлхынцъæрфыгæй æмæ ныккаст Андреймæ.

– Нæ! Нæ! Уый цавæр æнамонд хъуыдытæ бырсынц мæ сæрмæ! – ныккæрзыдта лæг, фелвæста сывæллоны æмæ йæ йæ риумæ нылхъывта. – Мæхи лæппу дæ!

Дзантемыры зæрдыл æрлæууыдысты Гонайы ныхæстæ: «Тынг æхсызгон мын у, Андрейкæ нæ мады ʻнгæс кæй у уый. Уый дæр бурхил æмæ цъæхдзæст уыдис».

Уыцы рæстæг сугты хъæбысимæ уатмæ æрбацыд Залихан. Дзантемырмæ ма сывæллон цыдæртæ дзырдта, фæлæ нæлгоймаг цыма цавддур фестад, уыйау уаты астæу лæууыд æмæ каст йæ усмæ. Залихан лæппуйы кæртмæ арвыста, цу æмæ, дам, цъиутæн хор акал. Андрей, цингæнгæ, азгъордта.

– Кæй у, уæдæ?! – бафарста йæ лæг.

Залихан фæстæмæ цалдæр санчъехы акодта, цæмæй, йæ къухтæ куыд зыр-зыр кæнынц, уый лæг ма фена, уый тыххæй сæ куатæйы дзыппыты амбæхста æмæ тарстхуызæй каст Дзантемырмæ. Нæма уыд цæттæ ахæм æнæнхъæлæджы фарстæн дзуапмæ.

– Мæнæй нæу? – сабыр, фæлæ та тызмæг хъæлæсæй бафарста лæг.

– Дзанте, æз дын…

– «О», кæнæ «нæ»?! Цыбыр дзуапп дæ куы курын?! – ныцъцъæхахст кодта нæлгоймаг.

– Байхъус мæм, Дзанте… Æз мæхæдæг дæр бафæлладтæн уыцы сусæгдзинадæй…Радзурдзынæн дын æргом, – нал бадт дзырд Залиханы дзыхы, æмæ скуыдта.

Дзантемыр уый фехъуыста, цы! Нынкъуысыд зæхх йæ быны. Æркалд йæ царды мæсыг æмæ йæ йæ уазал дурты бын акодта.

– Нæ! Никуы байхъуыстон кæронмæ æнаккаг адæймаджы ныхæстæм! – дзæхст уадулæн иуырдæм, дзæхст – иннæрдæм.

– Дзанте! Байхъус мæм!..

– Мæн нæу?! Мæн нæу, уæдæ?! Мæн нæу зæгъынмæ мын хъавыс?..

– Дзанте! – Залихан бынтон фæтарст.

– Фæлитой! – къух та дард фæхаста, æмæ сылгоймаг асхъиудта иуварс.

– Дзæгъæлы мæ афтæ тынг æфхæрыс, – кæугæ фестад Залихан, хъавыд лæджы маст фæсабыр кæнынмæ, фæлæ йæм нал байхъуыста Дзантемыр:

– Æз мæ сæр фæчъизи кæнын нæ бауадздзынæн! – загъта æмæ радавта кæцæйдæр йæ фыды хъама.

Уыцы рæстæг уатмæ æрбаздæхт гыццыл лæппу. Атыхта йæ цæнгтæ фыды зæнгтыл æмæ загъта:

– Цъиутæ сбадтысты, дада! Сис мæ ныр дæ хъæбысмæ æмæ цом бæхмæ.

– Андрей! – зæгъгæ, цъиуджын каркау Залихан сывæллоныл йæхи ныццавта, бакаст Дзантемырмæ æмæ загъта, фыццаг йæ зонд цы æрцахста уыцы дзырдтæ: – Мæн у! Мæн!

Лæппу йæ мады кæугæ куы ауыдта, уæд никкуыдта æмæ фыдмæ йæ цæнгтæ сивæзта, сис мæ дæ хъæбысмæ, зæгъгæ. Лæджы къухæй хъама æрхауд, сывæллоны фелвæста.

– Тæккæ абон дæ мæ хæдзары куыднæуал фенон, афтæ бакæн! – загъта усæн.

– Хорз. Мах ацæудзыстæм, – сæркъулæй ма загъта Залихан, стæй бафтыдта йæ ныхæстæм. – Уыйбæрц фæцæр адæймагимæ æмæ йын йæ зæгъинагмæ ма байхъус…

– Банцай! Чи у йæ фыд?! – бафарста æмæ, йæ рацарды азты æнæуаг ныхасæй кæй фехъуыста, уыдон ын фæдзырдта кæуын хъæлæсæй, фæлæ нал байхъуыста усмæ, стæй ма бафтыдта. – Абонæй фæстæмæ Андрейæн уыдзæн æрмæстдæр мад…

Дзантемыры ууыл нæ ныууагътой йæ масты хъуыдытæ. «Чи у лæппуйы фыд? Чи у уыцы къæрных?» – домдтой гуырысхотæ бæлвырд дзуапп, æмæ Дзантемыр уыцы æхсæв, йæ бæхыл бадгæйæ, цыд иу уынгæй иннæмæ, каст мæйрухсы йæ хъæуккæгты хæдзæрттæм æмæ агуырдта нæлгоймæгты æхсæн Андрейы æнгæс бурхил, цъæхдзæст æмæ уæнгджын нæлгоймаг. Агуырдта, кæмæй сиса йæ маст, уый.

Æмбисæхсæв бахæццæ хъæуы астæумæ. Ныккаст мæзджыты тигъæй, æмæ, Залихан бирæ азты кæм куыста ахуыргæнæгæй, уыцы скъоламæ сарæзта йæ фæндаг, стæй фесхъиудта:

– Директор! Петр Алексеевич! – зæгъгæ, фæкодта, æмæ йæ маст куыннæ атыдта. Уырыссаг лæппулæг сæм цалдæр азы акуыста директорæй. Стæй уыцы уалдзæг хæхтæм скъоладзаутимæ ацыд æмæ æрхæй ахауд. «Уæнгджын, бæрзонд, бурхил æмæ цъæхдзæст!» – ахъуыды кодта Дзантемыр. Йæ зæрдыл æрбалæууыд, директорыл Залихан куыд хъыг кодта, уый дæр. Мæ хæринаг, дам, мæ хъуыры нал цæуы…

Дзантемыр боныцъæхтæм фæбадт уæлмæрдты йæ фыды ингæны уæлхъус æмæ хъуыды кодта, куыд амалæй бахиза æгадæй йæ фыдæлты дæр æмæ сæ мыггаджы сомбоны цæрджыты дæр, ууыл. Уым бадгæйæ, рахаста уынаффæ æмæ ныздæхтис хъæумæ.

Петр Алексеевичæй а зæххыл ингæн дæр нал баззад. Кæмæй ма райстаид йæ маст Дзантемыр? «Ахуыргæндтæм, æвæццæгæн, ахæм фæлитой митæ æгад истæуыл нымад не сты! Иу лæджы хæдзары цæргæ кæн, иннæйы та уарзгæ! Дыууæйыл дæр æмрæстæг цинтæ кæн, рæвдау сæ!» – ахъуыды кодта лæг æмæ сæхимæ æрбалæууыд. Бахоста кæрты дуар. Дзурæгмæ сæргуыбырæй рацыд Залихан. Йæ уæлæ – сау къаба, къæхтыл – ног туфлитæ.

«Ацæттæ фæндагмæ! Ахæм цæстфæлдахæг никуы фесæфдзæн!» – ахъуыды кодта Дзантемыр æмæ уæлбæхæй сылгоймагыл ехсæй æрцыд.

– Ацы æгады хабар искæмæн загътай?! Дæу фæрсын?!

Залиханы дзыхæй иу уддзæф не ссыд. Лæууыд тарæрфыг æмæ сæргуыбырæй.

– Искæй хъустыл дæ ракæнд æрцыд, уый куы бамбарон, уæд дæ лыстæг скæрдæнтæ кæндзынæн! Нæ фехъуыстон-иу ма зæгъ. Дæ дзæгъæлзадимæ цæрдзыстут ацы кæрты. Хицау дæр уын ныронгау уыдзынæн мæхæдæг! Бамбæрстай мæ?! Дзантемыры фырты, зæгъ, хъомыл кæнын йæ фыды хæдзары. Нæй уый гæнæн, æмæ, мæ мыггаг тугкалæн хæстыты æмæ фæллойы быдырты рагфыдæлтæй абонмæ цы кады мæсыг самадтой Иры адæмы зæххыл, уый иу гадза йæ чъизи митæй сæгад кæна! Мæ уынаффæйæн мын аргъ не скодтай, дæ тарф фыны дæр исчи куы бамбара мæ фегады хабар, уый æрыхъуыстон, уæд дæ зæххы бынæй дæр скъахдзынæн! Мæхæдæг ацы æхсæв амардтæн, фæлæ уæлæуыл зындоны баззадтæн, цæмæй дæу хъахъхъæнон æмæ ма рох кæнай мæ абоны фæдзæхст! Фæлитой! – иу хатт ма йыл уæлбæхæй æруагъта ехс æмæ куырмæджы араст йæ гакъон-макъон фæндагыл.

* * *

Залихан дæр хъуыды кодта уыцы бон йæ рацарды ивгъуыд цаутыл. Арæхдæр уарзта амондджын бонты цаутæ æмæ дард лыгъдис йæ зæрдæйы рыст, йе стыр мастæй. О, фæлæ фыццаг рæстæг иудадзыг амондджын уыдысты лæгимæ. Ныр та рынчын йæхи цæттæ кодта фембæлдмæ. Нæ зыдта, Дзантемыр цы уынаффæ рахæсдзæнис, уый, тыхст йæ зæрдæ æмæ агуырдта йæ раздæры царды рухс нывтæ. Рухс хъуыдытæ та баст уыдысты æрмæст Дзентемыримæ рацарды азтимæ.

Андрей куыддæр къахыл ауад, афтæ фæрынчын фадынæгæй. Сывæллоны уыцы тыхстæй æрбаййæфта Дзантемыр.

– Дада! – бацин ыл кодта лæппу.

– Æз, мæ хъæбул зæххыл йæхи къæхтæй куыд цæуы, уый фенынмæ æрцыдтæн. Ды та дæхи хуыссæны уæлгоммæ ауагътай!..

– Мамæ! Мамæ! – цин кодта сывæллон æмæ амыдта йæ фыдмæ. Ома, дам, дада мæнмæ æрцыдис.

Залиханæн æхсызгон уыдис лæджы фæзынд. Фæныфсджындæр. Иунæгæй ахæм тыхст рынчынимæ куыд уыдаид, куыд æй бахъахъхъæдтаид тæссаг низæй? Дыууæйæ йæм хуыздæр зилдзысты, æмæ кæд тагъддæр адзæбæх уаид.

Искæмæн дæр сæ цот уæлдай кæм вæййынц, фæлæ æрæгмæ кæмæн фæзынынц, уыдон сыл тыхстдæр сты. Залиханыл та дæс æмæ ссæдз азæй фылдæр цыдис уыцы рæстæг, баныгæдта цалдæр ноггуырды, æмæ мæнæ кæдæй-уæдæй сæ хæдзары сывæллон фыццаг къахдзæфтæ акодта, фыццаг ныхæстæ загъта.

– Цоты ад, цоты цин чи нæ бамбара, уыцы сылгоймаг амондæй æнæ хай у, – загъта уыцы бон Залихан, Андрейы сынтæджы уæлхъус лæугæйæ.

– Никуы æнхъæл уыдтæн, искæй дæуæй фылдæр бауарздзынæн, арæхдæр æй мысдзынæн…

– Дзанте, кæй бауарзтай? – афарста йæ худæнбылæй ус, кæд æй бамбæрста, уæддæр.

– Хъыг дын ма уæд, Зали, фæлæ уæ дыууæйæ иуы æвзаргæ куы æрцæуид, уæд, чи зоны, мæ гыццыл хуры тыны сисин мæ хъæбысмæ, – бахудт лæг æмæ сывæллоны систа сынтæгæй. – Абон та кусарт кæнын, арвы зæдтæм нæ сыхæгтимæ скувдзыстæм, æмæ нын фæсурой нæ хъæбулы низ.

«Радзурон ын мæ сагъæс? Зæгъон ын æцæгдзинад? Нæ, уæд та бафхæрдта сывæллоны! Бакувæд уал! Мæнæ куы адзæбæх уа, уæд!» – цал æмæ цалæм хатт сфæнд кодта лæгæн æцæгдзинад радзурын Залихан. Фæлæ тынг тарст сывæллонæн æмæ йæ зæгъинаг фæстæдæрæй-фæстæдæрмæ æргъæвта.

Æртæ боны фæцис уыцы рагуалдзæг сæхимæ Дзантемыр. Æртæ боны сывæллоны сæ хъæбысты фæрадав-бадав кодтой, ахæм тыхст уыдис сæ уарзон хъæбул. Скуывтой йын уæдæ Хуыцаумæ дæр. Цыппæрæм райсом фæкъаддæр йæ тæвд, æмæ æртæйæ дæр бахъæлдзæг сты.

– Дада, дай-дай! – бадомдта Андрей: кæртмæ ацæуын йæ зæрды уыдис.

– Мæнæ агъуысты къуымты тезгъо кæн, Андрей, – дзуры йæм фыд. – Зали, ацæттæ мæ кæн фæндагмæ. Ацы гыццыл дæр æй бамбæрста, мæнæн ныр цæуын афон кæй у, уый. Ныр æм мæ зæрдæ нал æхсайдзæн.

«Ацы хатт дæр та йын ницы загътон. Æппынфæстаг, уый мæ тæппудæн æвдисæн у! Фыццаг бон ын æй зæгъын хъуыд – афтæ æнæзæрдæхудтдæр уыдаид. Ныр та куы фенхъæл уа, æз фæлитой ми бакодтон, зæгъгæ, бауарзын ын кодтон кæйдæр сывæллоны, стæй… Нæ, æз ныртæккæ сраст кæндзынæн мæ рæдыд! Тынг бирæ мæ куы уарзы»…

– Мæ фыдæлты зæххыл азгъордта Дзантемыры фырт Андрей! – загъта лæг, сывæллон сынтæджы цурæй дуармæ куыд бахæццæ æмæ фæстæмæ фыдмæ куыд фездæхт, уымæ худгæйæ кæсгæйæ.

Залихан бауад йæ лæгмæ. Тарстхуызæй йæм скаст.

– Дзанте, Андрей…

– Зали, мауал ын тæрс! – æрбахъæбыс æй кодта лæг. Уæдмæ сывæллон дæр фыды хъæбысы балæууыд æмæ йын йæ рустыл авæрдта йæ къухтæ.

– Дада!

– Дзанте, мæ сагъæс…

– Ферох кæн дæ иннæ сагъæстæ, Зали! Кæс-ма, куыд хъæлдзæг у Андрей. Ды та фыр тæссæй афæлурс дæ.

– Раст дæ! Ницы ис ахсджиагдæр сывæллоны æнæниздзинадæй, – Зали йæхæдæг дæр фæтарст йæ раздæры фæндæй, арынджы цурмæ бауад. – Ныртæккæ æртæ чъирийы цæттæ уыдзысты.

– Уый дын мæ зæрдæмæ цæуы.

Залихан та уыцы хатт дæр не схъæр кодта йæ сусæгдзинал лæгæн. «Зæгъ-ма ныр Дзантемырæн, йæхи удæй фылдæр цы сабийы бауарзта, уый йæ туг, йе стæг нæу, зæгъгæ! Нæ, тæригъæд у. Стæй куы аива Андрейыл йæ зæрдæ. Чи зоны, цытæ æмбæхст ис адæймаджы уды

кæцыдæр талынг къуымы? Уæд та сдызæрдыг кодта адæмы цæсты сывæллоны, уæд куыд ацæудзæн царды зын фæндæгтыл дарддæр Андрей? Нæ, æз уыцы уæз не 'руадздзынæн æнахъом сабийы уæхсчытыл дæр æмæ Дзантейыл дæр…»

– Дæумæ дзурын, Зали! – бацыд йæ размæ лæг.

– Цы?!– фæтарст ус.

– Исты дæ риссы, мыййаг? Мацы мæ басусæг кæн. Мæ зæрдæ дæм æхсайы, Зали. Дзырдтон дæм, байхъус-ма, Андрей куыд сыгъдæг сдзырдта, Дзыцца, зæгъгæ, æмæ мæ нæ фехъуыстай. Дзыцца дæ хондзæн амæй фæстæмæ. Æз æй мæхæдæг ацахуыр кодтон, Зали!

– Дзыцца! – фæзмыдта та йæ сывæллон…

– Æз сымахимæ разы дæн, – бахудт сæм Залихан.

* * *

Раст зæгъын хъæуы, Залихан ма сæ ахылы фæстæ иу хатт йæхи рарæвдз кодта æмæ ацыд хæхбæстæм. Батæригъæд кодта лæгæн.

Дзантемыр куыддæр дардæй йæ усы ауыдта, афтæ йе 'мбалмæ фæдзырдта:

– Лæппу, тагъд мæ фыстæй иу уæрдоны баппар! Мæрдырох мыл куыд бахæцыд! Сывæллонæн кусарт снывонд кодтон æмæ мæ йæ ныллæсын ферох.

Тызмæг уыд Дзантемыры хъæлæс, стæй йæм Залихан куы 'рбахæстæг ис, уæд æй иннæ фыййæуттæй куыд ничи фехъуса, афтæ сабыр хъæлæсæй загъта:

– Мæ фæдыл зилынвæнд кæд скодтай, уæд фæрæдыдтæ! Куыд никуыуал дæ фенон, афтæ бакæн! Бамбæрстай мæ ныр?! Ме 'нæуынон дæ, уый нæ бамбæрстай?! Фесæф ныртæккæ мæ цурæй! Ма сыгом кæн дæ дзых, кæннод дæ мæнæ мæ ехсæй…

– Дзанте, курын дæ, байхъус…

– Дæ хъæлæс дæр æмæ мын дæ фырт дæр æнæуынон стут! Лæппу! – ахъæр кодта Дзантемыр æрыгон фыййаумæ. – Æххæст сылгоймаджы нæхимæ ныххæццæ кæн. Тагъд кæны! – стæй цæхгæр фæзылдис æмæ ацыд мусонгмæ.

Залихан ма уæддæр йæ зæрдæ дардта йемæ аныхасыл, йæ маст ын фæкъаддæр кæныныл, иумæ куынæ бацæрой, уæддæр лæг хъуамæ базыдтаид рæстдзинад. Фæлæ лæг иу мæйы дæргъы хъæуы

фаллагфарс хæдзар алхæдта æмæ Анычкæйы ракуырдта. Абадгæ чызгæн дæр йæ фыд фыййау уыдис, æмæ сæм къæбæргæнæгæй куыста цалдæр азы. Дисгæнæгтæн та Дзантемыр дзуапп лæвæрдта, уый бирæ цот кæй хъæуы æмæ йæ раздæры бинойнагимæ уымæн кæй рахицæн.

Залихан уыцы бонты тынг фæтарст сывæллонæн. Дзантемыр йа маст Андрейæ куы иса, мыййаг, уæд дард искæдæм фæлидздзæн Ирыстонæй æмæ дзы бахъахъхъæндзæнис сабийы.

Дзантемыр дæр уæдæ дæргъвæтин рæстæг нал цыдис йæ раздæры хæдзармæ, фæлæ адæмæй исчи куы фæгуырысхо уа, Андрей йæхи хъæбул нæу, ууыл, зæгъгæ, ахъуыды кодта æмæ иу фæззыгон бон кæйдæр гыццыл чызджы нырвыста, лæппумæ мын бадзур, зæгъгæ. Тынг мысыд сывæллоны.

– Дада! Мæхи дада! – базыдта йæ сывæллон, разгъордта, фæкалд, фæгæпп кодта, æмæ «дада, дада» хъæргæнгæйæ, схæццæ йæ фыдмæ.

– Дада, кæм уыдтæ? Рынчын уыдтæ? – афарста йæ сывæллон.

– О.

– Цом Дзыццамæ! – загъта æмæ йæм сивæзта йæ цæнгтæ.

«Æз уыцы æнаккаджы тыххæй ныр сывæллонимæ уынджы æмбæлон? Сывæллон æнаххос зæдау фæзындис мæ царды æмæ мæм ныр ивазы йæ цæнгтæ цингæнгæйæ. Мæныл куы цин кæны», – ахъуыды кодта Дзантемыр, фелвæста йæ, ныхъхъæбыс кодтой кæрæдзийæн æмæ цæмæндæр скуыдтой: мысыдысты кæрæдзийы дæргъвæтин рæстæг.

– Дада, æз дæм æнхъæлмæ кастæн. Къуыбырмæ цыдтæн æмæ фæндагмæ кастæн. Рынчын уыдтæ? – бафарста та йæ сывæллон, гыццыл куы фæсабыр ис, уæд.

– Тынг рынчын.

– Дзыцца дæр тынг рынчын у. Риссы йæ сæр…

Дзантемыр æрхæцыд сывæллоны къухыл æмæ ныццыд йæ кæртмæ. Залихан кæрты дуармæ лæууыд æмæ каст сывæллонмæ. Куыддæр бамбæрстаид, лæг æй æфхæры, уый, уæд æм азгъордтаид. О, фæлæ Дзантемыры хæдзармæ цæугæ куы федта, уæд кæртмæ бацыд.

Лæг дæрддзæф æрлæууыд æмæ йæм дзуры:

– Лæппуимæ ацы хæдзары æмбæлдзыстæм. Хъуамæ мачи фенхъæла Дзантемыр йæ фырты нæ хæссы, зæгъгæ. Иннæ сывæллæтты æмхуызон дарæс кæн Андрейыл! Æлдары фырт нæу! Дари хæдон дæхæдæг дар, æмæ

ма кæд искæй зæрдæмæ фæцæуис! – загъта йын схуыстæй Дзантемыр æмæ ацыд йæ ног хæдзармæ.

Дзантемыр уыцы бон бамбæрста, куыд зынаргъ у йæ зæрдæйæн саби. Уæдæй фæстæмæ никуыуал ацыд йæ дыккаг хæдзармæ, сывæллоны æнæ фенгæ. Æрмæст, раздæр куыд æнхъæл уыд, адæмы цæстмæ йæ бæрæг кæндзынæн, зæгъгæ, афтæ нæ рауад. Амонды рухс ын хаста Андрейы уынд. Лæппу йыл-иу афтæ ныццин кодта, афтæ æхсызгон ын-иу уыдис фыды фенд, æмæ фæлыгъд лæджы зæрдæйæ æнæуынондзинад…

Бирæ азтæ рацыд уыцы бонтыл, фæлæ Залихан æмæ Дзантемыр нал балымæн сты. Хæсты рæстæг ма Залиханы хæдзары æрцардысты, Анычкæйæ чи райгуырд Дзантемырæн, уыцы дыууæ сидзæр лæппуйы дæр. Бирæ фæллойæ искæмæн бахай кæнын æнцон у, фæлæ ма дæ чысыл къæбæр скъуын алы бон дæхи хъæбулы хъуырæй! Адæм æнхъæлдтой, ус Дзантемыры цæстмæ афтæ зæрдиагæй рæвдауы сывæллæтты, зæгъгæ. Нæ, Залихан тынг амондджын схуыдта йæхи, хæдзары уал сывæллоны базмæлгæ куы уыдта, уæд…

Дзантемыр Залиханы зонд æмæ хъаруйæн бирæ азты дæргъы стыр аргъ кæнын райдыдта. Фæзминаг се ʻмгæрттæн æртæ лæппуйы дæр. Андрей æмæ Зауырбегæй сæрыстыр уыдысты æрмæст Залихан æмæ Дзантемыр нæ, фæлæ ма мыггаг дæр. Ахуыры рæстæг дыууæ хистæры хастой сæ фыдмæ кады гæххæттытæ. Зауырбег æрыгонæй ссис зындгонд дохтыр, Андрей сæхи колхозы акуыста агрономæй, стæй та сæрдарæй. Цалдæр хатты йæм фæсидтысты министрадмæ, фæлæ цæмæндæр не сразы йæ куыст аивыныл. Солтанбегæй дæр æгад лæг ничи загътаид, фæлæ йæ бинойнагæй амонд нæ фæцис, æмæ æбæркад, æнæфснайд уыд кæддæриддæр сæ хæдзар, æнæзылд йæ цот дæр…

Дзантемыр зæронды бон бамбæрста, æрмæст йæхи нæ, фæлæ Залиханы зонд æмæ фæллойы фæрцы, афтæ кæмæ тындзыдта, уыцы кады мæсыг амад æрцыд. Ныр дзы дыууæ тугкалæн хæсты æмæ фæллойы хъайтар Дзантемыр кадджын хистæрæй æрбады се стыр зæронд фынджы сæргъы æмæ йæ кæстæртæй рухс кæны йæ зæрдæ.

Уыцы фæззыгон бон, машинæйы Андрейы фарсмæ бадгæйæ, ссардта йæ рацарды иу зæрдæхалæн хъуыды: «Æндæры бауарзта, мемæ та цæргæйæ баззад, æмæ мæ хатыр курдзæн! Нæ, Зали, æз нæ фехъусдзынæн гадзрахатæй мыл куыд рацыдтæ, уыцы хабар! Баддзынæн дæ уæлхъус,

цæмæй худинаджы хъуыддаг мачи фехъуса мæ цотæй дæр дæ амæлыны сахатмæ!» – бакаст Андреймæ æмæ æрцыдис иу хатдзæгмæ: «Дæ фыд рухсаг уæд. Сæрыстыр дæ уыдаид уыцы къæрных!» – ахъуыды ма кодта тарæрфыгæй лæг.

* * *

Æрсабыр бæстæ, æмæ Залихан, йæ дæргъвæтин царды фæндæгтыл цы хæзнатæ æмæ марджы гагатæ ссардта, уыдоны æвджид баззад. Ус æрлæууыд йæ царды фæндаджы кæрон. Йæ рахиз фарс стырдæр хæзнатимæ уыдысты, Дзæнтемыримæ цы азтæ рацардис, уыдон. Сæ сызгъæрин æфсиртыл хуры тынтæ хъазыдысты: æнæкæрон уарзтæй куы уарзтой сæ кæрæдзи. Фæстæдæр ма йæ циныл бафтыдысты се 'ртæ фырты, мады сомыгæнæн Андрей сæ сæргъы, афæтæй. Лæппуты уындæй сылгоймаджы зæрдæ цин кодта, æмæ дзы дардмæ лыгъдысты йæ маст хъуыдытæ. Йæ ахуыргæнинæгтæй дæр бирæтæй сæрыстыр уыдис Залихан.

Йæ галиуварс лæууыд стыр сау æндæрг æмæ йæ уазал комулæфтæй рынчыны буар барызт. Ус ахгæдта йæ цæстытæ, афынæй та.

– Абон мæм дæ чъылдым нал раздахдзынæ, Залихан! Æз, ды Дзантемыримæ цы бон фæхыл стут, уый æвдисæн дæн. Хиуарзон æмæ æнæхатыр разындтæ, уыййеддæмæ уал æмæ уал азы фæстæ та ныр нæ лæууин дæ уæлхъус, – дзуры йæм фæсус хъæлæсæй æндæрг.

– Лæг чи амары, уымæн дæр ма фæстаг ныхасы бар куы раттынц! Дзанте та мын уыцы аргъ дæр не скодта! Хорз лæг йæ куыдзы дæр ехсæй нæ фæнæмдзæн. Æз та йæ бинойнаг куы уыдтæн, – не сразы йе 'фхæрæджы хъуыдытимæ Залихан.

– Хатыр курдзынæ дæ лæгæй? Æви йын æфхæрæн ныхæсты кæфой æрцæттæ кодтай? Æз ын уал азы дæргъы дзурын йæ хъусы, дæ ус дыл гадзрахатæй рацыд, зæгъгæ.

– Тынг дзы тæрсын ныр дæр ма, бауæнд мыл. Тызмæг æмæ æгъатыр у рагæй дæр Дзантемыр, æмæ тарстæн, йæ масты уаргъ Андрейыл куы æрцæуа, уымæй! Тæрсын дзы мæнæ ныр дæр, фæлæ зæрдиаг уарзт кæнынц кæрæдзи, æмæ мæ зæрдæ дарын… Иблисы байзæддаг! Ды никæй уарзыс. Æз Дзантейæ иунæг рæвдауæн ныхас куы фехъусон, куы мæм бахудид, куы фехъуса мæ курдиат, уæд æрбайрох кæндзынæн мæ мæстытæ, семæ ма дæу дæр! Æз дæ цæргæцæрæнбон мæхицæй дард сырдтон, уымæн æмæ сыгъдис мæ зæрдæйы уарзондзинады рухс...

Дуары гуыпп фæцыд уыцы рæстæг, æмæ рынчынæн фескъуыд йæ хъуыдыты хал, байгом кодта йæ цæстытæ.

– Мæхæдæг та мæхицæн ныхæстæ кодтон, чындз, – загъта æрбацæуæгæн ус.

– Дзыцца, абонсарæй æххормаг дæ, – загъта Зауырбеджы бинойнаг Зариффæ æмæ æрбадт æфсины цур бандоныл. Хæринæгтæ æрæвæрдта гыццыл стъолыл. Æфсин куы æррынчын, уæд Зауырбег йе 'ртæ сывæллоны æмæ сæ мадимæ хъæуæй цыдысты кусынмæ дæр. Сывæллæтты кæстæр Сæрмæт скъоламæ нæма цыд æмæ цард хъæуы йæ Дзыццаимæ цалдæр азы.

–Дзыцца, мамæйы нæ уагътон дæ уатмæ, фæлæ, дам, хæринаг хæссын æрмæст! Йæхæдæг сбадтис! – алæууыд дуаргæрон лæппу.

– Фæлтау иннæтимæ дæхи найынмæ куы ацыдаис, уæд хуыздæр уыдаид, – дзуры йæм мад.

– Æз Дзыццайы хъахъхъæнын!

– Мæхæдæг æй нæ ауагътон, чындз. Дысон йæхи уарынмæ ныххуылыдз кодта, æмæ, куы суазал уа доны был, уымæй йын тæрсын, стæй мæ, зæгъын, абон куыд ничи бахъыгдара, афтæ бакæн, æмæ афынæй кæнон, – рахæцыд лæппуйы фарс Залихан.

– Дзыцца, рæвдз ахæр æмæ та дæ фæллад уадз. Æз дæм никæйуал æрбауадздзынæн. Кæрчыты дæр уынгмæ атардтон. Уыцы сырх уасæг æппынæдзух æнæхъуаджы уаст кæны! Барбосы та цæхæрадоны бæласыл бабастон! – æппæлыд йæхицæй сывæллон.

– Стыр бузныг дæ дæн, мæ къона! Уæлдай сабыр у абон нæ кæрт, æмæ гыццыл афынæй кодтон, – загъта йын рынчын.

– Мæ чысыл къона, цу, стъолыл дын дзыккайы къус, æмæ бахæр. Ды куыстыл хæст дæ æмæ хъуамæ æфсæст уай, – загъта йын йæ мад, æмæ лæппу ацыд.

Залихан анызта туаг æхсырæй, цалдæр уидыджы систа дзыккайæ дæр. Ус Зауырбегæн бафæдзæхста, кусарт акæн дæ фыды 'рцыдмæ, зæгъгæ, æмæ ныр дымгæ гыццыл цæхæрадонæй хаста физонджыты тæф.

– Уæ хыссæ срæвдз? Бинонтæ тагъд æрбамбырд уыдзысты, – бамбарын кодта Зариффæйæн æфсин.

– Дзыцца, тынг архайæм нæ дыууæ дæр. Катя кæны хыссæйы куыст, æмæ ныртæккæ райдайдзыстæм чъиритæ фыцын. Иннæтæ нын цæттæ сты. Ды иунæгæй утæппæт бинонтыл куыд æххæсыдтæ, Дзыцца? Ноджы

ма-иу сывæллæттæй иуы дæр рæвдауæндонмæ нæ акодтам гыццылæй! – худгæйæ дзырдта чындз.

Залихан æм худæнбылæй хъуыста, стæй йæ афарста:

– Сывæллæттæн фехъусын кодтат, абон сæ дада кæй æрцæудзæн, уый?

– Тагъд сæ ардæм хъæуы скъоладзауæй, студентæй. Уыдон сæ дадаимæ фембæлдтæ стыр бæрæгбоныл куы нымайынц. Зауырбег æй хъуамæ мауал ауадза йæ куыстмæ. Рынчындоны, дам, нæ, фæлæ йæ мæнæ йæ хæдзары дзæбæх кæндзæн йæхæдæг, стæй йæ санаторимæ арвитдзыстæм. Йæ низ ыл бынтон стых ис…

– Бафæллад, мæгуырæг, – фæтæригъæд ын кодта Залихан.

Зариффæ кæмæдæр фæдзырдта гом рудзынгæй, æмæ уатмæ, йæ хæдоны цæнгтæ хæрдмæ тылд, афтæмæй æрбацыд Зауырбег. Рынчын æм дæргъвæтин рæстæг æнæдзургæйæ каст. Æрыгонæй уыдис Дзантемыры æнгæс.

– Дæ фыдæн дæ кары сау рихитæ уыдис, æндæр тынг дæ йе 'нгæс, – загъта ус.

–Ислам дæр афтæ фæзæгъы, стæй кæддæриддæр бафтауы: «æрмæст ды ахæм фыдзонд ма у», зæгъгæ,– Зауырбег афæзмыдта фыдыфсымæры.

– Дзыццайы ма уæртæ диваныл æрхуыссын кæн, æз ын йæ хуыссæндарæс аивон, – загъта йын Зариффæ.

– Хæрз æрæджы сæ куы аивтат, – бадис кодта рынчын.

– Мæнæ сыл Таму йæ къухты фæдтæ ныууагъта, стæй де 'ртæ чындзыл ауæрдыс? Уадз æмæ дæ дада аив дарæсы æрбаййафа.

Уатмæ бацыдис Солтанбег, систа йæ хъæбысмæ Залиханы æмæ йæ кæртмæ ахаста.

– Хурмæ абад, Дзыцца. Хъуыды ма кæныс, мæ астæуыстæг куы ныццавтон, уыцы сæрд?

– Куыннæ, Солтанбег. Тынг дын фæтарстæн, раст зæгъын хъæуы. Дохтыртæ сæхæдæг дæр бæлвырд нæ зыдтой, слæудзынæ ма дæ къæхтыл искуы æви нæ, уый. Æз æууæндыдтæн, куывтон Хуыцаумæ, табу Йæхицæн, адзæбæх дæ.

– Хурмæ мæ-иу кæй рахæссын кодтай, уый цинæй адзæбæх дæн, æвæццæгæн. Дыууæ мæйы палатæйы къуымæй сæрдыгон хурмæ куы райдыдтон цæуын, уæд-иу барухс мæ зæрдæ.

Залихан къæлæтджын бандоны абадтис цыбыр рæстæг æмæ батыхст: нал уыд йæ хъару бадын. Зариффæ рудзынгæй радзырдта, йæ

хуыссæн цæттæ у, зæгъгæ, æмæ лæппу рынчыны йæ сынтæджы арæхсгæ æрæвæрдта. Чындз ма йыл ног батист хæдон акодта, стæй, æрæджы кæй балхæдта, уыцы кофтæ дæр.

– Уæ дæ цæрæнбон бирæ æрбауа! Ныр цу æмæ Катямæ фæкæс…

* * *

Залиханы зæрдыл æрбалæууыд, Дзантемыримæ цы сæрдыгон бон базонгæ, уый. Уæд сæ цыппар æрыгон чызгæй рвыстой Рахизфарсы районмæ ахуыргæнджытæй. Бацин сыл кодта районы ахуыры хайады сæргълæууæг, æркæстытæ сын кодта сæ гæххæттытæм:

– Залихан уæ кæцы у?

Чызг фестад бандонæй.

– Сбад. Иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ ахуыр чи фæуы, уыдонæй махмæ ничи æрхауы, – бахудт æм лæг æмæ тилифонæй адзырдта хъæуты хицæуттæм. Фæзындысты сæ ахуыргæнджытæм æртæ хъæуæй.

«Мæнмæ дзы ничи фæзынд æрмæст», – ахъуыды кодта чызг, иунæгæй куы баззад, уæд. Тынг æй фæндыд, цæмæй фæцæуа скъолайы иннæ ахуыргæнджыты зæрдæмæ. Скодта йæ уæлæ аив дарæс. Раст ма йæ сау пух дзыккутæ дæр йæ сæрыл стыхта æмæ сыл сырх хъæдабæйæ конд дидинджыты пуцал æрсагъта. Йæ тæнæг дари къабайыл дæр уæдæ уыцы дидинджытæй иу пуцал ауыгъд. Йæ къухы – зæронд зонт. Чызджы урсцъар цæсгомыл дзæбæх фидыдтой худæндзаст сау цæстытæ. Мæнæ-мæнæ рæсугъд зæгъæн нæ уыд Залиханæй, фæлæ уæддæр ахæм чызджы фæстæ æнæ дыккаг каст фæкæнгæ нæ баззадаид иу лæппу дæр.

Уалынджы Дзантемыр фæзынд йæ сау зæронд бæхыл.

«Иннæтæм бричкæты æрбацыдысты, амæ та адæмымыггаг бæх дæр нæ разынд!» – ахъуыды кодта чызг, æрбацæуæджы галифейы æмпъызт уæрджытæм бакæсгæйæ.

– Чызг дæумæ æнхъæлмæ кæсы, – райста уазæджы къух фысым.

– Чызг-ахуыргæнæг?! – алхынцъ кодта йæ фætæн æрфгуытæ уазæг æмæ былысчъилæй бакаст Залиханмæ.

– Дзантемыр! Цыппар дæр чызджытæ уыдысты. Сæ хуыздæры дын куы равзæрстон.

– Мах ахуыргæнæг хъæуы, Мæхæмæт! Нæ чысыл сабитæ иу писыры æвджид сты. Ныр та сæм мæнæ ацы уæларвон зæд æртæхдзæн?!

– Мæ амал куыд уа, афтæ дын æххуыс кæндзынæн, Дзантемыр,

ныр та мæ хъаст ма ахæсс. Залихан йæ ном. Стыр ахуыргонд кадджын лæджы чызг…

– Хъæздгуытæй?!

– Дзантемыр, мæгуыртæм нæма ис, ахуыргæнджытæй чи куса, ахæм чызджытæ. Уый бамбар.

Лæппу фелвæста Залиханы чумæдан æмæ дуарæдде фæцис.

Залихан барæджы фæдыл згъорæгау кодта, афтæмæй ахæццæ сты, дыууæ хъæуы астæу цы хурсыгъд быдыр уыдис, уырдæм. Чызг арæхсгæ бæргæ цыд, фæлæ йæ урс туфлитæ рыгæй нал зындысты. Быдырæн йæ бæрæгастæумæ куы ныххæццæ сты, уæд Дзантемыр бæх æрурæдта æмæ къахвæндагыл цæхгæрмæ æрлæууыд. Залихан дæр йæ цыд фæсабыр кодта, стæй дæрддзæф лæууыд. Чызг куыд бамбæрста, афтæмæй йын Дзантемыры тызмæг цæстæнгас сабыр ныхæстæй зæрдæ не ‘вæрдта æмæ, йæ къухы цы зонт дардта, уый йæ фæстæ амбæхста.

– Дæ къухы цы хъазæн ис, уый абонæй фæстæмæ дард бамбæхс!

– Мæ бартæ мæхи нал сты абонæй фæстæмæ? – бафарста йæ чызг.

– Уæ бартæ уын райстам, уый нæма бамбæрстат?! Ничи йæм кæсы! Ма бауадз нæ хъæуы фæсивæды сæ тыхтухи цард ферох кæнын. Пæрпæргæнгæ дари къабайы æрлæуу бæгънæг-бæгъæввад сывæллæтты раз! Уайтагъд дæ базондзысты нæ хъæуы адæм. Дæу хуызæн хъалтæ цыдысты нæ уынгты зонтытимæ.

Залиханы цæсгом ныссырх фыр æфсæрмæй. Лæппуйы цыма йæ фæлыстæй сайгæ акодта, афтæ йæм фæкаст. Йæ цъæхбын дари къаба æмæ урс туфлитæ, цалдæр азы тыхкуыст кæмæ фæкодта, уыцы хæстæджыты лæвар уыдысты. Куысты мыздæн ын радтой зæронд зонт дæр уæдæ.

– Дæ зæрдыл бадар æрмæст: кæнæ немæ æмцард, æмкуыст кæндзынæ, кæнæ дæ фæстæмæ афæндараст кæндзыстæм. Цæрæнбонты сæ туг кæмæн фæцъырдтат, уыдоны цот сты дæ ахуыргæнинæгтæ. Сæ иу дæр дæуæй æгуыдзæгдæр нæу. Дæу ахуыр куы кодтой, стæй хурæй дæ урс цæсгом куы хъахъхъæдтай, уæд нæ хъæуы чызджытæ та ног цардыл тох кодтой тыгъд быдырты сæрдæй, зымæгæй. Рацарæзта мын йæхи! Тæккæ райсом бамбæхс дæ зонт дæр æмæ дæ даритæ дæр мæнæ дæ чумæданы. Æндæр гæнæн уын нал ис, æмæ ныр мах цоты ахуыр кæндзыстут, – загъта ма лæппу æмæ ацыд йæ фæндагыл.

Залиханмæ диссаг нæ фæкастысты лæппуйы ныхæстæ. Йæхицæн дæр æнæуынон уыдысты, Дзантемыр хъалтæ кæй хуыдта, уыдон. Йæ

гыццылæй стырмæ тыхкуыст кæй фæкодта гуыбыныдзагыл, уымæй афтæ не стыхстаид, чи зоны. Залиханæн зын уыдис, æппынæдзух æй æгады бынаты кæй æвæрдтой, адæймагыл æй кæй нæ нымадтой, уый. Æнæ ныййарджытæй куы баззадысты йе 'фсымæримæ, уæд цалдæр азы цардысты сæ фыдыфсымæры хæдзары. Йæ усы зæрдæмæ исты куы нæ фæцæуа, уæд Залиханы уадулæн – дзæхст. Сæ чызг куы æрбамæсты уа, уæд та Залиханæн бирæ æфхæрæн ныхæстæ: «Куыдзы къæбылаты мард сыдæй ныккодтаиккат де 'фсымæримæ, мах уын куынæ уыдаиккам, уæд! Ноджы ма йыл хъæртæ дæр ма кæн! Бузныг нын нæ зæгъдзæн! Зон дæ куыдзы бынат æмæ нын нæ уазджытæм дæхи ма æвдис!..»

«Æнаккаг сæ митæ, чъизи сæ цæсгæмттæ, афтæмæй сæхи уæздæттыл нымадтой», – ахъуыды кодта чызг æмæ фæлмæн йæ мидбылты бахудт, Дзантемыры фæсонтæм скæсгæйæ.

Залиханæн йæ гуцъа дзаг уыд уыцы хъалты æфхæрæн митæй, фæлæ никуы фыдыфсымæры бинонтæй искæмæ фæстæмæ сдзырдта, никуы æгоммæгæс ми бакодта. Йæ кæстæр æфсымæр Астемыр та хæстæджыты сæнты дуканийы куыста. Сæ мад æй, мæрдтæм цæугæйæ, Залиханыл фæдзæхста: «Æнцон дын нæ уыдзæн, фæлæ цыфæнды зынтæн дæр фæраз æмæ хъахъхъæн де 'фсымæры. Араз æй раст фæндагыл». Æмæ чызг фæрæзта зынтæн, амардис цыдæр низæй йе фсымæр æмæ бынтон иунæгæй баззадис.. . .

Дзантемыр та йæ бæх хъæугæрон фæурæдта, раздæхт Залиханмæ:

– Ацæрдзынæ уал мæ фыдыхомæ. Сымах ын амардтат йæ лæг æмæ йæ дыууæ фырты. Байхъус ын ныр йæ хъарджытæм æмæ кæд бамбарис, цы у адæймаджы царды зынаргъдæр: хъæбул æви исбон. Уæдмæ дын хуыздæр бынат ссардзыстæм.

«Йæ фыдыхо дæр кæд ахæм фыдзонд у, уæд кæрæдзи никуы бамбардзыстæм!» – бакатай кодта Залихан.

Самандурæй амад, бирæ рæстæг æнæзылд, æнæчъырæйцагъд чи баййæфта, ахæм бæстыхæйттæ уыдис саударæг ус Гонайæн.

– Дзантемыр, мæ цæсты рухс! – бацин ыл кодта зæронд ус. Уазæгæн та йæ къух райста. – Кæй чызг дæ, мæ къона?

– Мырзаты Изæтбеджы чызг. Мæ ном Залихан.

– Ацы чызджы нæм ахуыргæнæгæй æрæрвыстой, нана! Цалынмæ йын хуыздæр бынат ссарæм, уæдмæ дæумæ куы ацæрид. Цы зæгъыс?

– Нæ зонын, Дзантемыр, – бакатай кодта ус æмæ бакаст чызгмæ.

– Нана, йæ уындмæ йын ма кæс. Фæндагыл ын дæ царды хабæрттæ

фæкодтон, æмæ мын йæ дзуæппытæй мæ зæрдæ тынг барухс кодта. Уыцы цардæфхæрд ус, дам, цæмæй цæры, уый мæнæн дæр æгъгъæд. Афтæ нæ баныхас кодтам, Залихан? – афарста Дзантемыр чызджы æмæ та фæзылд Гонамæ. – Диссаджы уæздан чызг разынд. Ахуыргонд, уындæй дæр ын ницы у.

– Куынæ мыл барвæсса, уымæй тæрсын, Дзанте, – батыхст ус.

– Дæхæдæг ын-иу истытæ ацамон. Горæтаг чызг кæрдзынæн бал бæласыл зайын æнхъæл куы уа, мыййаг, – загъта ма лæппу æмæ дуары ‘рдæм фæзылд.

– Кæдæм? Дæ дзыхы исты акæн! Хъæбынтæ куы скодтон де ‘рбацыдмæ.

– Нæ мæ ‘вдæлы, нана. Абонæй фæстæмæ мæхи хæдзары кæндзынæн æхсæвиуат дæр. Ныр иунæг нал уыдзынæ, – загъта æмæ ацыд.

– Мæгуырæг, æппындæр йæхи хуызæн нал у. Адæм зын домæн сты, – батæригъæд ын кодта ус.

Уазæг æмæ фысым бирæ рæстæг фæбадтысты сарайы. Гона йын дзырдта йæ царды хабæрттæ, цыма дзы хатыртæ куырдта йæ æгуыдзæг цæрæнбынæтты уавæрæй.

– Ма ку, нана, – æрбахъæбыс æй кодта чызг. – Цы ‘рцыд, уымæн ма нæ бон цы бауыдзæн, нæ кæстæртæ махæй амондджындæр рауайæнт…

Къуырийы бонмæ зæронд Гонайы хæдзар цæхæртæ скалдта. Залихан чъырæй рацагъта, байсæрста æлыгæй зæхбынтæ, ныхсадта гæрстæ æмæ бафснайдта æппæт къуымтæ дæр.

– Уæ мæ зæронд уд дæ фæхъхъау фæуа, уæ дæ рынтæ бахæрон! – куы кæугæйæ, куы мидбылты худгæйæ, Гона арфæтæ кодта.

Фæлмæн, рæвдауæн ныхæстыл йæ чысылæй фæстæмæ чи нæ сахуыр, уый йын аргъ кæнын хуыздæр зоны. Уæдæ Гонайы кæрты фæзынд, йæ рыст зæрдæ кæмæй рухс кодта, ахæм адæймаг, æмæ ус йæхиуыл фæхæцыд. Нал хъуысти изæрыгæтты йæ кæртæй зæрдæхалæн хъарæг, нал æй æвдæлд бон-изæрмæ уæлмæрдты æртæ цыртыл зилынмæ дæр.

– Мæ чызг ныртæккæ йæ куыстæй æрбацæудзæн, æмæ йын хæринаг ацæттæ кæнон, – арæх хъуыстой усæй сыхæгтæ æмæ цин кодтой.

Иу къæвда бон сæм Дзантемыр фæзынд. Æнæдзургæйæ æрзылд уæттыл, чызгмæ мидбылты бахудт. Цыма йын арфæ ракодта йæ фæллæйттæн, афтæ фæкаст Залиханмæ.

– Дзанте, фехъуыстон, нæ цæуы дæ зæрдæмæ дæ куыст? Уый æцæг у? – афарста йæ ус. – Ислам мын дзырдта тынг мæтæйдзагæй.

– Æцæг, – цыбыр дзуапп ын радта лæппу.

– Уæууа! Кæдæй-уæдæй нæ иу адæймаг хицауы бынат æрцахста…

– Нана, нæ фæразын хъæуы цæрын. Тыхсын мæхицæй дæр æмæ адæмы æдылы митæй дæр. Лæг хъуамæ, цы куыст хуыздæр зоны, уым æвзара йæ тых! Ууыл ма мах аныхас кæндзыстæм. Æз дæуæн зæрдæ бавæрдтон, уæртæ уыцы чызгæн æндæр бынат ссардзынæн, зæгъгæ, æмæ уымæн æрбауадтæн.

– М‘ арт бауазал! Йæхи бафæндыд æндæр искæмæ ацæуын цæрынмæ?

– Нæ, нана, мæн никæдæм фæнды. Кæд мæ дæхæдæг нæ тыхсыс, уæд, – дзуапмæ фæрæвдз Залихан йæхæдæг.

– Уæ, дæ рынтæ бахæрон. Мауал мæ ныууадз иунæгæй, – скуыдта ус.

Дзантемыр чызджы ‘рдæм кæсгæ дæр нал фæкодта, афтæмæй араст дуармæ.

– Фыййау та ма ацу? – адзырдта йæ фæдыл Гона.

– Мæйы кæрон! Ам нæ фæразын. Хæхтæ, быдыртæ сты мæ зæрдæмæ хæстæг… Мæ куысты фæллой дæм хæццæ кæндзынæн, тагъд дыл сугты уæрдæттæ æмбæлдзысты æмæ се ‘рсæттынмæ æз мæхæдæг дæр зындзынæн.

– Ахъуыды-ма кæн дæ уынаффæйыл, Дзанте. Кæд дарддæр сахуыр кæнис æмæ…

– Æмæ мæ скъолайы директор кæд рауаид, зæгъгæ, зæгъынмæ хъавыс? Нæ, нана, æз фыййау дæн! Фыййау!

– Дæ фыд дæ фыдзонд дæр дзæгъæлы нæ хуыдта, – мидбылты худгæйæ йын загъта ус.

– Йæхи халдих дæр ма мæ хуыдта.

Лæппу ацыд.

– Дæ зæрдæ йыл ма фæхудæд, Залихан, – загъта чызгæн Гона. – Йæ фыд дæр фыййау уыдис, æмæ, лæппутыл æвдгай азтæ куы сæххæст, уæд амард сæ мад. Сывæллæттæ скъолайы куы ахуыр кодтой, уæд махмæ цардысты, фæлæ, цыппар къласы куы фесты, уæдæй фæстæмæ сæ фыдимæ хъомыл кодтой хæхбæсты. Йæ хистæр æфсымæр Ислам ныр сæ ныййарджыты хæдзары цæры æд бинонтæ æмæ колхозы кусы йæхицæн. Дзантемыр æрæджы райдыдта хъæуыхицауæй кусын, балхæдта йæхицæн цæрæнбынат, фæлæ ус курынмæ нæ тагъд кæны…

Залиханæн æхсызгон уыд хабар. Тынг фæцыд йæ зæрдæмæ лæппу. «Бахудт мæм йæ мидбылты. Зæрдæмæдзæугæ – йæ бакаст, йæхæдæг та, дам, тызмæг æмæ фыдзонд» – ахъуыды кодта чызг.

Дыууæ азы цардис Залихан Гонамæ. Дзантемыр сæм арæх нæ цыд, фæлæ сæ ницы хъуаг уагъта æппындæр. Сугтæ искæимæ æрæрвыстаид, фæлæ сæм сæттынмæ цыд йæхæдæг, æрхæццæ кодтаид цыхтæй, царвæй æппæтдæр æмæ иуахæмы бафарста:

– Чызг дæ нæ тыхсын кæны?

– Цытæ дзурыс, Дзанте?..

– Фæрсын дæ, нана.

– Дæхиуыл цæстытæ нæй? Арвы зæдтæй иу куы у мæ чызг! Иунæг Хуыцауы лæвар. Зонды къуыбылой.

– Æз дæуæй куы уаин, уæд ын йæ къам къулыл сауындзин æмæ, куыстмæ куы ацæуы, уæд æм кæсин, – худгæйæ ма загъта Дзантемыр уыцы бон æмæ чызгмæ кæсгæ дæр нæ бакодта, афтæмæй ацыд кæртмæ, абадт йæ бæхыл æмæ феддæдуар.

Нал каст уæдæ тызмæгæй чызгмæ дæр, фæлæ не 'ргом кодта йæ уарзондзинад. Чызджы зæрдæ йæ æмбæрста æнæ дзургæйæ дæр. Хъæуы фæсивæд фæстаг рæстæг сæ минæвæрттæ æрвыстой, фæлæ сæ разыйы дзуапп никæмæн лæвæрдта. «Мæхи удæй фылдæр кæй бауарзтон, æрмæст уыимæ баиу кæндзынæн мæ цард», – скарста Залихан æмæ йæ бирæ рæстæг æнхъæлмæ кæсын нал бахъуыд.

Уыцы рæстæг адæм цыдæр хъæлдзæг уыдысты. Бынтон та сæрдыгон изæрты алы сыхæй дæр хъуысыд фæндыры цагъд, зарын. Хъазтмæ æмбырд кодтой æрмæст фæсивæд нæ, фæлæ ма ацæргæ адæм дæр – куысты фæстæ кафын æмæ зарынæй не 'фсæстысты.

Иу мæйрухс изæр та Гона ракодта Залиханы сæ сыхы хъазтмæ. Сыхбæстæ кæддæриддæр уæлдай цин кодтой сæ ахуыргæнæгыл. Сыстадысты йын уыцы изæр дæр сæ бынæттæй зæрондæй, ногæй. Гона сын арфæ ракодта æмæ хъуамæ сæхимæ ацыдаид: саударæг усæн йæ зæрдæ нæ иста циндзинад, фæлæ ауыдта Дзантемыры, салам радтой сæ кæрæдзийæн.

– Кæдæй-уæдæй дæ фæсивæды 'хсæн уынын! – бацин ыл кодта фыдыхо.

– Дæумæ цыдтæн, нана, фæлæ мæ æгъдау æрцахста…

– Æз цæуон æмæ дын исты дзæбæх хæринаг акæнон. Ды та-иу хъазты фæстæ Залиханы хæдзарыл сæмбæлын кæн.

– Аскъæфынæй йын тæссаг у, мыййаг? – афарста лæппу æмæ бакаст чызгмæ.

– Дзанте, кæс-ма нæ сыхмæ, цас лæппу фæсивæд æрæмбырд! Уыдонмæ цы зонд ис, уый ничи зоны.

– Уымæй раст дæ, нана. Æз дын дæ чызджы нæ бауадздзынæн æфхæрын, – худгæйæ загъта лæппу.

– Дзантемырæн иу кафт! – алæууыд йæ уæлхъус чъегъре.

Залихан чызджыты æхсæн лæууыд. «Уыцы фыдзонд кафын зона?» – ахъуыды кодта æмæ каст Дзантемырмæ. Лæппу цæргæсы базыртау йæ дыууæ цонджы хæрдмæ фелвæста æмæ йæ цыма дымгæ ахаста мæйрухс æхсæвы цъæх кæрдæгыл, уыйау кафгæ иу зылд æркодта æмæ æрлæууыд Залиханы цур. Адæм лæугæйæ æмдзæгъд кодтой сæ кадджын ахуыргæнæг æмæ Дзантемырæн.

Хъазты фæстæ Дзантемыр ацыд чызгимæ. Фæндагыл дзы хатыр ракуырдта, кæддæр æй æнæхъуаджы кæй бафхæрдта, уый тыххæй. Мидæмæ нал бацыд, æнафон у, зæгъгæ.

Дзантемыр дыккаг изæр фæзынд Гонамæ.

– Нана, агуырдтай, дам, мæ…

– Ныртæккæ нæм Мелыкаты хистæртæй иу æрбацæудзæн æмæ уæртæ уасджытæн се стырдæр куы аргæвдис.

– Цы йæ хъæуы дæуæй?

– Мæнæ Залиханы сæ афицерæн курынвæнд скодтой, æмæ, дам, нын чызг бар дætты йæ фыдыфсымæры хæдзармæ нæ минæвæрттæ арвитынмæ, уый сæ бафæрсын фæнды.

– Æгæр сын нæ уыдзæн, нана? Чызджыты хуыздæр æмæ уасджыты стырдæрæй уæд та сæ гуыбынтæ фæрыстысты?! Залихан сын йæхæдæг радта бар?

– Нæ, фæрсынмæ йæм æрбацæудзысты, зæгъгæ дын куы зæгъын.

Залиханæн фысымтæ цæхæрадоны æнхъæл уыдысты, чызг та, уазæджы хъæлæс куы айхъуыста, уæд сусæгæй уатмæ бацыд, иту æвæрыныл схæцыд æмæ, Дзантемыр цы зæгъдзæн, уымæ æнхъæлмæ каст.

– Иу та дæ зæрдæмæ нæ цæуы нæ фæсивæдæй! Уæд та йын дæхæдæг равзарис лæппу, – бахъуыр-хъуыр кодта зæронд Гона. Ус цал æмæ цал хатты дзырдта Дзантемырæн, ракур зæды хуызæн сæрæн æмæ кадджын чызджы, зæгъгæ. Лæппу нæ каст йæ коммæ, æмæ Залиханыл та азтæ цыдысты.

– Залихан мæ коммæ бакæсдзæн?

– Бакæсдзæн, мæ мард фен.

– Лæппу йын æз ссардтон, нана. Цæмæ ма у нæ каст?

– Ссардтай?! Дæхæдæг куырм дæ?! Дзанте, фыдзонд дæ, фæлæ мæм æдылы нæ кæсыс! – смæсты йæм ис фыдыхо.

Залихан лæппуйы ныхæстæ куы айхъуыста, уæд йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп ссыд æмæ сæ размæ рацыд уатæй. «Нæ мæ бауарзта! Мæхи дзы сайдтон, фæлæ, цымæ, цы зæгъид?» – ахъуыды кодта æмæ сæргуыбырæй каст пъолмæ.

– Зали, минæвар дæн! – загъта Дзантемыр, мидбылты худгæйæ.

– Кæмæй? – саст хъæлæсæй йæ афарста чызг.

– Мæнæ мæхицæй! Комыс мын?

– Дæхицæй? – бахудт æм Залихан.

– Мæхицæй. Разыйы дзуапп мын дæттыс? Барвитон мæ минæвæрттæ?..

– О! – зæгъгæ бацин кæдта æмæ фыр æфсæрмæй алыгъд йæ уатмæ.

– Уæ, уæ рынтæ бахæрон! Минæвæрттæ тæккæ райсом арвитæм...

* * *

Уыд сæ чындзæхсæв, æмæ, цалынмæ Гона нæ амард, уæдмæ уый дæр Дзантемыры хæдзары цардис æмæ-иу дыууæ сылгоймагæй æнхъæлмæ кастысты сæ уарзон бинойнагмæ…

– Дзыцца, нæма райхъал дæ? – айхъуыста Залихан сывæллоны хъæлæс.

– Мæлæты амондджын фын уыдтон, мæ къона, æмæ мæ ды райхъал кодтай.

– Фарикка æмæ нæм Госа æрбацыдысты æмæ сæ Зариффæ ног хæдзармæ бакодта. Дзыцца, дам, фынæй кæны.

– Уый дæ уадул кæм ныццавтай? – батыхст рынчын.

Таму ныххудт æмæ фыдымадæн адзырдта, сæ ногзад родыл бæхбатт скæнынмæ куыд хъавыд, æмæ йæ уый кæй сцавта.

– Ныр дадайы бæхыл абад! Машинæйæ, дам, æрбацæудзæн ацы хатт, æмæ Зауырбегитæ дзидза фыцынц.

– Иннæ сæрд та йæм ацæудзынæ, мæ хъæбул. Ныр та дæ дæ мад уыцы æнамонд низæй сдзæбæх кæна.

Уатмæ бацыд Зауырбег. Таму фыдыфсымæры къухы судзин куы ауыдта, уæд уайтагъд феддæдуар.

– Укол скæнæм, Дзыцца.

– Нæ, мæ хур, абон мæ фынæймæ не ‘вдæлы. Мæ зонд хъуамæ баззайа…

– Дзыцца, дæ зондæн уколæй тас нæу, æрмæст дæ рыст фæкъаддæр уыдзæн.

– Мæ хос дæр нæ банызтон абон. Тынг ахсджиаг хъуыддагыл дзурдзыстæм уæ фыдимæ, æмæ мæ тыхтæ æмбырд кæнын.

– Мах мады кæй ракуырдта, уый йын ныббар, Дзыцца. Æз æмæ Солтанбег нæ хъуыды кæнæм нæ ныййарæджы… Æндæр мæ фыдимæ уе 'хсæн ницы маст ис, мæнмæ гæсгæ. Мах хатыр ын бакæн, абон куы æрбацæуа, уæд. Тæригъæд у дада. Никуы дæм бауæндыдыстæм ацы хъуыды раргом кæнын…

Залихан батылдта йæ сæр:

– Нæ, мæ къона, уæ фыды уын ацы хæдзарæй Анычкæ нæ акодта. Рухсаг уæд æмæ рухс дзæнæты бадæд. Уый фæрцы мæ царды фæзындыстут сымах Солтанбегимæ, æмæ йын алы мæрдты бон хицæн фынг æрæвæрын хæларæн, уый куы феныс дæхæдæг. Хъысмæт, æвæццæгæн, йæ иу къухæй стыр циндзинад ратты, иннæйы та маст æрцæттæ кæны. Мах уæ фыдимæ уыцы фæндагыл кадимæ сæххæст кодтам нæ хæстæ, æмæ абон не стырдæр мулк æмæ амонды сæр сымах куы стут.

– Уый æз зонын, фæлæ уæдæ?..

– Зауырбег, фæдзур мын Катямæ, æмæ ног сæрбæттæнтæй иу скæнон уæ фыды æрцыдмæ. Бынтон рынчынхуызæй мæ куы фена, уæд куы фæтæрса.

Кæртæй æрбайхъуыст Исламы фырт Петройы хъæлæс. Рынчынфæрсæг æрбацыдысты йæ мад Варкаимæ. Катя дуар ахгæдта æмæ æфсины сæрыл бабаста сæрбæттæн.

– Таму мæн дæр нæ уагъта дæ уатмæ, ныр ма сыхæгты устытыл бафтыдысты нæ хæстæджытæ дæр, – батыхст чындз.

– Зæгъ лæппуйæн, æмæ сæ æрбауадза. Варкайы ничи бауродмдзæн, æмæ сывæллоны куы бафхæра. Нæ сыхы устытæ мæн æфхæрын нæ бауадздзысты.

Петро уайсахат ацыд рынчыны уатæй. Йæ мад æй æрбадын дæр нæ бауагъта. Æрмæст рынчынæн тынг зæрдиаг арфæтæ фæкодта.

– Цу, фæкæс Зауырбегмæ! Куыд дæ, Залихан? – Варка æрбадт сынтæджы цур бандоныл. – Кæсыс æм, аив дарæс йе уæлæ скодта, фæлæ уыцы æмбисонды рæсугъд уатмæ йæ ног хæдзармæ нæма комы! Цы зынаргъ гауызтæ байтыдтой пъолтыл, уый та! Зынаргъ уæдæ рудзынгæмбæрзæнтæ дæр. Тæхудиаг!

– Цоты цæрæнбон бирæ. Чындзытæ тынг зæрдиагæй бацархайдтой се ‘фсины уат саив кæныныл, – раарфæ сын кодта Фарикка.

– Ис сæм, æмæ архайынц! Андрей – колхозы сæрдар, Зауырбег та ныридæгæн горæты рынчындоны сæргъы лæууы! Уыдоны фæллæйттæй куы архайынц чындзытæ. Фарикка, дæуæн дæр ахæм фырттæ куы уаид, уæд æмпъызт дарæс нæ дарис, – уайдзæф ныхас кодта Варка.

– Дæуыл дæр ног къаба Петро куынæ скодта, мыййаг. Нæ хъæубæсты фæллойгæнджыты дæ фырты чызгимæ фæстаг азты кæй фæсайдтат, уыцы æхцатæй хъал дæ ды? Фариккайæн цы фидис кæныс? – фæзылд æм Госа.

– Дæлгоммæ ныхæстæ ма кæн! – асырх сты Варкайы тыппыр рустæ.

– Уæлгоммæ дæр сæ фæфæлдахдзынæн!

– Æз уæ мад, уæ фыды уазæг! Маст ныхæстыл та ма схæцут. Рынчынæн зын кæй у, уый бамбарут ацы бон, – батыхст Фарикка…

– Мæн фæндиаг куы уа...

– Тобæ, Варка! – бахудт Госа æмæ нæ бауагъта уазæджы кæронмæ йæ ныхас ахæццæ кæнын. – Залихан дæ фæндиаг куы фæуа, уæд æм нæ хæлæг кæнын! Хъуыды ма кæныс, де ‘рыгон файнуст хъæусоветы кусджытимæ дæ хæдзармæ мулк фыссынмæ куы бацыдысты, уыцы бон? Сæудæджер кæй кодтай, уый тыххæй дæ ахсгæ куы ‘ркодтой…

– Ныууадз ма дæ дзæнгæда, Госа! Ныр дæ уыдæттæй чи фæрсы?!

– Ничи. Хæсты рæстæг та йын йæ æххормаг сывæллæттæн дыууæ нартхоры голладжы хыгъдмæ йæ гауыз йæ къулæй æристай!

Варка фæгæпп кодта æмæ кæртмæ ацыд. Устытæ та фæныхæстæ кодтой, æмæ тагъддæр цыдис рæстæг, Залиханмæ гæсгæ. Уæдæ йын Зауырбег дæр тынг хъæлдзæгæй зæрдæ бавæрдта, ног хосты ‘ххуысæй кæй адзæбæх уыдзæнис.

– Æрмæст мыл æууæнд, Дзыцца!

* * *

Фæссихор машинæ хæдзары дуармæ æрлæууыд, æмæ кæрт сывæллæтты цинæй айдзаг. Уыцы рæстæг скъолайæ æрцыдысты фыртты цот дæр æмæ сæ дадайыл амбырд сты.

Залиханы зæрдæ бакатайаг. Йæ кæуын йæ хъуыры абадт. Æрбайрох дзы уæдидæгæн йæ бирæ азты зæрдæниз. Ныртæккæ фендзæн Дзантемыры, бакæсдзæн ын комкоммæ йæ цæстытæм. Базæронд уыдаид уый

дæр. Уал æмæ уал азы сæ цыбыр фембæлдты рæстæг ус сæргуыбырæй кастаид йæ къæхты бынмæ æмæ хъуыстаид лæджы уынаффæтæм. Йæ сæрыхицау куы уыдис Дзантемыр. Ноджы ма лæг фæстаг азты хъæр æмæ æртхъирæнтæ нал кодта, мыййаг, фæлæ уыд сабыр æмæ æнкъард йæ хъæлæс.

Андрей æмæ Дзантемыры размæ ракалдысты бинонтæ иууылдæр. Зауырбег æмæ Солтанбег æрлæууыдысты сæ фыды дыууæ фарс. Салам радтой цоты цот сæ дадайæн.

– Абон мæ сымахмæ не 'вдæлы, мæ хуртæ, – загъта Дзантемыр сывæллæттæн æмæ ацыд Залиханы уатмæ.

Дзантемыр уаты астæу дзæвгар рæстæг алæууыд. Йæ мысинæгтæ йæм уаты къуымтæй рагæр-гæр ластой. Йæ размæ цыма Залихан разгъорæгау кодта, атыхта йæ цæнгтæ лæджы бæрзæйыл æмæ, сабыр худгæйæ, загъта: «Дзанте, куыд æрæгмæ та цыдтæ? Æнæхъæн æнус дæ цыма нæ федтон, афтæ мæм кæсы»… Бацыд сынтæгмæ, зæрдæтæ авæрдта рынчынæн æмæ æрбадт йæ цуры бандоныл.

– Цæй, хъусын дæм…

– Æрбад мæ цуры, хъæрæй дзурыны тых мæм нал ис, – æрæджиау ын дзуапп радта Залихан æмæ йæм скаст. «Уый куыд ныззæронд дæ? Дæ цæсгомы æнцъылдты азтæ æрмæст сæхи фæд нæ ныууагътой, фæлæ ма зæрдæниз дæр», – ахъуыды кодта Залихан.

– Бирæ дзуринæгтæ дæм ис? – тызмæг хъæлæсæй йæ афарста Дзантемыр.

Рынчын ницы дзуапп радта. Йе 'нæтуг æнгуылдзтæ къабайы риуыл куынæ скатай уыдаиккой, уæд Дзантемыры нæ бауырныдтаид, ус ма удæгас у, уый. «Уый куыд цыбыр рæстæгмæ атад?! Низ æй азæронд кодта цалдæр къуыримæ», – фæтæригъæд ын кодта лæг.

– Иунæг курдиат…

– Рынчын саг дæр кæны, ма тæрс, адзæбæх дæ кæндзæн лæппу, – загъта Дзантемыр, фæлæ уайтагъд æрфæсмон кодта йæ ныхæстыл. «Цы мæ хъуыддаг ис тæригъæдтæ кæнынмæ?! Уæд та, лæппу кæмæй ныййардта, уыимæ фембæлынмæ бæллы мæрдты бæсты?! Æз та йын хъуамæ хатыр ныккæнон йæ ракæнд?!» – азылдысты та маргæйдзаг хъуыдытæ йæ сæры æмæ загъта: – Дæ зæрдæйы сагъæстæ мын ма ракæнай! Æз сауджын нæ дæн! Нæ зонын хатыр кæнын дæр…

– Андрейы сомбонызл у мæ ныхас.

– Ферох кæн уыцы хабар! – йæхи йыл цъиусурау ныццавта Дзантемыр, фæхæст ын йæ къухыл: – Мæн у Андрей! Мæн! Дуры гуыбынмæ дæр æндæр хъуыды ма ныдздзурай! Ныр æз дæ ахицæны сахатмæ дæ уæлхъус баддзынæн! Ничи фехъусдзæн, Андрей мæ туг, ме стæг нæу, уый! Дзантемыр рудзынджы цурмæ бауад. Кæрты астæу лæууыдысты йе 'ртæ фырты æмæ цæуылдæр ныхас кодтой. Ног хæдзары рудзынгæй сæм Таму каст. Зæронд лæг рудзынджы цæст æрбахгæдта, цæмæй йын йæ тызмæг ныхæстæ мачи фехъуса цотæй.

Залихан рагацау цы гæххæтт æрцæттæ кодта, уый хæцъилтæ хæлдта тыхтæ-амæлттæй.

– Цалынмæ амæлай, уæдмæ мæхæдæг ам баддзынæн, æмæ ма дæ уыцы адæймаджы ном сдзургæ дæр куы фехъусон, уæд дын…уæд дæ!.. Бамбæрстай мæ?!

– Абон мæм кæронмæ байхъусдзынæ уæдæ дæхæдæг, – загъта Залихан æмæ, чи сбур, уыцы гæххæттытæ лæгмæ радта.

–Дæ уарзоны писмотæ мын кæсын кæныс?!– æрбамæсты та уый.

Дзантемыр фæкаст гæххæттытæ, стæй систа райгуырды тыххæй æвдисæндар æмæ фæрсы:

– Чи у Андрей Андреевич Солнцев?

– Уый нæхи Андрей у… Йæ ныййарæг мад æндæр сылгоймаг уыд…

– Нæ мæ сайыс?

– Байхъус, фæстаг хатт мæ рынчындонмæ куы аластай, уыцы боны хабæрттæм…

Дзантемыр цыма цавддур фестадис, уыйау каст гæххæттытæм, фæлæ иу хъуыды йæ сæрызонды не 'рбынат кодта дæргъвæтин рæстæг æмæ бауадзыгау...

* * *

Уыд 1933 аз. Мит цалдæр боны фæуарыд, æмæ дзы уæрдоны цæлхытæ арф ныгъуылдысты. Бæхæн размæ ницы æнтыст, æмæ Дзантемыр йæ разæй фæдгау кодта. Ацы хатт нал бауæндыдысты хъæуы æвгъæдгæс устытыл, æмæ Дзантемыр йæ бинойнаджы схæццæ кодта Беслæныхъæуы арæндонмæ.

Æрталынг. Залихан æрхызт уæрдонæй. Йæ гуыбын стыр хъарм кæлмæрзæны бын амбæхста æмæ йæ лæджы фæдыл бацыд мидæмæ.

– Ма тæрс, Зали. Хъахъхъæн дæхи.

– Мæхицæн нæ тæрсын, бæргæ, фæлæ та…

– Ууыл ма хъуыды кæн! Сывæллон та кæй нæ хъæуы, фæлæ мæнæн ацы зæххыл ничи у дæуæй зынаргъдæр, æмæ дæхи хъахъхъæн фыццаджыдæр! – лæгъстæ йын кодта лæг.

Даргъ тыргъы сæ размæ рацыд дохтыр æмæ Залиханыл бацин кодта:

– Залихан! Нæ депутат. Нæ зындгонд ахуыргæнæг нæм фæзынд кæдæй-уæдæй! Мæ ном Мария Николаевна. Мидæмæ.

– Дохтыр ды дæ? – афарста йæ Дзантемыр.

– Æз, Залиханы тынг æхсызгон чи хъæуы, уыцы дохтыр дæн, нæ сæйраг та ныртæккæ операци кæны. Куы йæ февдæла, уæд уый дæр…

– Нæлгоймагæй æфсæрмы кæндзынæн, фæлтау мæм дæхæдæг фæкæс, – батыхст Залихан.

– Уый дын мæ бар.

Цалдæр боны фæстæ Мария Николаевна Дзантемырæн фехъусын кæдта, лæппу сын кæй райгуырд, уый.

– Дзæбæх у сывæллон? – афарста йæ лæг.

– Фырыхъул.

– Хъарм сты уæ уæттæ? Суг уын æрбаласон? Ма суазал уа…

Дохтыр ын зæрдæтæ авæрдта, кæй ницы тæссаг у Залихан æмæ сывæллонæн, зæгъгæ, æмæ лæг зæрдæрухсæй батагъд кодта сæхимæ, кусарт акодта æмæ фæбадтысты сыхы лæгтимæ.

Залихан хуыссыди, уаты цы ‘ртæ сынтæджы уыд, уыдонæй иуыл.

Мария Николаевна æрæвæрдта иннæ сынтæгыл æндæр сывæллоны тыхтытæй.

– Куыд дæ, Залихан?

– Мæхицæн ницы у, фæлæ сывæллонмæ бæстондæр куы æркастаис... Дыууæ мæ амард ноггуырдтæй, иу та гуыргæ ракодта мардæй.

Дохтыр фенкъард.

Уыцы рæстæг иннæ сынтæгыл цы ноггуырд саби уыдис, уый скуыдта.

– Андрейкæ, мæгуырæг! Дæ амондæн нæм Хуыцау Залиханы æрбахаста, æмæ дæ кæд бафсадид æхсырæй. Диссаджы дзæбæх сывæллон сидзæрæй баззад.

– Цы кодта йæ мад? – тарстхуызæй афарста Залихан.

– Кæм ис, кæм!?– ныуулæфыд ацæргæ сылгоймаг, аивта сывæллоны

хæцъилтæ æмæ ма йæ ныхæстæм бафтыдта: – Фæмард. Аварийы бахауд, æмæ ма дохтыртæ æрмæст сабийы фервæзын кодтой…

– Сæ хæстæджытæн æй ратдзыстут?

– Ничи сын ис. Йæхæдæг дæр мад, куыд сбæлвырд, афтæмæй сидзæр уыд. Граждайнаг хæсты сидзæртæй. Залихан, дæ хорзæхæй, бафсад сывæллоны. Дæхионы фаг дæр ма дæм æхсыр баззайдзæн.

– Мæнæн æй раттут! Рæздзæн мæхи лæппуимæ. Ницæмæй йæ дардзынæн хъулон, – балæгъстæ кодта Залихан, рабадт сынтæджы æмæ райста сывæллоны.

– Уыцы хъуыддаг махæй аразгæ нæу, Залихан. Райсом сабийы ардыгæй ахæсдзысты.

Мария Николаевна ацыд. Андрей куы бафсæст, уæд бафынæй, æмæ йæ Залихан базыл сæвæрдта.

Залихан уыцы æхсæв бирæ рæвдауæн ныхæстæ фæкодта йæхи сывæллонæн. Цалдæр хатты йæ райхæлдта, фæпъатæ йын-иу кодта йæ гыццыл къухтæн, скаст-иу талынг арвмæ дæр æмæ æнæбæрæг зæдтæн лæгъстæ кодта, цæмæй йын бахъахъхъæной йæ ноггуырды.

Боныцъæхтыл фæллад сылгоймаг афынæй, фæлæ йæ зæрдæ срыст цæхгæр рыстæй æмæ фехъал. Бадавта йæхи сывæллоны рудзынгмæ æмæ дæ фыдгул ахæммæ ныккæсæд: цъæх афæлдæхт йæ буар, ныууазал.

Залиханы цъæхахстмæ фехъал Андрей. Скуыдта. Залихан исдугмæ джихæй аззад. Стæй мард сывæллоны авæрдта базыл, фелвæста Андрейы æмæ базгъордта рудзынджы размæ.

– Дзырдтай мæм, мыййаг? – йæ ком ивазгæ бацыд уатмæ Мария Николаевна.

– Уæртæ уыцы сывæллон амард æмæ фæтарстæн! Амард!

– Амард? Куыд амард æнæниз сывæллон? – зæгъгæ фæкодта ус, бауад æмæ æркæстытæ кодта лæппумæ. Цы бамбарын хъуыд фæлтæрдджын дохтырæн, Залихан йæ риумæ кæй нылхъывта удæгас сидзæры æмæ загъта: – Рухсаг уæд ацы арвы зæд.

Залиханы цæстæнгас фæдис хъæр кодта: «Мæ удæгасæй ацы сабийы мæнæй ничи байсдзæн!»

– Æз сæрра уыдзынæн!

Мирия Николаевна æнæ сдзургæйæ бафтыдта йæхиуыл дзуæрттæ, кæмæйдæр хатыр ракуырдта, цармæ скæсгæйæ.

– Æз дæр цыдæртæ бавзæрстон мæ царды… Баныгæдтон мæ иунæг фырты æмæ сæрра уыдаин, авдæны йæ чысыл чызг куынæ уыдаид, уæд. Залихан, мæ зæрдæ дарын, ацы сабийæн хорз мад кæй уыдзынæ, ууыл – загъта дохтыр.

– Курын дæ, нæ лæг мацы базонæд! Иу удгоймаг дæр хъуамæ ма фехъуса ацы хабар!

– Залихан, сомы дын кæнын, мæнæй ничи ницы фехъусдзæн! Хуыцау мын æй бахатыр кæнæд æрмæст, фæлæ ды сидзæр сабийы амондæн фæзындтæ махмæ ацы бонты.

Залихан дохтыры армы йæ дыууæ къухдарæны æмæ хъусцæджытæ авæрдта зыр-зыргæнгæйæ:

– Мария Николаевна, адон искæмæн авæр æмæ мын мæ хъæбулы нæхи зæххыл баныгæной. Дæ хорзæхæй! Курын дæ, нæхи хъæуы уæлмæрды, сæхи мыггаджы…

– Ма тыхс, Залихан. Æз сæххæст кæндзынæн дæ курдиат, ды та æрсабыр у, цæмæй Андрейкæ æнæ мады æхсырæй ма баззайа. Не Скæнæг Хуыцау, дæу фæндон сæххæст кодтон, фæлæ кæд дæ мойæ сусæг кæныс алцы дæр, уæд исчи фендзæнис митыл ногкъахт чысыл ингæн æмæ…

– Нæ, уæд нæ хъæуы!

– Дæ лæвæрттæ Андрейы бинойнагæн ратдзынæ, æз та сывæллоны бафснайдзынæн.

Залихан нал банхъæлмæ каст Дзантемыры ‘рбацыдмæ: боныцъæхтыл алидзæгау кодта рынчындонæй…

* * *

Ракодта хабар Дзантемырæн, æмæ йæ бафарста:

– Кæд раст нæ бакодтон, лæппуйæ æппæт кæй бамбæхстон, уымæй? Гуырысхо кæнын, Дзанте. Цы зæгъдзынæн мæрдты бæсты йæ ныййарджытæн? Хъуамæ ма зона, чи сты йæ фыдæлтæ, уый? Æви раст бакодтон? Ныр дæуыл æууæндын æмæ дын фæдзæхсын: ма бафхæр Андрейы…

Лæг фæхъуыста Залиханмæ, фæлæ ма уæддæр гуырысхо кодта:

– Адæттæ дæхи сраст кæныны охыл æрхъуыды кодтай, мыййаг? Ма мæ тæрс, Зали, нал дæ бафхæрдзынæн.

– Иу мæнг ныхас дæр нæ зонын…

– Уӕдӕ Андрей мӕ фырт у! Андрей абон у нӕ мыггаджы кадджындӕр лӕгтӕй иу, тулдзау ауагъта фидар уидӕгтӕ нӕ зӕххыл, цыппар фырты йын хъомыл кӕны нӕ мыггаджы! Стӕй хъуамӕ ӕз дӕр амӕлон Андрейы фыдӕй. Бамбӕрстай мӕ?

– Стыр Хуыцау, табу дӕхицӕн, – мынӕг хъӕлӕсӕй сдзырдта Залихан ӕмӕ скуыдта фыр цинӕй.

Дзантемыр апырхытӕ кодта гӕххӕтт, арф ӕй йӕ дзыппы амбӕхста ӕмӕ загъта:

– Зӕрдиагӕй мӕ нӕ уарзтай, Зали.

– Нӕ мӕ уарзтай, Дзанте…

– Зали! Уый мӕ ды нӕ уарзтай, уый йеддӕмӕ ссардтаис ӕрмӕст дыууӕ дзырды! Сывӕллон ӕз нӕ ныййардтон, зӕгъгӕ, мӕ фӕдыл ныххъӕр кодтаис ӕмӕ зындоны цӕрӕгау нӕ фӕцардаин дӕумӕ иуварсӕй кӕсгӕйӕ! Нӕ, нӕ мӕ уарзтай, Зали!..

– Сывӕллонӕн фӕтарстӕн… Мӕныл ехсӕй ралӕууыдтӕ, ӕмӕ дын уый дӕр нӕ ныббӕрстон… Цас чъизи ныхӕстӕ ракалдтай мӕ рыст зӕрдӕйыл, уыдон иу рагӕр-гӕр кодтой, ӕмӕ сӕргуыбырӕй уымӕн лӕууыдтӕн ӕдзух дӕумӕ хъусгӕйӕ. Тарстӕн дӕ, ды нӕ разы кодтай сидзӕрты хӕдзарӕй сывӕллон райсыныл дӕр. Ӕмӕ дӕ уынаффӕ нӕ рох кодтон.… Ныр дӕ разы дӕн. Хатыр дын кӕнын алцы дӕр, стыр уӕззау уаргъ мын систай мӕ зӕрдӕйӕ.

– Зали, мӕ царды цин! Ныббар мын мӕ ракӕнд! – фӕкодта Дзантемыр, систа хуыссӕнӕй йӕ уарзон сылгоймаджы ӕмӕ кӕрӕдзийыл ныттыхстысты. Низ сӕ цинӕй ӕрбайсӕфт, ӕрбауынгӕг усы зӕрдӕ.

Цин мастӕй бирӕ тыхджындӕр у, фӕзӕгъынц. Уыцы изӕр Залихан рабадтис сынтӕгӕй ӕмӕ, лӕджы цонгыл ӕнцойгӕнгӕйӕ, ахызт кӕртмӕ ӕмӕ загъта йӕ бирӕ цотӕн:

– Ӕз абон ракуырдтон хатыр уӕ фыдӕй, ӕмӕ мын фенцон ис. Риуы дзагӕй сулӕфыдтӕн…

Ууыл лӕг ӕмӕ ус ацыдысты сӕ ног уатмӕ.

*КЪИБИРТИ Амурхан*

# УÆДДÆР МИН ЦАРД КÆНУЙ ЗÆРУÆРДÆМÆ МУД АДÆ

## НÆМА ЦÆУН!..

*Еуанз Дигоргоми Уасгергий кувдæй адæм изæрæрдæмæ сæ хæдзæрттæмæ евгъудæнцæ. Еу лæг ба, евдæлонхузæй, хонхи цъонггитæмæ гъæуай кодта. Е 'мбал имæ гъæйдæ цæуæн, гъæйдæ цæуæн кæнуй...*

Ци искарз дæ, а дин дес!
Кумæ цæуон нæхецæй?
Амæй хуæздæр кæми ес, –
Цæмæн ледзон мæхецæй.

Цо, фæццотæ еугурæй,
Мæнхузи лæг нæ цæуй!
Мæ дæрæнбæл гæр-гæрæй
Ехин къæвда нæ цæуй.

Æз ахсæви æдасæй
Хонхи дагъи фæххусдзæн.
Æхсæйвон маргъ, ку уасай, –
Дæ кæунмæ фæббухсдзæн.

Идзаг арвæй илæтон
Ниуаздзæнæн æлвасгай.
Ниррасуг уодзæн бунтон,
Хонхи реумæ æлвæсгæй.

Хонх мæ цæсти фæууодзæй
Никкидæр ма бæрзонддæр.
Хонх мæ зæрдæн исуодзæй
Никкидæр ма уарзондæр.

Ами лæуун, нæ цæун, –
Цæмæн цæуон нæхецæй?

Ами ун мин æхцæуæн, -
Кумæ ледзон мæхецæй?

* * *

Цидæр уинун æма ци игъосун,
Етæ мин сæ фулдæр – масти хуасæ.
Ку нæбал æй мæ бон къуругъос ун,
Æргъуди мæ гъæуй ести хъуасæ!

Цæй, мæхе искæнон кæнгæ гъæла,
Неци уинæг æма неци зонæг.
Фæрсæй кæсæг уотæ куд æнгъæла,
А гъæлатæн цæрун ци æнцон æй!

Мæ маст ба нийинсдзæнæн мæхеми,
Нартихуар нийинсæгау куройни.
Нæ, уæддæр нæ удзæнæн мæ кеми,
Нæтдзæнæн и мæстити буройни.

Фæтътъæп удзæй мæ зæрдæ фур мæстæй,
Æй мæ уод æ тæккæ æгудзæги.
Мæ мæститæ фæлтау сугга гъæстæй,
Цæф арсау ниууонæргъон æмдзæвги.

## НАРТИ ФÆТКЪУ

Адтæй нарти рæзбуни,
Хорæнгæсæн фæзбуни,
Егъау фæткъу бæласæ.
Куд федудта æ асæ!
Сурхфазæ – æ фæткъутæ,
Зæрийнæ, сурх фæрдгутау.
Еугур незтæн хуасийнæ,
Æррæстæ – æвдадзийнæ.
Бæласæн ба æ гæстæ:
Æфсæн къæбот цæргæстæ,
Æндон æнсур берæгътæ,

Рæстдзæвийнæ къерæхтæ…
Уæд дин имæ еухатти
Хуæнхаг дзигло ку ‘рхатуй:
– Уæртæ цитгин бæласæ,
Нæбал ерун мæ уасæ,
Æрсæйгæ дæн фур уарзтæй,
Мæ нез мæбæл стухуаст æй.
Тухсæн кæнун æвæткæ,
Саккаг кæнæ еу фæткъу.
Дзоруй имæ бæласæ:
– Агорæ æндæр хуасæ,
Зæнхон лæгæн мæ фæткъу,
Нæфæтку æй, нæфæтку.
– Нæ бацудтæ мæ мæти.
Æгъдауæй мин нæ дæтти…
Ахсæви æнафони
Уиндзæнæ мæ дæ фуни.
Цагъди сæрти комкоммæ
Батæхдзæнæн рæзбунмæ.
Гъиггаг уæнтæ дæ гæстæ.
Не ‘рфæлкъуæрдзæн мæ цæстæ!
Нæфæтку уæд, нæфæтку,
Ниттондзæнæн дæ фæткъу!

## ТÆРХОН

*Ахæстъони еу æвуд лæгæн маруни*
*тæрхон ку рахастонцæ, уæд тæрхонгæнгутæй*
*ракурдта, цæмæй ма ин мæлæти размæ*
*заруни барæ радтонцæ.*

Сæрдасæнау циргъ фæрæт
Марæн къудурбæл хустæй.
– А хæран лæгæн – мæлæт!
Æнхъерæн дзурд игъустæй.

Базардта нидæн ахæст, –
Райазæлдæй хъурмæ зар.

Тузмæг адтæй æ рахаст
Æфтудта æ зар азар.

Ах-аххæй кæугæй зардта;
Æ раст уоди тæрегъæд
Хæраймаг лæгбæл гъардта.
Арв фудгини рæуегъæд!

Тæрхони лæг, дæуæн дæр
Дæ цъухтæбæл къума-дуар…
Лæг æргъос æй цæмæндæр,
Сах нимдзаст æй кумæдæр.

– Ци никъкъех дæ, сæркъуæрæг,
А лæги нифс æгæр æй!
Раги нин иссæй бæрæг,
Æ сонт сæр ин æркъуæрай!..

Заргæ-зарун еувæрсуг
И лæги сæр фæттахтæй.
Сæркъуæрæги цæстисуг
Æ фæрæтбæл фæттагъдæй.

## УИНУН…

*Кæми 'й райдайæнти райдайæн?*
*Мамукъати Хъазбег*

Уинун райдайæни байдауæн, –
Зиннуй хæстæги хауæн риндзæ.
Разæй – мæ æнзти хоритауæн,
Фæсте – евгъуд бонти æлхинцъæ.

Ниццæй мæ сæрмæ хор сурх изгæ, –
Бафтудтæн бонигон мæйдари.
Цæун дзебæлгæнгæ, рохс хезгæ,
Гъо, фал арфдæр рансуфун тари.

Фæндаг уæддæр скарун курмæги,
Кæнгæй ме уæнгтæ тухфæлгъауæ.
Гъæуй еу æнцойнæ курм лæги,
Цæмæй дæлгоммæ ма бахауа….

Мæ над бустæги истæссаг æй, –
Зустæй бансонуй мæ фуд уадæ.
Уæддæр мин цард ба, ци дессаг æй,
Кæнуй зæруæрдæмæ муд адæ.

## ХАХУРТÆГÆНÆГ ÆМА ГÆГЪÆДИ

*Хахуртæгæнæг:*

Ци цъумур дæ, ци, гъæгъæди!
Цæмæн цæрис æдзæлгъæди?
Дæ цъумурти ниггаппар дæ,
Нихъхъотур дæ, ниггæбæр дæ
Кæддæр дæ уинон, цал хатти, –
Ту кæндзæн дæбæл уал хатти!

*Гæгъæди*:

Дæ хахуртæ – сау финститæй,
Дæ циргъ пъерой рæхуститæй, –
Мæ уорс бауæр – сау æрхæнтæ.
Ниццæппул дæн, ниррахæн дæн.
Нитту кодтай лæги нонбæл, –
Тутæ кæнæ дæ цæсгонбæл.

## ЗÆППАДЗИ

*(тауæрæхъмæ гæсгæ)*

*Раги кæддæр еу лæг фæссæйгæ ʻй гæбæрнез, хъотур незæй. Неци хуасæ ин адтæй. Бацудæй зæппадзæмæ æма хизта æ мæлæти бон. Уордæмæ ин хуæруйнаг бадæттиуонцæ. Еубон ин хъæзин къоси балæвардтонцæ æхсир. Лæг имæ не ʻвналдта, фæндадтæй æй тагъддæр рамæлун. Уæдмæ ба хури цъасæй бахилдæй калм. Къосидзаг æхсир исниуазта æма ниггæбæт æй. Æндæмæ хилдæй, фал и цъаси*

*нæбал цудæй. Фæстæмæ раздахтæй æма къосмæ ниуундта…*

Исхъæрттæй хъури уæнгæ мæ уод,
Æрбахелæ сау калм хæстæгдæр.
Мæ бауæр дæ бæрагæ фæууæд,
Ци нæбал ми байзайа стæг дæр!

Мæ тогæй мин ницъцъирæ фæндон,
Æнæвгъау ми бауадзæ дæ марг.
Уод хæссун ку нæбал æй мæ бон,
Е ба мæ дæ сау марг ниддæма…

Кенæ ба и хелаги уондзæг
Цæй æма æдбунтæй никъкъирхон.
Гъай-гъайдæр, кæндзæнæй мæ содзæг,
Фал си кæд никкуй уон, ниххорх уон…

Нинниуазтон æхсир ‘ма дессаг!
Цидæр хъаурæ ме ‘уæнгти схуæстæй.
Калми марг æнгъалдтон уодесæг,
Е ба мин уоди хуасæн сбæзтæй.

Æгъзалдæй мæ гæбæр гæр-гæрæй,
Мæрдæмбесæй цума æскъиттæн.
Зинг фестадæй бауæр еугурæй, –
Мæ фур цийнæй дортæ æхсидтон…

Æзмæлæг ма еу еске, кæд, ес,
Ра мæ уагътæ æндæмæ, фæдес!

# АХОРÆНТЫ МИНМЫРОН ХУЫЗТÆ

*Ирон нывгæнынад йæ тæмæны цы курдиатджын нывгæнджыты сфæлдыстадæй бацыд, йæ райрæзтмæ йын сæ уды фарн æмæ аивадмæ стыр уарзондзинадæй стыр æвæрæн чи бахаста, уыдонæй иу у Уæрæсейы Федерацийы æмæ РЦИ-Аланийы сгуыхт нывгæнæг, УФ-йы Нывгæнджыты цæдисы уæнг, РЦИ-Аланийы гербы автор, профессор Джыккайты Федыры фырт Мурат.*

*Алы æцæг нывгæнæгæн дæр вæййы йæхи сфæлдыстадон цæсгом, йæхи æрмдзæф, æмæ уымæй бæрæг фæдары иннæты ʻхсæн. Æнгом баст вæййы, цы адæмыхаттæй у, уыдоны истори, адæмон сфæлдыстад, уидæгтæм, æмæ сæм йæ зæрдæйы цы æнкъарæнтæ равзæрынц, уыдон ахорæнты минмырон хуызтæй кæттагыл февзæрын кæнынц, аивадуарзджыты зæрдæмæ суанг фыццаг бакастæй дæр фæндаг чи ссары, ахæм нывтæ.*



*Джыккайты Мурат у, 1970-æм азты йæхи хуызæн курдиатджын фæсивæдимæ Советон Цæдисы хуыздæр уæлдæр ахуыргæнæндæтты профессионалон ахуырад чи райста æмæ фæстæмæ йæ райгуырæн Ирыстонмæ чи æрыздæхт, æз дæр Ирыстоны нываивадмæ ме 'вæрæн бахæссон, зæгъгæ, чи загъта, уыцы зæрдæргъæвд æмæ йæ бæллицтæм ныфсджын къахдзæфтæй цæуæг нывгæнæг. Райгуырд 1947 азы 1-æм июлы Хуссар Ирыстоны, Дзомагъы, зæхкусæг бинонты 'хсæн. 1952 азы сæ бинонтæ ралыгъдысты Цæгат Ирыстонмæ æмæ æрцардысты Камбилеевкæйы. Педагогон училищейы фæстæ 1973 азы каст фæцис Мæскуыйы Строгановы номыл нывгæнынады паддзахадон институт.*

*Кæддæриддæр активонæй архайы, нæ республикæйы, Уæрæсейы æмæ фæсарæнты цы равдыстытæм хуынд вæййы, уыдоны.*

*Æдæппæтæй нывгæнæг скодта æртæ мин нывæй фылдæр æмæ ма ныртæккæ дæр дысвæлдæхтæй кусы. Фæззæджы байгом уыдзæн йæ фæллæйтты сæрмагонд равдыст. Æртæсæдæ куысты бæрц ын цæттæ сты аивадуарзджыты размæ рахæссынмæ. Мыхуыры рацæудзæн йæ нывты сæрмагонд каталог дæр. Уырдæм хаст æрцыд фондзсæдæ куыстæй фылдæр. Йæ зæрдæйæн иухуызон хæстæг сты нывгæнынады алы хуызтæ: кæттагыл нывтæ, графикæ, чингуыты графикæ, монументалон аивад, графикон дизайн. Кусы натюрморт, портрет, пейзаж, историон æмæ мифологон жанрты. Йе сфæлдыстады ис куыд бирæфигурон тематикон композицитимæ нывтæ афтæ абстракцион нывтæ дæр. Уыдонæй алкæцыйы дæр Мурат ныууагъта йæхи фæд. Равдыстыты йæ æрмдзæф кæддæриддæр бæрæг фæдары иннæ нывгæнджыты куыстыты 'хсæн. Йæ нывтæ æмæ арæхстдзинадæй фæлгонц скодта дæсгай чингуытæн, алы æмвæзадыл арæзт бæрæгбæттæ райстой индивидуалон цæсгом.*

*Мурат канд æрмадзы нæ архайы, фæлæ ма стыр хъомыладон куыст кæны фæсивæдимæ дæр. Иуырдыгæй сын амоны нывгæнынады хъæугæ зонындзинæдтæ, скульптурæ, монументалон аивад, кæсы сын лекцитæ аивæдты историйæ. Иннæрдыгæй та сын сæ зæрдæты тауы ирондзинад, фæнды йæ, цæмæй рæсугъдæй хæссой ирон æгъдау æмæ ирон лæджы ном. Хистæр йæхæдæг æгъдаухæссæг куы уа, уæд кæстæртæн дæр йæ разы сæхи æндæр хуызы дарыны*

*бар нæй, уый сыл æвæры стырдæр хæс, домы сæ æгъдауджын кæстæры ном хæссын.*

*Мураты сфæлдыстад, æмткæй райсгæйæ, æнцой кæны Нарты кадджыты темæтыл, адæмон сфæлдыстадыл, ирон адæмы историйыл. Арф сæ æвзары нывгæнынады алы жанрты. Æвдисы сын се 'хсар, сæ уд, сæ куырыхондзинад æмæ сæ хъæбатырдзинад историон цауты айдæны: «Амазонкæты паддзахады», «Дæргъæвсæры чызджы тох», «Сослан æмæ Уæрхæджы æнæном фырты тох», «Сослан Бедухайы куыд ракуырдта», «Сослан æмæ Балсæджы чызг», «Сослан æмæ Тары фырт Бибыц», «Сослан Мæрдты бæсты». Йæ пейзажтæ æмæ натюрмортты дæр æвдыст цæуы Ирыстоны æрдзы рæсугъддзинад, æнхъæвзы сæ йæ дидинджыты алæмæттаг хæрздæф.*

**– Мурат, фыццаджыдæр дын зæрдиаг арфæ кæнæм дæ юбилейы фæдыл. Нæ зæрдæ дын зæгъы æнæниздзинад, æмæ дæм цы фæндтæ ис, уыдон æнтыстджынæй дæ къухы куыд бафтой, уый. Цавæр хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтимæ æмбæлыс дæ райгуырæн боныл?**

– Стыр бузныг уæ зæрдиаг арфæтæй! Фыццаджыдæр, нывгæнæгæн йæ алы юбилей дæр у йæ фæллæйттыл цæст ахæссыны, цавæрдæр хатдзæгтæ скæныны фæрæз. Æз дæр æм мæхи бацæттæ кодтон. Фæнды мæ, цæмæй аивадуарзджыты зæрдæйыл сæмбæлой мæ куыстытæ. Райсой дзы æхцондзинад. Сæ зæрдыл сæ бадарой. Фæнды мæ, ноджы фылдæр ма мæ адæмæн куы саразин, уый.

**– Нывгæнæгæн йæ сæрмагонд равдыстæй стырдæр бæрæгбон нæй. Адæмы размæ рахæссы йæ ис, йæ бис, къухы цы бафтыд, уый. Равдисы йæ курдиаты хъару, æмæ йын аивадиртасджытæ скæнынц аккаг аргъ. Фæстаг хатт дын сæрмагонд равдыст уыд фынддæс азы размæ, 60 азы дыл куы сæххæст, уæд. Дæхимæ гæсгæ, цавæр ивддзинæдтæ æрцыд де сфæлдыстады уæдæй абонмæ?**

– Цасфæнды куы цæуа лæгыл, уæддæр ахуырæн кæрон нæй. Фæлæ мæ рæстæджы цы фæндаг равзæрстон, уымæй иуварс нæ хизын. Адæмон сфæлдыстад, Нарты кадджытæ… уыдоныл кусын райдиантæй фæстæмæ. Мæхи æдзух фæлтæрын техникон æгъдауæй.

Лæг куы сбада æмæ куы зæгъа, мæ къухы бирæ цыдæртæ бафтыд æмæ æгъгъæд у, уæд йæ курдиат бахуыскъ.

**– Дæ ныййарджытæ Федыр æмæ Гæбонæн (Нифайæн) уыдыстут авд хъæбулы, фондз фырты æмæ дыууæ чызджы. Стыр бинонтæн уæды рæстæджы хохы цъассы фæцæрын, ахуырмæ дæ цоты æрвитын æнцон хъуыддаг нæ уыд.**

– Æнцон кæцæй уыдаид. Нæ фыд Дзомагъæй Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ ацыд. Берлинмæ æввахс уыд, афтæ хæст банцад. Нæ фыдыфыд Давид уыд куырыхон лæг, уæны дæр-иу акаст æмæ-иу хабæрттæ дзырдта. Туджджынты дæр-иу бафидауын кодта. Фæхуыдтой-иу æй Цæгатмæ, Гуырдзыстонмæ дæр, афтæмæй та йæм ахуыргонддзинад нæ уыд. Уыдис ын дыууæ фырты æмæ фараст чызджы. Фырттæ дыууæйæ дæр хæсты уыдысты, æмæ, дардмæуынаг кæй уыд, уымæ гæсгæ-иу загъта, йæ зæрдæ сæм кæй не 'хсайы, уый.

**– Уæ цæрæн бынат Ирыстоны цæгатаг фарсмæ хуымæтæджы нæ раивтат.**

– Сызмæлæнтæ нын нал уыд. Хъалонтæ адæмы хурх кодтой. Мæ хистæр æфсымæр Шамил-иу арæх дзырдта, фос æхсæвыгæтты мидæгхохмæ куыд тардтой, æмбæхстæй-иу сæ уым куыд дардтой, цæмæй сын сæ исбон хъалонæн ма айстаиккой. Хъалон та иууылдæр цыд Гуырдзымæ. Уæд нæ дыууæ хистæр æфсымæры Цæгаты ахуыр кодтой, иннæ Советон Æфсады уыд. Æмæ уæз Шамилыл æрæнцад.

Уæ цæстытыл ма йæ ауайын кæнут – нæ хистæр æфсымæртæ алы бон Рукъмæ скъоламæ цыдысты фистæгæй. Дæс километры – иуырдæм, дæс – иннæрдæм.

Цæгаты нæ цард дзæвгар фæхуыздæр. Быдыры куыстам, фос дардтам, базармæ уæй кæнынмæ хастам нæ фæллæйттæ. Цард размæ цыд. Зæрдæ рад.

**– Зын уыд, фæлæ уæ алчидæр ахуырад райста æмæ царды йæхи бынат бацахста. Шамилимæ уе сфæлдыстады сæрмагонд бынат бацахста адæмон сфæлдыстад. Кæцæй цæуы уыцы бастдзинад æмæ уарзондзинад фыдæлты уидæгтæм æмæ ирон аив дзырдмæ?**

– Бинонтæй. Нæ мад фырдæсны уыд рагон нывæфтыдтæ кæнынмæ. Хуыдта цухъхъатæ, басылыхътæ, куырæттæ, æндæр ирон уæлæдарæс. Тынг цымыдисаг сты, цы нывæфтыдтæ сыл кодта, уыдон иууылдæр. Баст сты Скифты сырдты хуызтимæ.

Мæскуыйы куы ахуыр кодтон, уæд хæдзармæ æрцыдтæн æмæ иу чиныгæн нывтæй аивадон фæлгонц скæныныл архайдтон. Хъуамæ дзы бæлас уыдаид. Нал æмæ мын нал рæстмæ кодта. Стыхстæн. Мæ мад фæрсырдыгæй каст мæ тухитæм æмæ мын афтæ, æри-ма, æз, дам дын æй саразон. Дызæрдыг дæр кодтон, фæлæ йæ ныхасыл дыууæ нал загътон. Уый гæххæтт адыдæгътæ кодта, цыдæр хуызон æй æрбалыгтæ кодта, райхæлдта йæ, æмæ, диссаджы къабузджын бæлас йæ къухы куы райхæлд, уæд хæлиудзыхæй аззадтæн. Уæдæй фæстæмæ йын йæ нывæфтыдтæ æмбырд кæнын райдыдтон. Ныр дæр мæхимæ сты. Фæнды мæ, хицæн чиныгæй сæ куы рауадзин, уый.

Нæ фыдыфыды фæдзæхст та уыд, цæмæй нæ алчидæр райса ахуырад. Æмæ йæ фæнд сæххæст.

**– Мурат, æфсымæр æфсымæрæн мæсыг у. Ирыстонæн удуæлдайæ балæггад кодтат. Адæмæй рох не сты уæ хорздзинæдтæ. Шамил æмæ дæ ном историйы баззайдзысты. Дæ иннæ æфсымæртæ дæр сфæлдыстадон куыстмæ ‘мхиц уыдысты?**

– Нæ. Æрмæстдæр Шамил æмæ æз. Фæлæ нæ дыккаг æфсымæр Солтан кæд фæндзай азы металлургийы къабазы бакуыста, уæддæр æнувыд уыд литературæйыл. Диссаг куыд нæу – суанг зæры бонты дæр зæрдылдаргæйæ каст Къостайы уацмыстæ, зæгъæн ис, иууылдæр, Пушкины «Евгений Онегин» ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл, Лермонтовы, Байроны. Уый уыд феномен. Æппæты хистæр Хетæг дæр металлургийы къабазы кусæг уыд.

Нæ иннæ æфсымæр та Рутен хуынд. Цæвиттон, Транскам куы арæзтой, уæд фæндаг Дзомагъыл цыд, æмæ-иу аразджытæ махуылты æрцыдысты æфцæгыл. Нар, Зæрæмæг, Дзомагъ… бæхвæндаг хуынд. Фыссæг æмæ инженер Гаглойты Рутен нæм цы бон бахсæвиуат кодта, уыцы ‘хсæв ме ‘фсымæр куы райгуырид, æмæ йыл афтæмæй Рутен йæ ном сæвæрдта.

**– Гæбоны портреты ирдæй равдыстай йæ уæззау цардвæндаг. Цæсгом æмæ къухы æнцъылдтæ фестадысты уæды рæстæджы сылгоймаджы царды удæгас æвдисæндартæ. Æнцой чи нæ зыдта, уыцы фæллад уæнгтæ зæры бонты дæр сæхи дæлæмæ нæ уадзынц, хæссынц сæ уаргъ…**

– Абон уыцы уавæртæн бирæтæ нал бафæразиккой. Ирон сылгоймаджы ном кадимæ хаста. Нæ мады цы бон бавæрдтам, уыцы

бон та фæзиан нæ фыд. Уыдысты æмцахъхъæнтæ. Цыртытæ дæр сын мæхæдæг скодтон. Цыдис сыл нæуæдзгай азтæ. Нæ фыды фæдзæхст уыд адæмы 'хсæнмæ нывылæй цæуын, ирон лæджы кад бæрзонд хæссын. Дзырдта-иу нын, фыццаг уал, дам мын дæ хуыз равдис, стæй – дæ зонд.

**– Нывгæнæджы цардвæндаг арæхдæр дурджын рауайы. Фæлæ йæм уæддæр дæ ныфс бахастай. Равзæрстай ахорæнтæ, кæттаг.**

– Мæ хистæр æфсымæртæ се 'ппæт дæр рæвдз уыдысты нывтæ кæнынмæ. Æз дæр сæ фæстæдæр нæ лæууыдтæн. Камбилеевкæмæ куы ралыгъдыстæм, уæд мыл фондз азы цыд. Хорз æмбæрстон, нæ царды уавæртæ дзæвгар кæй фæхуыздæр сты. Шамил фæцалх нывтæ кæнынмæ. Альбомтæ æмæ нæм къарандæстæ дæр фæзынд, æмæ уымæ гæсгæ æз дæр мæхи фæлтæрдтон. Уый уæдмæ фыссынмæ фæцис, æз та мæ цард нывгæнынадимæ сбастон. Уымæн стыр ахъаз фæцис æмæ йын бындур сæвæрдта скъола дæр. Уæд нын сарæзтой стыр равдыст Дзæуджыхъæуы Нывгæнынады музейы. Фæстæдæр та – фæсарæнты дæр. Уый кæуылты циндзинад уыд мæнæн. Уый фæстæ ноджы ныфсджындæрæй цыдтæн мæ равзæрст фæндагыл.

**– Цымыдисаг у, дипломон куыстæн цы темæ равзæрстай, уый.**

– Ацы аз бæрæг кæндзыстæм Цæгат Ирыстоны автономийы сæдæ азы. Уæд та бæрæг кодтам йæ фæндзай азы, æмæ уый уыд мæ темæ. Сарæзтон эмблемæ, логотип, къулылдаргæ къæлиндар дыууадæс офортимæ, рекламон плакаттæ, майдантæ, хуынды гæххæттытæ… Цыдæриддæр хъуыд бæрæгбонмæ, уыдон.

**– Спайда сæ кодтой?**

– О, бæрæгбон сæ хуыз райста.

**– Дæ ЦИПУ-йы аивæдты факультеты нывгæнынады æмæ архитектурæйы кафедрæйы профессор, Цæгат Кавказы Хæххон-металлургон институты арæзтад æмæ архитектурæйы факультеты ахуыргæнæг. Дзæвгар рæстæг кусыс фæсивæдимæ.**

– ЦИПУ-йы кусын 31 азы, Хæххон-металлургон институты 25 азæй фылдæр. Уыцы рæстæгмæ бацæттæ кодтам сæдæгай специалисттæ. Бирæтæ дзы сæхæдæг дæр систы ахуыргæнджытæ. Сæ нæмттæ сты зындгонд.

**– Мурат, фæстагмæ цы куыстытæ скодтай, уыдонæн сæ егъаудæр у Къостайы фæдзæхстмæ гæсгæ «Ме 'фсымæртæ,**

**кæрæдзи уарзгæйæ цæрут!» Иу ныхасæй йæ мæ бон рахонын у сурæттæй фыст Иры истори.**

– Раст зæгъыс. Æртæ азы æмæ æрдæг куыстон ацы нывыл. Æдæппæтæй дзы ис дыууæсæдæ персонажы. Анахарсисæй райдай æмæ абоны хъайтартæй фæу. Заказ нæу. Мæхи зæрдыл æрлæууыд. Æппæты фæстагмæ ма дзы сарæзтон нæ республикæйы Сæргълæуууæг Сергей Меняйлойы сурæт. Нывы астæу ис скульптурæ «Таинство кровного братания скифов»-ы ныв. Уый у нæ фыдæлты æфсымæрдзинады символ. Дыууæ скифаг лæгæн сæ къухты ис нуазæнтæ. Кæрæдзийæ æфсымæртæ зæгъгæйæ-иу се ‘нгуылдзтæ кардæй фæлыг кодтой æмæ-иу сæ тугæй уыцы нуазæнтæм рауагътой. Куы-иу сæ банызтой, уæдæй фæстæмæ-иу нымад цыдысты æфсымæртыл. Сæ сæрмæ та лæууынц Анахарсис, Къоста, Васо æмæ сæм къухæй амонынц, æфсымæрдзинадмæ сидæгау. Сæ къæхты бын ныккодтой залиаг калмы, ома æвзæрдзинадæй цы ис, уымæн кæрон скæнæм, зæгъгæ. Нывы фенæн ис нæ разагъды лæгты, Ирыстон йæ сæр бæрзонд кæмæй хæссы, Ирыстонæн ном чи скодта æмæ йын лæггад кæнынæй чи нæ фæллайы, уыдоны: Ос-Бæгъатыр, Къарол Артур, Дауыт-Сослан, Быгъуылты Дзæуыг, Нигер, Кочысаты Розæ, Малиты Гиуæрги, Мамсыраты Темырболат, Плиты Иссæ, Токаты Гокки, Джиоты Пора, Колыты Аксо, Нафи, Камал, Шамил, Хетæгкаты Хъазыбег, Дзиуаты Батрадз, Уататы Бибо, Бутаты Фатимæ, Таболты Сергей, Уататы Зелим, Джуссойты Альберт, Битарты Вячеслав, Козаты Ушанг, Андиаты Сослан, Гасситы Мурат, Таймæзты æфсымæртæ æмæ иннæтæ. Чи зоны ма ацы куыст æндæр кæттагыл адарддæр кæнон. Фендзыстæм.

**– Ды уыдтæ бинонтæн сæ кæстæр. Кæстæр хъулон у, фæзæгъынц. Дæу иннæтæй уæлдай буцдæр дардтой?**

– Нæ, афтæ зæгъын мæ бон нæу. Йæ сывæллæттæй искæй бабуц кæнынмæ мæ мады æвдæлгæ дæр никæд ракодта. Фæлæ куыд кæстæр, афтæ мæм азтæй хæстæгдæр уыд Шамил, нæ бастдзинад дæр фидардæр уыд.

**– Адæймагыл цасфæнды азтæ куы цæуа, уæддæр Хуыцауæй цыдæр хорзæхтæм фенхъæлмæ кæсы, цæмæдæр фæбæллы. Цы дзы ракурис ды та, Мурат?**

– Мæ бæллицтæ бынтон хуымæтæг сты. Нæ мæ фæндид ногæй мæ цард рацæрын, æрыгон фестын. Лæг цы цæры, уый адæмимæ хæлар æмæ уæнгрогæй фæцæрын, стæй уæд æгуыст дæр куыд нæ уа. Цы мæ бон уыд, уый сарæзтон аивады дæр, царды дæр.

**– Цард доны къусæй уæлдай нæу, фæзæгъынц. Уæрæсе æмæ Украинæйы ‘хсæн хæстон операци уыдзæн, уый æнхъæл ничи уыд. Нывгæнæг дæр æмæ фыссæг дæр сты дуджы цаутæ æвдисæг. Цы хъуыды кæныс абоны политикон уавæры тыххæй?**

– Æз разы дæн нæ паддзахады разамонæг Владимир Путины архайдæй. Æндæр гæнæн дзы нæ уыди, уый бæлвырд у. Зæгъæн ис, æгас дуне нæ ныхмæ у, фæлæ нын уæддæр никæй бон ницы бауыдзæн. Уæрæсейы тых бирæ у! Уæвгæ та Советон Цæдисы рæстæг адæм æнгомæй цардысты, хæстытæ, быцæутæ дæр нæ уыд. Цæдис куы фехæлд, уæд адæмы зонд сæмхæццæтæ. Фæлæ та уæддæр Хуыцауы арфæ кæд æрцæуид адæмыл. Уæрæсейы фарн бирæ у, æмæ та хуыздæрмæ раивдзæн рæстæг.

**– Абон сарæх сты нырыккон аивады алы хуызтæ. Цæмæй дзы райы дæ зæрдæ, цы дзы у зæрдæхсайгæ та?**

– Зæгъæм, бирæфигурон тематикон нывтæ стæм кæй систы, уый мын стыр хъыгаг у. Лыстæг темæтæ сарæх сты. Фылдæр хъуыды кæнынц, æлхæнæджы зæрдæмæ цы фæцæудзæн, ууыл. Уым хорзæй ницы уынын, фæлæ, раст куы зæгъон, уæд уыцы зондыл хæст нывгæнджыты æмбаргæ дæр кæнын. Раздæр паддзахад йæ хъус дардта нывгæнæджы сфæлдыстадмæ, аргъ ын кодта, æлхæдта йын йæ куыстытæ музейтæн. Табу Хуыцауæн, ис нæм тынг хорз курдиатджын фæсивæд, æмæ та раздæхдзыстæм уыцы фæндагмæ.

**– Кæддæр аивадиртасæг Дзантиаты Анатоли загъта, зæгъгæ, нæ нывгæнджыты нывтæ Уæрæсейы æндæр регионты кæнæ фæсарæнты арæзт равдыстыты æвдыст куы æрцæуынц, уæд иннæты ‘хсæн бæрæг кæй фæдарынц сæ дæсны арæзтæй, æмæ уымæй кæй у сæрыстыр.**

– Уый кæдфæнды дæр афтæ уыд. Махæн нæ февнæлд дæр æндæр у. Мах цæдис Уæрæсейы нымад цæуы æппæты тыхджындæртæй иуыл. Раздæр-иу Мæскуыйы уыд автономон республикæты нывгæнджыты стыр равдыстытæ. Æмæ-иу иннæ республикæтæ махмæ курдиат æрбарвыстой, баххуыс ма нын кæнут экспозици саразынæн, зæгъгæ. Ныртæккæ дæр нæ кад ныллæгдæр нæу, Мæскуыйы Ирыстоны нывгæнджыты аивадæн аккаг аргъ кæнынц.

**– Бузныг, Мурат!**

*Ныхас ныффыста ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ*

1100

Аланыстоныл саргъуыды

# АДÆЙМАДЖЫ ФÆД

Рæстæг… Азтæ… Цæуынц, згъорынц, тындзынц æнусы тармæ. Сæ ауоны кæнынц хабæрттæ æмæ цаутæ, иугай адæймæгты æмæ æнæхъæн фæлтæрты хъысмæт, семæ хæссынц, фылдæрхатт аргъ скæнын кæнæ фæстæмæ раздахæн кæмæн нæй, ахæм хæзнатæ: Тæтæртупп, нæ мæсгуытæ æмæ аргъуантæ, хицæн нæмттæ æмæ удуæлдай куысты фæллæйттæ.

Цымæ, цас сты уыцы æбæрæг кæнæ рох нæмттæ нæ истори, нæ культурæ, нæ литературæйы? Цас хæзнатæ фесæфтам? Цы ма дзы ссардзыстæм?

Фæнды мæ уыцы рох нæмттæй иуы кой ракæнын. Мамытты Стефан райгуырд 1848 азы 1 августы Зæрæмæджы, уæды Нары приходы. Райдайæн скъола каст фæци сæхи хъæуы. Уый фæстæ ахуыр кодта Дзæуджыхъæуы дины ахуыргæнæндоны.

Стыр ахъаз фæци ацы скъола йæ рæстæджы ирон адæмы ‘хсæн фыссынад æмæ ахуырад рапарахат кæныны хъуыддаджы. Йæ хуыздæр ахуыргæнинæгтæ ‘рвыст цыдысты Уæрæсейы æмæ æндæр рæтты дины уæлдæр скъолатæм ахуыр кæнынмæ. Уыдонæй уыди Мамытты Стефан дæр. Арвыстой йæ Тифлисы дины семинармæ. Каст æй фæцис, Æлборты Барысбимæ гæсгæ, 1866 азы, Гатуйы-фыртмæ гæсгæ та – 1869



азы. Уæд ацыд ахуыргæнæгæй Кутаисы дины ахуыргæнæндонмæ. Æлборты Барысби куыд фыссы, афтæмæй Стефанæн 1877 азы 1 октябры радтой сауджыны цин, фæстæдæр сси протоирей. 25 азы Стефан куыста Ирыстоны.

Нæй бæлвырд æрмæджытæ йæ бинонты царды тыххæй дæр, æрмæст мын дзырдæуыд, зæгъгæ йын уыдис бинонтæ. Схъомыл кодта æмæ уæлдæр ахуыргонддзинад радта йæ чызг æмæ йæ лæппуйæн. Чызг афтыд Мæскуымæ, лæппу куыста ам, нæхимæ, оргæнты, фæлæ 1937 азы арты æнаххосæй басыгъд.

Стефаны амард 1918 азы æмæ ныгæд æрцыд Ирон аргъуаны кæрты.

Цы кадавар æрмæджытæ нæм ис Мамытты Стефаны сфæлдыстадæй, æрмæст уыдоны бындурыл дæр нæ бон зæгъын у, сæ автор хуымæтæг адæймаг кæй нæ уыдис: дины кусæг, фыссæг, драматург, тæлмацгæнæг, ахуыргæнæн чингуыты автор. Уыимæ фыста иронау дæр æмæ уырыссагау дæр. Мамытты Стефан уыдис Ирыстоны XIX æнусы дыккаг хайы зæронддæр ахуыргæнджытæй иу.

Æнæмæнгæй, Стефанæн йе сфæлдыстадон куысты зынгæдæр хай скъолатимæ баст у. Стефан бацæттæ кодта мыхуырмæ ирон абетæ цыбыр грамматикæимæ, ратæлмац кодта дины чингуытæ. Æцæг уыцы азты амынд чингуытæй иу дæр мыхуыры нæ фæзынд. Нæ фæзындысты фæстæдæр азты дæр, кæд Дзесты Куыдзæг йæ мысинæгты чиныг «Нæ буц хистæртæ»-йы фыссы, зæгъгæ, Хуссар Ирыстоны 1900 азты райдайæны скъолаты ахуыр кодтой Мамытты Стефаны чингуытæй, зæгъгæ, уæддæр.

Уый хорз зыдта ирон скъолаты уавæр, æнæзонгæ йын нæ уыд чингуыты кадавардзинад дæр, æмæ йæ удæй арт цагъта, исты амæлттæй уавæр фæхуыздæр кæнынил. Йæ арæзт чингуытæ æрвыста Ирыстоны скъолатæм лæвар, цæмæй рæзгæ фæлтæр ахуыр кодтаиккой мадæлон æвзаг, æгъдæуттæ, фольклор, истори, æрдз, цæрæгойты æмæ зайæгойты цард, дины ахуырад. 1908 азы Батумы мыхуыры рацыд «Сывæллæтты чиныг» дыууæ хайæ.

Лæвæрд дзы цæуынц ирон сыбырттнывтæ (дамгъуат) æмæ нымæц-тæ иуæй дæсы онг.

Чиныджы дыккаг хай арæзт у цыбыр текстгæй, аргъæуттæй, æмбисæндтæй, уыци-уыцитæй, сæйрагдæр, Къостайы æмдзæвгæтæ «Фыдуаг», «Уасæг», «Кæмæн цы?», «Лæгау»-æй, адæмон зарджытæ «Цъæх сæгъы зарæг», «Авдæны лолотæ»-йæ.

Автор хæст у педагогикæйы сæйрагдæр принциптыл: ахуыры процесс хъуамæ цæуа æнцонæй зындæрмæ, хуымæтæгæй вазыгджындæрмæ. Уый та, кæй зæгъын æй хъæуы, стыр ахъаз у æрмæг рæвдздæр æмæ биноныгдæр бамбарынæн.

Аивадон (оригиналон) текстгæй чиныджы Къостайы æмдзæвгæтæй фæстæмæ ис 4 æмдзæвгæйы: «Уалдзæг», «Сæрвæт», «Амонд» (зæрдыл æрлæууы Хъайтмазты Аслæмырзæйы æмдзæвгæ «Фæллой»), «Стыр боны æхсæв». Адæймагмæ ахæм хъуыды æрцæуы, цыма ацы æмдзæвгæтæ, стæй, дыккаг чиныджы чи ис, уыдонæй иу цалдæр Стефанæн йæхи фыст сты («Стихотворения поэта Коста и некоторые мои собственные»). Зыны сыл æвæлтæрд къухы фæд дæр.

Дыккаг чиныджы («Сывæлæтты чиныг. Дыккаг хай») дæлсæргонды фыст ис: «Скъолайы æмæ хæдзары кæсынæн». Чиныг арæзт у дыууæ хайæ. Фыццаг хай арæзт у аивадон текстгæй. Уыдон сты Къостайы æмдзæвгæтæ («Тæхуды», «Сагъæс»), ирон аргъæуттæ («Дыууæ æфсымæры», «Цуанон æмæ уæйыг»), æмбисæндтæ, уыци-уыцитæ, фæндырыл цæгъдынæн зындгонд ирон зарæггæнæг æмæ таурæгъгæнæг Зыгъуытаты куырм Бибойы таурæгъ «Бирæгъ æмæ зыгъарæг» Байаты Гаппойы фыстæй, цыбыр радзырдтæ адæймаджы, зайæгойты, цæрæгойты æмæ дунейы цардæй. Уыдонæй иутæ сты оригиналон («Чысыл Илас суадон кæсагджын куыд скодта»), иннæтæ та – тæлмацтæ («Степкæ»).

Чиныджы дыккаг хай «Дунейы цардæй» арæзт у алыхуызон æрмæджытæй (медицинæ, астрономи, физикæ, географи). Сты тæлмац уырыссаг æвзагæй. Фыццаг хайæ уæлдай ма ам ис цæстуынгæ æрмæг дæр. Бæрæг у, чиныгаразæджы сæйраг хæс кæй уыд сывæллæтты дуне уæрæхдæр кæнын, цæмæй арфдæр æнкъарой адæмы æмæ цæрæгойты Цард, цин æмæ хъыг, æвзæрой сæм адæймаджы хуыздæр æууæлтæ: æууæнкджын æмæ æнæсайд, хъæбатыр æмæ ныфсджын уæвын, Фыдыбæстæ æмæ райгуырæн зæхх уарзын.

1911 азы Стефан скъолаты программæмæ гæсгæ сарæзта æмæ ра-

уагъта «Хуыцауы диныл ахуыргæнæн чиныг». Текcттæ иууылдæр сты дины темæйыл фыст. Сты уырыссаг æвзагæй тæлмацгонд.

Куыд загътам, афтæмæй Мамытты Стефан йæ тыхтæ фæлвæрдта прозæ æмæ драматургийы жанрты дæр.

1909 азы газет «Хабар» æстæм номыры ныммыхуыр кодта Стефаны тæлмацæй М. Горькийы æмдзæвгæ «Песня о Соколе»-йы фыццаг хай, фарæстæм номыры та мыхуыры рацыд йæ дыккаг хай. Уый уыди номдзыд фыссæджы фыццаг уацмыс ирон æвзагыл.

1879 азы газет «Терские ведомости»-йы мыхуыры рацыд йæ фыццаг уац «Несколько слов об осетинах». Уац кæд полемикон у, уæддæр автор быцæу ныхас нæ кæны, уый размæ цы æрмæджытæ уыд, уыдоны автортимæ, фæлæ сæ куры, цæмæй æгæр схъæл ныхас ма кæной, ма фервæссын кæной ирон адæмы сæхиуыл.

1890 азы газет «Северный Кавказ» иу цалдæр номыры фæд-фæдыл мыхуыр кæнын райдыдта радзырд уырыссаг æвзагыл «Косе, или кровная месть в анархическое время Осетии». Радзырд у цымыдисаг. Цæстыты раз ирдæй сысты Ирыстоны рæсугъддæр æмæ рагондæр къуымтæй иу – Зæрæмæг. Æвæджиауы æрдзы нывтæ. «Уалдзæг уыд, æмæ бæстæ йæ хуыз скалдта. Æрдз йæ кæркæ-мæркæ фæлысты арвмæ худти. Уазал æмæ карз зымæджы фæстæ уыцы ирдгæ рæууон æхсæвтæ æмæ хуссайраг хурæфсæст хъарм бонтæ цардмæ здахой æппæт дун-дуне».

Чиныгкæсæгмæ афтæ фæкæсы, цымæ автор иу æмæ дыууæ боны нæ арвыста ацы æрдзы хъæбысы, иу æмæ дыууæ хатты не схызт, хъæуы алыварс цы бæрзæндтæ ис, уыдонмæ æмæ лæмбынæг нæ ныккаст цæрджыты цардыуагмæ, сæ зæрдæйы сусæг æвæрæнтæм.

Бæрæг у, автор хорз кæй зоны хæхбæсты цæрджытæн сæ цардыуаг, сæ низы хатт, сæ аххосæгтæ æмæ сæ фæстиуджытæ: «Ирыстоны хæхты хуымæн бæзгæ зæххытæ бирæ нæй, фæлæ дзы уыгæрдæнтæ дæр хæрз гыццыл хæйттæй апырх сты хъæуты алывæрсты. Ахæм хæдзар нæй, æмæ йæ хуымтæ кæнæ йæ уыгæрдæнтæ иу ран, иу зæххы хайыл кæмæн сты».

Цæргæ-цæрæнбонты Ирыстоны цыдæриддæр хылтæ цыди, искуы-иу стæм ма уæд, уый йеддæмæ цыдысты зæххы сæрыл… Искæй арæнмæ гыццыл баирвæзæд дæ дзывыр, æмæ тас уыди, туг куы ныккæла, уымæй.

Косе æмæ Дзаххо – Стефаны радзырды хъайтартæ. Сæ фыдæлтæ кæддæр æрдхордæй цардысты. Фæлæ уæззау царды гакъон-макъон фæндæгтыл цæуылдæр фæбыцæу сты. Адæм сæ бафидауын кодтой,

æмæ фиддонæн Косейы фыдыфыд бафыста зæххы гæбаз, æцæг карз æлгъыстытимæ. «Хистæрты фиддонтæ – кæстæртæн фидинаг», – зæгъы ирон æмбисонд. Зæххы гæбаз æцæг æлгъыстаг рауадис. Нæ йыл бафидыдтой дыууæ æфсымæры цот Дзаххо æмæ Бестау. Хæцæнгæрзтæм бавнæлдтой. Мæлæтдзаг цæф фæци Дзаххо.

Тызмæг рæстæг, хæххон царды æууæлтæ, æнæмæнг, æвæрдтой ахæм ахаст æрыгон фæлтæры зæрдæйы æнкъарæнтыл.

Рагæй уарзтой кæрæдзи сусæг уарзтæй Косе æмæ Дзаххо. Уарзтой хæххон суадонау сыгъдæг уарзтæй. Æрмæст Дзаххо куы фæцæф, æнæнхъæлæджы йæ Косе тугамæстæй куы федта, уæд йæ зæрдæ бахъарм. Бирæ рæстæг йæхимæ не 'рцыд. Фæлæ «сусæгдзинад, – фыссы автор, – сылгоймаджы дзыхы, дон сасиры цас лæууы, уыйас йеддæмæ нæ лæууы». Косейы сусæгдзинад рахъæр кодта йæ чындз. Хъæубæстыл ахæлиу, фæсивæд ыл зарæг скодтой, йæ уарзоныл зæрдæхъæрмттæ кæны, зæгъгæ, æмæ æрыгон чызг йæхи доны баппæрста. Йæ амондæн, хæстæг, доны был, дурауон бадти Дзаххо. Хъахъхъæдта, йæ туджджын (йе'фсымæр) хосгæрстæй кæд раздæхдзæн, уый. Æнæнхъæлæджы федта æвирхъау ныв æмæ мæлæты дзæмбытæй байста йæ уарзоны.

Ууыл аскъуыйы радзырд, – фыст æй нæ фæци æви дзы мыхуыр æрмæст ацы скъуыддзаг æрцыд, уый зын зæгъæн у.

Нæ сæм хъæуы абоны цæстæй кæсын æмæ аргъ кæнын. Уыдон сты сæ рæстæджы хъæбултæ. Сæ уавæртæм гæсгæ архайынц æмæ æвдисынц хæхбæсты цæрæг адæмы хъысмæт. Автор нæ пайда кæны бæлвырд афыстытæй. Йæ хъайтарты хуызæн уый дæр у иуцасдæр мадзура.

Радзырд «Косе», куыд загътон, афтæмæй мыхуыры фæзынд уырыссаг æвзагыл. Фæлæ мæм афтæ кæсы, фыст æрцыд, æнæмæнг, иронау. Æрмæст, уыцы азты (1890) ирон æвзагыл периодикон мыхуыр кæй нæма уыдис, уымæ гæсгæ тæлмацгонд æрцыд уырыссаг æвзагмæ. Дызæрдыггаг нæу, тæлмацгæнæг Стефан йæхædæг кæй уыдаид, уый. Кæд афтæ у, уæд ма уый иу хатт дзурæг у Стефаны хъæздыг миддуне æмæ æппæтвæрсыг курдиатыл.

1916 азы ма журнал «Чырыстон цард»-ы фæзынди Стефаны радзырдтæй иу. Хуыйны «Чи цы тæригъæд ракæна, уымæй йæ æфхæры Хуыцау».

Стефаны пьесæ «Налхъуытæ» фыст кæд æрцыд, уый бæрæг нæу.

29 мартъийы (11 апрелы) 1913 азы Гуырдзыстоны цензурæйы комитет бар радта пьесæ сценæйыл æрæвæрынмæ. Фыццаг хатт сценæйыл æвæрд æрцыд 1913 азы 14 апрелы.

Йæ мидис цыбырæй у ахæм. Ирон лæппу Афæхъо у студент. Ахуыр кæны Бетъырбухы. Афæхъо бауарзта йæ хъæуккаг чызг Налхъуытæйы, æмæ сæ цард баиу кодтой.

Налхъуытæ рацыд цæрæг бинонты æхсæнæй (йæ фыд пайдайыл лæвæрдта æхца), уыдис æм иуцасдæр ахуыргонддзинад дæр. Æрыгæттæ сæ цард куы баиу кодтой, уымæй æртæ мæйы дæр нæма рацыд, афтæ Афæхъо йæ уарзондзинадыл йæ къух ауыгъта. Йæ бинойнаджы йæ сæрмæ нал хаста, фæстæзад æмæ æнахуыргонд дæ, зæгъгæ, æмæ ракуырдта иу цыдæр хиуарзон, тæргайгæнаг, æнæгъдау æмæ фыдзæрдæ уырыссаг сылгоймаджы. Рæстæг цыди, æмæ Афæхъо сабыргай æмбарын райдыдта йæ рæдыд, уæлдайдæр æй йæ дыккаг ус куы фæхудинаг кодта йе 'нæныббаргæ ахастæй, уæд, æмæ йæхи амардта.

Налхъуытæ – æнæхæлд, хæдзонд æмæ хæрзæгъдау адæймаг, бирæ уарзта йæ мойы. Архайдта, цæмæй йæ цард ма фехæла. Æмбæрста, ахуыргонддзинад æм фаг кæй нæй, духовон рæзты дæр дæлдæр кæй лæууы Афæхъойæ æмæ ахуыры фæндагыл ныллæууыди. Йæ фыды бирæ æхцатæ йын бар лæвæрдтой уымæн. Ахуыр кодта канд Бетъырбухы нæ, фæлæ фæсарæнты дæр. Каст фæци Оксфорды университет. Фæстагмæ æрыздæхт сæхимæ. Фæлæ уæдмæ, куыд загътам, афтæмæй Афæхъо йæхи амардта.

Уæлдæрамынд аивадон уацмыстæ æмæ ахуыргæнæн чингуытæй уæлдай ма уæды периодикон мыхуыры фæрстыл бакæсæн ис Мамытты Стефаны публицистикон уацтæ.

Уыдоны ныхас цæуы рæстæджы ахсджиаг фарстатыл. Зыны сыл авторы æнæнцой зæрдæйыуаг æмæ зонды фæд.

*ХЪАНТЕМЫРАТЫ Римæ,*
*филологон наукæты кандидат*

*МАМЫТТЫ Стефан*

# КОСЕ

*Радзырд*

## I

Уалдзæг уыд, æмæ бæстæ йæ хуыз скалдта. Ærдз йæ кæркæ-мæркæ фæлысты арвмæ худти. Уазал æмæ карз зымæджы фæстæ уыцы ирдгæ рæууон æхсæвтæ æмæ хуссайраг хурæфсæст хъарм бонтæ цардмæ здæхтой æппæт дун-дуне.

Уæллаг Зæрæмæг æрæнцад Адайыкомы бахизæны фыдбын цæугæдоны тæккæ былгæрон, æгас Уæлладжыры комы дæр кæм ссардзынæ ахæм къуым!

Хъæуы алыварс фæззыгæндтæ цъæх адардтой, рæгътæ æмæ дæлвæзтæ сæхи æрæмбæрзтой цъæх-цъæхид кæрдæг æмæ, æмбисонды хæрздæф кæмæй цæуы, ахæм дидинджытæй. Уæдæ хъæуæн йæ равæрд, хæдзæрттæ цалдæргæйттæй иугай тъæпæн уæлхæдзæртты бын кæй батыгуыртæ сты, арвмæ чи фæцыд, æмæ сæ фæрстыл хъуына кæмæн рахæцыд, уыцы бæрзонд мæсгуытæ – уыцы фыдæлтыккон зæронд сисамадтытæ адæймаджы æндæр дунейы балæууын кæнынц.

Хъæу æххæст нæма барухс, афтæ уынгтæ базмæлыдысты. Алчи тындзыдта – чи йе стуртыл ахъæр кодта, рæгъаумæ куыннæ байрæджы кæна, афтæ, чи йæ лыстæг фос феддæ кодта. Адæмы ныхас, хъомы уасын, фысты бæгъ-бæгъ сиу сты цæугæдоны хъæримæ æмæ иумæ нæргæ цыдысты комы дæлæмæ.

Сылгоймæгтæй алчи тагъд-тагъд мæрзы йе скъæт æмæ йæ кæрт, æфснайы агъуыстытæ. Чи сæ куыд раздæр фæвæййы уыцы куыстытæ, афтæ тагъд кæны донмæ. Уым, доны был, сæ донгæрзтæ æрæвæрынц æмæ сæхи сæхсынц уазал донæй – сæ уадултæ сырх адарынц – стæй ныхæстыл фæвæййынц. Уартæ комы рæбынмæ цы фæндаг адаргъ, ууыл фæзынди, йæ куыстмæ чи тагъд кæны, ахæмтæ. Иуæй-иутæ хъæуы æдде хъугомы рувынц сæ хуымтæ. Нæлгоймæгтæ иууылдæр – гæрзифтонг, раст цыма кусынмæ нæ, фæлæ хæстмæ фæцæйцæуынц. Рæстæгæй-рæстæгмæ мæсгуытыл фæзынынц хъахъхъæнджытæ, къухаууонæй акæсынц дæлæмæ комы дымæгмæ æмæ та фæстæмæ фæауун вæййынц.

Уæдмæ скалди тохынаты фæздæг, хъæуы сæрмæ баиу æмæ адаргъ æврагъы хуызæн: уый æфсинтæй алчи уæларт балæууыди.

Хъæуысæр лæзгъæрыл сындæггай цæуы уæлæмæ хъомы рæгъау. Хъомгæсæн куы йæ хъæр фæцæуы, куы – йе ‘хситт: тагъддæр куы схæццæ уаид сæрвæтмæ, ууыл архайы. Фыййæуттæй иуæй-иутæ фæуæле сты, фос хизыныл фесты, æмæ сæхицæн сæ зарын райхъуыст. Фыстæ æмæ сæгътæ афтæ апырх сты цъæх-цъæхид сæрвæты – мæнæ сыл цыма исчи цыдæр рæсугъд нывтæ скодта, афтæ зынынц, æддиауæй сæм чи æрбакæса, уымæ. Хъæуы бакомкоммæ доны фаллаг фарс лæппутæ хизынц лæппын фос. Хъæуы сæрты куы иуæрдæм атæхы зæрватыччыты бал, сæ базырты фæлмæн æхситт фæцæуы, афтæмæй, куы иннæрдæм ратæхы.

Арвы цъæх барухс хуры сызгъæрин тынтæй. Хæхты цъуппытыл цы мит и, уый тæмæнтæ акалы. Уалынмæ йæхæдæг дæр сзынди хуры цæст, æмæ йæ тынты рухс фемæхсти хъæуы дæр, стæй æгас Уæлладжыры комы дæр. Кæрдæг сæрттывта, налхъуыт-налмасы æртæхтæ йыл бапырх чындæуыди. Зæххы цæсгом бахъарм, æмæ йæ уæлдзармæй, цыма хæлуарæджы тын уыди, уыйау стади тæф æмæ йæ цæст зына-нæзына ахста, афтæмæй уæлæмæ цыди.

Гыццылгай хъæу афтид кодта адæмæй, сабырдæр кодтой йе змæлд æмæ йæ хъæлæба дæр. Æрмæст цæугæдон цыди æмæ цыди размæ æмæ йæ хъæр æмæ йæ хъæлæба йæ сæрыл систа.

Дуне цин кæны иууылдæр хуры скастыл, фæлæ – нæ. Дуне иууыл нæ цин кодта.

Хъæуы бæрæгастæу иу тъæпæн уæлхæдзар фæзынди æртæ адæймаджы: иу зæронд лæг æмæ иу чызг се ‘хсæн бакодтой иу бæзæрхыгарæзт лæппулæджы, йæ дыууæ цонгыл ын ныххæцыдысты æмæ йæ фæкæнынц уæлхæдзæртты. Дысон фембæлди лæппу йæ туджджыныл. Туджджыны бæргæ мæлæтдзаг цæф фæкодта, фæлæ йæхæдæг дæр фæци мæлæтдзаг цæф. Ныр цин кæны: уæддæр йæ туджджынæй фылдæр фæцард. Туджджын ын йе уæхск ахауын кодта суанг йæ риуы ‘мбисмæ, зоны йæ, æдæппæтæй ма ацæрдзæни иу сахат кæнæ чысыл фылдæр æмæ ма уæддæр хъуамæ дыууæ дзабыры батона йе знаджы фæстæ. Æмæ бахуыййын кодта дзабыртæ тæрхъусдзармæй. Ныр йæхи бон цæуын нæу, æмæ йæ йæ зæронд фыд æмæ йæ кæстæр хо ракæ-бакæ кæнынц: хъуамæ ма, цалынмæ йæ уд йæ мидæг ис, уæдмæ фæуой уыцы дыууæ дзабыры. Æмæ цæуы, йæ бон нæу, уæддæр цæуы æмæ цин кæны, йе ‘фсымæры туг кæй райста, ууыл, гъе æрмæст ын иу хъуыддаг ауон дарæгау кæны йæ цинмæ – ныр та уый туг хъæудзæни исын, нæма фесты сæ хæстæ фыст

йе знæгтимæ, æмæ чи уыдзæн, чи ныллæудзæни тугисæг уымæн та?

Фарни – афтæ хуынди зæронд лæджы ном – йæ урс сæрыл йæ хъуынджын худ арф ныккодта, йæ галиу цонг лæппуйы астæуыл æрбатыхта, йæ рахиз къухы берданкæ æрбалхъывта, афтæмæй цыди лæппуйы фæрсты. Йæ цæстæнгасыл бадти, ссæуæн кæмæн нал и, ахæм æрхæндæг: чи уыдзæн, чи райсдзæни лæппуйы туг? Йæхæдæг йæхиуыл бæргæ нæ фæхæцид фæстæмæ, фæлæ ма кæм баззади тых йæ зæронд уæнгты! Æмæ та фæстæмæ адугъ кæны йæ хъуыдыйы Фарни, балæууы йæ лæппуйы бонты – йæ тых цы фæкæна, уый куынæ зыдта! Æмæ та æнкъардæй раздæхы йæ абоны бонмæ фæстæмæ: ницы уыны, нæдæр йæ абоны царды, нæдæр йæ сомы царды хорзæй. Рухсы цъырт никуыцæй кæсы йæ зæрдæмæ. Цы уыдзæни, куыд уыдзæни, йæ фырт куы амæла, уæд? Йæ зæрдæйы ауындзæнтæ уæд аскъуыйдзысты бынтондæр, æвæццæгæн. Иу фырт ма йын ис, фæлæ уымæй цæй фырт и. Уый хорзæй исты сараза?!

– Афæхъо, æгъгъæд уал у. Æрулæф уал, – дзуры фыд æмæ фыртмæ æрхæндæг чызг. – Дæу дæхи æруадзын хъæуы, ды та цæуыс æмæ цæуыс...

– Раст у, Косе, мæ уд мæ хъуырмæ схæццæ, фæлæ цы уæлдай у – цæуон, бадон, уæддæр мын мæлæтæй аирвæзæн нæй.

– Мæнæ дын ам бауат кæнон, кæд дæ рæууон уæлдæфмæ фæнды, уæд. Ныр та уал бадгæ æркæн. Кæннод цæуын дæ бон нал у. Стæй ма кæс: дæ дзабыртæ дæр фесты.

– Уый хорз у, мæ хо, – æз ма не знаджы фæстæ уыйбæрц фæцардтæн, æмæ иу фæлыст дзабыртæ батыдтон. Мæ зæрдæ сабыр у, ме ‘фсымæры туг кæй райстон, уымæй. Уæдæ иугæр ме ‘фсымæры размæ сыгъдæг цæсгомæй бацæудзынæн, уæд мæлæтæй дæр нæ тæрсын.

Уыцы рæстæг йæ зæрдæ бахъарм æмæ æрхауди. Косе азгъордта æмæ дон æмæ уæйлаг нымæт æрбахæццæ кодта. Афæхъо уазал дон ахуыпп кодта æмæ йе ‘муд æрцыд. Нымæтыл æрхуыссыд. Фыд æмæ хо æрбадтысты йæ цуры. Фыд йæ цæстытæ асхъаудта, фыртмæ комкоммæ бакаст æмæ райдыдта:

– Уæ мæ фырт, дæхæдæг æй уыныс – дæ уд ма æрдуйыл хæцæгау хæцы. Ды куыд цæф дæ, афтæмæй нырма никуы ничи фервæзти. Нырма дæр удæгас кæй дæ, уый, æрдзæй фидар кæй рахастай, уый руаджы у. Дæ бынаты æндæр чи уыдаид, уый уым баззадаид, дæ туджджыныл кæм сæмбæлдтæ, уым. Афтæмæй кæй дзурын, уый тыххæй мæм мæсты не суыдзынæ, зонын æй. Æмæ ды амæлдзынæ æмæ æрсабыр уыдзынæ,

ницыуал уынгæ кæндзынæ. Фæлæ уынгæджы мах сæртæ фæуыдзысты, не ‘намонд сæртæ! Куыд цæрдзыстæм, цы ми кæндзыстæм æнæ дæу?! Де ‘фсымæрæй лæг нæй, Созырыхъойæ. Мæнæн кусын мæ бон нал у, чи нæ дардзæн?! Дæ туг чи райса, уый дæр нæй. – Уым зæронд лæг йæхи нал баурæдта æмæ хъæрæй скуыдта. Чызг ыл бабустæ кодта:

– Зæрдæтæ йын нæ авæрыс, фæлæ кæуыс йæ цуры! Уæд ма исчи афтæ кæны?! Ноджы, цæмæй йæ зæрдæ амæла, уыцы митæ йын кæныс!

Афæхъо схуыфæгау кодта, стæй райдыдта лæмæгъ хъæлæсæй:

– Мæ фыд, нæ хъæуы афтæ бирæ хъуыды кæнын сомы боныл, стæй дæм æгæр æрхæндæгæй зыны. Алцы дæр Хуыцауы къухы ис. Раст у – æз дæр ме ‘фсымæрыл уыйбæрц бирæ ницы дарын мæ зæрдæ. Фæлæ мæнæ мæ хо Косе... Уый дæ къæбæрхъуаг нæ ныууадздзæн. Косе бирæ нæлгоймæгтæй хуыздæр арæхсы куыстытæм. Стæй... Афтæ бакæнын хъæуы... Косейы раттын хъæуы, мидæгмоймæ нæм чи æрбацæуа, ахæм лæппуйæн.

Уыцы ныхæстæм Косе фестъæлфыд, æфсымæрмæ цыдæр сцæйдзырдта, уымæн æмæ æфсымæры ныхæстæ йæ зæрдæмæ нæ фæцыдысты – ныхсæгау фæкодтой йæ зæрдæйы, уæддæр йæхиуыл фæхæцыд. Стæй фыдмæ аздæхт æмæ уымæ бадзырдта:

– Ма хъус Афæхъойы ныхæстæм, мæ фыд. Æрсабыр у, уыцы уæззау хъуыдытæ дæ сæрæй аппар. Адæм цæмæй цæрой, уымæй цæрдзыстæм мах дæр. Науæд ма уый фæстæ мах цард цард уыдзæн! Цас дарддæр ацæуæм йæ фæстæ, уыйас нын хуыздæр уыдзæн.

– Нæ, мæ хо, удæгас адæймаджы бирæ цыдæртæ хъæуы. Удæгас æмæ мард дард лæууынц кæрæдзимæ. Удæгасæн мард йе знаг у. Уый марды ницы хъæуы – æрмæст ын арф ингæн скъах, удæгæсты куыд ницы хъыгдара, афтæ. Мæ фыдæн дæр мæнæ уый фæдзæхсын. Стæй-иу мын хистытæ йедтæ дæр ма фæкæнут, уæ муртæ ма ныххæлæттаг кæнут. Æмæ-иу мæ мæ мæгуыр æфсымæры цур баныгæнут. Фæлæ сымах... Куыд цæрдзыстут, цæмæй цæрдзыстут, уый мын ме ‘нцой фæхаста. Æмæ уын фæдзæхсын: уæ мæ хо! Бинонты хъысмæт дæ къухты ис, æмæ мæ уырны – дæхи уды цинтыл дур ныффæлдахдзынæ, дæуæн бирæ цæлхдуртæ ис дæ разы, ды бирæ хъизæмар бавзардзынæ, цалынмæ не ‘фсымæры лæппутæ бахъомыл уой, уæдмæ. Æмæ дæм хатын, æмæ байхъус мæ фæстаг курдиатмæ – уый мæлæг лæджы курдиат у: ныууадз, дæ зæрдæйы кæй ном дарыс, уый. Уымæ амондæй ницы фендзынæ – баууæнд мæныл. Уæртæ Долеткойы фыртæй смой кæн – уый ам æрцæрдзæни махмæ æмæ

хæдзар цудын нæ бауадздзæн. Мæ коммæ куынæ бакæсай, уæд ды мæ хо нал дæ. Цæрынæн дæр цы амæлттæ кæндзыстут – ницы йын зонын. – Афæхъо схуыфыд, йæ хъæлæсæй туг скалд, иу улæфт ма скодта æмæ ныссабыр. Фыд æмæ хо хъæрæй ныккуыдтой, фæлæбурдтой ма йæм, фæлæ æгъатыр мæлæт йæ куыст бакодта – Афæхъо æдзæм-æндзыгæй баззад йæ бынаты. Зæронд лæг æмæ чызджы æрдиагмæ æрбазгъордтой сыхæгты зæронд устытæ. Чысыл фæстæдæр Афæхъойы мæлæт айхъуыст æгас хъæуыл дæр. Алчи йæ куыст уагъта æмæ цыди Фарнийы кæртмæ.

Афæхъойы бавæрдтой, уаг æмæ æгъдау куыд амыдтой, афтæ. Зæронд Фарни уыцы уæззау цæф нæ баурæдта. Æрхауди. Йæ дыууæ мард хъæбулы цот – æртæ æнахъом сабийы – куыд февæрынц ныфсытæ, афтæ йын æвæрдтой, ома, дам, мах куы сыстыртæ уæм, уæд бындзагъд ныккæндзыстæм нæ туджджынтæн се 'ппæты дæр, фæлæ йæм уыцы ныхæстæ дæр нал хъардтой, цыма йæм хъуысгæ дæр нæ кодтой, уыйау.

Созырыхъо, йæ иннæ фырт Фарнийæн, цалынмæ Афæхъо уæлæуыл уыд, уæдмæ куыдта, йæхи хордта, уромæг æй нæ урæдта, фæлæ йæ куыддæр бавæрдтой, афтæ дзы цыма рох фæци йе 'фсымæр, уымæй уæлдай кæугæ дæр нал æмæ æндæр дæр. Райсом-иу æхсæвыцъæхæй хуымы балæууыд æмæ бон-изæрмæ рывта, йæ фындзы бын цыдæр зарæг хъым-хъым кодта, афтæмæй. Æниу-иу хаттæй-хатт хъуыдытыл дæр фæци æмæ-иу Афæхъойы кой кæнын дæр райдыдта: «Цы агуырдта, уый ссардта. Æхсæв ын æрхуыст нал уыди, бон æрбадт – йæ туджджыны фæдыл бафтыд. Æмæ дзы цы радавта? Амардтой йæ! Макæмæ æвнал, æмæ дæумæ дæр ничи æвналдзæн! Кæд дын æнæ туг исгæ нæй, уæд та афтæ, æмæ дын дæхи куыд нæ амарой».

Косе саутæ скодта æмæ барысчъи дардта, уæддæр ын йæ зæрдæмæ ныккæс – нæ, зæронд фыды зæрдæйы цы маст бабадт, ахæм маст нæ федтаис уым. Ныры онг ын æфсымæр, уæлдай змæлд скæна, уый бар нæ лæвæрдта, ныр йæхимæ сæрибар æркасти, цы йæ фæндыди, æмæ цы арæзта, уый тыххæй йæ дзуапп дæттын никæмæнуал хъуыди. Гъе, уыдæттыл-иу куы ахъуыды кодта, уæд-иу йæ зæрдæйы бын зына-нæзына барухс. Афæхъо куы амарди, уæд, æгъдау куыд амыдта, афтæ йæ рустæ ныттыдта, хъæрæй куыдта æмæ-иу æй хаттæй-хатт, йæ зæрдæ бахъарм уа, уымæ бирæ нал бахъуыд. Фæлæ-иу ахæм рæстæджы адæмы 'хсæн йæ цæст иу кæуылдæр æрхæцыд æмæ-иу уæд йæ зæрдæ фæфидар. Уый уыд Дзаххо, сыхагхъæуккаг лæппу – йæ бакаст рæсугъд æмæ зондджын,

афтæмæй адæм йæ фыдуаг æмæ йæ налаты койæ фылдæр нæ уыдысты. Хæцæнгарзимæ йæхицæй хуыздæр ничи сарæхстаид, уæдæ йæ хъаруйæ дæр хъуаг нæ ныууагъта йе сфæлдисæг, æмæ йæхиуыл æгæр фервæссыд. Искуы-иу хъæуы ма уыдаид, æндæр ын алы хъæуы дæр уыди знæгтæ, фæлæ хъуыды дæр никæй кодта.

Ныр, цалынмæ Косе æмæ йæ бинонты кой ракæнæм, уæдмæ чысыл фæстæмæ акæсæм, кæддæра уæды онг цытæ æрцыди Зæрæмæггомы.

## II

Косе Дзаххойыл сæмбæлди Тутыры бонты – Зæрæмæджы уыцы бон стыр мархойы фыццаг къуыри кодтой. Уый ахæм стыр бон уыди, æмæ туджджынтæ дæр кæрæдзийы нæ хъыгдæрдтой, уыцы къуыри йæ туджджыны фæдыл ничи зылди, куы-иу ыл амбæлди, уæддæр-иу йæ фæрсты ахызти, цыма никуы æмæ ницы, афтæ. Уыцы къуырийæн-иу йæ къуырисæры мархо уыд йæ тæккæ карзыл æмæ-иу, цæмæй адæм се ‘ххормаг гуыбынтæм ма хъусой, уый тыххæй æрæмбырд сты иу ранмæ, хъазт-иу сарæзтой, кафыдысты, зарыдысты.

Гъемæ афтæмæй Дзаххо Косеимæ куы расимид. Æмæ йыл нырма æртындæс азы йеддæмæ нæ цыди, фæлæ Косейы хъарм цонг йæ хъармæй æнахуыр æхсызгон æнкъарæн æвзæрын кодта Дзаххойы зæрдæйы. Уæд ын аивæй йæ цæсгоммæ бакаст, æмæ, гыццыл ма бахъæуа, йæ уæрджытæ йæ быны фæдыдагъ уой, афтæ рæсугъд уыди чызг, гъе! Æнæхъæн бон æм фæкасти Дзаххо, æнæхъæн бон фæархайдта, цас гæнæн ис, уыйас æм хæстæгдæр куы лæууыдаид, ууыл. Касти йæм æмæ йæм кæсынæй не ‘фсæсти, афтæ хæрзконд æмæ хæрзæгъдау уыди. Бон кæуылты атахт, уый нæ базыдта Дзаххо.

Уыцы бонæй фæстæмæ æнцой нал ссардта лæппу. Косе фыццаг бонты йæхи афтæ æвдыста, цымæ ницы зоны, ницы уыны, иу ныхасæй, Дзаххойы кæй бауарзта, уый æмбæхсын фæрæзта. Фæлæ уæддæр раргом йæ уарзт, раргом и бынтондæр æнæнхъæлæджы.

Иухатт Косе бадти уæлхæдзар æмæ æлвыста, афтæмæй йæ цæст æрхæцыд Дзаххойыл. Уый тагъд-тагъд фæцæйцыди Адайыкомы ‘рдæм, – йæ фæкастыл зынди, цыдæр маст дзы кæй бацыди, æмæ æнæвдæлон кæй у, уый. Чызг æнхъæлмæ кæсын райдыдта, уæдæ кæд раздæхдзæн фæстæмæ – уыцы гæрзифтонгæй афтæ хæдбар æмæ сæрыстыр уыд, æмæ æрхъæцмæ нал хъæцыди чызг. «Нæй ацы дунейы æндæр ахæм лæппу»,

– хъуыды кодта йæхинымæр. Йæ зæрдыл æрбалæууыдысты, кæм ыл сæмбæлд, куыд ыл сæмбæлд, уыцы уысмтæ æмæ-иу ын йе уæнгтæ баризын кодтой се ’хсызгонæй. «Уарзы мæ, – дзырдта йæхицæн чызг, – æмæ мæ йæ алы фезмæлдæй дæр æууæндын кæны, йæ уарзт сыгъдæг зæрдæйæ кæй цæуы, ууыл. Æз та?! Æз та цытæ кæнын?! Мæ цæст ыл цы бон не схæцы, уыцы бон хъизæмары хай фæвæййын, афтæмæй йын мæ уарзт никуыма равдыстон. Фæндгæ дæр мæ нæ кæны, кæй йæ уарзын, уый базона... Хатгай та мын цыма æнæуынон у, мæхи афтæ равдисын. Уыдон мын цы митæ сты? Цæуылнæ дæн æргомзæрдæ йемæ? Цы рауайдзæн ахæм уарзтæй, стæй цы хуызæн уарзт у уый?»

Уыцы хъуыдытæ иу æмæ дыууæ хатты не ’рцыдысты Косемæ, иу æмæ дыууæ æгъуыссæг æхсæвы нæ арвыста уыцы хъуыдытимæ. Æмæ та-иу æм кæмдæр мидæгæй сдзырдта æндæр хъæлæс – афтæ æмбæлы, раст кæны, афтæ куынæ кæна, уæд фæхудинаг уыдзæн. Дзаххо йæ уарзы æмæ йæ уарздзæн. Æмæ мæнæ ацы æлгъыст тугисыны хъуыддæгтæ куынæ уаиккой, уæд сæм афонмæ æрæрвыстаид хатджытæ. Ныр дæр æнхъæлмæ кæсы, кæд ын фæуыдзæни нывыл рæстæг, æмæ йын куыддæр фæуа рæстæг, афтæ сæм æрæрвитдзæн... Æмæ та-иу чызджы цæстытыл ауадысты сæ фидæны царды рæсугъд нывтæ.

Раст уыцы рæстæджы сæ тæккæ рæзты æрбацæйхастой Дзаххойы йæ нымæтыл, йæ туджы æвдылд, афтæмæй. Косе йæ куы ауыдта, уæд ма иу хъæр фæкодта æмæ бауадзыг и. Хъæрмæ хæдзарæй рауадысты фыд æмæ æфсымæр Афæхъо. Фæлæбурдтой чызгмæ. Уыдон нæ федтой, Дзаххойы куыд рацæйхастой, уый, не ’мбæрстой, цы сæмбæлди чызгыл. Косе гыццылгай йе ’муд æрцыди, фæлæ йæ зонд йæхимæ нæма уыд. Йæ зæнгтыл дзæбæх нæ лæууыд, афтæмæй йæхи тыдта æддæмæ, амцæф-уымцæф ныхæстæ кодта, Дзаххойы ном дæр-иу дзы сирвæзти – цыма йæ чидæр амардта, æмæ йын цыма хъуамæ йæ туг уый райса, Косе. Сыхаг устытæй чидæртæ æрбауади чызджы хъæрмæ, Дзаххойыл цы æнамонд хабар сæмбæлд, уый кой кодтой æмæ бамбæрстой, чызг Дзаххойы тугæйдзагæй кæй федта, уымæй кæй фæтарст. Æмæ бауынаффæ кодтой бинонтæн: дæснымæ куы арвитиккой, æмæ чызгæн йæ цæфыл исты хос скæна. Афæхъо уайтагъд фæраст и дæснымæ. Йæ бинойнаг – уæд ма æгас уыди уый дæр – æртæдзыхонтæ скодта дæсныйы æрцыдмæ, фæлæ дæсны нæ зынд, афтæмæй æрдæгæхсæвмæ бирæ нал уыд.

Косе хуыссыди даргъ бандоныл, йæ уæлхъус – сыхаг устытæ, чи

сæ бадгæ кодта йæ дæлфæдтæм, чи лæууыд. Æмæ-иу ахуыссыди Косе æнæзмæлгæ, стæй-иу фесхъиудта, ныхъхъæр-иу кодта, ныдздзынæзта-иу.

Фыд тыхсти. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу нæзы цырагъмæ бавнæлдта, асхъаудта-иу æй, бараст-иу æй кодта, чызгмæ хуыздæр куыд рухс кæна, афтæ, стæй та-иу дуармæ рауади – никуыма зыны дæсны? Æппынæрæджиау æрхæццæ сты Афæхъо æмæ дæсны – йæ къабайы ма тыххæй цыд, ахæм æдфыд зæронд ус, йæ уадултæ сырх дардтой, йе стыр цæстытæ, цыма æддæмæ рабырынмæ хъавыдысты сæ фæлгæттæй, афтæ зынди, æмæ сæ сыг сæ бынмæ лæдæрст. Усæн йæ фезмæлд уыди рог, йе сныхас æнахуыр хъæрæй. Хæдзары чи уыди, уыдонæн салам куы радта, уæд, кæй бафæллад, уый кой фæкодта, йæ кæлмæрзæны кæронæй йæ цæсгомы хид сæрфта, афтæмæй. Уый фæстæ, зæронд лæг куыд тыхсы, уый бафиппайдта æмæ уымæн ныфсытæ æвæрынмæ фæци. Уыцы рæстæджы та Косе фестъæлфыд æмæ та йæ хъæр ссыд:

– Ауадзут мæ! Гъе, уæртæ лæгмар!

Дæсны цыдæртæ адзырдта, чызджы сæр æрлæгъзытæ кодта, стæй йæ цуры æрбадт æмæ йын йæ къухæй йæ гом риу сæрфын райдыдта: æмæ сыхаг устытæн бамбарын кодта – мауал ыл хæцут, иуварс алæуут. Косе, дæсны йæм куы бавнæлдта, уæд фыццаг фесхъиудта, стæй сындæггай фæстагмæ æрсабыр и – налдæр хъæр кодта, налдæр – схъиугæ. Уалынмæ йæ цæстытæ кæрæдзийыл авæрдта æмæ афынæй. Фынæйæ дæр ма-иу фесхъиудта, стæй фæстагмæ ныссабыр, æмæ ставд хиды æртæхтæ тылди йæ цæсгомыл фæйнæрдæм. Дæсны бадт æмæ йæ тъæпæн арм рауадз-бауадз кодта чызджы гом риуыл.

Æппынæрæджиау дæсны сыстад, хъæрæй раарфæ кодта Хуыцауæн, рынчын кæй фæдзæбæхдæр æмæ кæй бафынæй, уый тыххæй, стæй сыхаг устыты сæ хæдзæрттæм арвыста æмæ йæхи цæттæ кæнын байдыдта фæрсынмæ. Артдзæсты йæхицæн гауыз айтындзын кодта, йæ хъуырыгънæджытæ суагъта, йæ рон райхæлдта, йæхи сбæгъæввад кодта æмæ Афæхъомæ адзырдта: дæсны фæрсгæ-фæрсын йæ зонд куы фесафа, дыууæрдæм рафт-бафтыл куы схæца, уæд ын цы ми хъуамæ кæна, уыдæттæ йын амыдта.

Уый фæстæ дзуццæджы æрбадти гауызыл, йæ цæнгтæ йæ уæрджытыл æрбатыхта æмæ уыцы иу ранмæ æдзынæг ныккасти. Афтæ бадти æнæзмæлгæ- æдзæмæй, цыма дунейæ иуварс аззад æмæ цыма йæхимæ ныхъхъуыста. Иуафон сонт улæфтытæ райдыдта, ныррызти-иу, уый

фæстæ фестади æмæ, йæ маст чи нал фæуромы, уыйау хъæр кæнын байдыдта, кæрæдзийыл баст чи нæ уыди, ахæм цыдæртæ. Афæхъо йæм фæлæбурдта, афæлдæхта йæ гауызыл, йæ къухтæ йын фæстæмæ аздыхта æмæ йын сæ куы бабастаид, ууыл архайдта. Дæсны йæхи иуырдæм аппæрста, иннæрдæм аппæрста, йæ дæндæгтæй хъыррыст кодта, йæ къухтæ тыдта лæджы къухтæй, йе уæнгтæ рызтысты æмæ хердмæ хаудта – æнахуыр тæфсæг куыд æртæфса лæгыл, уыйау бынат нал ардта йæхицæн. Уый фæстæ æрсабыр æмæ йæ къах дæр нал атылдта, ахæм фынæй баци. Хорз уыд, æмæ сывæллæттæ раздæр бафынæй сты æмæ уыцы диссæгтæ нæ федтой. Афæхъойы бинойнаг та æддæмæ алыгъд æмæ, цалынмæ бафынæй дæсны ус, уæдмæ мидæмæ нал æрбацыд.

Зæронд Фарни æнæзмæлгæ бадти чызджы дæлфæдтæм æмæ касти, хæдзары цы диссæгтæ цыди, уыдонмæ.

Ус куы ныссабыр, уæд ын суагъта йæ къухтæ Афæхъо, йæ фарсмæ бандоныл æрбадт æмæ йæм æдзынæг касти, цыма та, ногæй куы фесхъиуа æмæ та хердмæ куы фæхауа, уымæй йын тарсти. Уæдмæ зæронд ус, змæлгæ не скодта, афтæмæй сабыр хъæлæсæй райдыдта дзурын – йæ ныхас фескъуый-фескъуый кодта, фæлæ йын бамбарæн уыди:

– Уыдон сты... Уæртæ лæууынц куыройы цур... кæрæдзи кæй уарзынц, уый дзурынц кæрæдзийæн... Дзаххо йæ афтæ бирæ уарзы æмæ, куы сæрра уа, уымæй тас ын у. Цас æнæхуыссæг æхсæвтæ арвыста, Косейы мысгæйæ! Цас сæнттæ, цас æхсызгон сахаттæ бавзæрста æмæ сæ иу дæр, царды куыд вæййы, афтæ куыд нæ уыди! Æмæ цас хъизæмæрттæ уыдта уымæй!.. Фæлæ йын ныр æнцон у! Ныр ын йæ зæрдæ байгом кодта, æмæ дзы цыма уæззау дойнаг дур рахауди... Фæлæ ды саби куы дæ нырма! Куынæ иу зоныс нырма, куынæ – иннæ. Ды уыцы судзгæ арт æмбæхсынмæ хъавыс дæ риуы... æмæ уымæн æмбæхсæнтæ и!.. Ды басудздзынæ уыцы артæй... батайдзынæ уыцы артæй, мыдадз куыд батайа, афтæ... Уæдæ!.. Судзы сывæллон чызг... йæ пиллон ыл сирвæзти уыцы артæн... æмæ йæ чи ахуыссын кæндзæн!.. Ахуыссын æй кæнут! Фервæзын æй кæнут! Кæм дæ, Дзаххо! Ды ахуыссын кæндзынæ уыцы арт æрмæст. Ды йæм куы баввахс уай, ды йыл куы баулæфай, уæд фервæздзæни, чи йæ фæныхъуыры, уыцы пиллонæй. Æрмæст дæ бон у, æрмæст ды ахуыссын кæндзынæ уыцы арт... ды кæй бандзæрстай, уыцы арт! Тагъддæр, тагъддæр, о Хуыцау!.. Æмæ уый туджы куы сæвдылди бынтондæр!.. Уый æфсымæр æфсымæры ныхмæ куы рацыд!..

О хорз адæм, фæкæсут сæм, феххуыс сын кæнут, фервæзын сæ кæнут. Ма бауадзут æфсымæрæн йе ‘фсымæры марын! Тагъддæр, тагъддæр!..

Фæстаг ныхæстæ афтæ хъæрæй загъта æмæ йæхæдæг райхъал и. Фыццаг йæ цæстытæй ракаст, стæй сыл йæ къухтæ æруагъта æмæ фæйнæрдæм аракæс-бакæс кодта, цыма, кæм и æмæ цы ми кæны, уый æрхъуыды кæнын йæ зæрды уыд. Уый фæстæ Афæхъомæ бакаст æмæ йæ мидбылты бахудт. Фестынвæнд дæр акодта, фæлæ нырма лæмæгъ уыд æмæ фæстæмæ æрбадти. Афтæ гыццыл абадт æмæ дон ракуырдта. Дон куы банызта, уæд сыстад, дзойтæгæнгæ зæронд лæгмæ бацыд æмæ йæ фарсмæ æрбадт. Иуцасдæр куы абадти, уæд бафарста Фарнийы:

– Цæй, куыд? Исты базыдтон? Цы кæны ‘мæ йын цы баххуыс кæндзæн, уый тыххæй исты загътон?

Афæхъо æнæдзургæйæ бадт. Фарни загъта, бирæ цыдæртæ кæй фæдзырдта, фæлæ йын йæ ныхæстæй бамбарæн кæй ницы уыд.

– Уæдæ уæд уæ чызгмæ низæй мисхалы бæрц дæр ницы ис, æмæ, куыддæр райхъал уа, афтæ уыдзæн бынтон æнæниз.

Уый фæстæ бацыд чызгмæ – уымæн уыцы рæстæджы йæ хид йæ цæсгомыл ставд цæппузыртæй бадти. Зæронд ус цыдæртæ сыбар-сыбур кодта, афтæмæй йын йæ хид сæрфта йæ цæсгомæй, йæ риуæй. Чызг фехъал, æмæ йæ цыма æндыснæг куы æрцахса, уымæй тарсти, афтæ йæ ком аивæзта.

– Акæс-ма дзæбæх уæ бинонтæм, мæ гыццыл хо, кæддæра сæ куыд фætæрсын кодтай дæ рынчынæй, – цыма йын истæмæй лæгъстиаг уыд, уыйау ын загъта зæронд ус.

– Куыд дæ, мæ чызг, исты ма дæ риссы? – бафарста йæ фыд.

Афæхъо дæр æввахс балæууыд Косемæ æмæ йын ныфсытæ авæрдта, ныр кæй æрсабыр уыдзæн æмæ кæй адзæбæх уыдзæн, уымæй.

Чызг цыма исты æхсызгон диссагыл бадис кодта, уыйау йæ мидбылты худт, афтæмæй дзырдта, æппындæр дзы кæй ницыуал риссы, бынтондæр кæй адзæбæх, уыдæттæ.

Иууылдæр цин кодтой. Стæй бахатыдысты чызгмæ, цæмæй исты ахæра æмæ нoджы фæфидардæр уа. Косе сразы. Рабадынмæ дæр хъавыди, фæлæ йæ дæсны нæ бауагъта. Æхсæвæр бахордтой, фæйнæ арахъхъæй дæр бакуывтой Хуыцаумæ, рынчынæн куыд баххуыс кæна, уый тыххæй. Стæй Косе чындзы йæ цуры сбадын кодта æмæ уымæй базыдта, цы йæм рауади, уый дæр æмæ, Дзаххо мард кæй нæ фæци, фæлæ уæззау цæф

кæй у, уый дæр. Уæд чызг бынтондæр æрсабыр. Чызджы фæрстытæ æмæ дæсныйы ныхæстæй чындз базыдта, йæ ходыгъд Дзаххойы кæй уарзы, уый, æмæ сылгоймаджы дзыхы та, сыхырнайы дон цас лæууы, уымæй фылдæр ныхас кæй нæ лæууы, уымæ гæсгæ уайтагъд хабар айхъуыст æгас хъæуыл.

Уыцы бонæй къуыри рацыд, æмæ зарæг скодтой Косе æмæ Дзаххойыл Зæрæмæджы лæппутæ æмæ чызджытæ æмæ йæ зарыдысты.

Уæдæй фæстæмæ Афæхъо йæ хомæ йæ цæст дардта сусæгæй-æргомæй, йæхи та афтæ дардта, цыма, Косе Дзаххойы кæй уарзы, уымæн ницы зоны.

Косе адзæбæх. Фæлæ Дзаххойы мысыди – æнæхъæн мæй йæ нæ федта æмæ йыл искуыцæй йæ цæст куы æрхæцид, уымæ бæллыд. Æнæуи та, хъæубæсты уый æмæ Дзаххойыл цы зарæг скодтой, уый куы зарыдысты, уæд, зарыдысты, Косе Дзаххойы куыд бирæ уарзы, йæ фыр уарзтæй кæй мæлы, уыцы хабæрттæ.

Чызджы мастæн кæрон нал уыди. Сæхимæ æрбацыди, йæхиуыл къæбицы дуар сæхгæдта æмæ кæуын байдыдта, адæмы 'хсæн кæй фæхудинаг и, ууыл. Ныронг нымад уыди Зæрæмæджы чызджыты хуыздæртыл, йе 'гъдау æмæ йе 'фсарм йæхимæ кæмæн сты, ахæм чызгыл. Æмæ алы ран дæр æгъдау уыд йæ фæзындæн. Зæронд лæгтæ йын цæвиттонæн хастой йе 'гъдау æмæ йæ куыстуарзондзинад, чызджытæ уымæ кастысты, уый фæзмыдтой, кæм куыд ацæуын хъæуы, кæм цы дарæс скæнын хъæуы, кæм куыд æрлæууын хъæуы, уыдæттæй. Æмæ ныр – гъа! Ныр ыл фæйнæрдыгæй худдзысты, йæ цæсгом чи фæчъизи кæны, ууыл куыд фæхудынц, афтæ, зардзысты уыцы æнæбайрайгæйы зарæг, æмæ ма афтæмæй цæрæн и ацы дунейы?! Æмæ-иу йæ хъуыдыты адзæгъæл и – фыд æмæ æфсымæры хъустыл куы æрцæуа хабар, уæд Дзаххомæ куыд лæбурдзысты, сæ маст куыд исдзысты, се 'хсæн тугкæлдтытæ куыд æрцæудзæн. Æмæ-иу сразы и Косе – цæйнæфæлтау бинонты афтæ фæхудинаг кæна, фæлтау, куы амæла, уæд хуыздæр. Уыйбæрц сагъæс кодта, уæддæр йæ бон бамбарын нæ уыд – куыд æмæ йын цы æгъдауæй базыдтой, йæ зæрдæйы æмбæхстæй кæй дардта, Дзаххойæн йæхицæн дæр кæй никуы схъæр кодта, уыцы уарзт? Æмæ-иу уæд æрцыд ахæм хъуыдымæ – уый уыд Дзаххо, уый йын ахъæр кодта йæ сусæг уарзт, уымæн æй ахъæр кодта, æмæ дзы йæ маст иста, йæ уарзтæн ын дзуапп кæй нæ лæвæрдта, уый тыххæй. Афтæ уымæн

хъуыды кодта ноджы, æмæ Дзаххо раджы сдзæбæх и, афтæмæй иу хатт никуы бацархайдта чызджы фенынил, йемæ аныхас кæнынил.

Уыцы азым дæр уыйбæрц нæ ахадыдта, æмæ йе 'нæуынон суа Дзаххо, мауал æй уарза, азымы дардта йæхи, афтæ æхгæдзæрдæ кæй у, уый тыххæй – уæдæ афтæ кæй бауарзай, уымæ иу хатт, иунæг хатт комкоммæ ма бакæсай, кæй йæ уарзыс, уый йын ма бамбарын кæнай!

«Дзаххо дам-думтыл не схæцыдаид, ай-гъайдæр, йæ зæрдæ йын куы æмбæрстаид, уæд, – хъуыдытæ кодта Косе, – стæй йæхи афтæ нæ дарид, боныфæстагмæ зонид, йæ уды хъизæмæрттæ цæй фæдыл сты, уый, æмæ йæ афтæ нæ хурх кæнид йæ маст».

Йæхимæ тынг смæсты, йæхи цæсты мисхалы бæрц кад нал уыди йæхицæн, йæ фидæны бонтæ йæм кастысты амæй-ай тардæр æмæ æнкъарддæр. Уыдонæй йын алчидæр йемæ хаста худинаг æмæ æгады ном. Æлгъаг фестад йæхæдæг йæхи цæсты. Æмæ йæм æрцыди æгъатыр тæрхон – йæхи амара. Æрмæст æй мæлæт фервæзын кæндзæн йæ бирæ хъизæмар æмæ æгады бонтæй – афтæ йæм зынд. Стæй цыма уæд Дзаххойы зæрдæйы дæр сыгъдæгæй баззадаид йæ ном, афтæ дæр æм касти. Ноджы йæ уырныдта, афтæ куы бакæна, афтæ æнаххосæй куы ацæуа мæрдтæм, уæд йæ тæригъæд Дзаххойы фæстæ бафтдзæн æмæ йæ уый, уыцы тæригъæд, сиу кæндзæн йемæ, чызгимæ. Уыцы хъуыды йæм куы 'рцыд, уæд ын цыма бынтондæр фенцон и цардæй ацæуын, афтæ йæм фæзынд. Æмæ алыг кодта – йæхи доны баппара. Уайтагъд йæхи цæттæ кæнын байдыдта – ссардта ставд, фидар æндах æмæ йæ дарæс кæрæдзимæ фидар ныххуыдта, уыцы фыдбын доны æгæнон уылæнтæ йæ сæ хъæбысы куы анордой, уæд йæ буар куыд никуыцæй разына, афтæ.

## III

Ирыстоны хæхты хуымæн бæзгæ зæххытæ бирæ нæй, фæлæ дзы уыгæрдæнтæ дæр нæ фаг кæны. Хуымтæ дæр æмæ уыгæрдæнтæ дæр хæрз гыццыл хæйттæй апырхытæ сты хъæуты алывæрсты. Ахæм хæдзар нæй, æмæ йæ хуымтæ кæнæ йæ уыгæрдæнтæ иу ран, иу зæххы хайыл кæмæн сты. Зæрæмæггомы, уæртæ Нарæгау кæй хонынц, уыцы хуымы гæппæл у дыууадæс хайыл дих. Фæлæ ууыл дæр нæ баззайдзæн. Уымæн æмæ бинонтæ куыд фылдæр кæнынц, афтæ сæ фæхъæуы байуарын, æмæ уæд дих кæнын бахъæуы уыцы хуымы гæппæлтæ дæр.

Кæддæр, æвæццæгæн, зæххытæ æмхуызон уæрст уыдысты, фæлæ,

царды куыд вæйййы, афтæ иу хъæздыг кодта, иннæ – мæгуыр, æмæ зæххытæ къухæй-къухмæ цыдысты, чи сæ гыццылдæр кодта, чи стырдæр, афтæмæй. Æнæуи хуымзæхх дæр æмæ уыгæрдæн дæр хæрз цъус уыди хæхбæсты, нæ иуырдæм æххæссыдысты мæгуыр лæджы уæлæфтауау, нæ – иннæрдæм, уымæ гæсгæ тынг хъазар уыди зæхх. Цæргæ-цæрæнбонты Ирыстоны цыдæриддæр хылтæ цыди, искуы-иу стæм ма уæд, уый йеддæмæ цыдысты зæххы сæрыл... Искæй арæнмæ гыццыл баирвæзæд дæ дзывыр, æмæ тас уыди, туг куы ныккæла, уымæй.

Кæрæдзимæ тудджыны цæстæй кастысты Дзаххоты хæдзарвæндаг æмæ Косейы хæдзарвæндаг. Хъуыддаг Дзаххойæн дæр йæ фыдыфыдæй райдыдта æмæ Косейæн дæр. Уæды рæстæджы хæхбæсты уыди ахæм æгъдау: æнæгал лæгæн йæ бон уыди, æмæ искæмæй ракуырдтаид гал æмæ йыл йæ куыстытæ кодтаид. Уый тыххæй галы хицауæн фæззæджы хъуамæ лæвæрдтаид фыс, уалдзæджы та – сæгъ. Хъуыддаг афтæ рауад, æмæ Косейы фыдыфыд уыцы уагæвæрдыл райста гал Дзаххойы фыдыфыдæй. Фыццаг дыууæ азы йæ дзырд æххæст кодта, стæй цалдæр азы дæргъы налдæр фæззæджы хæс бафыста, налдæр – уалдзæджы: нал æм уыд лыстæг фос, æмæ йын цы радтаид. Йæ гал дæр ын нал лæвæрдта, бирæ фæзагъд-фæзамана кодтой дыууæ лæджы, фæлæ нæ бафидыдтой. Уæд хъуыддаг тæрхонмæ алæвæрдта галы хицау. Тæрхон банымадта, фондз азы дæргъы цал сæры хъуамæ бафыстаид Косейы фыдыфыд, уый, бахыгъта сын сæ цæуæт дæр æмæ стæрхон кодта æртын æхсæз лыстæгкъахы бафидын Дзаххойы фыдыфыдæн.Хъуамæ йын фæстæмæ радтаид йæ гал дæр. Косейы фыдыфыдмæ фос нæ уыд, æмæ йын фосы ныхмæ радта йæ уыгæрдæнтæй иу. Радта йæ, фæлæ йæ маст нæ урæдта æмæ йæ судзгæ æлгъыстытæ кодта алы хосгæрдæнты дæр.

Гъемæ уыцы уыгæрдæны гæппæлыл загъд рауади Дзаххо æмæ йæ фыдыфсымæры лæппу Беслæнæн. Уыгæрдæн сæм куы бахауди, уымæй чысыл раздæр байуæрстой лæппутæ. Хуымзæххытæ хæйттæ кодта Дзаххо æмæ, Беслæнæн, куыд хистæрæн, афтæ бар уыди раздæр исынæн... Уыгæрдæнтæ та Беслæн хæйттæ кодта, æмæ фыццаг исыны бар Дзаххойы уыд. Ацы уыгæрдæнмæ куы æрхæццæ сты, уæд æм бирæ фæракæс-бакæс кодтой. Цæвиттон, уыгæрдæнæн йæ фарс уыди рæгъаудон. Хъом æм ирвæзтысты, уымæ гæсгæ, уыцырдыгæй цы хай уыд, уый хъуамæ уыдаид стырдæр. А Дзаххо бамидæг и æмæ йæхицæн райста фаллаг, гыццылдæр хай. Фæлæ хъуыддаг афтæ рауад, æмæ уыцы хай разынди фондз хатты

гыццылдæр иннæмæй. Гъе уыйадыл ныххылы-мылы сты лæппутæ. Дзаххо домдта, цæмæй ногæй байуæрстаиккой уыгæрдæн, Беслæн æй сыбыртт дæр нæ уагъта уыгæрдæны тыххæй. Афтæмæй ныллæууыди хосгæрдæн. Иубон Дзаххомæ фæхабар чындæуыд, афтæ 'мæ, дам, афтæ, Беслæн уе 'нæуæрст уыгæрдæн кæрды. Дзаххойæн йæ маст йæ сæры астæуæй сæнхъызт, йæ гæрзтæ райста æмæ араст уыгæрдæнмæ – хъуамæ уыцы бон алыг уыдаид уыгæрдæны хъуыддаг. Беслæн ауыдта Дзаххойы, йæ кæрдын фæуагъта, дæлдæр æруад æмæ дуры фæстæ йæ разы бабадт. Куы йæм æрбаввахс, уæд æй фехста. Дзаххо дæр æй бахста. Афтæмæй æхст стынг и дыууæ лæппуйы 'хсæн. Дзаххойæн фыццаг фæцæф и йæ къах, стæй та йæ сæры фахс, æмæ ницыуал базыдта. Иннæ хосдзаутæ фæфæдис сты, Дзаххойы йæ туджы æвдулгæ баййæфтой, афтæмæй йæ уæйлаг нымæтыл сæвæрдтой æмæ йæ ахастой хъæумæ. Уæд æй федта фæцæйхæсгæ Косе дæр.

Дзаххойы зæронд фыд хабар куы фехъуыста, уæд хъама раскъæфта, уынджы Беслæны æртæаздзыд лæппу йæ размæ фæци – сывæллон зæронд лæгыл ахуыр уыд æмæ йæм йæ цæнгтæ айтынг кодта, афтæмæй фæцæйцыди – лæг æм хъамалвæстæй йæхи аппæрста, лæппуйæн Хуыцау фервæзыны хос нал загъта, мæнæ устытæ уым нæ фесты æмæ йæ нæ баиргъæвтой, уæд. Беслæн йæхæдæг фæтарст æмæ кæдæмдæр йæ мады æрвадæлтæм фæлыгъди.

Дзаххо куы фæдзæбæх, уæд зилын байдыдта йе 'фсымæры фæдыл. Иухатт куы уыди, уæд базыдта, Беслæн, ualæ Цæгат кæй хуыдтой, уыцы хуымы хъæбæрхор кæрды. Алыг кодта – хъуамæ йæ размæ бабада. Куыд ничи йæ фена, афтæ доны былты ацыд æмæ хиды уæле Цъыфджыны йæхи æраууон кодта. Уыди сихорафон. Дзаххойы нымадмæ гæсгæ, Беслæны йæ мады 'рвадæлтæм дард цæуын кæй хъуыди, уымæ гæсгæ хъуамæ йæ куыст ныуувагътаид раздæр. Уæд Дзаххойы афтæ æнхъæлмæ кæсын нæ бахъуыдаид. Дзаххо кæм æрæмбæхст, уыцы ранæй донæн йæ дыууæ фарсы дæр, куыд уæлдæр къулгæнгæ, ахастой уæлæмæ. Донæн йæ галиуырдыгæй, – хъæуы алыварс æмæ хохы мидæг чи хъазыд, уыцы хоры хуымтæ. Хуымтæй хъуысти уæрццыты иугæндзон уасын. Хуымты сæрмæ сæхиуыл ахæцыдысты фосхизæнтæ.

Донæн йæ рахизырдыгæй та зади, йæ фылдæр бæрз кæмæн уыд, ахæм цъыхырыджын хъæд. Уым ранæй-рæтты хъæд фæлæгуын, æмæ дзы, кæнæ чи фæбур и, ахæм дæргъæй-дæргъмæ уистæ зыны, кæнæ та

дзы хосы мækъуылтæ дарынц сæ сæртæ. Хъæдæй уæлæмæ ам айтынг сты фосхизæнтæ. Дзаххойы цæстæнгас арæзт уыди сæрвæттæм, уым, сæрвæтты дæлфæдтæм иу лæнкау скъахтой æмæ дзы æмбисонды хуым рауад, хъæбæрхор-иу сын дзы уыди тыд. Уый дæр Беслæнмæ æрхаудта. Касти уæлæмæ Дзаххо, æмæ хатыдта, рæстæгæй-рæстæгмæ донæй чи фесхъиудта, ахæм уазал æртах-иу йæ цæсгомыл куыд абадти, уый. Æрæджиау разылдта йæ цæстытæ донмæ – уым фынккалгæ уылæнтæ сæхи хостой дуртыл, æмæ сæ фынк урс-урсидæй сæ сæрмæ бадти, афтæ зынд, цыма дыууæ знаджы сты дуртæ æмæ дон æмæ уымæн хойынц кæрæдзи, æмæ уæд йæхицæн дæр йе уæнгтæ базмæлынц, йæ цæнгты нуæрттæ сæхи æлвасынц, æмæ, йе знагыл йæхи куы ныццæвид, уый йæ æрфæнды. Уæлиау йæ сæрмæ зылдысты хъæрццыгъатæ, æмæ ахъуыды кодта Дзаххо: æвæццæгæн, тугдзыхтæ бамбæрстой, ам туг кæй ныккæлдзæни, уый.

Хуры бирæ нал хъуыд аныгуылынмæ. Уалæ рагъ йæ ауон раппæрста Дзаххойыл. Рæхджы æризæр уыдзæн. Дзаххо бады, æдзынæг кæсы, Беслæн кæм кусы, кæуылты хъуамæ æрбацæйцæуа, уыцы рæттæм, фæлæ – нæй. Нæ зыны Беслæн. Æрæджиау ауыдта: уалæ рагъыл чидæр æрцæуы. Систа йæ дардмæ кæсæн, акасти дзы. Æнæмæнг афтæ – уый у, йе 'фсымæр у. Йæ зæрдæ къултыл йæхи ныххоста æмæ мæсты худт бакодта: «Бирæ нал фæцæудзынæ, ме 'фсымæр!» – загъта йæхицæн, йæ цæст дзы нæ систа, афтæмæй. Уæдмæ Беслæн æруади хохы суангыл æмæ хъæды дзыхы нал фæзынд. Раст уыцы рæстæджы Дзаххойы цæстытæ æрхæцыдысты æндæр кæуылдæр. Дзаххо фестъæлфыд – кæй федта, уый кæд уыди чызг! Æрбауади хидыл, йæ бæстастæумæ йын куы 'рбахæццæ, уæд æрлæууыд, йæ чъылдым Дзаххойы 'рдæм здæхт, афтæмæй. «Цы хæйрæджытæ йæ æрхастой, цы!» – фæмидæг Дзаххойы сæры, – хъыгдарыны хос у, æндæр»... – фæлæ йæ хъуыды кæронмæ нал ахæццæ – чызг Косе у, уый куы базыдта, уæд æм кæсгæйæ баззад, ам цæй тыххæй и, уый дæр дзы ферох и.

«Цæмæ æрцыдаид, цы агура? Кæд, цы ми кæнынмæ хъавын, уый базыдта æмæ мæ фæдыл рацыд, ма мæ бауадза?» – хъуыдытæ кодта Дзаххо.

Косе лæууыди хидыл æмæ, доны уылæнтæ сæ гæндзæхтæ куыд цагътой, уымæ касти. Афтæ ма иуцъус алæууыд, стæй йæ сæрæй йæ худ систа – уæд ирон чызджытæ ахæм хибыд худтæ дардтой – хидыл æй æрæппæрста, æвæццæгæн, цы фæцис, уый куыд базоной, – йæ

мидбынат иу цалдæр зылды æркодта æмæ йæхи аппæрста донмæ. Дзаххо, куыддæриддæр домбай йæ амæттагыл ныццæва йæхи, афтæ фехста йæхи донмæ. Йæ астæумæ дзы слæууыд, фыдбын дон æй дæлæмæ хаста, фæлæ æнамонд чызджы æрцахсын æмæ йæ былмæ рахæссын æппындæр зын хъуыддаг нæ уыди Дзаххойæн. Косе йæхи не 'мбæрста, йæ фындзæй цыди туг, йæ цæсгом æмæ йæ дæллаг-хъуыртæ уыдысты тындтытæ – дон æй ласгæ бирæ нæ акодта, уæддæр æй дуртыл фæцæфтæ кодта. Дзаххо йæ дæлгоммæ йæ цæнгтыл адаргъ кодта æмæ йæ хъеллау кæнын систа, цæмæй, йæ хъæлæсы цы дон ацыд, уый ракæла, стæй чызг змæлын куы бай-дыдта, уæд æй нæууыл æрæвæрдта. Гъе уæд æрлæууыд йæ зæрдыл æрмæст Беслæн, фестади ма бæргæ, бирæ ма фæкасти, Беслæн кæцæй хъуамæ æрбазындаид, уыцы фæндагмæ, фæлæ – никуы 'мæ ницы: уæле афардæг. Йæ маст йæ хъуырмæ схæццæ Дзаххойæн – ахæм гæнæн ма йын кæм уыдзæн йæ маст райсынæн! Æрмæст чызджы кæй фервæзын кодта, доны уылæнтæн æй ныхъуырын кæй нæ ба-уагъта, уыцы цин ма йæ урæдта.

Чызгмæ тæригъæдгæнæджы æнкъард цæстытæй каст æмæ дис кодта: «Цы йæм рауади, кæцæй йæм æрцыдаид уыцы фыдбылызы хъуыды? Цы маст бахъуызыдаид йæ зæрдæмæ? Ау, амæн дæр, ацы æнæхин, æнæмаст чызгæн дæр йæ фæндагыл, йæ бон сæ сæрты ахизын кæмæн нæ баци, ахæм цардауæдзтæ фæзынди? Æви дæуæн дæр дæ фæдыл, хатыр чи нæ зоны, ахæм адæм цыди гуырæй-гуырмæ? Æви дæ дæ фыды хæдзары нæ уыди уæлæмæ скæсыны бон? О, ахæм æрыгон кары уд куыд нæ фæразы мастæн, куы!»

Фæтæригъæд кодта Косейæн, тынг ын фæтæригъæд кодта. Касти йæм æмæ уыдта, йæ цæсгомыл доны æртæхтæ куыд лæстысты, уый. Доны æртæхтæ лæстысты йæ даргъ цæстыхаутыл дæр. Йæ ных дыууæ раны уыд цæф, æмæ уыцы цæфтæй йæ урс-урсид ныхыл туг дыууæ раны æрфæд кодта сатæгсау æрфгуытæм. Йæ лæгъзфаст сæрыл æмæ йæ даргъ дзыккуйыл – дзыкку йæ фарсмæ адæргъ и кæрдæгыл – бадти змæст доны лами. Фындзыхуынчъытæй не 'нцади туг йæ цæуынæй. Йæ мæрдвæлурс былтæ æнгом æлхъывтой кæрæдзи. Йæ риуыл ныттынг сты хиуафт сау тæнæг тынæй хуыд сылгоймаджы куырæтгонды сæхтæджытæ, йæ разкъæртт далæ суанг йæ фæдджитæм цы ахаста, уый хуыд уыди фидар æндахæй, йæ астæу ын æнгом æрбалхъывта, разæй стыр æрхуы

ærгъæвæг кæуыл уыди, ахæм фæтæн сæрак рон. Йæ хъуырыл конд уыд алыхуызон фæрдгуыты хал. Йæ разкъæртты мидæг чызгыл уыди сырх лæгъз хъуымацæй хуыд даргъ хæдон, хæдоны мидæгæй та йыл сырх хæцъил дзабыртæ. Дзаххо йыл иу цалдæр хатты йæ цæст æрхаста сæрæй къæхты бынмæ, стæй йæ дæлгоммæ æрзылдта æмæ йын йæ астæуыл уæлæмæ схæцыд, йæ сæр куыд фæдæлдæр уа, афтæ. Чызджы хъæлæсæй та дон скалд, уый фæстæ схуыфыд æмæ, бамбарæн кæмæн нæ уыд, ахæм цыдæртæ адыгъал-дыгъул кодта. Дзаххо йæ фæстæмæ æруагъта нæумæ æмæ йæм йæ номæй дзурын байдыдта. Косейæн йе стыр сау цæстытæ байгом сты æмæ дисгæнгæ касти лæппумæ.

– Фæдзæбæхдæр дæ, мæ гыццыл хур? – бафарста йæ Дзаххо.

Косейæн йæ цæстысыгтæ æркалдысты æмæ йæ сæр иннæрдæм азылдта. Алцы æнхъæл кæд уыди, уæддæр хъуыддаг афтæ рауайдзæн, уый æнхъæл никуы уыди. Æмæ куыдта – куыдта, кæй нæ амарди, æмæ ма ноджыдæр йæхи иу хатт кæй фæхудинаг кодта, ууыл. Бирæ куы фæкуыдта, уæд йæ хуылыдз дысæй йæ цæсгом асæрфта, йæхиуыл рахæцыд æмæ сбадт, кæд ын тынг зын уыди, уæддæр.

Дзаххо йæ фарсмæ нæууыл æрбадт æмæ рæвдаугæ хъæлæсæй райдыдта фæрсын:

– Мæ фарстæн мын дзуапп цæуылнæ дæттыс, мæ удыбон акæнай – фенцаддæр дæ? Мæсты мæм дæ? Кæсгæ дæр мæм куынæ кæныс. Мæсты мæм дæ, нæ?

*ХЕСТАНТЫ-БУТАТЫ Победæ*

# ДЗУЛЛАСÆГ

*Очерк*

Мæлæтæй чи нæ тæрсы, уый мæлæт никуы федта. Мæлæт чи нæ федта, уый цардæн æххæстæй аргъ кæнын никуы базондзæн. Мæрзаты Дзамболат та йæ федта. Йемæ æмдзугæнæг уыд дыууæ азы. Цард æмæ мæлæт цыдысты иу фæндагыл кард æмæ фыдау.

Изæр-иу хæхты цъуппытыл стъалытæ куы ссыгъта, къазарматæм-иу куы æрбахъуызыд, уæд-иу мысыд Урсдон, уæд-иу æй фæндыд сусæгæй сæ хæдзары дуармæ бахъуызын æмæ цæстыдзагæй йæ бинонты фенын. Фæлæ уыдæттæ бæллицтæ, сæнттæ уыдысты. Йæ алыварс та – кæйдæр бæстæ, кæйдæр хæхтæ. Урсдон – дард. Урсдонæй йæ хицæн кодтой хæхтæ æмæ змисджын быдыртæ. Æниу уый быдырæй хæхты уæвын фылдæр уарзта, кæд хæхты тæссагдæр уыд, уæддæр. Ныр ын кæйдæр хæхбæстæ йæ зæрдыл лæууын кодта Ирыстон. Уæлдайдæр та – Дыгургом æмæ Куырттаты ком. Цас рæсугъд бынæттæ дзы ис! О, фæлæ фæндагыл ууыл хъуыды кæнынæн фадат нæ уыд. Фæндаг дзы домдта цырддзаст æмæ къæрцхъус уæвын, алы уысм дæр хъуыд лæгдзинад æмæ хъæбатырдзинад æвдисын.

Афганистанмæ йæ кæндзысты, уый Орджоникидзейы æфсæддон комиссариаты бамбæрста. Бамбæрста, куыд сæ æвзæрстой, семæ куыд ныхас кодтой, уымæй. Ардыгæй сæ фæндаг уыд Батайскмæ, дарддæр – Термезмæ. Æртæ мæйы сæ ахуыр кодтой æфсæддон дæсныйадыл.

Термез… Ам æрдзон уавæртæ Афганистанмæ хæстæгдæр уыдысты. Цæттæ дæр сæ кодтой, уымы бынæттæ йæ фондз æнгуылдзау чи зыдта, йæ зæххыл топхосы тæф дæр æмæ æмгары мæлæт дæр чи бавзæрста, ахæмтæ. Хæцæнгæрзтимæ хæхты дыууæ сахаты – згъоргæ. Æхсæз сахаты – ахуыртæ фæразондзинадыл. Уæдмæ æртæ мæйы аззадысты фæсте. Термезæн уал «фенынмæ» загътой æмæ бахызтысты арæны сæрты.

«Адæймаг фыдбылызы куы бахауы, йæ хæдзар куы фæсудзы, уæд æм фæдисы фыццагдæр хорз сыхаг æрбахæццæ вæййы. Афганистан дæр зын уавæры уыд. Сыгъд революцийы цæхæры. Мах сыхæгтæ стæм. Мах цыдыстæм фæдисы», – загъы Дзамболат.

Абон бирæ ныхас цæуы, хъуыд æви нæ хъуыд не ’фсæдты Афгани-

станы арæныл бахизын, ууыл. Ныхæстæй хъуыддаг ивæн нæй. Нæй, фæдисы цæугæйæ, цы лæппутæ фæмард, уыдоны раздахæн.

Афганистан… Дзамболатмæ алцыдæр фыццаг рæстæг фынау каст. Раст æм цыма дард кæцæйдæр йæ сабидуг раздæхт, æмæ йæ ныртæккæ йе ’мгæрттæ хъæдын хæцæнгæрзтимæ тохмæ кæндзысты, афтæ зынд.

Фæлæ уый фын нæ уыд. Уый уыд фыццаг фæззæг Афганистаны зæххыл. Бахаудта сгарджыты рæнхъытæм. Æхсызгон ын уыд, йемæ йæ хъæукkаг лæппу Хъараты Витали, дурдуйраг Рæмонты Олег æмæ налцыккаг æфсымæртæ Ныровтæ кæй уыдысты, уый дæр. Фыццаг хатт душмантимæ сæмбæлд Кабулæй Кундузмæ фæндагыл. Фæлæ хæст афтæ цыбыр уыд, æмæ йæм нæ бахъардта, нæ федта нæдæр цæфтæ, нæдæр знагæн йæхи. Цалынмæ колоннæйы фæстаг хай хæццæ кодта, уæдмæ тох фæци. Уыимæ йæм разæй æнхъæлмæ кастысты знагимæ æндæр фембæлдтытæ, æндæр хæстытæ. Уый дæр хæхты уыд, Панджшеры. Душманты стыр къорд æнæнхъæлæджы æрæхгæдта фæндаг, æмæ бацайдагъ тох. Тох… Фæуæлахиз дзы вæййы, фылдæр фæлтæрддзинад, арæхстдзинад, лæгдзинад, зонд, æрхъуыды кæмæ ис, уый. Æмæ фæуæлахиз сты нæ лæппутæ. Æрмæст Мæрзаты сæрæнгуыырдмæ афтæ фæкаст, цыма йæ хъарутæ æххæстæй нæ равдыста, йæ бон хуыздæр сарæхсын уыд, фæлæ йæ къухы нæ бафтыд. Æвæццæгæн, ахæм хъуыды хицæй ныббуц уæвынæй хуыздæр у. Хуыздæр у, уымæн æмæ адæймаг йæ рæдыдтытæй хатдзæг кæнын куы зона, уæд дыккаг хатт нал фæрæдидзæн.

Мæйæ фылдæр фæцис æфсæддон хайы, афтæ Дзамболат фæрынчын тифæй. Фæлæ йын низ уыйбæрц тых нæ бакодта, æмгары мæлæт ын йæ зæрдæ куыд фæриссын кодта. Фæмард кæсгон лæппу Ныров. Бамбæрста Дзамболат, маст куыд зын уромæн у, æмгары сæфт куыд тынг риссаг у, уый. Дыууæ къуырийы фæстæ æрбаздæхт ротæмæ. Уæдмæ йе ’мбæлттæй фæхъуыд Ныровтæй дыккаг æфсымæр, фæцæф сты ноджыдæр ма дыууæйæ.

…Æмæ та ногæй – хæст. Хæхты. Нæ фаг кодта хæцæнгарз. Фæлæ йæ цæмæй ластæуа? Вертолетæй тæхæн нæй. Чи сарæхсдзæн хæстонты зын уавæрæй фервæзын кæнынмæ? Дзамболат бамбарын кодта, машинæ скъæрын кæй зоны æмæ кæй нæ фæзивæг кæндзæн хæхтæм хæцæнгæрзтæ æмæ халæн æрмæг ласынмæ.

Диссаг! Нæ, дам, фæзивæг кæндзынæн! Нæ, уым зивæгæн йæ кой дæр нæ уыд. Уым лæгдзинад равдисын хъуыд, сæрæндзинад. Фæндагыл халæн æрмæг цы машинæтæ ластой, уыдон душманты амæттаг арæхдæр кодтой, уыдонмæ топпы кæсæнæй тынгдæр кастысты, уыдоны шофыртæ цард æмæ мæлæты ’хсæн иу къахæй лæууыдысты. Йæ бонæй уа, зын сахат æмгары цардыл йæхи цардæй тынгдæр чи хъуыды кæны, бахъуаджы рæстæг мæлæтæй чи нæ фæтæрсы. Æмæ уыйбæрц домбай разынд Дзамболат. Нал рахызт уый фæстæ дæр машинæйæ. Кундузæй Урсдонмæ та, кæд арæх нæ, уæддæр цыдысты писмотæ. Æмæ алы писмойы дæр бинонтæн уыд зæрдæлхæнæн, хъæлдзæг ныхæстæ: «Тæрсгæ мын ма кæнут. Æз тынг сабыр ран службæ кæнын. Цы æфсæддон хайы дæн, уырдæм ласын дзул. Уымæй ма сабырдæр куыст цы уа?» «Дзулласæг» кæй уыд, уый тыххæй ирон сахъгуырды риуыл сæрттывта майдан «Хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй».

«Тæрсгæ нæ кæнын» чи зæгъы, уый йæхицæй æппæлы. Нæ, тарст Дзамболат дæр. Искуыдæрма, йæ райсомы хурыскаст арвыл цæлхыдзагæй кæмæн худт, уымæн хурныгуылдыл хъуыды кæнын æнцон уыд?

Æмæ мысы Дзамболат. «Цыдтæн Кабулæй Кундузмæ фæндагыл хæхты. Рæсугъд æрдз. Æрымысыдтæн нæхимæйы нывтæ, адзæгъæл дæн мæ сæнтты. Æвиппайды мæ машинæйæ чысыл дарддæр фæндагыл февзæрд адæймаг, ныхъхъавыд мæм топпæй. Сæрæй къæхтæм ауазал дæн, иу уысммæ машинæ размæ аппæрстон. Фæцыд гæрах, æмæ нæмыг мæ тæккæ чъылдыммæ æфсæйнагыл суад. Знаг та цыма фæндагыл тайгæ акодта, нал уыд, æрбадæлдзæх». Дзамболат уыцы хæсты фæцæф, фæлæ нæ ныуагъта йе ’мбæлтты, нæ ацыд тохы быдырæй.

Уыд ма ахæм хабар дæр. Иубон æм командæгæнынадмæ фæсидтысты. Бамбарын ын кодтой: «Æртæ боны фæстæ хъæуы Джелалабадæй уæзæгтæ æрбаласын. Тынг бæрнон хъуыддаг у, дæ ныфс бахæсдзынæ? Тыхæй дæ не ’рвитæм». Кундузæй йын Кабулмæ фæндаг зонгæ уыди, уырдыгæй Джелалабадмæ та – нæ. Уыд дзы æрмæст змисджын быдыр. Уым хур тынгдæр сыгъта, хæхтæ дæр дæ знаджы нæмыгæй нæ бамбæхстаиккой. Æнæ уæлдай ныхасæй сразы, сæххæст кодта хæслæвæрд, æмæ йæ уый тыххæй бавдыстой «Сырх стъалыйы» орденмæ. Фæлæ йыл нæ сæмбæлд уыцы хæрзиуæг.

Изæр-иу хæхтыл цырæгътæ куы ссыгъта, къазарматæм-иу куы æрбахъуызыд, уæд Дзамболат мысыд Ирыстон. Фæндыд æй æнафоны сæ хæдзары рудзынг бахойын æмæ бинонты цины уацæй райхъал кæнын.

…Атахтысты азтæ, æмæ йæм фыццаг хæст фынау куыд каст, раст афтæ йæм ныр цыдæр æнахуыр каст Ташкент, æнахуыр æм каст сабыр цард. Урсдонмæ та изæрыгон нæ, бон-сихорафон сыздæхт. Сыхаг устыты ’хсæн йæ мады дардмæ базыдта. Мад та, йæ «дзулласæг» хъæбулы сæрæгасæй ауынгæйæ, куыдта æмæ куыдта.

Уæдæй абонмæ азтæ рауад. Мæрзаты Дзамболат каст фæци паддзахадон университеты юридикон факультет. Йæ фæллойадон фæндаг райдыдта Дыгуры районы милицæйы хайады бæрнон кусæгæй. Йæ уды рыст æмæ фыдæбонæй сабыр цардæн аргъ кæнын чи базыдта, ныр уыцы ләппу уæлдай æнувыддæрæй архайдта æгъдаухалджытæн ныхкъуырд дæттыныл, фыдракæндтæ сæ цæфыл раргом кæныныл, æмæ йын æнтысгæ дæр кодта. Республикæйы Мидхъуыддæгты министрады разамонджытæн сæ зæрдæмæ фæцыд йæ куыст æмæ йæ раивтой министрады фыдракæндтимæ тохгæнæг хайады хистæр оперативон кусæгæй.

Рæстæг куыд цыд, йæ фæлтæрддзинад куыд хъæздыгдæр кодта, афтæ йæ иу бæрнон бынатæй ивтой иннæмæ. Йæ бирæ азты æхсарджын æмæ удуæлдай куысты, хæстон æмæ контртеррористон операциты рæстæг æхсар, лæгдзинад æмæ хъæбатырдзинад кæй равдыста, уый тыххæй йæ схорзæхджын кодтой «Службæйы рæстæг хъæбатырдзинад равдисыны тыххæй», «Æхсæнадон фæткæвæрд хъахъхъæнгæйæ фесгуыхыны тыххæй», «Æфсæддон службæйы рæстæг фесгуыхыны тыххæй» æртæ къæпхæны майдантæй, «Фыдыбæстæйы сæрвæлтау æхсар æмæ лæгдзинад равдисыны тыххæй» майданæй, риуылдаргæ нысантæ «Криминалон милицæйы хуыздæр кусæг» æмæ «Хæстон ныхмæлæудтыты архайæг»-æй. Æппæт уыцы хæрзиуджыты ’хсæн йæ риуыл кæддæриддæр бæрæгдæрæй фæзыны майдан «Хæстонæн-интернационалистæн – арфæгæнæг афгайнаг адæмæй».

Кæддæр Дыгуры районы мидхъуыддæгты хайады къæсæрыл кусынмæ цы къæбæлдзыгсæр лæппу бакъахдзæф кодта, уый дæсгай азты фæстæ булкъоны цины рацыд пенсийы, фæлæ йæ сæрмæ æнцад бадын нæ хæссы. Архайы хæстонтæ-интернационалистты клубы. Рæстæгæй-рæстæгмæ фембæлы скъоладзаутæ æмæ фæсивæды минæвæрт-

тимæ. Радзуры сын, сабырдзинады сæрвæлтау Афганистаны хæсты, стæй Кавказы цы хæстон ныхмæлæудтытæ æрцыд, уыдоны æмæ йæ бирæ азты æнæнцой куысты тыххæй.

Йæ бинойнаг Светланæимæ сабыр цардæн аргъ кæныныл, сыгъдæг цæсгомæй цæрыныл, бонзонгæ уæвыныл, зонындзинæдтæм тырныныл ахуыр кæнынц сæ цоты дæр. Хистæр чызг Дзерассæ каст фæци Хæххон-металлургон институты экономикон факультет æмæ кусы Дзæуджыхъæуы мæскуыйаг фирмæты филиалтæй иуы. Астæуккаг чызг Мæдинæ та уыцы институты сахуыр кодта юристыл. Кæстæр чызг Данæ хореографы дæсныйад райста Гергиты Валерийы номыл аивæдты колледжы æмæ йæ ахуыр адарддæр кодта ЦИПУ-йы.

Зæгъæн ис, Дзамболат цардæн йæ тæнджыты дæр ауад æмæ йæ æрфыты дæр. Бахсыст лæгæвзарæн тохтæ æмæ ныхмæлæудтыты. Куы йæ бафæрсынц, æппæт уыцы цаутæй дæ зæрдæйы арфдæр фæд цы ныууагъта, зæгъгæ, уæд йæ дзуапп вæййы: «Мæлæтæй æмæ амынæтæй кæй фервæзын кодтон, уыдоны хиуæтты цинæйдзаг цæстытæ».

Гъе æрмæст ивгъуыд бонтæ куы æрымысы, уæд æм рæстæг мысинæгты уæлныхты рахæссы æппæтæй уæззаудæр хæсты уынæр. Файзабадæй Кундузмæ фæндагыл иу чысыл хъæуы цур сыл душмантæ нæмгуытæ нызгъæлстой. Зæгъæн ис, сæ къæхты бын сыгъд зæхх. Автоматæй, пулеметæй, гранатометтæй æмæ цæмæй не ’хстой. Сыгъдысты машинæтæ. Уыцы хæсты йе ‘мбæлттæй фæмард ссæдз лæппуйы.

Ныр уыцы хæст цæмæндæр йæ фыны арæх фæуыны. Фæуыны йæ Урсдоны был. Цымæ, Урсдоны был цæмæн? Кæд ын, мыййаг, Фыдыбæстæм, адæммæ, дун-дунемæ уарзондзинад Урсдоны был кæй райдыдта, уымæн? Йæ фыд Мæрзаты Стахан æмæ йæ йæ мад Азæ цы фæндæгтыл бафæдзæхстой, уыдон Урсдоны былæй айгæрстой æмæ дун-дунейы сабырдзинад, адæмы æдасдзинад йæ фыны Урсдоны былыл дæр уымæн хъахъхъæны…

*ГУСАЛТЫ Барис*

# УЫГÆРДТÆ

*Этюдтæ*[*]

## КÆРÆДЗИ ХАРДЗÆЙ

Советон – адджынæн мысинаг абон – заман-иу исты дæргъвæтинхæссæг бæллæх куы ’рцыд, уæд та-иу фæкодтам:

– Милицæ кæдæм кæсынц, милицæ?!

Стæй-иу уæд дæр бафарстам æмæ ма суанг абон дæр нæ былалгъыл цæттæйæ бады уыцы катай:

– Ахуыргæндтæн, ау, сæ бон ацы цыбыркъæдзил хъулон уырытæн-хомяктæн исты мадзал æрхъуыды кæнын нæу?

Сæхæдæг сын хъæуккаг адæм цынæ кæнынц, цынæ: карбид сын ныппар сæ хуынчъы æмæ йыл дон ауадз, стæй йæ аныгæн – карбид уым æнхъиздзæн æмæ сæ йæ хъылма тæфæй хуыдуг кæндзæн; газы баллоны бынтæ сæм ныттадз, арт ыл андзар, æмæ сæ рæмыгъд хердмæ фæхæсдзæн; зæронд зетийы баудай поролоны гæбæзтæ æмæ сæ картофы хуымы алыварс сæвæр – йæ тæфæй, дам, сæргой кæндзысты; бæрæзейы къалиутæ дæр афтæ байтау – æнад сын у уый смаг дæр; кæд арæхсыс, уæд та точы телтæй скæн арæн – куыд ыл æндзæвой, афтæ цагъды кæндзысты; æрттиваг гæххæттытæ æрцауындз губæктыл – картофы кæрæтты; лæппынджын гæды дæм куы уа, уæд сæ уый цæгъддзæн, науæд та дæм куыдз уæд, уыдоныл цуангæнæг… Дзæгъæл митæ!

Дыууæ-æртæ азы æппындæр нал ныссагътон картоф дæр æмæ настæ дæр: картоф-иу кæсгæ дæр нæма скодта, афтæ йæ къахтой æмæ давтой уырытæ, настæ – сæ тæккæ стырдæртæ æмæ хæрзаддæрты та афтæ хордтой: бынæй йæ схуынкъ кæны æмæ йæ мидæг Нафы куывды бады, уаргæ дæр ыл нæ кæны, тæвд дæр ын дзы нæу, боны рухс дæр æй нæ тыхсын кæны – хæры, æхсыны, табу кæны адæймагæн, мæнæ мын цы цард сарæзта, зæгъгæ.

О: хæрæг кусы – бæх хæры…

Уæд дын фарон уалдзæг нал бабыхстон нæ зæрæстон цæхæрадонæн æмæ та ныссагътон нартхор дæр, хъæдур дæр, хъæдындзтæ-нурытæ, настæ-кар-

---

Кæрон. Райдайæн журналы ацы азы 1, 4, 5-æм номырты

тоф! Ӕмӕ – аирвӕзтысты! Ӕрмӕстдӕр фӕззӕджы кӕрон фӕзынд цалдӕр насы дӕндагдзӕф хæрдтытӕй, нартхор ӕмӕ картофмӕ ӕвналӕг нӕ фӕцис.

Дисты-иу бацыдтӕн хомяктӕй хъастгӕнӕг адӕмы 'хсӕн, хӕлӕг мӕм кодтой, стӕй дын мӕ иу кӕддӕр афтӕ фӕрсӕг дӕр фӕцис:

– Ӕмӕ дӕм кӕд цицыртӕ исчи дары – ома, дӕ цуры цӕрджытӕй?

– Дары! Ме 'рвад Хадзы-Муссӕ. Сӕ хъӕрӕй мӕ бон нал вӕййы.

– Уӕдӕ сын быхс: хомяктӕн дӕр – уыцы хъулон цыбыркъӕдзил уырытӕн дӕр – уыдоны хъуыдаттӕй уӕнгӕлдӕр ницы ис – арвы кӕрӕттӕм сӕ фӕлидзынц. Ноджы ма цицыртӕ кӕд ӕмӕ уидзынц хъӕндилты, мӕнӕ нӕм Колорадӕйӕ чи 'рбафтыд, уыдоны!

Иу ӕнады хабар ма: къӕппӕджытӕ-иу сӕвӕрдтон ӕмӕ-иу ӕрцахстой хъулон уырыты. Тынг ӕдылытӕ сты! Тынг ӕнцонӕй бахауынц цъысимы. Уый дын ӕмӕ даргъкъӕдзил зондджын уыры: иу маргмӕ суанг йӕ цоты цот дӕр – йӕ тъымы-тъыма дӕр – нал бавналдзысты! Стӕй давынмӕ дӕр фыддӕсны сты – алы гӕртамхортӕ ӕмӕ коррупционертӕй дӕр иблисдӕр…

О, ӕндӕр хабар – ӕнад: къӕппӕджы мидӕгӕй дӕм лӕбуры уыры, йӕ комыдзӕкъултӕй, цы нартхор бахсыдта, уыдон скалдта, афтӕмӕй. Йӕ амарын та фӕллойаг хабар, къух ӕм ӕнцонты нӕ тасы. Вӕййы ахӕм куыйтӕ, ӕмӕ йӕм ӕй къӕппӕгӕй рауадз, уый йӕ ацахсы, ныттилы йӕ ӕмӕ йӕ мардӕй фехсы; иннӕ куыйтӕ та сӕм нӕ уӕндынц; ис ахӕмтӕ дӕр се 'хсӕн, ӕмӕ уырытӕ нымады дӕр кӕмӕ не сты – лидзгӕ уӕд!

Иу ахӕм ныв дӕр ма ауайы мӕ цӕстытыл… Уӕд ма, уӕ фарн фынӕй, мӕ лӕппынтӕ Артик ӕмӕ Зӕринӕ хӕрз чысылтӕ уыдысты. Уырыйы куыд рауагътон къӕппӕгӕй, афтӕ йӕм нал фӕцарӕхстӕн: хъуамӕ йӕ доны боцкъайы ныппӕрстаин, нал ӕм фӕрӕвдз дӕн, ӕмӕ дын дӕлӕ фӕлидзы хуымгӕнды. Сабитӕ йӕ асырдтой. Нӕ йӕ байййафдзысты уӕддӕр, зӕгъгӕ сын ницӕмӕй фӕтарстӕн. Уалынджы дын дынджыр, рӕсугъдтӕ хъулон цыбыркъӕдзил куы фӕллӕууид! Артик ӕм фӕраздӕр ӕмӕ йӕ йӕ хъӕбысмӕ фелвӕста. Ницуал дзы рауад мӕ фӕдисон хъӕрӕй дӕр. Фӕлӕ дын…

Фӕлӕ дын уыры, хомяк чи у, уый, уыцы цыргъдӕндагджын сырд мӕнӕ гино-гис хӕдзарон гӕдыйау сабыр куы бадид чысыл лӕппуйы хъӕбысы, ӕмӕ дын ӕй уый дӕр, Артик дӕр, йӕ уарзон гӕдыйау куы сӕрфтытӕ-лӕгъзытӕ кӕнид!

Стӕй скуыста – мады зӕгъон, хойы зӕгъон – инстинкт: Зӕринӕ ныцъцъӕхахст ласта:

– Ауадз æй! Фæхæцдзæн дыл!

Æмæ йæ уæд æрæппæрста Артик дæр. Уыры та… Уырыйæн та уый хъыг цыма фæцис, уайау афæстиат сабийы къæхты бын, стæй уæзбын згъордæй азгъордта каурæбын пыхсытæм. Фæлæ уæддæр æмæ уæддæр сæ хъæстæ маринаг-цæгъдинаг знæгтæй баззадысты…

О, нæ фыдæлтæ, о: де знагæй, дам, хæлар скæн, æцæг дæ фæстæ дæ дур ныццæвын æввонгæй цæттæйæ дар!

Цы зын дæ, цард, цы зын дæ де ’рдзыконды цæхгæр фæзилæнтимæ…

Иуахæмы та дын бынтон æнæнхъæлæджы мæ къæппæджы кæд æмæ бахауд даргъкъæдзилджын уыры – рæсугъд морæ царм ын, æцæг, бынтон чи нæма байрæзт, ахæм æнахъом уыры. Кæд афтæ зæгъын æмбæлы, уæд тынг зæрдæмæдзæугæ уыры уыд уырыты фæсивæдæй. Хуыцау та цыма æнадæн никæй сфæлдыста райдианты…

Гъемæ фæсагъæссаг дæн: куыд æм сисон мæ къух, рæдыдæй, æвæлтæрдæй куы бахаудта къæппæджы, уæд?! Кæд, æвæццæгæн, йæ зондджын мад-фыдæн æгоммæгæс разынд… Дæ амонд æмæ дæхæдæг, зæгъгæ йæ хус æфсæйнаг боцъкамæ нысхуыстон. Æмæ дын уый дæр зондцух хъулон уырытау æмдзæхгæр хæрдмæ сгæпп-сгæпп кæны. Æмæ та йæ тъæпп бынæй фæцæуы…

Кæй уырны, уый – уырнæд, æрымысгæ сæ чи хоны мæ ныхæстæ, уымæн дæр бар – йæхи, фæлæ дын æвзонг уыры исдуг цасдæр хъуыдыдзастæй абадт бынæй, стæй…

Мæнæ мотоциклист тымбыл цирк шапитойы къултыл куыд сдыууæрдæм вæййы – уæлæмæты æмæ дæлæмæты тæхгæйæ, – афтæ дын мæ уацайраг лæппу-уыры дæр боцкъайы фæрстыл æмдзæхгæр хæрдмæ нæ, фæлæ зилгæ-здыхсгæ куы стъæбæртт кæнид æмæ куы асæррæтт ласид сæрибармæ!

Иу æхсызгон мын фæцис, иу, раст цыма мæ хæрзгæнджытæй чидæр аирвæзт мæлæты уазал хъæбысæй!

Нæ мæ рох кæны иннæ диссаг дæр… Скъæты та уырыдон кæд нæ вæййы – хъуджы кæвдæсæй сæм дзидзаджын стæг дæр æрхауы, ома, исты хоры нæмгуытæ.

Æз, иу стыр хуынкъæй даргъкъæдзилджынтæ цы дзæвгар сыджыт скалдтой, уый фæстæмæ уым ныннадтон. Стæй фæрсырдыгæй цыдæр холлагдарæн асыкк сфæлдæхтон æддæмæ йæ айсыны зæрдæйæ. Йæ бынæй иу дынджыр дæргъæй-дæргъмæ уыры рагæпп ласта, æз къæдз-

белмæ февнæлдтон, æрдауон æй дзы, зæгъгæ, фæлæ…

Фехъуыстон сæ кой кумулятивон снарядтæн – цæуыл сæмбæлынц, уый, дам, раздæр, бырауау зилгæ, бахуынкъ ласынц, стæй уым мидæгæй схæцынц, срæмудзынц.

Мæ бел хæрдмæ, æрцæвын арæзтæй, баззад, уымæн æмæ, цы уыдтон мæхи дыууæ цæстæй дуаргом скъæты рухсы, уый æнæдиссаг нæ уыд æцæгдæр: цы хуынкъ сæхгæдтон-баныгæдтон тæккæ 'рдæбон, уым дын уыцы мадæл уыры сæрбынмæ йæхи бырауау ныздыхта æмæ дзы цæсты тъæбæртмæ аныгъуылд!

Мæ буар раст сисбын авæрдта, мæнæ цы цæрæццаг, Хуыцауы сконд цæрæгойы маринаг уыдтæн, мæнæ!

Уæд дын, Хуыцау, адæймаг та ахæм æвæрæз цæмæн рауад, цæмæн, и? Тыхджын зонд ын кæй радтай æмæ уымæй архайæд, зæгъгæ, уый йын фаг у?..

Гакк-гукк йæ лæппынты чысыл дзылыйæн кæй схæссын кæны, уый ахстоны æрæфтаугæйæ йæ æйчытæ, уый дæр куыд нæу хæраймаг хъуыддаг: ноджы уый лæппынты, ома гæкк-гуччы лæппынты куы рауадзы зæрдæхæлар дзылы, уæд ын уыдон та йæхи цот ахстонæй расхойынц æмæ зыдæй æфтъæрынц, мæгуыр мад цытæ хæссы, уыдон. О, фæлæ дын мæнæ æрвцъæх гæлæбу та куыд хин æмæ кæлæн у, куыд фæцарæхст кæйдæр хардзæй йæ царды хъуыддæгтæ аразынмæ…

Калм дзы куы рауайы гæлæбуйы къуырттæй, уæд æм мæлдзыджытæ къордæй февналынц æмæ йæ сæ зæххы бын агъуыстмæ нымпъухынц, ай нын сихорæн замманай у, зæгъгæ. Фæлæ сыл уæдмæ хъуынджын калм йæ хъылмайы тæф ауадзы, æмæ йæм уæд уыдон дæр зилын байдайынц, рæвдауынц æй сæхи хъæбулау. Агъа… Уый – дынджыр æмæ сырх-сырхид, мæлдзыджыты цот та – урс-урсид фæлмæн лæппынтæ. Æмæ уыдонæй уазæг калм йæхи хорз бафсады. Сусæгæй.

Стæй калм йæхи æнгом батухы – æмырбаст дзæкъулгонд фесты. Уым рæзы. Æмæ багæлæбу вæййы. Йæхи афойнадыл куынæ равдиса рухс дунемæ – райсомраджы, цалынмæ ма мæлдзыджытæ фынтæ уынынц, уæдмæ, уæд йæ хъуыддаг фæстæдæр сæ хæрзтæй нæ уыдзæн: сæхи йыл йæ фысымтæ æмхуызонæй андзардзысты æмæ йæ бахсындзысты, кæс-ма ацы сайæгой æмæ цъаммармæ, зæгъгæ. Фæлæ гæлæбутæн сæ хиндæртæ афойнадыл скæсынц дæлзæхх цæрæнтæй æмæ атæхынц, ныронг куыд уыд æмæ цы уыд, уый та ногæй куыд цæуа цардцæрæнбонты, афтæ…

Финансон хъуыддӕгты – иннӕты кой нӕ кӕндзынӕн, – ӕз, советон адӕймаг, дӕн ӕнӕфенд, ӕдылы ӕмӕ хуырым. Ӕфснайӕн кассӕйы нӕ фӕстауӕрцтӕ фесӕфтысты, кӕмӕн бирӕ, кӕмӕн къаддӕр. Мӕнӕй 9 мины, ме 'ртӕ чиныджы гонорартӕ ӕмӕ цыдӕр ӕндӕр ӕфтиӕгтӕ. Стӕй Хӕблиаты Сафаримӕ ӕхсӕзгай сомтӕй фӕйнӕ дыууӕ-ӕртӕ мин доллӕры балхӕдтам цалдӕр хаттӕн. Мӕнӕн сӕ мӕ хорз хӕлар ӕфстау айста дыууӕ мӕйы ӕмгъуыдмӕ… Ӕвддӕс азы уал аивгъуыдта. Гъе, ахӕм дыууӕ мӕйы…

Рӕстӕг йӕ дугъон бӕхы сулӕфт нӕ уадзы, фӕдисы тахт ыл кӕны, ӕмӕ кӕд уымӕн, ӕмӕ уыцы бон – мӕнӕ фарнхӕссӕг кӕй хонӕм, уый тагъддӕр ӕрхӕццӕ уаид, зӕгъгӕ…

Ралӕууы уыцы бон дӕр, ӕмӕ лӕг йӕ адзалы сахатыл хъуыды кӕнын, йӕ мӕрдты фӕндагмӕ дзагъултӕ кӕнын куы райдайы, уӕд. Бамбырд та мӕм, хал халыл ӕфснайгӕйӕ, ныры ӕбӕркад ӕхцайӕ, зӕгъӕм, сӕдӕ мин сомы. Мӕ кӕстӕр чызгмӕ сӕ радтон ахӕм дзырдӕй, нывӕр сӕ банчы, ӕмӕ, цы фос скӕной, уый дӕу, цас сӕвӕрдтай, уыдонӕй та мӕнӕн мӕ мӕрдты ӕгъдау араздзынӕ.

Бацыд банкмӕ ӕмӕ йӕ сразы кодтой ахӕм фӕткыл: ӕртӕ азы сӕм ма бавнал ӕмӕ дын сыл афӕдзмӕ ӕфтдзӕн фараст минӕй цыппӕрдӕсы онг!

Ӕртӕ азы дӕр та былӕй акалдысты, ӕз та ма – ӕгас, кӕйдӕрты цинӕн, кӕйдӕрты дисӕн ӕмӕ фыддӕрадӕн…

Райста мӕ чызг йӕ рюкзак ӕмӕ бацыд амынд банкмӕ. Ӕмӕ…

Лӕг куы цӕра, уӕд ыл цынӕ хорз ӕрцӕудзӕн, стӕй йӕ мӕгуыр сӕрыл кӕцы куыройы фыдтӕ нӕ разилдзысты: мах, дам, ӕртӕ азы дӕргъы де 'хцаты фӕрцы ницы сойтӕ ӕмӕ куыройы цъуппытӕ рамарзтам, гъемӕ нӕм дӕуӕн уӕлӕмхасӕн процентты нӕ, уый нӕ, уый, фӕлӕ ма дын дӕхицӕй бауромдзыстӕм, кӕй дын сӕ фефснайдтам, уый тыххӕй!

Загътой – бакодтой! Судмӕ дӕттинаг бӕргӕ уыд банк, фӕлӕ дӕ удӕй тӕрхоны лӕгтимӕ быцӕу ныхасы цастӕ ахаудзӕн, ууыл куы асагъӕс кодтон, уӕд…

Кӕм уа ахӕм боцкъа, ӕмӕ адоны кӕм нысхойгӕ уа – кӕд се 'ппӕт мӕ морӕ зондджын уырытӕ нӕ басгуыхиккой…

Иу ахӕм цау ма, уый дӕр мӕхи цардӕй мӕнтӕгау срӕмыгъд у: нӕ сыхӕгты ус мӕ фыдымадӕй бон ӕмгъуыдмӕ бацагуырдта нӕ рӕсугъд графин, тӕнӕг фӕрстӕ йын йӕ уӕрӕх гуыбынӕн. Буц уазджытӕ, дам нӕм сӕмбӕлд, нӕхи графины та нӕдӕр уынд ис, нӕдӕр конд…

Рауад бон, рауад дыуурæ, суанг къуыри атахт – графин зынæг нæй. Æнæ ныллæбургæ сæм нал уыд нæ сыхæгтæм, фæлæ цыдæр хабархæссæг зæд атахт сæ сæрты, æмæ йын æй схаста сæ ус… графинæн йæ тæнæг фарс цæрдхуынкъ, афтæмæй. Куыд нæ хъуамæ фæуыргъуыйау уыдаид мæ фыдымад:

– Ай та циу?! – æмæ хуынчъы йæ кæстæр æнгуылдз фæцавта.

– Афтæмæй дæр ма дыл кæй сæмбæлд, уыыл цин кæн! – фæкодта сыхаджы хорзæхтæй хъулон хайджын ус æмæ дæлæ, даргъ санчъехтæгæнгæ, хъалзæнгæй фæцæуæг…

Тынг цæуынц мæ зæрдæмæ алы ирон æмбисонды хабæрттæ, уæлдайдæр мæнæ ай:

– Бирæгътæ дæр æмхуызон бирæгъгæндтæ не сты, – дзуры, бирæгъты æрдонг йæ хъуджы кæмæн хордтой, уыцы ус. – Сæ иу æй мæнырдæм ивæзта!

Кæддæр ма йæ фыстон: зæхх уымæн дæр ма сæнкъуысы, æмæ мæстджынæй ныгæд адæм иу заман сæ ингæнты къæйтæ стонынвæнды бацæуынц… Æз дæр цыма уыдонимæ уыдзынæн.

## КÆЙ НЫФСÆЙ, ЦЫ НЫФСÆЙ

Кæмæн нæ нæ уыд уарзон ахуыргæнджытæ та! Мæнæн æмæ бирæтæн Цæгат Ирыстоны педагогон институты уартæ ссæдзæм æнусы фæндзайæм азты кæрон нæ уарзон ахуыргæнджыты уарзондæр уыд экономист, профессор Цуциты Барис. Сырхзæрин талатæ суадзæд дзæнæтæй!..

Æмæ дын ме ’мкурсон лæппуйы экономикæйæ цæмæйдæр фæрсы, уый та мур дæр ницы зоны, фæлæ афтæ ракъæр-къæр кæны:

– Например, возьмем, допустим, к примеру, скажем, представим себе, то, например, возьмем, – æмæ афтæ ногæй-ногмæ.

Уæд ын профессор дæр афтæ:

– Э, мæ дард хæстæг, æз дæр дын, например, возьмем, допустим æмæ уым Елхоты онг дæлæмæ Хуыцауы хатыр, адæмы хатыр, мæнæ де ’мбæлтты æмæ мæхи хатырæй «æртæ» æвæрын.

Мæгуыр лæджы мæсыг – «Ма тæрс!», сæнæртты фæстейæ хæцгæйæ; студенты размæбырсæн хотых та – «Æртæ – Удовлетворительно». Зилгæйы йæ нæ ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Фузæ Каспулатовнæ та афтæ хуыдта:

– Сбад! «Рæстæмбис» дын æвæрын…

Ныр æз та дзыллæйы афтæ бафæрсинаг дæн:

– Цы ныфсæй æмæ кæй ныфсæй цæры адæймаг, уый-ма мын, например, возьмем, допустим, к примеру, представим себе, скажем, и?

Иу йæ фыды кæнæ йæ хистæр æфсымæры ныфсæй у хъæбæрдзых…

Иннæ – йæ мыггаджы, йе 'рвадæлты…

Æртыккаг – сыхаджы, хъæубæсты…

Стæй, зæгъæм, пысылмон, чырыстон æмæ ма 'ндæр диныл хæст кæй у, уымæй хæссы лæг йæ ныфс: бахъуаджы сахат ын йæ æнæуулæнк адæм æфсад æххуыс фæуыдзысты. Братья мусульмане; братья славяне… Стæй: братья по перу кæнæ по несчастью…

Тынгæй-тынгдæр та, цы адæмыхаттæй дæ, уый дын у ныфсы цæджындз.

Фæлæ…

Фæлæ, ирон кæй дæ, уый дæр дын рагæй куы нал фæахъаз вæййы иннæ ироны цæсты, кæд ма, æцæгæлонимæ куы уа дæ быцæу, дæ хыл, дæ тох, уæд фæуа ирон чидæр дæ фарсласæг.

О: коллективизмы дуг, дам, фæцис, ралæууыд индивидуализмы дуг – алчи йæхи гуылы бын æндзары; алкæмæн йæ лауыз йæ мæрдтæн – хæлар. Афтæ у абон, æмæ дзы зæрдæ изгард кæны. Сæ ахсджиаг кæмæн уыдтæ, уыцы хæлæрттæй та равдæлон дæ…

## ÆХСÆНДÆТТЫ ДЗЫХЪХЪ

*Политика – помойная яма.*
*Фæсарæйнаг ныхас*

Бирæ цыдæртæ нын сты зæрдæсаугæнæн хъыг, фæлæ дзы уæддæр цыма, дæ уарзтыл, дæ аргъуыцыл сайд куы 'рцæуы æмæ æдылыйы цъыфдзасты куы абадыс дæхицæн зонджын æнхъæлæй, уæд дзы уымæй фæсмойнагдæр нæй.

Хурыл стъæлфæнтæ ссардæуыд, разынд, сбæрæг-сбæлвырд. Ленин, Сталин æмæ ма иу цалдæрыл та – нæ. Авгау, кæсагау – сыгъдæг. Стæй рацæй-рабон, æмæ сæм хуры цæст куы ныддардæуыд, уæд…

Цæй Горбачев-Ельцин æмæ иннæтæ! Сау халæтты 'хсæн сæ иу чидæр зæдау æнæтæригъæд сыгъдæгæй зынд, зонджынæй дзырдарæхст, уæзбын æмæ уæздан, иу заман æй Советон Цæдисы хицауады сæргъы дæр сæвæринаг уыдысты, æмæ хъыг уыд, кæй йæ нæ сæвæрдтой, уый: кæд нæ бынгæнинаг бæстæ дæр нæ бабын уыдаид!..

Йæ фенд дæр-иу цæсты рухс æмæ зæрдæйы сой басгуыхт, афтæ дæм кастис, цыма уымæй рæстаддæр, æнæхин-æнæкæлæндæр, æууæнкагдæр хицау нæй егъау советон бæстæйы стыр хицæутты астæу. Æгæр буцгæнды хъуыддаг дæм нæ фæкаст, йæ номыл ын сæхи бæстæйы сæйраг горæт куы схуыдтой – йæ удæгасæй! – уæддæр: Нур-Султан!..

«Нур» цыма «рухс» амоны се ’взагыл…

Гъестæй та…

Ныккæрзыдта зæрдæ: афтæ дæм сдзырдта, цыма адджынæн, уæддæр та, искæмæн табутæ кæнынмæ бæлгæйæ, дæ советон ахуырæй, æмæ та цымæ адджынæн цыдæр æлгъаг цыдæр ныккомдзаг кодтай!

Сæ сæргъы сæ бæрзонд æвæрд фыд, афтæмæй Назарбаевты бинонтæ къæбицы, хордоны уырытæй агæпп ластой, сæдæгай милуантæ доллæртæй æрбассывтой æмæ алы ’взаргæ бæстæты нылхæдтой галуантæ! Йе ’фсымæрæй, йæ чызджытæй, йæ сиæхстæй, йæ хæрзхæрæфырттæй, йæ кау ын чи бахуылыдз кодта, уыцы куыдзæй – иууылдæр сæхи Казахстаны сойы сæвдылдтой. Æмæ æппынфæстагмæ туг ныккалд… (Кæсут газет «Собеседник» № 1, 2022 аз).

Нæй, нæ ахуыр кæнæм, æндæр нын кæд æмæ кæд ныффæдзæхстæуыд: Не сотвори себе кумира! Гъæй, гуымиры лæг!..

## ХУЫЦАУÆН ХУДÆДЖЫ ХОС

Чи йын цы зоны, фæлæ, дам, Хуыцау дæр искуы-иу хатт, исдугæй-исдугмæ æрæнкъард вæййы, ферхуым. Æмæ, дам, уæд йæ хъустыл зæдты дзыхæй æрцæуы, дæлæ та адæймаг йæ фидæны нысæнттæ кæны, зæгъгæ. Æмæ, дам ыл уæд худæг бахæцы, фæхъæлдзæг вæййы нæхи хорз Хуыцау. Не Сфæлдисæг, дунемæ нæ Раттæг.

Фæлæ…

Фæлæ хаттæн та лæгæн йæ сæнттæ дæр цæмæн рауадзы царды, хъазгæ-хынджылæгæй сæ  куы фæзæгъы, уæддæр?!

Цалæм хатт та бауарзтон сомыгонд уарзтæй, ноджы дæрдджын, фæлæ ма тынг зæрдæмæдзæугæ чызг-сылгоймаджы – сæ бæлвырд нымæц ын нæ зонын мæ уарзтытæн, фæлæ та мæ мæгуыр зæрдæ, – ахæм æдылы къоппайы риуы æвæрд фæцис! – тугæрхæмттæ кодта ай фæливæн митæй дæр: нæдæр ын зæхх фаг кодта, нæдæр – арв.

Уæд дын мын иу хъуынтъыз уымæл бон – мæнæ æнады уазал уæнгты иннæрдæм куы фæхизы, уæд афтæ куы бакæнид, йæ рæсугъд сау цæстытæ цармæ сисгæйæ:

– Афонмæ Барселонæйы та цы диссаджы хорз бон скодта, стæй йæ денджыз дæр хъарм!..

Кæд нæм йемæ ‘мхуызон бæллицтæй искуы исты уыдис, уæд уый: Барселонæ фен!

Нæ йæ хатын, нæ йæ ’мбарын, цæмæн, уый, фæлæ-иу æз дæр, æз, уыцы фæлтæрдджын – уарзæттæ дарынæй фæлтæрдджын –зæрдæскъæф ирон рæсугъды агъоммæ дæр бабæллыдтæн, йæх-х, æмæ, зæгъын, Испанимæ чи афты, Барселонæ чи фены!

Кæд уымæн, чи зоны, æмæ ме скъоладзау æнахъомæй фæстæмæ ныффидар сты мæ сидзæр зæрдæйы Плиты Грисы рæнхъытæ:

*Рæсугъд испайнагæн йæ цæрæн,*
*Хъæздыг йæ бæстыхъæд æрдзæй...*

Фæсаджил сты уыцы уарзинаг сау рæсугъдимæ дæр та нæ дзæгъæлдзу фæндæгтæ – афтæ дын мын: мæ кæддæры дзæбæх æмæ адджын уарзонимæ, дам, æнæнхъæлæджы хæрхæмбæлд фестæм æмæ та, дам, сног сты мæ уæдыккон мондæгтæ, зæгъгæ мын загъта, раст уыдысты – нæ уыдысты, уæддæр байуарыны æфсонæн бæззыдысты. Рыст, хъæрзæг гæвзыкк зæрдæ та-иу æй æрымысыд цыдæр уынгæджы æнæрæвдыд бонты, фæлæ дын иуахæмы Хуыцау куы ныддæлæ-уæлæ кæнид, æмæ дын мæнæйуый фегуырд Бар-се-ло-найы! Æви: Барселонæйы?..

Куыд у, цы у, цавæр у, уыдоны тыххæй æндæр æвдæлон сахат, фæлæ мæнæй гурмандæр чи у, йæ гуыбынæн æцæг бæрæгбон саразын кæй фæнды, уый гæнæн æмæ амалæй афтæд уырдæм – Испанимæ.

Æз та уыцы цау куы æрымысын, уæд иудадзыгдæр мæхимидæг фæфæрсын Хуыцауы, зæгъгæ, табу Дын, фæлæ мын уыцы сусæг-æргом бæллиц уæддæр цæй дымæгмæ сæххæст кодтай, ногæй-ногмæ мæ куы фæнды уырдæм, денджызы былгæрон чысыл горæт Льорет-де-Мармæ, фæлæ уымæн та амал куы нæй нæдæр абон, нæдæр фидæны, уæд?

Æви, мæнæ Эрнест Хемингуэй куыд райхæлдта царды ад, кæд уый охыл: «Жизнь – это прекрасные мгновения, которые запоминаются»?! Париж та схуыдта праздник, который, дам, всегда с тобой.

Æви Барселона афтæ амоны – «барс алана»?

Ма ныццирк ут, Камал-иу «кишлачный этимологтæ» кæй хуыдта, уыдон!..

# ХÆРЗÆДЫЛЫ

Цас бæллæхтæ æмæ цас æвирхъау цаутæ цæуы нæ иунæг – абоны онг! – цæрынæн бæззон зæххы къорийыл, æмæ æз та…

Уартæ, рох фæкæнæн кæмæн нæй, уыцы советон дуджы (51 азы дзы уæддæр фæцардтæн) куыстон иу районы газеты уацхæссæгæй. Æмæ нæм уыцы ’лгъыст æмæ табуйаг заман уыд ахæм рубрикæ: «Журналист ивы йæ дæсныйад – Журналист меняет профессию».

Æз сдæн комбайнеры хæдивæг-æххуысгæнæг. Æфснайдтам сырх мæнæу æмæ стæй сыл мæнæу (рожь). Мæхиуыл мын-иу дæсны лæг куы бауууæндыд най кæнын, уæд ма-иу мæ цуры иннæ адæмы дæр кад æмæ намыс уыд! Фæскуыст-иу иннæтæ сæ фæллад уагътой, æз та-иу репортажтæ мæ тæккæ фысгæйæ уыдтæн: райсомæй-иу сæ нæ шофыртæй исчи постмæ аласта…

О, æмæ дын иубон найгонд хор уæзласæн-хорласæн машинæмæ æвгæнæм. Æмæ дын дзы зæхмæ иу голладжы дзаг æркалд, морæхуыз цæхæр калы йæ обаугонд. Мæ хъæуккаг зæрдæ срæхуыста, ракæс-бакæсыл сдæн, уæдæ йæ кæдæм сæвгæнон æмæ йæ фæстæдæр гуыффæмæ куыд скалон, афтæ. Мæ комбайнер йæ къух ауыгъта, мæстæлгъæдæй загъта:

– Ныхъхъуытты йæ уадз! Ахæмтæ цас фесæфы! Ноджы ма цалдæр хордзаг машинæйы элеватормæ нæ, фæлæ фæрсырдæм фæзилынц – колхозы сæрдар сын чердæм фæзæгъы, уыцырдæм…

Мæнæ дын нæ уæдыккон диссаджы хъомылад: цы фæдавынц, уый мæм сæфтыл нымад нæ каст, дзæгъæл сæфтыл, фæлæ, уыцы замманай æхсæст хор зæххы хай кæй бацис, уый та мын зæрдæрæхуысты хъыг уыд!

Ай ма, цымæ, ныв кодтон: хъæд судзы – нæхимæ тайгайы уа, æндæр æцæгæлон бæстæты уа – мæ уд скатай вæййы, адымсы тæригъæдæй. Гъа, сырдтыл дæр мæгуыры бон акæны, куыд сыл нæ акæны, фæлæ арты пиллонкалгæ фæндагыл лæууы бæрзæндтæ æмæ уæрæхдæртыл зылд бæлас, хъæды фидауц, æмæ… Æмæ ’нцад лæууы, цавддурау лæууы – нæй йын фæлидзæн загъд, нæ йын аирвæзæн æргом мæлæтæй, нæу ын амынд йæ райгуырæн-срæзæн бынатæй фенкъуысыны бар.

Афтæмæй та йын уд ис, удæгас, риссаг, цингæнаг уд! Мæнæ, дам, бæрз бæласмæ исты ахæм ныхилæг куы фæзыны, йæ хъыгдарæг знаг, уæд иннæ ’рвад бæлæстæм фæдисы дзæнгæрджытæ ныццæгъды, уæхи ахæм æмæ ухæм фыдгæнæгæй хъахъхъæнут, зæгъгæ. Æмæ уæд уыдон дæр ног знаджы ныхмæ ног марг цæттæ кæнынмæ ерысæй февналынц. Урсцъар чызг бæрз бæлæстæ!..

Уадидæгæн мæ фыдымад мæ зæрдыл æрбалæууыд: мæ сидзæргæс мадимæ Бесланы горæтаг фестæм æмæ Дыдтайы дæр уырдæм хонæм, фæлæ йæ иугæндзон дзуапп: «Æз ацы хæдзарæй, чындзы кæдæм æрцыдтæн, уырдыгæй æрмæстдæр уæлмæрдтæм ацæудзынæн!»

Стыр фæндагæй Зилгæмæ базилæны иуварс, хæстæй чи нал сыздæхт, уыдоны номарæны сæрвæлтау бæлæсты къох сагъд; иннæ фарс та уыд сындзджын æмæ пыхсджын зæрæстон зæхх. Цавæрдæр кæсгон æй балхæдта, сæхгæдта йæ, бакуыста йæ бæстон куыстæй – кæсæг куыд кусынц, афтæ æмæ дзы ныссагъта, цалдæр тыллæджы чи дæтты, ахæм ставдгага мæнæргъы. Фæхæцыд, æрзад, уæй дæр ма йæ кодта. Стæй – талатæ дæр.

Хорз? Уæдæ нæу. Фæлæ дын иу æрæгмæйы фæззыгон бон бакастæн быруйы сæрты, æмæ кърантæй хъæлæсы дзагæй нуазыны дон сæх-сæх кæны, скултæ зæхх.

Уый дæр та мын, æдылыйæн, фæхъыг. Адзырдтон дзыппыдаргæ телефонæй хъæуыхицаумæ, загъта, сæхгæнын æй кæндзынæн, зæгъгæ. Мæхæдæг багæпп ластаин æмбонды сæрты, фæлæ – мæрддзыгой уыдтæн, – æмæ мæм ме ’мбæлттæ фæдзырдтой…

Æрцæудзæн, дам, уыцы тыхстаг бон дæр, æмæ, дам, адæмæн нуазыны дон нефтæй дæр ма зынаргъдæр кæд суыдзæн. Кæмдæрты суанг абон дæр туджы аргъ у. Нæ хæхбæсты та дзæгъæл калдæй цы æвдадзы хос дæттæ кæлы, цы!.. Тад сызгъæрин.

## АХÆМТÆ – ДЫУУÆ

Нæ къухты уырзыты нывтæ куыд фæйнæхуызон сты, куыд æнæфæивддзаг, афтæ нæ алчи дæр йæхирдыгонау æфтауы дисы. Халæмдих, æвæццæгæн, æрмæстдæр инкубаторы уагъд урс карчы цъиутæ сты…

Нал æй хъуыды кæнын, чи йæ бафарста, уый – ды, дам, цы Дзырдуат сарæзтай, ууыл дæ цал азы кусын бахъуыд, зæгъгæ. Æмæ йын Вассо (йæхæдæг йæ ном афтæ фыста), йæ зæрдæхæлар æмæ зонджын худтæй бахудгæйæ, афтæ:

– Алы бон дæр иу дзырды гуырæнтæ-ратæдзæнтæ куы бæлвырд кæнай, уæд дыууиссæдз азмæ дæуæн дæр дæ ахæм фæллой цæттæ уыдзæн!

О, фæлæ нæ номдзыд дзырддзуангæнæг айдагъ этимологон дзырд-

уатыл нæ фыдæбæттæ кодта, фæлæ ма фыста ахсджиаг æмæ ахадгæ наукон уацтæ дæр. Алы рæтты йын мыхуыргонд цыдысты, цæмæй хицæн чингуытæй рацæуой, уый мæт та йæ нæ уыд.

Фыццагдæр ын сæ чи бабиноныг кодта дыууæ томæй, уый нæхи – Гусалты – ахуыргонд лæппу Витали. Стæй йын сæ Хуссар Ирыстоны фæкъорд томы кодтой, стыр куыст бакæнгæйæ. Хæрзаудæн сыл фæкæнæд, æнæферохгæнгæйæ цы бæсты ис, уырдыгæй!..

Поэты цытджын ном æнæ тых ныхæстæй баныхасгæйæ дæр бынтон æрдзон хуызы кæуыл фидауы йæ гаччы бадæгау, уый – Лизæ, Косты, Зинæ, Хостыхъоты, æмæ ма къорд лæппуйы...

Абоныккон сфæлдыстадон кусæг нæу Лизæ, фæлæ йын йæ поэтикон æмбырдгæндтæ зынгдзæст хуры рухсмæ дæр не ссардзынæ, æрмæстдæр иу тæнæг чиныджы йеддæмæ – рацыд уартæ советон незаманты – 1985 азы.

Æмдзæвгæтæ та уæдæй абонмæ иу-дыууæ сæвджын чиныджы фаг сфæлдыста! Поэзийæн тугхæстæг чи у, раст ахæмтæ.

Фæлæ…

Фæлæ йын журнал «Мах Дуг» æмæ æндæр кæмдæрты сæ былыцъæрттæ хæрынц рухс фенынмæ чингуыты номимæ. Бамбырд сæ цыма кæны, бабиноныг, фæлæ та алы цæлхдуртæ æрымысы æмæ та сыл ныддæвдæг вæййы æмæ сæ, кæдæм хъæуы, уырдæм мыхуыры джиппы рауадзынмæ нæ саккаг кæны.

Æз дæр æмæ ма йын чидæртæ дæр лæгъстæмæ ’рцыдыстæм, мауал ма сын æхгæн сæ фæндæгтæ, поэзи чи ’мбары æмæ уарзы, уыдонмæ, зæгъгæ, æрмæст та – кæс æмæ дыууæ егъау чиныджы фаг æрæмбырд кодта кæйдæрты уацмыстæ æмæ сæ фæзминаг аивæй рауагъта. Уый Уарзиаты Вилены фæллæйттæ. Арфæйаг куыстытæ…

Стæй та Библи ирон æвзагмæ тæлмац кæныны къорд азы хъазуатон фыдæбон. Уæдмæ та Нарты Кадджытæй æвзæрст уацмыстæ сывæллæттæн ивдæй. Дарддæр та – «Ирон аргъæуттæ».

Иннæ ахæм, чырыстон дины журнал редакци кæнын. Уый фæстæ та алы æрмæджытæй хъæздыг чиныг йæ райгуырæн хъæу Ногиры тыххæй.

Куыд не сты, куыд уыцы бæркадджын хуынтæ дæр буцæй рæгъмæ хæссинаг, æрмæст та уæддæр æмæ уæддæр æппæтæй табуйагдæр у ПОЭЗИ.

Æмæ – бæргæ, цæмæй йæ тæригъæды мауал цæуа Лизæ, уый сæрвæлтау иу амалджын хæрзгæнæг куы разынид! Æмæ та йæм æз дæр ногæй

куы бауырдыг уаин, сис-ма сæ де `ргъæу чырынæй, зæгъгæ.

Æндæр ын цы ’рхъуыдычындæуа, уый мæ лæмæгъ зонд нæ ахсы…

Кæнæ та йæм кæд ирон хотыхты тæссагдæр æмæ нæрагдæрæй февзидон – фидисæй: уый, дæ цоты хуры хъæстæ куынæ кæнай, уыйау уайы, уыйау, зæгъгæ.

О: алы ныхæстæгæнджытæ дæр сæ куыд нæ ома разындзæн йе ‘мдзæвгæтæй, фæлæ кæм ис, кæм, æнæмаст, æнæмаргхъæстæ уарзт та?..

## ДИССАДЖЫ АККАГ ДИССÆГТÆ

Кæд иу кæцыдæр дугæй фæстæмæ истæуыл дис кæнын æнæфенды гаккæвæрдау сси, уæддæр та лæджы æрдзон миниуæг ахæм у, æмæ та нал фæлæууыс, дисы бацæуыс…

Мæскуыйы цы газет мыхуыр кæнынц – «Новая газета», – уый Ирыстоны æрмæстдæр нымад адæм кæсынц. Тынг бирæ негативон æрмæг мыхуыр кæны, суанг ма дзы В.Путинмæ дæр «бадæтты», фæлæ йын быхсынц: фæсарæнтæн фæзæгъæм уый фæрцы, махмæ дæр дзыллон мыхуыр сæрибар у, зæгъгæ.

О, гъемæ дзы хатгай ахæм уацтыл бамбæлын, æмæ та мæ бахъæуы басæттын, мæ уæлдæр ахуырад дæр кæй ницы ахады, ууыл. Æрæджыты дзы бакастæн, суанг Нью-Йорчы университеты профессор Михаил Ямпольскийы цæсты дæр сахадгæ ’рмæг: «Между безумием имперским и капиталистическим» («Новая газета», № 117, 2021 аз). Цы ахуыргæндты нæмттæ дзы ис – мæнæн æнæзонгæ, цы къорд термины дзы ис – хъусгæ дæр сæ никуы фæкодтон: зæгъæм, «парресия», стæй уый бындурыл арæзт дзырд «парресиаст».

Ямпольский нын сæ ’мбарын кæны, зæгъгæ, дам, термин «парресия» æрхъуыды кодта Мишель Фуко, «обозначающий истинную речь философа перед лицом тиранической власти».

Йæ ныфс чи бахæссы афтæ дзурынмæ, уый та хуыйны «парресиаст».

Æмæ дарддæр: «… Когда-то Фуко поднял вопрос о говорении правды ценой своей жизни и свободы. В Греции такая практика называлась парресия. В качестве примера парресиастов Фуко называл Сократа и Диогена».

Уайтæккæ сахат мæ зæрдыл æрбалæууыд Къоста: кæд Уæрæсейы дæр исчи парресиаст уыд, уæд æппæты фыццæгтимæ Къоста дæр –

ӕндӕр ма уӕдӕ уыйау бирӕтӕ загътой:

*И грудью грудь насилия встречаю*
*И смело всем о правде говорю!*

Ӕмӕ, кӕд фыддзардгӕнӕг уыдис, уӕддӕр уыцы удхал зонд нӕ райстаид, зӕгъгӕ, дӕ дзыхыл хӕц ӕмӕ дзидза хӕрай, уымӕн ӕмӕ ма уӕд цӕй гени уыдаид ӕмӕ цӕй Къоста!..

Йӕ цыбыргомау царды кӕрон афтӕ кӕй зӕгъы мӕстджынӕй, ӕз мӕ цардцӕрӕнбонты рӕстдзинадыл хӕст уыдтӕн, ӕрмӕстдӕр уый дзырдтон, ӕмӕ мӕм уыйадыл ныр мӕ рӕбыны иу капекк дӕр нӕй, зӕгъгӕ, уый та ууыл комдзог нӕ цӕуы, ӕмӕ Къоста цӕрын кӕй нӕ зыдта, йӕ цард нывыл саразынмӕ кӕй нӕ сарӕхст.

Адӕмы хуыздӕртӕн, сӕ пехуымпартӕ-сӕрхъуызойтӕн сӕ хъысмӕт ӕнӕрайдӕр, уӕззаудӕр-трагедиондӕр кӕй рауайы, уый та дзыллӕйы, ӕхсӕнады азым у: нӕ зонынц сӕ табуйӕгты ӕвӕрын, нӕ…

Царды иу ахӕм ӕнусон фӕтк… Барӕг фистӕджы не ’мбары, ӕфсӕст ӕххормаджы, хъӕздыг мӕгуыры. Фӕлӕ уыцы уавӕр цыма ӕрдзон уаг у, афтӕ нымад цӕуы. Стӕй цыма уыйас хӕрам ми дӕр нӕу, бынтон ӕбуалгъ. Уымӕн, ӕмӕ кӕд исты ӕцӕг драмӕ у, ӕцӕг бӕллӕхӕр-цыд, ӕцӕг фӕдиссаг ӕмӕ фидиссаг, уӕд уый, ӕмӕ иу стонг иннӕ бӕгънӕг-сыдӕймӕлӕджы рыстӕй кӕй нӕ риссы ӕмӕ хъӕрзы.

Мӕ иу рагон маст ма – Къостайы номимӕ, йӕ цыт, йӕ кадимӕ баст.

Хетӕджы-фырт, дам, бындурӕвӕрӕг басгуыхт ирон литературон ӕвзагӕн. Ӕнӕхъӕн ӕвзагӕн! Фӕдзурӕм сӕрыстырӕй.

Фӕлӕ дзы йӕхимӕ иу дзырд не ’рхауд йе ’нусон цыртыл йӕ уӕлмӕрды ныффыссынмӕ! Гуырдзы фыссынц сӕ уарзон хъӕбулы цыртыл ӕрмӕстдӕр афтӕ: «Акакий».

Уырыс дӕр цыртдзӕвӕныл фыссынц айдагъ иу дзырд: «Островский».

Куыд нывыл фидауид Хетӕгкаты Леуаны фырты цыртыл дӕр ӕрмӕст уый: Къоста…

Кӕд искӕмӕ уый фаг нӕ кӕсы, уӕд та:

«Мӕ иунӕг сидзӕры уд нывонд кӕнын нӕ Иры дзыллӕйӕн, мӕ зонд, мӕ зӕрдӕ куыд амонынц, афтӕ».

Ӕппӕт ирон адӕм ын ӕмвосӕй цы рӕсугъд нывӕфтыд цугун зӕппадз сарӕзтой ӕмӕ 1960 азты хицауиуӕггӕнӕг зондцухтӕ кӕй аппӕрстой, уый дӕр мын абоны онг масты хос у…

Нӕ нӕм уыдис, нӕ, советон дидинӕгкалӕг ӕмӕ тугамӕст дуджы

паррессиасттæ…

## ХЪÆБЫСТЫ АДДЖЫН

Ныхæстæ хатгай сæ бынæттæй куы аивай, уæд куыддæр æнахуыр хуызы сфидауынц:

– Цы хъарм (уазал) къухтæ дын ис – цы къухты хъарм (уазал) дын ис!

– Цы адджын хъæбыстæ кодтой – цы хъæбысты адджын сын уыдис!

Уый уартæ кæд æмæ кæд федтон, фæлæ мæ кæй нæ рох кæны, уый мæхимæ дæр æнæдиссаг нæ кæсы. Цыдтæн та Зилгæмæ нæ æвæгæс хæдзар-кæрт бабæрæг кæнынмæ горæтæй, гъемæ ма мæ нымад санчъехтæ хъуыд Ростовы номыл уынгмæ, афтæ дын йæ тæккæ тигъыл, кæнæ фисынил куы суынин ацы нывæ, дунейæ хорз адæмы дунегæнæг ныв…

Йæ бæлвырд ын нæ зонын, нæ йæ фæфиппайдтон, чи сæ кæмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ лæууыд – чызг лæппумæ, æви лæппу чызгмæ, фæлæ уæртæ баиу сты æмæ…

Сæ кæрæдзи-иу сæ хъæбысты афтæ цингæнгæйæ, афтæ æхсызгонæй, афтæ адджынæн ныттыхтой, æмæ сæм æз – цы? Хуыцау дæр сæм кæсынæй нал æфсæст, æмæ раст уыйадыл бон дæр цыма фæрайдзастдæр, фæирддæр, дунетæ самондджын сты, уыдоны кæрæдзийыл цинæй-узæлынæй цæстуарзон хайджынæй.

Адард та-иу сты сæ къухты дæрддзæфмæ сæ кæрæдзийæ, ныккастысты та-иу кæрæдзимæ, цыма сæ нæма уырныдта, чызг уыцы чызг кæй у æмæ лæппу дæр уыцы лæппу кæй у, уый, стæй та-иу уыцы зæрдиаг, уыцы æхсызгон æмæ адджын хъæбысы ныттыхтой сæ кæрæдзи. Куыдиу фæхицæн сты ног ныхъхъæбысы размæ, уый дæр æнæдиссаг нæу. Ома æддæг-мидæг-иу куыннæ ауадысты, куыннæ-иу баныхæстысты, сæ кæцыдæр-иу иннæйы мидæг куыд нæ атад…

Цины хъæртæ нæ, фæлæ сæ иугай ныхæстæ дæр нæ хъуыст – æрмæст æнæфсис кæстытæ сæ иу иннæмæ, æмæ та анығъуыл амонды – Хуыцауы! – хъæбысы…

Гъестæй дын мæхимæ федтон – бафарстон, ома, мæхи:

«Ау, æз мæ дæргъвæтин цардцæрæнбонты никуы никæцы чызджыстæгыл цин кодтон уартæ уыцы лæппуйау?!»

Æмæ йæ æрымысыдтæн, æрбалæууыд мæ æдзæрæг зæрдыл, куыд зæрдæзæгъгæ мын уыд, куыд-иу радис уый дæр, мæн фенгæйæ, йе ’нæбары андзæвд дæр-иу зæрдæйыл куыд амбæлд стыр амондау æх-

сызгонæй…

Æмæ уæд йемæ цы ’фсонæй фæсаджил сты нæ фæндæгтæ, цæмæн?..

Ме ’дылыйæ!
Кæд ыл сæттинаг дæн, уæд.

## ЗОНД ÆЙ НÆ АХСЫ, ЗÆРДÆ – КЪУЫРМА

Ивылд цæугæдон кæй фæцæйласы, уый фырадæргæй сындзджын къутæрмæ дæр кæй фæлæбуры раирвæзыны охыл, уый æмбæрст у. Йед… Сауджын, дам, уыцы уавæры куы бахауд, уæд æм чидæр æвæстиатæй æххуысмæ фæзынд æмæ йæм былгæронæй дзуры, æрима дæ къух, зæгъгæ.

Нæй, нæ йæм æй дæтты. Уæд æм дзырдæуы ирвæзынгæнæгмæ, æри йын ма дзур, фæлтау дам ын, гъа мæ къух, зæгъгæ, зæгъ. Æмæ йын уæд æцæгдæр фæлæбурдта йæ къухмæ, æмæ йæ уæд уый дæр раласта сурмæ.

Фæлæ худын худын у, стæй хорз у тыхст сахат дæр, æрмæст мын ацы ныхассайæн бынтон æндæр цыдæр басгуыхт…

Айфыццаг амырыкаг æфсад Афганистанæй раст талф-тулфæй, сæргойæ лидзæгау фæцис. Егъау хæдтæхджытæй. Семæ ма сæ граждайнаг кусджыты дæр ластой. Æмæ дын аэропорт афгайнæгтæй дæр куы байдзаг уаид, талибтæй æдас чи нæ уыд, æвæццæгæн, ахæмтæй.

Бырсынц хæдтæхджытæм мидæмæ, фæлæ сæ чи уадзы – куыд фæдзырдæуы, резинæйæ конд не сты. Æмæ дын уæд чидæртæ – сæ тæккæ цардбаргæтæ! – хæдтæхæгыл алы рæтты куы æрзæбултæ уаиккой! Уæлæрвты бæрзæндты тæхæгыл! Æрцауындзæг сты – иуцасдæр зындысты афтæ ауындзæгæй, хæдтæхæг йæхи куы систа зæххæй, уæд. Стæй…

Стæй иугай-дыгай бæрзондæй хъæбæр бетонмæ згъæлын байдыдтой æмæ… æмæ…

Куыд сæ бамбæрстæуа, цы хуызы бацыдæуа сæ уавæры, зонд æй куынæ ахсы, зæрдæ къуырма куы у, уæд?

Цы ныфсæй, цы зондæй фæлвæрдтой уыцы мадзалы фæрцы аирвæзын?!

Æви сæ аирвæзыны мæт нæ уыд – талибты къухтæм бахауыны бæсты хуыздæр уыдзæн, халоны айчы хæлд куы фæкæнай, уæд…

Уæуу, мæнæ лæг цы цъысимы бахауы, зæгъæм, зондæй иттæг ифтонг уæвгæйæ дæр!

*ПЛИТЫ Гацыр,*
*филологон наукæты кандидат, профессор*

# ЛИТЕРАТУРОН ФÆЛГОНЦТÆ ÆМÆ СÆ НЫСАНИУÆГ

Егъау у сæ нысаниуæг литературон фæлгонцтæн. Фыссæг цард æвдисы, царды рахæцæн та у адæймаг. Царды æцæгдзинæдтæ, йæ размæцыды фæндæгтæ, цы уыдзæн æмæ цавæр уыдзæн дзыллæйы сомбон, цавæр хъуамæ уа адæймаджы царды фæндаг, уыдæттæ фыссæг равдисы фæлгонцты руаджы. Æнæ уыдон уацмыс уацмыс нæу, нæдæр ын гæнæн ис.

Нывæфтыд литературæйы сæйраг рахæцæнтæй иу у царды фæндæгты абарст – цахæм у абоны цард, цахæм уыд ивгъуыд дугты. Уымæн дæр рафæлгъауæн ис æрмæстдæр фæлгонцты руаджы. Æцæг фидар, хъуыдыджын фæлгонцты руаджы автор цыдæр диссаджы ногдзинæдтæ равдисы. Зæгъæм, Тлатты Хох йæ радзырд «Фын»-ы зæронд лæджы фæлгонцæй æрдзырдта, цард адæмæн цыхуызæн хъуамæ уа, уыдæттыл. Уыцы цæвиттойнаг цард арæх абары кæддæры зындойнаг царды нывтимæ. Æххормаг студент æнæхъуаджы нæ зæгъы: тæхуды, мæнæн дæр искуы иу ахæм хистæр куы уыдаид, зæгъгæ.

Зонын хъæуы уый, алы дугæн дæр кæй ис йæхи миниуджытæ, йæхи фæлгонцтæ. Гæдиаты Секъайы Азауы æмæ Брытъиаты Елбыздыхъойы Ханысиаты цагъарадон къæлæт ахста, ирæды рæхыстæ сæ бастой, фæлæ сæ зонд æмæ сæ тохы фæндæгтæ æндæр æмæ æндæртæ уыдысты. Сылгоймаг дæр адæймаг кæй у, царды бартæ йæм кæй хауы, уый Азау нæма æмбæрста, нæдæр ын тохгæнæн уыд, уымæн æмæ йæ рæстæг ахæм уыд. Сразы Таймуразы фæндыл, ныккалд туг, фæхицæн сты, йæ царды бонтæ арвыста æнадæй хиуаг фиййауимæ, стæй йæ мæлæт ссардта йæ уарзоны ингæныл. Ханысиаты дуг æндæр уыд, революцийы уылæнтæм æввахсдæр. Уый фидарæй бамбæрста, сылгоймаг дæр адæймаг кæй у, бартæ йын кæй ис, уый дæр иу хатт йеддæмæ кæй нæ цæры æмæ йæ цард хъуамæ батона ахæмимæ, уарзгæ кæй кæны.

Бынтон æндæр зондахаст ис Къостайы сидзæргæсæн, Туаты Дауыты «Сидзæргæс»-ы цы Нуца ис, уыимæ абаргæйæ. Къостайы сидзæргæс

кæуы æмæ хъарæг кæны йæ лæгыл – зæй кæй фæласта, йæ фондз сидзæрыл – æнæ хæдзар, æнæ фæрæзтæй чи баззад, хъарæг кæны йæхиуыл, æххуысы къух ын кæй нæй, æмæ се 'ппæт дæр тагъд уыцы дунемæ кæй ацæудзысты. Æндæр фæрæз ын нæ уыд, ныфсы таг никуыцæй зынд, æмæ куыдта йе 'намонддзинæдтыл. Туаты Дауыты Нуцайæн дæр йæ лæджы зæй фæласта, баззад æртæ сабиимæ, фæлæ нæ фæцудыдта, не схæцыд хъарæгыл, нæ асаст йæ ныфс, уымæн æмæ хъуыст ног, æндæр дуджы хъæр, йæ сабиты йын чи барæвдыдтаид, ахуырмæ сын фæндаг чи радтаид, ахæм дуджы хъæр. Уый фидарæй аскъуыддзаг кодта, кæй фæбаддзæн йæ лæджы номыл, кæй схъомыл кæндзæн йæ сабиты. Кæд йæ фæндтæ йæ хъуыры фæбадтысты, уæддæр йæ мæлæтæй аккаг ныхкъуырд радта ирон зыгъуыммæгонд æгъдæуттæн æмæ бамбарын кодта, цард тох кæй у, тыхджын та æдыхы хурхыл хъуамæ кæй ма хæца.

Нывæфтыд литературæйы фæлгонцтæ дуджы цæсгом æвдисæг сты, цард та вазыгджын у, тулгæ кæны, размæ цæуы, йемæ кæддæриддæр гуырынц ног ахæм фæрæзтæ.

Къоста кæд Зураппæн («Дзæбидырдзуан») фаг архайд нæ радта, уæддæр бæлвырд у, йæ рæстæджы кæй уыд фæразон, хъаруджын, дисæн дзуринаг цуанон. Хорз зæронд лæг уыд, фæлæ дард уыд Тохти æмæ Мистъаламæ (Гæдиаты Секъа. «Азау»). Уыдон змæлынц адæмы 'хсæн, уынаффæйы зæронд лæгтæ сты, сæ зæнæджы сомбоныл хъуыдыгæнæг, хорз æмбæрстой, æлдæрттæ фыдгæнджытæ кæй уыдысты, уый. Кæцæй цæуы ацы фыдгæнддзинад, уый кæд не 'мбæрстой, уæддæр сын æнæзонгæ нæ уыд, фæллойгæнæг лæгæн йæ цард цавæр хъуамæ уа, уый.

Кæмдæр хуыздæр цард ис, кæддæр æндæр дуг æрцæуудзæн, ууыл Тедо æмæ йе 'мдугонтæ хъуыды дæр нæ кодтой, уымæн æмæ сæ дуг ахæм уыд, нæ хъуыды кодтой ууыл дæр, цæмæн у дуг ахæм. Тохти æмæ Мистъала сæ дугыл тынг хъуыды кодтой, дарддæр афтæ цæрæн кæй нæй, уый дæр сæ рох никуы уыд, æлдарæй куыд ис фервæзæн, ууыл дæр æнæ хъуыдыгæнгæ нæ уыдысты.

Алы фыссæг дæр йæ саразгæ фæлгонцты цардæй цæры, кæд рæгъыдзыд фæлгонцыл кусы, уæд йæхи зæрдæ дæр буц у, сæрыстыр у уыцы адæймагæй. Къубалты Алыксандр Госæма æмæ Хæсанæйæ («Æфхæрдты Хæсанæ») сæрыстыр куынæ уыдаид, уæд сыл ахæм зæрдæмæхъаргæ уацмыс дæр нæ ныффыстаид. Цардæн ныхдур чи у, адæм сæ удхæссæг

кæмæй уынынц, æлгъаг, цъаммар удыгъæд кæмæн ис, ахæм фæлгонцтыл куы фæкусы фыссæг, уæд сæм уый дæр адæмимæ иумæ мæсты кæны æмæ архайы ууыл, цæмæй сæ цъаммар митæ адæмы размæ хаст æрцæуой, адæм сыл худинаджы гакк ныккæной, кæннод та сыл хъоды бакæной.

Мæстæлгъæдæй ныв кодта Туаты Дауыт Амырханы фæлгонц («Сидзæргæс»), йæ тæригъæддаг æфсымæры бынтæм чи æрхауд, йæ сидзæргæс чындзы рæстæй мæрдтæм чи барвыста.

Скъолайы ахуырадон предметты ‘хсæн йæхи сæрмагонд бынат ис нывæфтыд литературæйæн. Уый у ахæм предмет, кæцы адæймагæн зонындзинæдты æмрæнхъ дæтты хъомылад дæр.

Аивадон литературæмæ ииуыл æввахсдæр лæууы истори. Царды куы ницы æрцæуа, историмæ куы ницы бахауа, уæд литературон уацмыстæн дæр фæзынæн нæй.

Æркæсæм-ма: 1920 азы геноцид куынæ уыдаид, уæд нæ фæзындаиккой Хъуылаты Созырыхъойы «Æртындæсæй иумæ», Плиты Хадойы «Сæлимæт»; колхозон арæзтад куынæ уыдаид, уæд нæ федтаиккам Гæдиаты Цомахъы «Фыдæлты намыс», Мамсыраты Дæбейы «Уæззау операци». Фыдыбæстæйы Стыр хæст цытæ æрхаста, уыдæттæ та уынæм Плиты Грисы «Авд цухъхъа»-йы, Джимиты Георгийы «Сау мигъ»-ы, Дзугаты Георгийы «Бындзыг»-ы æмæ бирæ æндæр уацмысты.

Истори æмæ нывæфтыд литературæйы `хсæн кæд егъау бастдзинад ис, уæддæр зæгъын хъæуы, сæ хицæндзинад дæр егъау у. Царды æрцæуæг хабæрттæ истори æрфыссы, куыд уыдысты, афтæ. Нывæфтыд литературæ та (йæ ном йæ уæлæ ис) хабæрттыл æрдзуры, дзырдтæй сæ сныв кæны, афтæмæй. Цæвиттонæн райсæм Хъуылаты Созырыхъойы «Æртындæсæй иумæ». Æцæг æрцæуæг хабæртты бындурыл æрцыд фыст авторæн. Сæ истори: 1920 азы гуырдзыйы меньшевикты ныхмæ тохы уацары бахаудтой 13 ирон лæппуйы, скодтой сæ Згъудеры къуылдыммæ æмæ сæ уым иу ингæны былыл фехстой. Историон фæлгонцтæ уыдысты, сæ цыртыл фыст сты сæ нæмттæ. Цы уыд, уый истори загъта дыууæ хъуыдыйадæй. Автор та æрцæуæг хабæрттæ рауæрæх кодта нывæфтыд æвзагæй æмæ сыл ныффыста йæ диссаджы мидисджын ра- дзырд «Æртындæсæй иумæ». Райдайы афтæ: «Дысоны къæвда Чъребайы уынгтæ ныхсадта. Æрмæст ын æхсын нæ бакуымдтой зоны хъазуат тохы туджы лæсæнтæ». Исчи зæгъдзæн, фыссæг раст нæу? Ничи! Уымæй домдæуы, æрымысындзинад цардимæ хъуамæ уа æнгом баст.

Нывæфтыд æвзагæй Сикъо фæдзырдта æртындæс коммунары удыхъæды алыхуызон миниуджытыл, се 'ддаг хуыз æмæ бакастыл, сауджыны фæлгонцыл, Лохты Артемы удыхъæдыл, ахуыргæнæг Андрийы зæрдæйы дзурæнтыл. Æппæт дæр – уырнинаг нывты. Историйæн йæ хæс уый нæу, историйæн æрымысындзинад æцæгæлон у, фыссæгæн та – æнæмæнг хъæугæ.

Литературон фæлгонцты хъомыладон нысаниуæг егъау у. Йæ рæстæджы А.Н. Островский А.С. Пушкины саразгæ, æрымысгæ фæлгонцты хъомыладон нысаниуæджы тыххæй фыста: «Первая заслуга великого поэта в том, что через него умнеет все, что может умнеть. Кроме наслаждения, кроме форм для выражения мыслей и чувств, поэт дает и самые формулы мыслей и чувств. Богатейшие результаты совершеннейшей умственной лаборатории делаются общим достоянием» («Уацмысты æмбырдгонд», 3-аг том, 13 фарс).

Нывæфтыд фæлгонц кæнæ фæлгонцты къорд чиныгкæсæджы æфтауы хъуыды кæныныл, хатын æмæ æнкъарыныл, сфæлдисыныл, хуыздæры сæрвæлтау размæ бырсыныл, ахуыр кæны, цæмæй уай æцæг адæймаг царды, цæмæй лæуд уай тохы фæндагыл фидæны рухс царды сæраппонд.

Литературон уацмысæн йæ гуырахст цавæр у, уымæ гæсгæ дзы уынæм æрхайæг фæлгонцты нымæц. Авторы уацмысы, кæд сæ нымæц схиза аст – дæсы онг, уæд та сын æнæ дихтæгæнгæ нæй.

Рагæй фæстæмæ сахуыр стæм дыууæ къордыл сæ дих кæныныл: æвæрццæг æмæ æппæрццæг. Уый раст у, фæлæ ма æндæр къордтыл дихгонд дæр цæуынц, æмæ уыцы къордтæй алкæй нысаниуæг дæр егъау у. Уыдоныл уыдзæн дарддæр нæ ныхасы сæр.

Цæмæн хонæм иу кæнæ цалдæр фæлгонцы æвæрццæг? Цард, сæйраджыдæр, æнцайы хорз адæймæгты уæхсчытыл, æмæ уыдон та бирæ сты. Алчидæр тырны уымæ, цæмæй хорз адæймаджы ном хæсса, адæм æй уарзой, цæвиттойнаг уа. Ахæмты хæссы рæгъмæ фыссæг, æмæ чиныгкæсæг та уыдонæй исы хъомылад. Чи нæ бауарздзæн Таймуразы, Азауы (Гæдиаты Секъа. «Азау»); Фатимæйы, Ибрагимы (Хетæгкаты Къоста. «Фатимæ»); Ханысиат æмæ Асиаты (Брытъиаты Елбыздыхъо. «Дыууæ хойы»); Сæлимæты (Плиты Хадо. «Сæлимæт»); Зауырбеджы (Мамсыраты Дæбе. «Уæззау операци»); Мулдары (Нигер. «Мулдар») æмæ бирæ æндæрты?

Уæдæ кæй нымайæм æппæрццæг фæлгонцыл та? Сæйраджыдæр, ахæмы кæнæ ахæмты, царды раствæндагæй иуварс чи здæхы, адæймагадæн цæлхдур чи у, йæ митæ адæмы ныхмæ кæмæн вæййынц. Уыдон цъусдæр сты, фæлæ, цæмæй ма уой, уый тыххæй сæ ныхмæ цæуы тох. Уыцы тохы фæндæгтæ нæ фысджытæ реалонæй æвдисынц. Æвзæр адæймаджы ничи уарзы. Уыдон та цавæртæ вæййынц, уый мах базонæм ирон фольклорон æмæ нæ фысджыты уацмыстæй. Фыдыустытæй хæрзтæ дæр ис, фæлæ сæ фылдæр марг æмæ æдзæстуарзон сты сæ мойты сывæллæттæн. Уынæм ахæм марг адæймæгты нæ аргъæутты, нæ фысджытæм. Къоста зæгъы: «Йæ рард дæр – ысхуыстæй, / Йæ рæвдыд дæр – над, Йæ «цу-ма» рæхуыстæй, – / Гъе уый, дам дын – мад!»

Кæнæ цы æбуалгъ нывтæ равдыста Коцойты Арсен йæ радзырд «Цы æрцыдис Фæзыхъæуы æмбисæхсæв»-ы. Чиныгкæсæг уыны, Арсен цы фыдыусы æвдисы – Тамарæйы, уый йæ лæг Габойæн куыд амарын кодта йæ дыууæ лæппуйы.

Æлгъаг фæлгонц снывкодта Туаты Дауыт йæ пьесæ «Сидзæргæс»-ы. Уый у Амыран. Йе 'фсымæры йын зæй фæласта, æмæ йын йæ сидзæртæн баххуысы бæсты хъуамæ сидзæргæс Зорианæй скæна хæзгул-лымæн. Куы ницы йын дзы рауад, уæд ыл тугтæ æрымысыд, æмæ мæгуыр сылгоймаг йæхи доны баппæрста.

Цæвиттонтæ бирæ ис, уацмысы æвæрццæг æмæ æппæрццæг фæлгонцтæн æнæ уæвгæ нæй. Чиныгкæсæг та хæсджын у кæддæриддæр: фæзм хорз адæймæгты, дæхи хиз æвзæрты миниуджытæй.

Дарддæр нæ зонын хъæуы, литературон фæлгонцтæ ма дихгонд кæй цæуынц сæйраг æмæ фæрссагтыл.

Уацмысы сæйраг фæлгонцыл нымад цæуы ахæм, кæцыимæ баст у сæйраг сюжетон хахх, уацмысы тых, архайды фылдæр хай. Уый театры сценæйыл ирддæрæй разыны. Зæгъæм, пьесæйы райдианæй йæ фæудмæ сценæйыл чи змæлы, уый у сæйраг хъайтар, сценæмæ иу хатт чи рахизы, уый та – фæрссаг архайæг.

Ацы хъуыддаг æргомæй зыны Нарты эпосы дæр. Зæгъæм, Уырызмæг у сæйраг архайджытæй иу, уымæн æмæ йын лæвæрд цæуы бирæ архайд йæ райгуырдæй фæстæмæ. Тотырадз та у фæрссаг архайæг, уымæн æмæ йæ кой ис æрмæстдæр иу кадæджы.

Зæрдыл дарын хъæуы уый, æмæ æнæмæнг хъæугæ нæу, цæмæй уацмысы сæйраг хъайтар уа æвæрццæг. Йæ бон у, сæйраг хъайтар

авторæн уа æппæрццæг. Æцæг, ацы фæзынд арæх нæу, фыссæгæн фылдæрхатт йæ уацмысы архайæг вæййы æвæрццæг. Фæлæ ис ацы фæзынд, зæгъæм, Коцойты Арсены «Джанаспи»-йы (Джанаспи); Къостайы поэмæ «Кæмæн ис хъæлдзæг цард»-ы зæронд лæгæй дарддæр, иннæ архайджытæ сты æппæрццæгтæ; Коцойты Арсены «Мырзæджы карьерæ» æмæ «Бимболы карьерæ»-йы сæйраг архайджытæ Мырзæг æмæ Бимбол сты æппæрццæг фæлгонцтæ; Брытъиаты Елбыздыхъойы «Уæрæседзау»-ы сæйраг архайæг Муссæ у æппæрццæг фæлгонц; Тугъанты Батырбеджы радзырд «Бынтон зивæггæнаг»-ы сæйраг архайæг Сырдон у æппæрццæг æмæ афтæ дарддæр.

Кæд арæх нæу, уæддæр ис ахæм литературон уацмыстæ, сæйраг фæлгонц кæм нæй. Йæ бынат ын æрцахсынц адæм. Зæгъæм, Гæдиаты Секъайы радзырд «Арагуийы Ерыстау æлдар»-ы сæйраг архайæг сты адæм – нæдæр Нугзар, Тохти æмæ Мистъала, нæдæр Берд æмæ Хъызмыдæ. Афтæ зæгъæн ис Л. Толстойы «Хæст æмæ фидыдад»-æй дæр. Ахæм фæзындтæ уынæм Къостамæ йæ поэмæ «Кæугæ къæдзæх»-ы, Хъуылаты Созырыхъойы «Æртындæсæй иумæ»-йы, Коцойты Арсены «Æнхъæл нæ уыдысты», Токаты Асæхы «Усгуртæ» æмæ æндæр уацмысты.

Кæд бынтон арæх нæ, уæддæр нæ литературæйы æмбæлæм къаннæг адæймæгты фæлгонцтыл. Уыдонмæ йæ хъус фыццаг хатт æрдардта Нафи, Коцойты Арсены сфæлдыстадыл куы куыста, уæд.

Нæ адæм кæд мæгуыр, тыхст уавæрты цардысты, тыхтонайы дуг сæ хуыдуг кодта, уæддæр сæ сæртæ никуы æркъул кодтой, фыдæлты фарн æмæ æгъдау дæлæмæ никуы æруагътой. Уый нæ æркодта ахæм хъуыдымæ: ирон лæг абырæджы фæндаг йæ хъалæй никуы равзæрста. Уый афтæ кæй уыд, мæгуыр, фæлæ сæрыстыр кæй уыдысты, уымæн бирæ цæвиттонтæ ис нæ литературæйы. Сæ хъалæй нæ равзæрстой абырæджы цард Хъырым (Брытиаты Елбыздыхъо. «Худинаджы бæсты мæлæт»), Мулдар (Нигер. «Мулдар»), Æхсарбег («Мамсыраты Дæбе. «Æхсарбег»), Цæрай (Фæрнион Къоста. «Уады уынæр»). Нæ ныббарста йе 'фхæрд Дауита (Гæдиаты Секъа. «Айссæ»). Нæ фæтарст Мулдартæй Хæсанæ (Къубалты Алыксандр. «Æфхæрдты Хæсанæ»). Нæ адæмон хъайтартæ Чермен, Хазби, Бæтæйы фырттæ, Таймураз, Тотырадз, Иликъо æмæ æндæртыл адæм зарджытæ скодтой, сæйраджыдæр, уымæн, æмæ лæджы кад æмæ намыс дæлæмæ не 'руагътой.

Цард вазыгджын у, алыхуызон адæм дзы змæлынц, æмæ уыдоны ‘хсæн ис ахæмтæ, кæцытæ, цы царды сты, ууыл хъæцынц, хуыздæр цардыл хъуыды дæр нæ кæнынц, се ‘фхæрд сæм æфхæрд нæ кæсы. Ахæм фæлгонцтæ нæ литературæмæ фыццаг æрбахаста Коцойты Арсен. Уыдон та сты: Тедо æмæ Симон («Цуанонтæ»); Гиго æмæ Пъело («Гигойы куадзæн»); Сымси («Дадолты мæт»). Ахæм фæлгонцты ма хонæм æнæбон, лæмæгъ дæр. Зæгъæм, Тедо æмæ Симонæй фæхынджылæг кодта æлдары фырт Гарсеван, фæлæ йæм уыдон ницы сдзырдтой, сæхицæн-иу бахудтысты (Коцойты Арсен. «Цуанонтæ»). Дауитайы бафхæрдта æлдары бегарагæнæг Бибо, æмæ йæ Дауита амардта (Гæдиаты Секъа. «Айссæ»). Гиго æмæ Пъелойæн сæ цины сæр – сæ хъыбыл, æмæ йæ ‘ввонгæй ахастой сауджын æмæ диакъон (Коцойты Арсен. «Гигойы куадзæн»), – дзургæ дæр сæм ницы скодтой. Ахмæтæн йæ фос тардтой рæстæй (Гæдиаты Секъа. «Айссæ»), æмæ семæ тохы ссардта кады мæлæт. Ссæст, æфхæрд, дæлдзиныгдзинадыл разы чи уыд, уыдон æнæбон сты, уæдæ цы?! Уыимæ, мæгуыр, тыхст уавæры чи цард, уыдонæй бирæтæ лæджы кад æмæ намыс хъахъхъæдтой, сæ сæрвæлтау мæлæтмæ дæр цыдысты.

Литературон фæлгонцтыл æрмæст адæм нæ цæуынц нымад, се ‘мрæнхъ уынæм цæрæгойты дæр. Фæлæ, иу стæмхатт йеддæмæ, цæрæгойты фæлгонцтæн сæ чъылдыммæ лæууынц адæймæгтæ. Ууыл дзурæг сты Къоста æмæ Секъайы баснятæ.

Зæгъæм: Къоста йе ‘мдзæвгæ «Хъазтæ»-йы хъазты руаджы бахудт Иры фæлтæрæй ахæмтыл, кæцытæ царды рацыдысты ницæйæгтæ, сæхицæй сæм раппæлинаг ницы уыд, æмæ-иу радавтой сæ фыдæлты: «Нæ фыдæлтæ чи сты, / нæ зоныс сæрæй?» Къостайы дзуапп ахæмтæн уыд: «Дæ фыдæлтæ – рухсаг, / дæхæдæг мын бæзз!»

Кæнæ æмдзæвгæ «Халон æмæ рувас». Къостайы хъуыды æргом у: цæстмæхъус ныхас, ницæйаг æппæлдтытæ, адæймаг цы нæу, уым æй куы æвæрай, уæд æй сафгæ кæныс. Æмдзæвгæ «Саг æмæ уызын»-ы Къостайы фæдзæхст у, цы нæ дæ, уым дæхи ма ‘вæр, зæгъгæ, уый. Уыцы фæдзæхст ис йæ иннæ æмдзæвгæ «Марходарæг»-ы дæр.

Адæмы удысконды алыхуызон миниуджытыл Арсен фæхудт йæ радзырд «Цæукъа æмæ фыркъа»-йы. Цæукъайы хуызы æвдисы, сæрибар чи уарзы, искæй дæлбар бацæуыны бæсты мæлæтыл дæр разы чи у, искæй къухмæ æнхъæлмæ кæсын сæрмæ чи нæ хæссы, ахæм адæй-

маджы. Фыркъайы фæлгонцы та худы ахæмыл, йæ удæн чи тæрсы, искæй къухмæ чи уарзы æнхъæлмæ кæсын, сæрибары ад чи не 'мбары.

Лæджы зыд æмæ кæрæф сæфтмæ куыд æркæнынц, уый нын Нигер равдыста йæ «Дыууæ зæрватыччы æмæ дыууæ сыхаджы аргъау»-ы. Адæймаг царды цавæр хъуамæ уа, уый та Цомахъ равдыста йæ радзырд «Дыууæ дидинæджы»-йы.

Зæгъын хъæуы уый, фыссæг арæх кæй пайда кæны æнæуд предметтæй дæр. Уыцы ныв уынæм Цомахъы «Дыууæ дидинæджы»-йы, Мамсыраты Темырболаты «Амонд»-ы. Ацы æмдзæвгæйы сæйраг архайæг у зæронд голлаг. Нал бæззыд, фегæмттæ, æппæрст æрцыд фæсдуармæ. Ныр æрцыд рæстæг, æмæ ног голджытæн фестад сæ хуыздæр.

Темырболат рахатыд иу хъуыддаг: вæййы афтæ дæр, æмæ адæм раст тæрхон нæ рахæссынц; иуæй-иу хатт «сæ зонды цæст» нæ уыны, кæй сисынц уæларвмæ, кæй æркæнынц сæ быны. Поэты сагъæс у, сайдвæстаг адæм сæ фыдызæххыл куы цардысты, уæд ацы лæг (голлаг) ничи уыд, нымайгæ дæр æй нæ кодтой. Ныр æцæгæлон зæххыл йæ сæрмæ алцы дæр æрхаста, æмæ йæ адæм банымадтой хорзыл. Уыдонæн поэт зæгъы: «Растыл куы уаид сæ тæрхон, / Уæд ыл хъыг та чи кæны. / Голлаг махæн нæхи у, / Рæстæй йæхи чи 'фхæры».

Цæрæгойты руаджы ахсджиаг фæрстытыл æрдзырдтой Арсен («Хъусой»), Нигер («Уæхæтæджы фырт чысыл Гуыйман»), Хъайтмæзты Аслæмырзæ («Сидзæр»).

Нæ нывæфтыд литературæ тынг хъæздыг у æрдзы нывтæй, æрдзы æрфыстытæй. Æрдзы æрфыстмæ арæхстджын цы фысджытæ сты, уыдоны уацмысты архайд чиныгкæсджыты зæрдæмæ арфдæр бахъары.

Фыссæг æрдзæн дæр ратты удæгас хуыз, удæгас фæзилæнтæ. Æрдзы диссаджы æрфыстытæ нæ литературæмæ фыццаг Къоста æрбахаста. Архайд цавæр у, сæйраг фæлгонц цы уавæры ис, сюжетон ххх цæуыл амад у, ахæм æрдз ын схай кæны автор дæр.

Æркæсæм уал Къостайы æрдзы æрфыстытæм. Йе 'мдзæвгæ «Сидзæргæс»-ы уавæр равдисынæн автор сныв кодта хæххон карз зымæг: «Халон баргъæвст сындзыл, уад тымыгъ хæссы». Уый фæстæ нæ зонгæ кæны сидзæргæс æмæ сидзæрты царды уавæртимæ. Бинонтæ алцæмæй дæр – хъуаг, тыхст æмæ уырыд: нæй сын хæдзар, дзаума æмæ хуыссæнтæ, арт æмæ хæринаг. Ноджы ма сæм бафтыд карз зымæг.

Йе 'мдзæвгæ «Мæгуыры зæрдæ»-йы та фыссы: «Зымæг нæ хæхты

цух нæ уадзы, – / Лæджы æмбæрц æруары мит. / Æфцæгæй коммæ уад дзыназы. / Их донныл саразы йæ хид».

Ацы уавæримæ ма ныв кæны хæххон адæмы уæззау цардыуаг, сæ мæгуыр æмæ ссæстдзинад.

Æвæджиауы аив, цæстылуайгæ нывтæ кæны афæдзы афонтæн дæр æмдзæвгæтæ «Уалдзæг», «Сæрд», «Фæззæг», «Зымæг»-ы.

Уæдæ кæуылты сты Гæдиаты Секъайы æрдзы нывтæ! Сæ мæгуырдзинад куыд у адæмæн, ахæм тыхджын, æгъатыр у, цы æрдзы хъæбысы цæрынц, уый дæр: «Бæрзонд сау хæхтæ, / Цъæхсæр къæдзæхтæ. / Уынгæг нарæг ком, – / Мæ гуырæн бæстæ» (æмдзæвгæ «Ганис»).

Секъа сæрмагонд уацмыстæ ныффыста æрдзы афонтыл. Уыдон сты: «Уалдзæг», «Æрæгвæззæг Ирыстоны», «Зымæг Ирыстоны», «Уалдзæг Ирыстоны», «Сæрд Ирыстоны». Кæуылты у сæ нысаниуæг Секъайы публицистон нывæфтыд уацмыстæн. Хæрзарæхстджынæй æрдзырдта «Хъуды ком», «Дзимыры ком» æмæ ма æндæр кæмтты равæрдыл. Бæстон сæ зыны – цæрынæн æвадат сты. Йæхи загъдау, «дуртæ хæрынæн нæ бæззынц». Æнæхъуаджы нæ баззад æмбисонд нæ адæммæ: «Нæ кæмттæ – зæхцух, дуртæй та – хъæздыг».

Секъайы радзырдтæ хæрзаив фæлыст сты уæззау æрдзы æрфыстытæй. «Сау тар, сау мылазон»-ы бын цæрынц нæ адæм. Ахæм у Секъайы зæрдæйы хатт йæ адæмы царды нывтæм кæсгæйæ.

Зæхх – адæмы дарæг, сæ уромæг, дзырдтой нæ фыдæлтæ. Дзырдтой, фæлæ сæ дарæг нæ уыд. Токаты Алихан æй загъта: «Хох хъæбæр, сыгъд у, сыд у, / Хортæ дзы нæ зайы. / Хох зыд у, зыд у, зыд у. / Хорæй нæ фæсайы».

Хæхты ныв æвдисы Плиты Хадо дæр йæ поэмæ «Сæлимæт»-ы: «Ресы хох хæхтæй бæрзонддæр, / Дардыл ныззылдис уæрæх. / Диссаг куыд нæ у йæ конд дæр – / Ицуыл цъæх айнæг къæдзæх».

Ардзы æрфыст нæ фысджытæн баст у, адæмы цардыуаг цавæр уыд, уыимæ. Мæгуырдзинады дунейы æрдз дæр мæгуыр уыд, хъæздыг цардимæ автор дæр æрдзы æвдисы цардхъомæй, рæсугъдæй.

Фыссæг царды хабæрттæ цы адæймæгты руаджы равдисы, уыдонæн, сæйраджыдæр, рæгъмæ рахæссы сæ характертæ, сæ зæрдæйы миддунейы сконд, дзырдтæй сныв кæны, ацы адæймаг хорз у æви æвзæр, уый. Фæлæ ма фыссæгæн ис æндæр фæрæз дæр – йæ саразгæ фæлгонцæн бавналы йе ‘ддаг хуыз сныв кæнынмæ дæр, æмæ уый хонæм сурæт.

Литературон фæлгонц авторæн йæхи зæрдæмæ дæр куы фæцæуы, уæд ын йæ уды хорз миниуджытимæ рæсугъдæй снывын кæны йе ’ддаг бакаст дæр. Æмæ иннæрдæм дæр – кæд фæлгонц адæмы хуызæн нæ вæййы, уæд ын йæ сурæт дæр снывын кæны æнæзæрдæмæдзæугæйæ.

Æрхæссæм иу цалдæр цæвиттоны: Къоста хæрам уыд мæгуыр адæмы тугцъиртæм, уæйыджы хуызæттæм («Лæскъдзæрæн»), æмæ йын йæ зæрдæйы уагимæ, æлгъгæнгæйæ, æвдисы йе ’ддаг бакаст дæр: «Адæммæ кæм нæу фыд зæрдæ / Иу цæстон сæтой! – / Хоры къутуйау – йæ тæнтæ, / Бинаг был – кæфой».

Нæ ауæрста Секъа дæр йе ’нæрæгъыдзыд адæймæгты уæнгты сконды нывтæ фидиссагæй равдисыныл. Йæ радзырд «Садуллæ æмæ Манидзæ»-йы уынæм, мад æмæ фыд сæ чызг Сахары æвæндонæй куыд радтой иу фыдцъылыс лæг Гусæн. Цахæм лæг уыд, ууыл Секъа бирæ фæдзырдта, ракодта йе ’ддаг хуызы кой дæр: «Фыдуынд, стыр фындз, саудзæсгом, сырх цæстытæ, къуыпных, хæйрæджы цæстæнгас лæвæрдта».

Бынтон æнауæрдон уыд ацы хъуыддаджы Коцойты Арсен йæ равзаргæ адæмы æддаг хуызтæ æвдисынмæ. Арсен дæсны карикатурист уыд, æмæ, цы æппæрццæг фæлгонцтæ бахаста йе сфæлдыстадмæ, уыдонæн сæ сурæттæ дæр æвдисы æнæзæрдæмæдзæугæйæ, адæмæн æнæуынон чи у, ахæм хуызтимæ.

Хæрам уыд Арсен йæ дуджы хъæууон дæснытæм, Биганоны хуызæттæм, æмæ сыл фæхудт йæ радзырд «Дадолты мæт»-ы: «Къæлæт бандон ахæм уыди, æмæ йыл нывыл адæймæгтæ дыууæ уæгъдæй æрбадтаиккой, фæлæ дзы Биганон, цыма тыхтъыст уыди, уый хуызæн бадти. Сæвджын ус у Биганон». Кæнæ: «Биганонæн бæрзæй нæ уыди æппындæр, кæд ын уыди бæрзæй, уæддæр дзы æддæмæ ницы зынди: стыр цыртæвæрдау зынди гуырыл. Чи зоны, исчи уыдаид Беслæныхъæуы æмæ федтаид фæззыгон цæттæ настæ. Вæййы дзы сырхбын-бур настæ, афтæ дыууæ путмæ ’ввахс сæ уæз. Уыдонæй иу æрæвæр хосы мæкъуылы сæр, уæд уый, дардæй бакæсгæйæ, уыдаид Биганоны хуызæн. Биганонæн ис худгæ гыццыл цæстытæ. Чи зоны, уыцы цæстытæ фыццаг афтæ гыццыл нæ уыдысты, фæлæ сæ нард алырдыгæй куы ’рбалхъывта, уæд ма сæ зынди дыууæ уынгæг хуынчъы. Былтæ дæр уыдысты нæрст фæйнæрдæм, æмæ сыл æдзух бадти æмхуызон мидбылхудт».

Ӕнæуынон цæстæй каст Арсен аргъуаны кусджытæм дæр. Сæ удыхъæды æфхæрд – уый иу хъуыддаг у, фæлæ сын карзæй æфхæры се ’ддаг хуыз дæр йæ радзырд «Гигойы куадзæн»-ы: «Сауджын Йосебы чи нæ зоны æгас комы! Йæ рустæ фыр нæрдæй æддæмæ ратонынц, дардмæ æрттивынц, йæ гуыбын, авд мæйы сывæрджын цы ус вæййы, уый гуыбынæй стырдæр».

Уæдæ цы зæгъæн ис кæронбæттæны? Фыссæджы сфæлдыстад у дардыл фæйлауæг денджыз, царды вазыгджын къуымтæ æвдисæг, æмæ сæ æвдисы алыхуызон фæрæзты, алыхуызон фæлгонцты руаджы. Уыцы фæлгонцтæ лыстæг æмæ бæстон ахуыргæнинаг сты, цæмæй фыссæджы сагъæстæ, йæ зæрдæйы рæстдзинæдтæ, стæй уæд, цæуыл цин кæны, уыдон бамбарай.

Царды астæуккаг цæджындз у адæймаг, йæ равдисынæн фыссæг агуры алыхуызон фæрæзтæ, алыхуызон ахорæнтæ.

Литературон уацмыс у æнæбын быркуы, цал хатты йæ кæсай, уал хатты дзы арыс ногдзинæдтæ, чи дзы змæлы, уыцы фæлгонцты руаджы. Сты бирæ, стæй вазыгджын.

Фыссæгæн алыхуызон хъуыддæгты тыххæй аргъ кæнынц, æмæ уыдонæй иу у, цал адæймаджы змæлы йе сфæлдыстады, уый. Цас фылдæр, уыйбæрц фыссæджы тых æмæ курдиат тыхджындæр сты.

Актер йæ саразгæ фæлгонцты цардæй куыд цæры, афтæ цæры уыдоны цардæй фыссæг дæр. Алы фыссæгæн дæр ис йæхи адæм, йæхи «æфсад», æмæ сæм бавналыны бар никæмæн ис, йæхицæй дарддæр.

Актер пьесæйæ иу ролыл кусы, фыссæг – се ’ппæтыл дæр. Ахуыргæнæг та кусы алы авторты уацмыстыл дæр.

Бахъуыды йæ кæнæм: актер цы фæлгонцы бæрны бацыд, уый куынæ бамбара, уæд æй нæ рахæсдзæн театрдзауты размæ. Ахуыргæнæг, уацмыс амонгæйæ, фæлгонцты миддуне куынæ бамбара, уæд æй нæ бамбарын кæндзæн сывæллæттæн дæр. Ӕмæ ноджы: фыссæг йæ райсгæ фæлгонцты снывкæнынæл куынæ фæтых вæййы, уæд ахæм фæлгонцты чиныгкæсæг рахоны фæлурс, арæх ма сæ схонæм фæлвых дæр. Уæдæ афтæ: литературон фæлгонцтæм хуымæтæджы цæстæй кæсæн нæй.

*ГАГЛОЙТЫ Анатоли*

# ХУР ЙÆ ТЫНТÆ УАРЫ

## БУЛÆМÆРГЪ

Нæу фыдуынд, нæдæр у галиу,
Хус йæхицæн ссардта къалиу.
Æмæ зары, чи у? Зæгъ:
– Булæ, булæ, булæмæргъ!
Талынг уа, къæвда куы уара,
Охх, куы суазал уа, куыд зара?
Хурмæ зары,чи у? Зæгъ:
– Булæ, булæ, булæмæргъ!
Мах æй уарзæм хъулон уарзтæй,
Къухыл æй нæ дарæм бастæй.
Чи у, чи, сæрибар? Зæгъ:
– Булæ, булæ, булæмæргъ!
Уарзы зарын маргъы зæрдæ,
Райсы æрдзæй диссаг зæлтæ,
Адæмуарзон чи у? Зæгъ:
– Булæ, булæ, булæмæргъ!
Бафсис нæй кæмæн йæ зардæй,
Чи æрбатæхы нæм дардæй?
Чи нæ райхъал кæны? Зæгъ:
– Булæ, булæ, булæмæргъ!
Къалатийы уый нæ дарæм,
Арæх мах кæимæ зарæм,
Чи у? Тагъд, мæ хæлар, зæгъ:
– Булæ, булæ, булæмæргъ.!!!



# МÆ ХУРÆНГÆС НАНА

Нанайы зæрдæ райы,
Йæ коммæ æз кæсын!
Мæ хурæнгæс Нанайы
Æз алцæмæй фæрсын!

Кæрæдзийы æмбарæм,
Нæй фау хæссæн нæм мур!
Мах хъæлдзæгæй куы зарæм,
Æмдзæгъд нын кæны хур!



Нæ хицæн кæнæм бон дæр,
Æнæниз мын кæна!
Нæ бануаздзæни дон дæр
Æнæ мæн, охх, Нана!

Мæнимæ уарзы хъазын.
Цæуы мыл азтæй дæс!
Къафеттæй фылдæр уарзын
Мæхи Нанайы æз.

Мит хуры тынтæй тайы?
Домбайæ арс тæрсы?
Мæхи фæлмæн Нанайы
Æз алцæмæй фæрсын!

# МÆЙ

Зоны тагъд дон, зоны ставд дур,
нæй зæххыл цæрæн æнæ хур.
Хур куы бавдæлы фынæймæ,
уæд йæ бартæ ратты мæймæ.

Мæй кæм фæулæфы бонæй,
дойны та кæм сæтты донæй?
Чи йын сфыцы арвыл дзултæ,
ис æви йын нæй хъæбултæ?

Мæй æнкъард кæнын нæ уарзы,
стъалытимæ хъулæй хъазы.
Сабитæ дæр мæйы уарзынц,
хъæлдзæгæй йæ рухсмæ хъазынц.



Нæй, бæгуыдæр, хистæр мæйæ,
Бонæй бафсæды фынæйæ.
Фæлæ зонынц дойнаг дуртæ,
Мæйæ бон кæстæр у хур дæр.

Арвыл хъулон-мулон ххх и,
тулынмæ йыл мæй фæцалх и.
Мæймæ бакæс – тулгæ цалх у,
Дард у махæй, фæлæ мах у!

## УАРЗОН ХЪÆУ

Хур йæ тынтæ уары,
Хорз бон у, нæ уары.
Уарзын æз мæ хъæуы,
Мæн хуыздæр нæ хъæуы.
Даргъ æмæ уæрæх у,
Уарзын æй – мæ зæхх у!
Арв – сыгъдæг йæ сæрмæ
Райсомæй изæрмæ!
Ис мын хорз сыхæгтæ –
Зонгæтæ, æмбæлттæ.
Исты мæ куы сриссы,
Згъорынц мæм фæдисы.
Базыртæ мын радта,
Тæх, мæ хъæбул, загъта!
Уарзын æз мæ хъæуы,
Мæн хуыздæр нæ хъæуы!
Зæрдæйæн у адджын,
Дæн йæ ныфсæй барджын!
Баууæндут мыл, адæм –
Нæй дыккаг хъæу ахæм!

# САБИ

Саби, мыййаг, нал дæн,
Рацыд та мыл аз.
Æз мæхицæй хъал дæн,
Хуры тын – мæ баз.

Иу ран мур нæ бадын,
Дугъ кæнын, тæлфын.
Дзибатимæ хъазын
Рагæй дæр уæндын.

Раст нымайын зонын:
Иу, дыууæ, æртæ!
Мæн мæ Нана хоны
Нанайы зæрдæ!

Бон-изæрмæ цоппай
Уынгты æз кæнын.
Бафæлладтæн, оххай,
Ехх, куы фенин фын.

Фыны мæм тæрхъустæ
Радыгай цæуынц.
Урс-урсид сæ хъустæ,
Уырыдзы хæрынц.

Дзиба кæны минас
Бирæгъæй зыддæр.
Рацыд та мыл иу аз,
'Цæг лæг дæн æз дæр.



# ХÆЛАРЗÆРДÆ, ЦЫРГЪЗОНД ДЗИБИС*

* * *

–Афтæмæй йын фысджытæй хæлардæр ничи уыд, – ныхас дарддæр кæны чидæр. – Фæлæ сæ «рæхойыныл» дæр нæ ауæрста. Иубон дзы кæуылдæр сæмбæлд æмæ йын афтæ:

– Мæн дæр ма уæ Цæдисмæ айсут, æз дæр дæуæй уæлдай куы ницы фыссын...

* * *

Фæлæ дзы уæддæр гуыбындзæлтæн цытæ кодта. Иу бадты та Æрчопп фæраззоз, æгæр дзы æркодта æмæ сыстынæн нал уыд. Йе ‘мбæлттæй йын чидæр йæ сæрыл уазал дон уадзы.

– Уæ, Хуыцау дын æй ма ныббара, кæд цы кусыс! – мæстыхуызæй фæхъæр лæста Дзибис. – Дæлæ йæ спиртзаводы дуармæ схъил кæн, йæ комы тæфмæ йын судзгæ ‘хсидав бадар – уадз æмæ арахъхъы кадæн æнусон арт судза.

* * *

Иу фынджы уæлхъус Дзибис фæкомкоммæ, бæрц, æгъдау кæмæй æрбайрох æмæ æгæр чи февнæлдта хæрынмæ, ахæм лæгмæ. Уый фæсырх, фефсæрмы.

– Ницы кæны, ницы, хорз лæг, ныхъуыргæ кæн, сынæр уæхимæ цæгъддзынæ.

* * *

Тыхст рæстæджытæ дæр куыннæ скодта. Ахæм бонтæй иуы чидæр йе ‘мкусджыты ахуыдта, замманай сæртыл фæхæст дæн, афонмæ сфыхтысты, æмæ цомут, зæгъгæ.

Сæ иу «ахæраг» уыдис. Цæй кувынтæ æмæ цæй æндæр, фысты сæртæй иу æрбайста æмæ, гаджидау нæма рауагътой, афтæ дзы афтид стджытæ аззад. Сидтæй сидты ‘хсæн фæдæле дыккаг дæр, æрбайста æртыккаг, иннæтæн дзы ницыуал баззад, уый не ‘рхъуыды кæнгæйæ.

* Кæрон. Райдайæн 4-æм номыры.

Уæд Дзибис фæсдуарæй афтид къæрта æрбайста æмæ йæ худы бæсты æркодта.

– Цы та ‘рхъуыды кодтай? – йæ дзыхыдзаг ныххудт хæдзары хицау.

– Ахуд, ахуд, уæртæ фæстаг сæр куы аныхъуыра, уæд дæ бæгънæг кортойыл мæгуыры бон кæндзæн...

* * *

– Цы кæныс, мæ хур, æгæр зыд цæмæн кæныс, ацы хæйрæджы нозт йæ кæнæгæн дæр нæ бары, зæгъгæ, никуы фехъуыстай? – уыцы фæлмæнæй дзуры Дзибис, æмгæртты ‘хсæнмæ æрæджы æфтын чи райдыдта æмæ ноэтæй сæ фæстæ баззайын йæ сæрмæ чи нæ хаста, иу ахæм æрыгон лæппумæ.

– Хис-хис-тæр-р-р дæ æмæ аф-афтæ æн- хъæл-дæ-дæ, æз лæг нæ дæн?! – фæкъуызыд лæппу.

– Æмæ къуымæлдзæфæй йæ сæрмæ «æнæхъару дæн» зæгъын чи хæссы. Иу не суæвинаг «уасæг» дæр ма, фидæны кæрчыты тæрсын кæнгæйæ, айчы хуылфæй афтæ куы хъæр кодта: «Æз уасæг дæн, уасæг, сар мын уæ сæр кодта!»

* * *

Дзибис йе ‘мбæлттимæ рестораны бады. Уынджы цы ныхас райдыдтой, уый дарддæр кæнын сæ зæрды уыдис, фæлæ кæм: оркестр афтæ хъæрæй цагъта, æмæ хъустæ арыдтой. Иу цагъд иннæйы фæдыл. Дзибис куынæуал фæрæзта, уæд фæдзырдта официанткæмæ.

– Цы дын ацæгъдын кæнон? – фæцырд чызг, уæдæ адонæн дæр сæ зæрды ис сæ уарзон цагъдмæ байхъусын, зæгъгæ. Дзибис сабыргай йæ дзыпмæ ныввнæлдта, туман дзы систа æмæ йæ чызгмæ радта:

– Дæс минуты æнæхъыллист цард.

Курдиат оркестрмæ куы бахæццæ, уæд æй æвиппайды æмбаргæ дæр нæ бакодтой, стæй уæд æрвнæрæгау кæл-кæл систой.

* * *

Иу сæрдыгон бон дын Дзибис проспекты ссæуы. Æдзух куыд вæййы, афтæ иу ран дæр бандæттыл уæгъд бынат нæй. Къухтæ синтыл, афтæмæй сабыргай дары йæ фæндаг.

– Гъей, гуырвидауц! – фæдзырдта йæм бандæттыл бадæг ацæргæ

адæмы стыр къордæй чидæр. – Дæ нарæг астæу тынгдæр æрбалвас.

Дзибис сабыргай азылд уыцырдæм. Знон, æндæрæбон – алы бон дæр ам бадынц, цæстытæ сæ фæрыстысты.

– Мæнæ ма кæдæй-уæдæй кæй уынын! – йæхи ныццингæнæг кодта Дзибис. – Зонæй абонмæ ницы аивтай, уæллæгъи: дæ фындз нæхи Гæбæтийы мусонджы хуызæн, дæ къах нæхи Залиханы цæхæр-хафæнау – къæдз, де ‘фсæр – сигæцыл даудау, дæ цæстытæ – мæгайы ахстæттæ. Ницы дын у, нырма бæрæгъуыйнаг цæукъайы каст кæныс.

* * *

Хъæдгæроны Дзибисы æмгæрттæй кæмæдæр цыдæр циндзинад уыдис, фæлæ йæ афоныл нæ базыдта. Куыд ын дзырдтой, афтæмæй йын хъуамæ фехъусын кодтаид йæ иннæ хæлар. Кæй ницы фехъуыста, уый йын хъыг уыдис, уæдæ цы. Ууыл хъуыды кæнгæйæ, сабыргай ссæуы проспекты бæлæсты аууæтты. Кæсы, æмæ уæртæ йæ «хонæг» тагъд-тагъд æруайы. Дзибис æй фæурæдта:

– Дæ тыхст дын æмбарын, зонон кæмдæр куывды дзæбæх «ныуулæф-тытæ» кодтай, ныр та æндæр кæдæмдæр бухъхъытæ кæнынмæ уайыс...

– Цæй-ма, райдыдтай та, – йæ ныхас ын фæурæдта уый æмæ йæ алыварс акаст: ныртæккæ исты зæгъдзæн æмæ йыл ацы æппæт адæм сæхи худæгæй схæсдзысты.

– Фæлæуу, фæлæуу, уæдæ теуа чечеткæ куыд кафа, уыйау гæпгæнгæ кæдæм тындзыс? Акæс-ма амæ, мæсты дæр ма мæм ды хъуамæ кæнай, нæ? Знон æз куывды цæуылнæ уыдтæн?

Лæг йæ сæр æруагъта.

– Æмæ-гъа, барæй дын нæ загътон... Уыцы сæвджын лæг æмæ, зæгъын, æнтæфы хурхæй амæлдзæн...

– Æмæ йæ цæмæй зыдтай, кæд мæ холодильник мемæ хастон, уæд та?

* * *

– Дзибис, Джеоры нæ федтай?

– И?

– Джеоры, зæгъын, нæ федтай?

– Кæй Джеоры?

– Каухалаты.

– Æмæ кæм и?

* * *

Иуизæр Дзибисы цалдæр æмбалимæ сæхимæ бахуыдта сæ хæлæрттæй чидæр. Бинонтæ архайдтой уазджыты зæрдæ, куыд амал ис, афтæ тынгдæр балхæнынып. Зæронд ус – сæ бахонæджы усы мад – рахаста нуазæн æмæ йæ Дзибисмæ радта. Уый райста нуазæн, зæрдиаг арфæтæ йын фæкодта, стæй йæ ныхас фæцис:

– Мæнæ дæ сиахс адæмимæ цæрæг, æмгæртты ‘хсæн нымад у, хæрам зæрдæ никæмæ дары, æмæ уый фæндиаг уæд дæ цард…

Уый дын загъта, цы – усы цæсгом фæтар, лæгыл йæхи сцагъта, йæ тæнæг былтæ ныззыр-зыр кодтой æмæ федде.

Дзибис хорзау нал фæцис, бирæ фæлæууыд, стæй йæхи уæззау уагъд æркодта бандоныл æмæ хæдзары хицаумæ аивæй бадзырдта:

– Дæ хорзæхæй, Мулдар, дæ каисæн æвзæр тугæй укол ачындæуыд æви цы кодта?

– Хуыцау дын æй ма ныббарæд, æнæуи дæр ын уæнгæлæй уæлдай нæ дæн, ныр мæ бынтондæр бахсындзæн, ды йæ сардыдтай, загъта.

* * *

Иу хуыцаубоны Дзибисы хæдзары телефон ныдздзыгъал-мыгъул кодта.

– Хъусын дæм.

– Салам! Цытæ кусыс? – райхъуыст хæтæлæй.

– Мæнæ мæ гуыбыны фарсмæ хуыссын.

Лæг ныккæл-кæл кодта æмæ телефоны хæтæл æрæвæрдта – ферох æй, йе ‘рбадзырды сæр цы уыд, уый дæр.

* * *

Куыд уыди, цы уыди, фæлæ иу стыр хицауимæ æппындæр сæ дзырд кæрæдзиуыл нæ бадтис. Дзибисы цыргъзонд ныхæстæй йыл æруад æви, адæмæн афтæ уарзон кæй уыд, уымæ хæлæг кодта – зын загъæн у. Цыбыр дзырдæй йæм иубон фæдзырдта æмæ йын бамбарын кодта: афтæ æмæ афтæ, ныр цы куысты дæ, уый зын куыст у, де ‘нæниздзинад та тынг бæллиццæгтæй нæу, æмæ æндæр ранмæ куы ацæуис. Афарста йæ, цавæр куыст дæ зæрдæмæ цæуы, загъта.

Хъыг куыннæ уыдаид Дзибисæн, кæд рагæй нырмæ дæр ацы бонмæ æнхъæлмæ каст, уæддæр.

– Ахæм куыст мын ратт, – загъта Дзибис, – афæдз дæ дыууæ хатты йеддæмæ куыд нал уынон – Фыццæгæм майы æмæ æвдæм ноябры, демонстрациты рæстæг.

* * *

Трамвайы вагон йæ тæккæ дзаг уыд адæмæй. Дзибис лæууыд, йæ иу къухæй къулыл æнцой кæнгæйæ. Уалынмæ фембæрста, чидæр ын йæ дзыпмæ кæй æвналы, æмæ ацахста давæджы къух.

– Куыд дæ æмбарын, афтæмæй дзы æвæринаг ницы дæ, – фæзылд лæппумæ.

– Исгæ дæр дзы ницы кæнын, мæ къухты æндыснæг ис, зыр-зыр кæнынц.

– Æмæ мæ дзыппы Хъæрмæдоны ваннæтæ ис?!...

* * *

– Изæры дæм рестораны æнхъæлмæ кæсдзынæн, – æрбадзырдта Дзибисмæ йе ‘мбæлттæй чидæр. – Авд сахатыл. Ма байрæджы кæн.

Дзаг фынджы уæлхъус дзæвгар фæбадтысты. Уалынмæ официант æрнымадта æмæ лæууы, æнхъæлмæ кæсы, уæдæ кæцы бафиддзæн, зæгъгæ. Æрбахонæг катайы бацыд. Къух дзыппы атъыссы æмæ та йæ фæстæ мæ фелвасы.

– Дæ хорзæхæй, дæ дзыппы залиаг калм ис? – бахудт æм Дзибис.

* * *

– Куыд дæ, Дзибис, куыд у дæ ахсæн? – фелхыскъ кæнынвæнд æй скодта, йæхæдæг бирæ æмбисæндтæ кæуыл æрымысыд æмæ дзы ныр уæд та йæ «масты» иу хай райсынмæ чи хъавыд, ахæм лæг.

– Мæ ахсæн куыд кусы, дæ сæр дæр афтæ куы кусид, бæргæ, – тæригъæдгæнæгау ын дзуапп радта Дзибис.

* * *

Рагæй-æрæгмæ дæр æрыдойнæгтæ хъæдгæройнæгты фосдавæг хуыдтой, уымæй сын фидис кодтой.

– Оу, мæнæ ма иу удæгас родхъус! – фæхъæр кодта иу æрыдойнаг, Дзибисы йе ‘мгæртты къордимæ лæугæйæ куы федта, уæд. – Æвæдза, хъуын æрхæцын нал куыннæ бауагътат...

– О, уæдæ, афтæ нын хъæуы, – уыцы сабыргай загъта Дзибис. – Уæвгæ фыдæлтæ раст дзырдтой: «Хорз ма ракæн æмæ фыд ма ссарай». Кувгæ кæнут, Æрыдон, кувгæ, Хъæдгæроны цæрæнбонмæ, кулаччы онг уæ иуы дæр сырæзын нæ бауагътой.

* * *

Дзибисы æрдхорд директоры райсомæй раджы æфснайæг тынг мæстыйæ баййæфта йæ кусæн уаты.

– Мæ хæдзар байхæлд, уагæр дæ цавæр маст бацыд? – фæтарст сылгоймаг.

– Мæ куыстæй мæ систой.

– Уæууа, æмæ уæд дæ бæсты та кæй сæвæрдтой?

– Дæлæ иу æдылыйы.

– Мæ бындур ныззила, уый дæр та æдылы у?!

* * *

Йæ хорз хæлæрттæй иуы æнхъæлцау ус сабыргай рацу-бацу кæны, трамваймæ æнхъæлмæ кæсгæйæ. Сылгоймаг дæр, – де 'нгуылдз йæ дзыхы ма акæн кæмæй фæзæгъынц, ахæм. Цыбыр дзырдæй, кæрæдзийæн бар нæ лæвæрдтой, афтæ рæвдз-иу æм фæлæууыд сылгоймаг.

Дзибис ыл бацин кодта, стæй йæ афарста, йæ гуырмæ йын бакæсгæйæ:

– Цæмæ 'нхъæлмæ кæсыс?

– Трамваймæ, – цыма йæ цæмæй фæрсы, уый нæ бамбæрста, уыйау дзуапп радта сылгоймаг.

– Уæууа! Æз та уын лæппумæ бæллыдтæн.

* * *

– Арæби, ацы лæджы æнæдзуапп æлхыскъ иу хатт уæд та фæкæнын къухы куы бафтид, – арæх-иу тæрхон кодтой, скаст кæй нæ уагъта, уыцы æмбæлттæ. Фæлæ никуы æмæ ницы: цыфæнды йыл æрымыс, цыфæнды цыргъ ныхас ыл андзар – æвиппайды дын ахæм дзуапп авæрдтаид, æмæ дæ дыккаг хатт афтæ афæлтæрын нал бафæндыдаид.

Нæ, уæддæр та Хъалтох йæхи нæ фæурæдта. Терчы сæхи найынмæ куы ацыдысты, æмæ, Дзибис йæ дзаумæттæ куы раласта, уæд ын Хъалтох йæ астæумæ ныккаст æмæ бахудт:

– Мæгуыр къæхтæ, цæй уæз æмпъухут…

– Мæгуыр дæ къæхтæ, уæз кæуыл не ’нцайы. Акæс-ма уымæ: йæ сæры хъуынтыл ын ныххæц, ныууигъ æй – æмæ цæттæ æрчъиаг цæргусæн заводæн.

* * *

Профцæдисы æмбырды кастысты Тонтохы курдиатмæ санаторимæ йын лæвар путевкæ раттыны тыххæй. «Куыд дын æй раттæм, ам нæм мæнæ сахъатджынтæ, стæй йæ мызд дæр дæ мыздæй бирæ къаддæр кæмæн у, ахæмтæ куы ис?» – дзырдтой йын бынæткомы уæнгтæ.

Нæ, уæддæр Тонтох цæхæртæ калы, æриут æй мæнæн, зæгъгæ.

Профкомы сæрдар тæригъæддаджы каст бакодта Дзибисмæ, цы чындæуа, зæгъгæ.

– Диссаг стут, диссаг, – сабыргай сдзырдта Дзибис. – Хуыцау ын къамбецы æнæниздзинад балæвар кодта, сымах цæст та йын курорт дæр нæ уарзы.

* * *

Ныр, цымæ, уый æцæг уа? – æнæнхъæлæджы афарста Дзибисы йе ’мкусджытæй чидæр. – Исты уæнгхъуаг, дам, раст йæхи хуызæн уæнгхъуаг цот рауадзы.

– Æвæццæгæн, æдзух нæ, – йæ куыст нæ ныууадзгæйæ, сдзырдта Дзибис. – Уыййеддæмæ дæ цотæй иуы дæр æдылы куынæ хонынц.

* * *

Нал та баурæдта уыцы изæр дæр Æрчопп йæхи, иу сидтæн кæм дыууæ нуæзта, кæм æртæ, æмæ «фæцæф». Иузаман йæ зæрдæ дон бацагуырдта, сыстад фынджы уæлхъусæй æмæ æддаг уатмæ рахызт. Асгæрстытæ кодта æмæ цыдæр авгыл фæхæст, суар æнхъæлæй дзы ныуулæфтытæ кодта. Авг æмбисмæ куы ныххауд, уæд æй æфсин æрбаййæфта æмæ ныцъцъæхахст кодта, лæг бабын, зæгъгæ. Авджы разынд ацетон.

Дзибис æмæ йе ’мбæлттæ удаистæй рагæппытæ кодтой: фæстиат кæнæн нал ис, ахсæн расыгъдæг кæнын хъæуы.

– Цы йын адарæм? – афарста удаист æфсин.

– Фæйнæрдæм дзы судзгæ ’хсидæвтæ чи фæтæхын кæна, ахæм рын дæм кæм уыдзæн, фæлæ тагъд – уазал æхсыр!

Литруат банкæ бадардтой Æрчопмæ. Уый йæ нуазæн фенхъæлдта æмæ йæ къухтæ сцагъта:

– Нæ, нæ, мæ мæрдтыстæн, дæ разæй хуыпп дæр не скæндзынæн.

* * *

Уынджы уыдаид, кæмфæнды, Дзибис æнæгъдау ми федта – ницы хуызы скодтаид йæхи æнæуынæг, ницы хуызы ныххатыр кодтаид къулбадæгæн.

Иубон дын кæсы, æмæ хæрæндоны дуармæ хыл бацайдагъ. Цæвæг марæджы нал æмбæрста, иргъæвæг сæ иргъæвын нал фæрæзта. Дзибис хæстæг бацыд æмæ фæхъæр кодта:

– Дамбаца кæдæм систай, æнаккаг!

Хылгæнджытæ фæйнæрдæм фæпырх сты, алчидæр дзы фæтарст, уæдæ кæд мæн исчи æхсы, зæгъгæ. Хыл исдугмæ фæсабыр. Дзибис тæккæ «тæвддæртæй» иуы къæбутыл æрхæцыд æмæ йын уыцы фæлмæнæй афтæ:

– Ныр дæ бæрзæй къогъойы уæраджы стæвдæн йеддæмæ куынæ у, уæд цы богътæ кæныс, искæй къæхты бын куы фæуай, уæд та? – Хуыцау уый хылгæнджытæн худæджы хос фæкодта, æмæ уыцы къæмдзæстыг-хуызæй сæхи фæйнæрдæм айстой.

* * *

Иугæр Къодорыл худæг бахæцыд, уæд ын-иу бауромæн нал уыди... Уымæй – хъæрæй, иу сыхæй иннæмæ хъуысыдаид йæ кæл-кæл. Афтæ йæм каст, цыма цыдæриддæр уыдта, уыдон ын иууылдæр худæджы хос уыдысты – æппынæдзух «хи-хи» кодта, кусæн уаты кæимæ бадт, уыдоны кусын нæ уагъта.

Иубон куы уыд, уæд æм Дзибис йæхи нал баурæдта:

– Уыцы каст дæм кæнын, Къодор, ацал-ауал азы, æмæ нæма бамбæрстон, дæ сæр фых у æви йæ цъар æндæр истæмæй бампылд?

– Загътай та йæ, уæллæгъи, – æмæ Къодор ныккæл-кæл кодта.

– Æмæ-гъа, уæдæ дæ былтæ дæ дæндæгтыл куынæуал æххæссынц, гомæй дын куы баззадысты.

* * *

– Мæ мард фен, Дзибис, изæры нæм куынæ ‘рбауайай, – æрхатыд æм йæ сыхаг Уæздинцæ. – Иу-дыууæ æмбалы ма дын уыдзæн. Иучысыл кусартгонд акодтон, æмæ мын ме ‘ртæ чъирийы акувут.

Лæг дисы бацыд: ныр æй цал азы зоны, цал, фæлæ дзы ахæм уæздан ныхас никуыма фехъуыста. Абадгæ чызг, иунæгæй цæры, цымæ йæ цæй кусарты мæт ис, цы йыл æрбамбæлд?

Бацыд изæры, уæдæ цы уыдаид, æмæ дзы баййæфта, хорз зонгæ йын чи уыд, дыууæ ахæм нæлгоймаджы. Аивæй бафарста, цæй фæдыл у куывд, зæгъгæ. Уыдонæй иу ныппыррыкк кодта, стæй йын йæ хъусы бадзырдта:

– А нæ хойы мой кæнын тынг æрфæндыд, дæсныйы бафарста, æмæ йын уый бацамыдта: сау сæныкк аргæвд, бахæрын æй кæн искæмæн, фæлæ, Хуыцау бахизæд, дæхæдæг дзы ма фæхъæстæ у: фесæфтысты дæ фыдæбæттæ, дæ хæрдзтæ...

Бадынц, фынджы ‘гъдау кæнынц. Иузаман Дзибис нуазæн хæдзары хицаумæ авæрдта.

– Æцæг æй искæмæ дæттынвæнд куы скæнай, уæд сыстдзынæн æмæ ацæудзынæн, – уыцы æцæгхуызæй загъта Дзибис. – Зонын æй, иу фæнуазыс æмæ дæм æндæр хатæг нал фæуыдзæн.

Сылгоймаг ракъуыр-бакъуыр акодта, фæлæ йæ уæддæр анызта. Куыддæр агуывзæ йæ былтæй фæхицæн, афтæ йæм Дзибис фæцырд:

– Хæлар дæ мады ‘хсырау, – æмæ йын йе ‘взагыл дзидзайы комдзаг авæрдта.

– Дæт-дæ-дæй, Дзибис, байсæфтай мæ! – ныккуыдта уый.

– Нæ, нæ, ирвæзын дæ фæкодтон. Уыцы сау халоны зондæй ма раст ацы сахат кæмдæр урс уæрыкк хæрынц. Кæмæн дæ сныв кодта, уый хай фæуыны бæсты лæгмондагæй амæл.

* * *

Йе ‘мхъæуккаг хæлæрттæй иу дуканигæсæй куыста. Дзибисы хъуыстыл æруад, уыцы лæджы хæйрæг фæсайдта æмæ йæхæдæг та æлхæнджыты сайынил фæцис, зæгъгæ. Хуымæтæджы хъыг ын уыд уыцы хабар Дзибисæн.

– Мæхæдæг æй цалынмæ æрцахсон, уæдмæ мæ никуы бауырндзæн, – скарста Дзибис, æмæ иубон аивæй йæхи байста дуканимæ. Æмæ дзы хъæлæба баййæфта. Дуканигæс кæй асайдта, иу ахæм сылгоймаг ын алывыд акалдта. Дзибис хæстæг бацыд, комкоммæ ныккаст лæгмæ æмæ йæ æнæнхъæлæджы фарст акодта:

– Нæ хъæуæй та кæд ралыгъдтæ?

– Иуæндæс азы размæ, – фæцырд дуканигæс.

– Уæд æз дæр уым нал уыдтæн æмæ йæ нæ хъуыды кæнын: уыцы бон хъæубæстæ куывд не скодтой?

* * *

Йæ тæккæ лæппуйæ ма уыдис Дзибис, Ленинграды ахуыр кодта, афтæмæй йе 'мгæрттæй чидæр ус æрхаста. Уыдис сæрд, каникулты рæстæг, æмæ Дзибис йæ фæллад уагъта сæхимæ. Хабар куы фехъуыста, уæд йæхи бацæттæ кодта, уæдæ чындзхæссæг цæуын хъæудзæн, зæгъгæ. Фæлæ хонæг нæй æмæ нæй. Йæ хæлар ын цыдæр къахæн ми кодта.

Уалынмæ чындзхæсджытæ сæ дуæртты заргæ æррас сты. Усгур фæзылд Дзибисы 'рдæм:

– Бæргæ дын æмбæлди чындзхæссæг, фæлæ дæ бауырнæд – машинæйы дæ фаг бынат нал ис.

– Уый дæр æрхъуыды у, дæ салам бирæ. – уыцы уæзданæй дзуапп радта Дзибис. – Уæ чындзæхсæвы дæр нæ уыдзынæн, фæлæ дзы нæ дыууæ дæуæй иу куы уа, уæд æгъгъæд нæу?..

* * *

Дзибисмæ иухатт хицау фæдзырдта æмæ йемæ цæйдæр тыххæй загъд кæны. Сахатырдæгæй фылдæр æм фæхæцыд. Дзибис æнцад-æнцойæ хъуыста хицаумæ æмæ йын фæстагмæ афтæ:

– Цæуыл хъуыды кодтон, уый зоныс?

– Цæуыл?

– Цъæйы, цымæ, кæлмытæ цас ис?..Уырдæм цæуинаг куы дæ.

* * *

Нæлгоймæгтæм дæр цынæ кой рауайы. Иуахæмы та чидæр ныхас расайдта, чи кæуыл сдзурынмæ хъавы, чи кæй куринаг у, зæгъгæ. Абадгæ чызджытæй сæм иу дуарæддейæ хъуыста. Куыд ма йыл æризæр, куыд! Куыддæр кусгæ бон фæцис, афтæ Дзибисы кусæнуаты смидæг.

– Абон чызджыты кой кодтат, мæн тыххæй дзы ницы ныхас рауад?

– Уæллæгъи, рауад! – фембæрста йæ Дзибис, чызг хабар куыдæй

базыдта, уый. – Афонмæ, дам, раджы искæй фыццаг фæуыдаид, æгæр цымыдис куынæ уаид, æгæр бирæ зонын æй куынæ фæндид æмæ йæ хæйрæг дуары хуынчъытæй кæсыныл æмæ хъусыныл куынæ фæкодтаид, уæд.

* * *

Лæппутæ цавæрдæр чиныджы мæргъты къамтæм кæсынц, афтæмæй сбыцæу сты:

– Æхсыргур у, уæдæ циу? – дзурынц иутæ.

– Кæд сымах уæ дунейыл уыцы цъиуы мыггаг уынгæ дæр фæкодтат, – бауайдзæф сын кодта се 'мбæлттæй иу. – Ды хистæр дæ, фылдæр федтай, фылдæр зоныс, æркæс-ма, дæ хорзæхæй, æхсыргур у æви нæу мæнæ ацы маргъ?

Дзибис æркаст чиныгмæ æмæ йæ сæр батылдта:

– Æхсыргур дæр у, бынтон æхсыргур дæр нæу. Йе сфæлдыстмæ гæсгæ у, фæлæ йæноммæ гæсгæ... Нæ йе 'ккойы гогон, нæ йæ фарсыл бидон.

* * *

Дзибисы æмкусæг мæстыгæр лæг иубон партийы обкомы пленуммæ ацыд, цыбыр хъусынгæнинаг ныффыссон газетмæ, зæгъгæ. Æгæр бафæстиат. Уалынмæ, куы 'рцыд, уæд æм редакторы хæдивæг дзуры, фæрæвдз, дам, кæн, газет дæ цалдæр рæнхъы тыххæй фæстиат кæны.

Лæгæн уый фæхъыг, ацыд æмæ йæ кусæнуаты сбадт тæргайæ.

Редакторы хæдивæг æм кæйдæр барвыста, фæлæ уый уайтагъд фездæхт, алывыд, дам, мын акалдта.

Уæд æм Дзибисы барвыстой, кæд дæуæй фефсæрмы уаид, зæгъгæ.

Чысыл фæстæдæр раздæхт, æмæ йæ фæрсы редакторы хæдивæг, цы, дам, зæгъы уыцы фыдзонд, фыдзыкъуыр.

– Цы зæгъы, цы, – фæкодта Дзибис. – Фынæй арсæн йæ мæхстæттыл куы ныллæууай, уый богътæ кæны...

# ТÆФÆРФÆС

# ХЪОДАЛАТЫ ГЕРСАН



Ирон литературæ æмæ культурæйыл æрцыд уæззау зиан: йæ цардæй ахицæн поэт, прозаик, публицист, тæлмацгæнæг æмæ æхсæнадон архайæг, Республикæ Хуссар Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон преми æмæ Цæгат Ирыстоны Национ преми «Нарты фæткъуы»-йы лауреат Хъодалаты Герсан.

Хъодалаты Герсан райгуырд 1938 азы 15 октябры Хуссар Ирыстоны Уæллаг Захъоры хъæуы. Йæ хотæ æмæ æфсымæртимæ æнахъомæй сидзæрæй баззад. Ахуыр кодта сæ хъæуы райдайæн скъолайы, уый фæстæ та – скъола-интернаты.

1961 азы æнтыстджынæй каст фæцис Сталиниры паддзахадон педагогон институты филологон факультет æмæ куыста газет «Советон Ирыстон»-ы, республикон радиойы. Уыд Хуссар Ирыстоны Фысджыты цæдисы консультант, журнал «Фидиуæг»-ы поэзийы хайады редактор. 1996 азы йæ снысан кодтой журналы сæйраг редакторæй, æмæ йæ царды фæстаг бонтæм ам фæкуыста.

Хъодалаты Герсаны æмдзæвгæтæ фыццаг хатт мыхуыры рацыдысты 1950 азы. Йæ фыццаг поэтикон æмбырдгонд «Бæлццон»-имæ та ирон чиныгкæсджытæ базонгæ сты 1964 азы. Йæ уацмысты сæйрагдæр уыдысты сыгъдæг æмæ æргом уарзты æнкъарæнтæ ныййарæг мад, фыдыуæзæгмæ, нæ дзыллæйы фидæныл сагъæстæ.

Бирæ ахадгæ сфæлдыстадон бынтæ баззад Герсанæн. Йæ уацау «Хуыцауы минæвар» æххæст у поэтикон лиризмæй, патриотизмæй.

Зæрдæмæдзæугæ, ирд фæлгонцтæй ифтонг уацмыстæ ма ныффыста кæстæр кары чиныгкæсджытæн дæр.

Герсан ирон æвзагмæ ратæлмац кодта уырыссаг æмæ фæсарæйнаг поэтты бирæ уацмыстæ.

Йæ уацмысты æмбырдгæндтæ «Ирон зæрдæ», «Æвронг зарæг», «Худы уæз», «Лæгдзырагъ», «Табуафси», «Зæрдиæгтæ», «Æвдудон» æмæ иннæты фæстæ 2009 – 2012 азты æртæ томæй рухс федтой «Равзаргæ уацмыстæ».

Хъодалаты Герсан фæндзай азæй фылдæр йе сфæлдыстадон хъæздыг æмæ бирæвæрсыг курдиатæй лæггад кодта аив дзырдæн, цæстуарзонæй аудыдта сфæлдыстады æвæлтæрд фæсивæдыл, хъæппæрисджынæй архайдта Ирыстоны культурон æмæ æхсæнадон царды.

Национ литературæйы хистæр фæлтæры минæвар Хъодалаты Герсан уыд журнал «Мах дуг»-ы иузæрдион хæлар. Йæ рухс ном цæрдзæн мах æмæ йе 'мсис хæлæртты, æппæт ирон адæмы зæрдæты дæр.

*Журнал «Мах дуг»-ы кусджытæ*

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***9-13 майы*** Ирон театр гастрольты уыд Мордовийы. Уырыссаг драмон театры сценæйыл равдыстой спектакльтæ: Шекспиры «Ричард III», Гоголы «Ревизор», Хуыгаты Георы «Хъæздыг хæдзар». Сывæллæттæн та равдыстой «Бременаг музыканттæ». Гастрольтæ уыдысты «Росконцерт»-ы программæ «Большие гастроли»-йы фæлгæты.

► ***12 майы*** Сырх Дыгуры астæуккаг скъолайы арæзт æрцыд чиныг «Перо и штык»-ы презентаци. Йæ аразæг, фыссæг Хохойты Энвер æм бахаста, йæ райгуырæн хъæуæй цы хæстон фысджытæ рацыд, уыдоны сфæлдыстадон бынтæ. Йе 'мсис æмхъæуккаг фысджытæ Къибирты Амырхан æмæ Хохойты Фидаримæ уый æрыгон фæлтæрæн радзырдта сис æмæ джебогъæй тохгæнджыты ныфс æмæ лæгдзинады тыххæй. Ноджы ма ныхас цыд, чиныджы автортæ сæ уацмысты цы хъуыдытæ бавæрдтой, цæмæ тырныдтой, æппæт уыдæттыл.

► ***13 майы*** нæ республикæйы Хицауады премийы æрвылазон конкурс «Мæ уарзон Ирыстон»-ы лауреаттæ систы газет «Рæстдзинад»-ы уацхæссæг Гугкаты Жаннæ, национ телеуынынад «Осетия-Ирыстон»-ы амонæг Мæхъиты Ингæ, интернет-фæрæз «Крылья»-йы уацхæссæг Киситы Эвелинæ æмæ ПТРК «Алания»-йы шеф-редактор Баллаты Ритæ. Радтой сын Дипломтæ æмæ æхцайы премитæ.

► ***17 майы*** Национ наукон чиныгдоны уыд «МахДуг»-ы дыккаг номыры презентаци. Уым ирон æвзагмæ тæлмацæй мыхуыргонд уыдысты цæцæйнаг фысджыты уацмыстæ. Ахæм номыр ирон фысджыты уацмыстæ цæцæйнаг æвзагмæ тæлмацæй рацæудзæн Цæцæны литературон журнал «Орга»-йы дæр. Бæрæгбоны архайдтой уацмысты автортæ æмæ, уацмыстæ чи ратæлмац кодта, уыдон дæр.

► ***17 майы*** Кавказы фысджыты Клубы цæгатирыстойнаг хайадмæ райстой ног уæнгтæ. Уыдон сты Касаты Батрадз, Тъехты Тамерлан, Баситы Зæлинæ, Габолаты Зауыр, Бететы Фатимæ æмæ Касаты Аслæнбег. Æвдисæндар билеттæ сын кадджын уавæры радта Клубы президент Миясат Муслимова. Гусалты Барисы та схорзæхджын кодтой Кавказы фысджыты Клубы бындурæвæрæг Салих Гуртуевы номыл майданæй.

► ***18 – 20 майы*** Ирыстонмæ паддзахадон программæ «Большие гастроли»-йы фæлгæты æрцыд Мордовийы уырыссаг драмон театр. Ирон театры сценæйы равдыстой спектакльтæ: «Васса», «Дорогая Елена Сергеевна», «Дорогая Памела» æмæ аргъау сывæллæттæн «Внучка для Бабы-яги».

► ***20 майы*** Ставд-Дурты Культурæйы хæдзары уыд Бицъоты Грисы номыл мысæн изæр йæ райгуырды 90 азы боны кадæн. Архайдтой дзы фысджытæ, йæ райгуырæн хъæубæсты цæрджытæ æмæ йæ хиуæттæ.

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания
362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции и издательства: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11, 2-й этаж.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано в печать 10.06.2022. Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м$^2$.
Вклейка 1 печ. л. мелованная. Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1000 экз.
Заказ № 318 Цена свободная. Выход из печати 20 июня 2022 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.




Джыккайты Мурат. Амазонкæ тахъа худы


MAX DUG
CÆGAT IRYSTONY SOVETON FYSDŽYTY CÆDISY AIV-LITERATURON ÆMÆ ÆXSÆNADON-POLITIKON ÆRVYLMÆJON ZURNAL
MAJ
FYDDZAG ČINYG
„RÆSTDZINAD" 1934
MAX ДУГ
Индекс 73247
12+
6
2022